НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ЙАЗДАРХОЙН СОЮЗ

АЛИЕВ МОХЬМАД

# ДАЙМАХКАХ ОЙЛАНАШ

*дийцарш*
*гочдарш*

Соьлжа-ГІала
2024

Алиев Мохьмад

ДАЙМАХКАХ ОЙЛАНАШ

Алиев Мохьмад
Даймахках ойланаш. Дийцарш, гочдарш/ Алиев М.
– Соьлжа-гIала:
АО «ИПК «Грозненский рабочий». 2024.
– 256 агIо.

Редактор – Арсанукаев Муса
Корректор – Бурчаев Хьалим
Дизайн/Вёрстка – Ганаев Заур

В оформлении обложки использованы
фотографии *Абдуллы Берсаева*

© М. Алиев, 2024
© Союз писателей ЧР, 2024

ББК 84(2Рос=Чеч)6-5
УДК 8(Чеч)
А 50
ISBN 978-5-4314-0619-5

*Лераме йешархо!*

*Со ворхІалгІачу классехь доьшуш волуш, Нажи-Юьртан кІоштан «Коммунизман маяк» (хІинца «Халкъан дош») цІе йолчу газетехь зорбатоьхна сан дуьххьарлерчу байтана. Цу хенахь волавелла со сайн кхоллараллехь къоламаш хьекха. Дика а, ледара а говзарш хилла хир йу сан йозанашна йукъахь, амма хІор сайн элп хьоме ду суна. Тахана хІокху сайн киншки тІера белхаш хьан кхеле бохку ас. Ахь хадор бу кхеран мах.*

*Дахарехь дукха накъостий хилла сан. Делахь а сайн кхоллараллехь дакъалаьцначарах къаьсттана ала лаьара суна. Ас даггара баркалла боху, даим суна накъост а хилла, сан йозанаш шен долуш санна, ша мел кІадвелла. гІелвелла хиларх, цкъа а суна новкъадогІур долу хІума ца олуш, суна хьехархо а, дика гІоьнча а хилла, соьца кху новкъахь къахьегначу Сумбулатов Денина. Иштта суна дика накъостий, хьехамчаш а хиллачу: Бурчаев Хьалимна, Гайтукаев Асламбекана, Борхаджиев Хожбауддина, сих-сиха сан дагавийлар хиллачу Асхабов Іабдул-Іазизана. Со тахана воккхаве вай кхоьллинчу Дала сайна иштта дика накъостий баларна!*

*Суна даггара баркалла ала лаьа, сайн киншка арайоккхуш, къа мел хьегначарна, къаьсттана редакторна Арсанукаев Мусана.*

*Сайн могІанаш дерзош, ас даггара боху: Іаламахьад, Дела резахуьлда хьуна! Ахь доккха накъосталла ди, хІара киншка зорбане йоккхуш. Дала аьтто бойла хьан а, ас цІераш йаьхначу вайн накъостийн а дахарехь а, кхоллараллехь а!*

*Лерамца, Алиев Мохьмад*

# АЛИЕВ МОХЬМАДАН КЕРЛА ГУЛАР

Нохчийн поэт, прозаик, гочдархо, публицист Алиев Замруддин Мохьмад Россин Йаздархойн Союзан декъашхо ву. Иза дуьнен чу ваьлла 1958-чу шеран эсаран беттан 29 дийнахь Нохч-ГIалгIайн АССР-н Нажи-Юьртан кIоштарарчу Ялхой-Мохк-йуьртахь. Шен йуьртахь ишкол чекхйаьккхинчул тIаьхьа Мохьмад Соьлжа-ГIала гIишлошйаран училище деша воьду. Цигара дешна ваьлча, дукха хан йалале Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультетан студент хуьлу цунах. И университет кхиамца чекхйоккху цо.

Мохьмада тайп-тайпанчу меттигашкахь белхаш бира. Жима волуш дуьйна исбаьхьаллин дош дезаш волчу цо кхолларалли нновкъахь шен ницкъаш зоьра.Уггар хьалха Нажи-Йуьртан кIоштан газетехь, тIаккха «Даймохк» газетехь а, «Орга», «Вайнах», «Нана», «СтелаIад» журналашкахь а зорбатоха долийра цуьнан говзаршна. Къаьсттана доккха гергарло дара йаздархочун берийн «СтелаIад» журналаца. Кегийчу йешархоша хазахеташ доьшура Алиев Мохьмада шайна лерина йаздина дийцарш а, байташ а. Берашна кхета аттачу маттахь йазйина йолу уьш, шайна чохь царна дика хьехамаш беш, турпалхойн масалшна тIехь уьш кхетош-кхиоран Iалашо йолуш, йазйина йу авторо. Цун-

дела  Мохьмадан кест-кеста хуьлу вайн республикерчу дешархошца цхьаьнакхетарш. Къоначарна дийца дуккха а ду цуьнан, царна хьехамаш бан дахаран зеделларг а ду.

Нохчийн Йаздархойн Союзо 2018-чу шарахь арахийцира Алиев Мохьмадан «Шерийн лар» цIе йолу байтийн гулар. Цул хьалха а къоначу а, баккхийчу а йаздархойн йукъарчу гуларшкахь а зорбатоьхнера цуьнан байташний, дийцаршний, гочдаршний. Цундела нохчийн литература йезархошна керла йацара цуьнан цIе. Цу тIе, Нажи-Юьртан а, Гуьмсан а кIоштийн газетийн а, «Даймохк» газетан а агIонаш тIехь кест-кеста арайуьйлура цо вайн республикин Iер-дахаран а, культурин а, литературин а дакъошкахь болу хиламаш бовзуьйтуш, церан мах хадош, йазйина статьяш.

Шен говзарш йазйина ца Iаш, гочдархочо санна а хьанал къахьоьгу Мохьмада. Дукха хан йоцуш Белоруссера «Звезда» цIе йолчу Зорбатохаран цIийно кхоллараллехь беркате къахьегарна, гочдаран балхахь бIаьрла кхиамаш хиларна Сийлаллин кехатца совгIат дира цунна.

Кадыров Ахьмад-Хьаьжина леринчу, «Дашо пелаг» цIе йолчу конкурсехь хьалхара меттиг йаьккхира Мохьмада 2014-чу шарахь.

ХIокху шарахь дешархойн кхеле йуьллу авторо шен керла киншка – «Даймахках ойланаш». Иза шуьйра тематика йолуш, хазачу, токхечу нохчийн маттахь йазйина йу.

Мохьмада нохчийн халкъан дахарехь хилла чолхе, лазаме хиламаш гайтина шен киншки тIехь. Паччахьан заманахь нисделла хIуманаш: вер-ваккхар, харцонна дуьхьал къийсам латтор, доттагIаллин мах, оьздангаллин хазалла – и дерриге дика гайтина авторо шен говзаршкахь.

Нохчийн халкъ, махках а даьккхина, харц цIе а кхоьллина, хийрачу «ГIум-Азехь» Iаьнан буьрсачу хенахь, цамгарший, мацаллой гIелдина, дан амал доцуш, лахь – дала, дисахь – дита Iедало охьахаорах лаьцна къаьсттана дика дуьйцу Мохьмада шен цхьамогIа дийцаршкахь: «Йеха

буьйса», «Яха», «ТІаьхьадисина кехат», «ДІасакъастар», «Дассийна лаьманаш». Нохчийн йахь, халонашна бІоцакъажор, вовшашна гІо дар, дайшкара схьадеана оьзда гІиллакхаш лардар – иштта йу авторан тематика цу дийцаршкахь. Доьналлех буьззина, халонашна хьалха гора ца эгна, шайн дегнашкахь йахь йолуш бу дийцаршкахь йоккхачу говзаллица гайтина турпалхой. Йешархошна дагах кхетар долуш, церан дог-ойла шайх хьаьрчар йолуш ду оцу турпалхойн васташ.

Нохчийчохь тІаьхьарчу хенахь хилла ши тІом а, халкъана дина даккхий зенаш а гайтина авторо шен кхечу дийцаршкахь. Цо ца хестайо нохчийн турпалхойн майралла, тІамехь даьхна хьунарш ца дуьйцу, цо нахехь йолу адамалла гойту, цаьргахь бисина къинхетам. Мел халачу хьелашкахь шаьш делахь а, шайна тІехь латтош акха къизалла йелахь а, доьналлех, адамаллех ца къаьстина нохчий, цаьргахь собар а, стогалла а йу, уьш бала кийча бу, йохьах ца бухуш.

Шайн дахар кхерамечу хьоле дуьллуш делахь а, ураттала мостагІчунна а орцахбовла кийча бу авторо гайтина цхьаболу турпалхой. Иштта йу «Диц ца делла дика» цІе йолчу дийцарехь йуьйцу Зайнап. Лазийна оьрсийн къона эскархо нисло цуьнан кертахь. Иза дІа ца тотту Зайнапа, цунна шен ницкъ кхочуьчу кепара гІо до. Зудчунна къахета къоначу кІантах, шен лаамца веана вац иза кху тІаме. Товелча, Зайнапа дІавохуьйту и кІант. Цул тІаьхьа гІеххьа хан йаьлча, Зайнап, цомгуш а хуьлий, Ростов-гІаларчу лазартне кхочу. Цигахь кхунна тІекхочу тІеман хенахь кхо кІелхьарваькхина Алексей. КІанта а, Зайнапаца палати чохь нисйеллачу Алексейн нанас а чІогІа баркаллаш боху нохчийн зудчунна. Алексейс, кхунна оьшу деза молханаш а доуьйтий, дарба дойту Зайнапана.

Киншки тІехь Іаламат говза дина гочдарш а карор ду йешархочунна. Масала, Н.К. Карамзинан «Миска Лиза» цІе йолу повесть. Авторан говзаран чулацам, хатІ, исбаьхьаллин гІирсийн башахаллаш дика Іалашйина Мохьмада ша

динчу гочдарехь. Иштта дика а, нохчийн меттан таронех боккха пайда оьцуш а кхочушдина цо киншки йукъадахана кхидолу гочдарш а. Шеко йоцуш, хIара киншка Алиев Мохьмадан боккха кхиам бу. Теша лаьа, иза дешархоша къобалйеш тIеоьцург хиларх. Мохьмад, Дала кхолларалин хьаьрмехь кхин а бакккхийчу кхиамашка кхачавойла хьо!

*Арсанукаев Муса,*
*НР-н халкъан йаздархо*

# I. Ширачу заманан хиламаш

## БЕКХАМ

– Малх лоцуш бу, ва малх лоцуш бу! – бохуш, мохь хьоькхуш, уьйтIахула дIасауьдура Езийра.

– ХIун хилла, ва хIун хилла? – аьлла, араиккхира цуьнан цIийнда Мада.

– ДIахьажахь дIо стигала – малх бу-кх лоцуш!

– Бу, бу, дера, малх лоцуш. Катоьххана сагIина хIума йала йеза.

ЦIийндас аьлларг сихха кхочушдан чуйогIучу Езийрина зударийн белхар хезира.

– Нана йала хьан, – бохуш, цхьаъ, – нанас йинарг лойла хьан, – бохуш, шолгIа зуда йоьлхуш хезара лахо, эвла йуккъехь.

Хьуьнах вахханчохь берзалоша вийначу Iусманан кIентан ХIаронан наний, йиший хиллера и йоьлху шиъ. Вийна ца Iаш, сов эрча а ваькккхинера берзалоша кIант. Бежанаш лаха ваханчу кхеран йуььртахочо цIа деанера кIентан дакъа.

Жа дажо ваханчуьра цIа ваза волу ХIаронан да Iусман, тIаьхьа нах а бахийтина, цIа валийра. Доккха тезет хIоьттира йуьртахь. Шен кийра къевлина: «Делан кхиэл лелаза йалац», – бохуш, лаьттира Iусман. Шен хан кхачча, тезетан барам дIабирзира.

Шен кIант экханан карах валар къаьсттина дагах кхеттера дена. Цуьнан шен бахьана а, дера, дара. Экха – экха дара, цо динарг лар йоцуш довш дара...

ХIара иштта ойланашка вахана цкъа Iачу хенахь уьйтIа веара лулахо.

– Ассаламу Iалайкум, – аьлла, кхуьнан ойланаш йукъахъехира Мадас. – Хьо ма гIийла го суна?

– Цхьацца ойланаш йеш Iара со-м. Муха дохку шу, Мада?

– АлхьамдулиллахI, дика дохку.

– Хьо вархьама веаний, Мада?

– Жимма кертана серий даха хьуьнах ваханера со. Вайн луларчу йуьртара цхьа стаг тIекхаьчнера суна цигахь. Хьан керта тезет дале, хьалхо дара иза. Шайн йуьртахь оцу берзалоша даккхий зенаш дина бохуш, дийцира цуо. Дуккха а даьхни хIаллакдина, бохура цо.

– Ткъа хIаллак ца йало-те и берзалой?

– Хьуна дага ца догIу, гIарайевлла йуьйцуш ма йара и берзалой, цара дина зенаш.

– Суна хIун хеза, Мада, со сахилале дIавоьду жа дажо, Iаржъелча бен цIа вогIуш вац, тIаккха, ламаз а дина, дIавижжал бен хан а ца хуьлу.

– ЧIогIа цецвоккхуш дерг дийца ас хьуна! Цу берзалойн ардангана хьалхадаьлла доккха, къорза, астагIа а долуш, жIаьла ду, бохура цуо.

– Муха – жIаьла? И хIун ду ахь дуьйцург, берзалошна хьалхадаьлла жIаьла муха хуьлу?

– Иштта схьа-м дуьйцура оцу стага. Шен шина бIаьргана и жIаьла гина а, бохура цуо! Кхин цара динарг дийца ас шуна! – (Цаьршиннан къамелах цецбуьйлуш, ладоьгIуш Iара Iусманан доьзал а).

– Оцу стага дуьйцура, шаьш йерриг йурт гIаьттина, герз долчо – герз а, доцург – мангал, шада, хьокха эцна, шаьш мел верг оцу ардангана кIелойан даханера бохуш. Ткъа цу арданго, хIорш йуьртах а бовлийтина, йуха а даккхий зенаш дина хилла йуьртахь.

Цхьа ши зуда а чIогIа лазийна бохура (йала ца йеллехь а, йеххачу хенахь меттахь Iиллина ишиъ). Йуха йуьртан бажа а теддачух тера дара цара: дикка дайа а дайина бохура, ткъа бежIу, цхьана лекхачу дитта тIе вала а кхиъна, кIелхьарваьллачух тера дара. ЧIогIа хIилла долуш долчух тера ду и жIаьла.

– Ткъа иштта чолхе хьал хилча, вай Іен ма ца деза. Тахана сан кІант вийна цара, кхана кхин вуьйр ву, уьш ма эвхьаза лела. Цкъа а дуьйцу хезна хІума а ма дац хІара-м, – аьлла, уьйтІахула дІасаволавелира Іусман.

– Дера, иштта-м ду иза, маьждигехь хьахо деза вай хІара гІуллакх.

Оцу бартаца дІасакъаьстира ишиъ...

РогІера рузба чекхдаьлча, имама элира: «Нах, маьждиг чохь дуьненан къамелаш дойла йац вайн, аш арахь собар дича, ас цхьа кхайкхам бийр бара...»

Цхьацца дуьйцуш, лаьттара нах, имам араваларе хьоьжуш.

– ХІай нах, вайна ма-хаъара, вайн йуьртахо вийна берзалойн арданго. Мел халахеташ делахь а, Делан кхелана вай реза ца хилча ца довлу. ХІокху лаьттачу Мадас хьахийнера соьга и гІуллакх, со хІинца шух дагавала воллу. Вай дерриг ара а девлла, ира-аьрта а эцна, и арданг хІаллакъйан ца гІоьртича, девр дуй-те, ма зуламе йолуш йоллу и вайна? – вистхилира цаьрга имам.

– Бакъ бах, бакъ бах, – бохуш, гІовгІанаш йевлира нехан.

– Вай дехьа йуьрта нах бахийта беза, ша цхьаъ вахийта мегар дац, и арданг тІенислахь, кхераме ду, геланчаш герзашца виъ-пхиъ стаг хила веза. Цхьа де билгал а дина, цаьрга, шу лакхара хьуьнчухула охьадуьйла, тхо лахара хьаладогІур ду ала а деза вай. Шу реза дуй цунна? Иштта бартбой вай?

Массо а резахилла, адам дІасадуьйхира.

ТІехьа ши куьг а диллина, гІийлачу ойланца цІехьа текхара Іусман. Цуьнан коьртехь шен кІант вара. Иза дуьнен тІе ваьлла де, иза хьалакхиар, цуо шех дуьххьара «Дада» аьлла, цІе йаккхар, иза когавахар. И шадерриг логехь гулделла, шад хІоьттинера цунна. Оцу ойланаша тІех гІелвина, цІа кхечира Іусман.

ЦІаьххьана дагадеара цунна, дера, веза ша, кхана са ма-тесси, ХІарон вийначу вахана, оцу меттиге хьаьжна,

ван. И меттиг гича, шен гира мохь охьабиллича санна, ша паргIатвер волуш хийтира цунна.

Оцу буса охьа-м вижира, амма, набаран суй ца беш, сахуьленга велира иза. Дагайеара шен сийсара хилла ойла. Хьала а гIаьттина, сихха шен барзакъ тIе а озийна, кех тилира Iусман.

– Стаг, ахь хIун до, хьо стенга воьду, нах гIовтту хан ма йац хIара, – аьлла, тIаьхьайелира Маржан.

– Схьавогу со, – аьлла, доцца жоп делла, эвлан йуккъехьа охьавахара Iусман.

– Цо хIун дора-те? – аьлла, цунах цецйаьлла, уьйтIа девзиг хьакха хIоьттира Маржан.

Тамашийна хIума дара цо динарг, и стенга ваха-те бохуш, шен веллачу кIантана тIе йахара цуьнан ойланаш. Охьаоьгура ненан бIаьрхиш...

Дикка некъ бира Iусмана. И меттавалийра, цхьа хIума цIевзаш санна, тамашийна йаьллачу гIовгIано. ДIахьажа-веллачу Iусманна гира, шена некъ бихкина, пхи-йалх гIулч хьалха, тIаьхьарчу когаш тIе а хиъна, шена гIигI деш къорза, ондачу дегIахь доккха жIаьла. Амма кхин чIогIа цецвоккхуш дерг дара, аьрру агIор а, аьтту агIор а некъаца хIиттина берзалой хилар. Йуха а жIаьлига хьаьжира Iусман. Цуьнан цхьа тамашийна дог цIевзира. Оцу жIаьлин аматаш шена девзачух тера хийтира цунна. Дикка вовшийн бIаьра хьоьжуш лаьттира ишиъ. Цу шиммо йийраш хIун ойланаш йу цаьршинна бен хуур дацара. Йуьстах а ваьлла, цаьршинга хьаьжча, ма онда гергарло ду-кх цаьршинна йукъахь аьлла, ойла кхоллалур йара. Дикка бIаьрса а лаьцна хьаьжча, Iусманна гира цу жIаьлин бIаьргех оьху хиш. ТIаккха кхийтира Iусман.

– Дарга, хьо дац хIара, схьадола дадина? – аьлла, тIеволавала меттахволлушехь, шена тIе ма гIерта бохуш санна, кIомсарш гучу а йохуш, гIигI дира жIаьло. – Дарга, со вай хIара-м, дада вай со-м! Со ца вевза хьуна? – жIаьла хьаста гIоьртира Iусман.

Ша иштта хьаьстича, жIаьло жимма цIога дIасахьадеш санна хийтира Iусманна, амма йуха а, кIомсарш гучу а йаьхна, цо гIигI дича, кхин меттахъхьен ца хIоьттира Iусман. Хиира, иза шеца забарш йан ца доллий.

– Гора Дарга-йаI! Суна хьо иштта хьекъал долуш жIаьла дуй ма ца хаьара. Бекхам ахь суна хаза нехан санна бина, цунах тоам бехьа хьайна, со вен а вей. ХIаронна тIехь хIунда йийкхира ахь хьайн чIир? Хьан чIир цуьнца ма йацара, соьца ма йара! Иза стенна бехке вара? Айхьа динарг хIун ду мукъана а хаьий хьуна? – бохуш, адаме санна, бехкаш дохуш, дукха къамел дира Iусмана жIаьле. Ткъа жIаьла а Iийра, цо дуьйцучух ша кхеташ санна, ладоьгIуш. Iусмана дуьйцург кIордийча санна, меллаша хьала а гIаьттина, дIадоладелира жIаьла. Цунна тIаьххье дIайуьйлайелира берзалой а.

– Дарга, ма гIохьа, цкъа мара а доллий, хьастийтахьа хьуо, – элира Iусмана. Саца а сецна, гIийла йуха а хьаьжна, дIадахара жIаьла. ТIаьхьахьаьжча, Iусманна гира, цхьана когана тIе теIаш доьду жIаьла. ТIаккха йуха а, дерриге карла а даьлла, дог цIевзира Iусманан. Вехха лаьттира иза, жIаьлин лоре хьоьжуш. Охьахьаьвдира бIаьрхиш. Ша стенна воьлху ца хаьара цунна. Амма кIадделла, гIелделла долу Iусманан дог дара паргIато йоьхуш. Ткъа и паргIато жIаьло гатйинера. Шен дог паргIатдаьллачул тIаьхьа, вехха Iийра иза хиъна, дIадаханчу жIаьлин ойла йеш...

...Халла ког боккхуш, жима кIеза дара Дарга, Iусман жера вогIуш, цунна тIаьхьахIоьттина, кхеран хIусаме догIуш. Декхачуьра даьлла а хир дацара иза. Ненах хаьдда, тиладелла, Iусманна тIаьхьатасаделлачух тера дара иза. Шура а йаош, чIогIа дезаш кхиош, шо кхаьчнера жIаьлин. ЧIогIа тIахъаьлла, каде жIаьла дара Дарга.

«Дарр-дарр, Дарга-Дарга», – олий, хьостура Iусмана иза. Цундела тиллира цуо цунна Дарга аьлла цIе. Цхьа шо бен цуьнан дац аьлча, цхьа теша а ца тешаш, тамашийна ондачу дегIахь, доккха некхан ваз а долуш, нисделла

жIаьла хилла дIахIоьттира Дарга. Цхьана дийнахь ша же воьдуш, шеца дуьххьара дигира иза Iусмана. Малх суьйренца чулесташ а болуш, дера веза со, жа схьа а гулдина, йуьрта йуххехьа гIорта аьлла, уьстагIий схьагулдечу Iусманан бIаьрг кхийтира, дехьо боьрахь уьстагI бийна, иза бууш долчу Даргех. Цу меттехь оьгIазвахана, чухьаьддачу Iусмана, шегара кожал тоьхна бойнера цуьнан ког. Дукха чIогIа йиттира Iусмана цунна. Хьалхара дIадада гIерташ, текхаш, хьуьн чу дахара жIаьла. Хьуьн чу доьлча, тIаьхьараваьллера Iусман.

Шен жа а далош цIа а веана, жIаьло биъна уьстагI нахана дIа а текхна, ша паргIатваьлча, тIаккха жIаьлина сагатдан вуьйлира иза. Хьуьнхахь хилларг ма-дарра цIахь а дийцира цуо. Доьзал а холчухIоьттира хилларг бахьанехь.

Iен а ца велла, Дарга хьуьн чу доьллачу метте хьажа вахча, цIийш а Iенош, и дIатекхна лар карийра цунна. Цуьнан ларца дикка дIаихира Iусман. Амма жIаьла кхин кароригг а ца хилла, цIа веара. Цул тIаьхьа пхи шо даьллера. Амма тахана шадериг карладелира цунна. Дарга дIадоьдуш, тIаьхьахьаьжча, ша цкъа мацах тоьхна бойна ког, цхьана когана таьIаш иза дIадахар.

– Ванах, сан Дела, ас цкъа мацах тоьхна бойна ког букха иза, ма бала хьегна хир бу ахь, – аьлла, дерриг хилларш карладевлира Iусманна.

И дагалецамаш коьрте хьийзаш, цунах онда бала хилла, йуьрта схьавеара иза. Цамогуш дикка меттахь Iиллира Iусман. Йуьртан къеда схьа а кхайкхийтина, цуьнга дехар дира Iусмана, оцу берзалойн арданго кхин зулам дийр дац шуна, уьш хIаллак ма йахьара аьлла. Цкъачунна цуьнан дехар кхочушдина, сецира йуьрт, и берзалой хIаллак ца йеш.

Шен хIусамнене олура цуо: «Кхин оцу берзалойн арданго зенаш дийр дац вайна». Дан а ца дира цара оцу йарташкахь цул тIаьхьа зенаш. ХIарон вийначу метте хьажа вахча, ша Даргина тIекхачар, жIаьло шен Iовжийна дог дийцира цуо цкъа шен хIусамнене.

Дуккха а цомгуш а Іиллина, дІакхелхира Іусман. Іусман веллачул тІаьхьа а кхин берзалошкара зенаш ца хуьлуш бехира нах. Амма, генарчу махкахь, шена хьалхадаьлла астагІа жІаьла а долуш, берзалойн арданг йу бохуш, хезнера нахана. Иза а, гІан санна, дІадайра.

## ДАЬГНА НУР

БІаьстенан бовха кхеттачу малхах сарралц ІиндагІашкахь левчкъина а Іийна, шайн хазчу эшаршка девллачу олхазаршка ла а доьгІуш, дас шийлачу шовданан хи дан йахийтина, ойланашка йаьлла, йогІура ПетІамат. ЙоІ цІа йан хьейаларна сагатделла, кетІахь лаьттара цуьнан нана Хеда.

«Зуда, и йоІ ма хьеелла, цо хІун леладо хьажал!» – бохуш, чуьра аракхойкхуш ПетІаматан да ХІарон а волуш, некъо голатухучохь гучуйелира йоІ. «Оффай-кха, ма са дии-кха ахь сан!» – аьлла, йоІ цІа йогІуш хилар хаийтира Хедас шен хІусамдега.

КетІахь лаьтташ шен нана гина, болар сихдира йоІа.

– ЙоІ, ахь хІун леладо, хьо гал-м ца йаьлла, хьан да оьгІазвахана ма ву, хьо хьейелла бохуш, хьо хІун деш йара?

– Нана, дов ма дехьа, со цІа ма йеъна! – аьлла, нанна хьастайелира йоІ.

– Дов-м ца дора ас хьуна, делахь са дии-кх ахь, – аьлла, йоІ хьастайелча, са кІадделла: «Йало, хьайн дена хи хьо!» – аьлла, йоІ да волчу а хьажийна, цуьнан ойла йан йелира нана. «ДІасахьаьжна а йалале, кхиъна йели-кх хьо, кеста захалш а бевр бу, Іимранна цхьа нускал далийча-м, хала а ца хетара захалонаш хьахорах, цунна бина гІайгІа а боцуш, цхьаммо захало хьахадахь, ду-кха галдаьлларг. Вокхахволу ваша дІа а тарвале, маре муха йохуьйтур йу?!» – бохуш, ойла йеш Хеда а йолуш, уьйтІа йеара оцу йуьртахь

шен эладитанашца йевзаш йолу кхеран лулахо Хьасипат: «Суьйре дика хуьлда хьан, Хеда!» – олуш. Амма Хедина хиира, тIе ма-хьаьжжинехь, и цхьаъ дахьаш йеъний.

– Диканца дукха йехийла хьо а, хьо лаа леларий?

– Дера, со-м сагатделла хьо хIун деш йу хьажа еънера, – аьлла, дехьайаьлла, кхоьссина лаьттачу гуьйриг тIе охьахиира лулахо. Хьасипат дIайаха ца йеъний, иза цхьаъ дахьаш еъний а хиъна, уллехь йолчу цхьана дечиг тIе охьахиира Хеда. Кхин башха йистхилар доцуш хиъна Iара ши зуда, «Муха дIадоладе-те?» – бохуш, Хьасипат, «ХIун дахьаш йеъна-те хIара эладитанча?» – бохуш, Хеда а. Йуьртахь цхьанна а йезаш йацара Хьасипат, цуьнан мотт бахьана долуш. ГIуллакх ца хиладоллий а хиъна, са а ца тохаделла, шен къамел дIадолийра Хьасипата.

– Гой хьуна, Хеда, со йара, кха тIера йогIуш, гихь бецан мохь а болуш, хьаг а йелла, хи мер дар-кха аьлла, хи тIе йирзира со, – аьлла, жимма йовхарш а тоьхна, сецира важа.

– Хьасипат, хьо хьагйелла хир йуй а хаьа, ахь гихь беъначу бецан маьхьарца сан гIуллакх дац, дийций йалахьа, сан дандезарг дукха ду декъа тIехь, – аьлла, шен Iан йиш цахилар хаийтира Хедас.

– Со-м кхин хIумма а ала ца гIертара, тахана оцу шовданан коьртехь хьан йоI йара-кха вайн йуьртарчу Исмилан кIантаца Шамсуддица лаьтташ, – аьлла, ша дуьйцург саца а дина, Хедас хIун олу хьажа сецира Хьасипат. Йела а къежна, дIаса корта а ластийна, йоьIан нанас элира:

– ХIун ду и йоI кIантаца хинкоьртехь лаьттича, йоI маре йаха а йеза, кIанта зуда йало а йеза, цундела уьш хинкоьртехь вовшахбеттало-кха, ткъа хьо суна керланиг дахьаш йеъна, эхь долуш хIума-м ца дина сан йоIа? – аьлла, цо дуьйцучунна ша реза цахилар хаийтира Хедас.

– Вай, со-м тIехйолушшехь йист хир йар-кха аьлла, чуйирзинера, дIайоьду со-м, – аьлла, гIуллакх ша бохучу тIегIан тIе ца даьлча, кех йаьлла дIайахара Хьасипат.

Цунна тIаьхьахьоьжуш, ойланаш йеш дукха лаьттира Хеда. Цунна дагадеара масийтта шо хьалха, Хьасипата

йукъа мотт а лелийна, йуьртахь галдаькkхина захало. Ткъа, Хьасипатан цIийнда, йукъахь баккхий доьзалш хиларна, цунна дан хIума а ца хилла виснера. Хеда цецьйуьйлура Хьасипатах а, и санна болчу нахах а. Цо ша-шега хоьттура: «ХIунда белла-те Дала оцу нахана мотт?» – бохуш, амма оцу хаттарна жоп дацара цуьнан. «Цунна, Шена дика хуур ду-кха», – аьлла, йуха ойлане йахна Хьасипата дийцинарг дагахь листа йелира Хеда.

«Шамсудди-м хьа ву дика кIант, дикачу ден а ма ву. Нагахь цара тIе нах бахкийтахь, хIун дийр ду? Вешина зуда а йалайале йоI маре йахийтина эр ду наха, нагахь шайна йоI йезахь, оха кIантаца цхьалхо йаккхалц, Iийр бу», – аьлла, шен гIуллакхаш дан йахара Хеда. Ткъа нанна-м ца хаьара тахана шен йоIа Шамсуддина вашас зуда йалийча (иза мацца хилахь а), йогIур йу аьлла, тешамна кара йовлакх деллий. ПетIамат ша а йацара, вашас зуда йалайаллац, маре йаха ойла йолуш, шен вешин сий чIогIа дора йоIа. Амма и хаза сирла денош гена дIадаха ца доьгIна хиллера-кх йоьIан дахарехь.

Цхьана Iуьйранна, ламаз а дина, арахь хиъна Iаш ХIарон а волуш, уьйтIа баьхкира кхунна ца бевза нах. Церан кхоьлинчу йаххьашка хьаьжча, ХIаронна хиира уьш диканиг дахьаш ца баьхкиний. Хьал-де а хаьттина, шаьш пургIатдевлча, къамел долийра хIусамдас:

– Цкъа, чудевлла, йуучух кхетар ду вай, тIаккха аш деанчу гIуллакхе а хьовсур ду! – аьлла. Жимма цуьнга ла а доьгIна, къамел долийра баьхкинчех воккхачо.

– Тхо чудаьхкина а Iийр дацара, ахь пурба делча, тхаьш деъна гIуллакх хьуна довзийта лаьара тхуна.

Хьеший диканиг ца дахьаш баьхкинчух тера хеташ, цхьана вочу хIуманна дог кхиъна волу ХIарон, цIа ванза волчу шен кIантана тIехь ойла лаьтташ волу, уьйтIахь уьш охьа а ховшийтина, цаьрга ладоьгIна, ирахь сецира.

– ХIарон, тхо шуна вон кхаъ бахьаш даьхкина. Делан кхиэл йу лелларг, дар-дацар хиллачохь, сийсара тхан йуьр-

тахь хиллачу ловзаргахь шаьлта а кхетта, валар хилла шун кIентан. КIант, кечвина, оха схьавалийна. Тхо шуьга хаийта даьххина. Оцу кIантаца цхьаберш эвлан йистехь Iаш бу. Хала-м ду хIара саннарг, дегIа ваханчу шен доьзалхочух дерг хаар, делахь а Делан кхел лелаш йу-кха, Хьарон. Ахь хIун олу? – аьлла, шен къамел дерзийра цо.

Кийрахь цIе кхерстира ХIаронна. Деле шена собар а дехна, шех ледарло йаларна а кхоьруш, жимма ойла йеш а Iийна, «КIант цIа валаве, шуна Дела резахуьлда аш лелийначунна!» – аьлла, схьавоьрззушехь, церан къамел хезначу ПетIаматан чохь мохь белира, шен вешин Iимранан цIе а йоккхуш. «Нанас винарг, йуххе вала ваша воций, йа и жима вуй хууш атта хетта-те, тешнабехк бина-те хьуна? Ас Делаца чIагIо ма йо хьуна, и мухха делахь а, хьан чIир ца оьцуш, лаьтта кийра ца йерза. Со тахана ваша а ву хьан, йиша а йу хьан, кхин стаг дуьнен чохь ца хилча а, ас хьо вуьтур вац-кха, и къонахалла йу хьуна соьгахь!» – аьлла. И йишин чIагIо массарна а хезира, цо уьш, цхьана ханна Iадийна, бист ца хуьлуш совца а бира. ПетIамата ша-шена йина чIагIо йара иза, цхьанне хазийта йина а йацара. ХIораммо а ша-шега хоьттура: «Муха хир-те кхуьнан чаккхе?» – бохуш.

Iимран дIавоьллира, тезет чекхделира, куьгбехке боцурш тIе а битира. Амма куьгбехкениг къайлаваьллера. Волчарна а ца хаьара цунах хилларг. Наха дийцарехь, Iимранна цо тешнабехк бинера. Ловзаргахь йоI къевсина, вистхила дехьаволуш, тешийтина, шаьлта тоьхна бохуш, дуьйцура теш хиллачара.

ЙоьIан дог туьйш дацара. Вешин самукъане, дуьненах даккхийдуьйш долу бIаьргаш дуьхьалтуьйсура цунна. Наб йеш а йацара иза, йуучух а хаьдда йолуш лаьттара. Iимран, вийна цIа валийначу дийнахь даге кхеттачу лазаро де-дийне мел долу ницкъбеш, охьатеIа воьллера ХIарон. Денна худалуш, чекхволуш волу шен да а гора йоIана. Цо а чIагIйора иза шен чIагIонна тIехь.

Иштта цхьана суьйранна йоI, шен вешин ойла а йеш, цуьнан дикалла дага а лоьцуш: «Ма дика ваша вара хьо, хьайн декъа тIехь гIуллакх деш, йуьртахь оьшучунна накъост а волуш, бусулба Iилма Iамо а гIерташ, дахарна чуволуш вара-кха хьо, ма иштта дIаваха хьакъволуш кIант вацара хьо!» – бохуш, йоьлхуш Iачу хенахь чуйеара нана.

– ЙоI, ахь лелориг дош дац, йууш йац хьо, молуш а йац, виснарг ца ваьхча ца волу, ма леладе и хIума! – аьлла.

– Нана, оцу вайн мостагIчо чуузу са а новкъа ду-кха суна. Дада могуш вац хIумма а лело, ткъа вайн нах хIумма а деш бац, уьш мостагI лохуш а бац, дукха пергIат Iаш бу. Йа чIир йекха дагахь а бац, ткъа ас айса биъна дуй кхочушбийр болуш бу хьуна. Наха шайна цхьацца олий хаьий-те оцу вайн нахана?!

– ЙоI, ахь хIун дуьйцу, хьо лартIехь йуй, хьуна мичахь гина йоIа чIир йоькхуш? Оцунна божарий ма бу, кхин дош ца олуш охьайижал, хьан дена хиъча, мегар долуш къамел дац иза, иштта а могуш воцуш, хала лелаш волчу цунна, бала бан гIерта хьо, вайн нах и лоьхуш бу, хьо сиха йу, ведда воьддушехь ма ца нисло и саннарг. Ткъа наха дуьйцучунга ла ма дегIалахь. Зударий, божарша де аьлларг а деш, Iийчхьана бовлу, дерриг хьуна дуьйцийла йац, божарша шаьш лелориг зударшка дийца а ца дуьйцу, хьайн коьртера Iовдал ойланаш дIа а йахий, охьайижа, – аьлла, нана йижа чуйахара. Охьа-м йижира йоI, кхин а чIагIонна тIехь чIагIйелира иза шен вешин чIир эца.

Шераш дIадоьлхура, пхи шо хан йаьллера и зулам ХIаронагIеран керта деъна, мостагI, вахна меттиг боцуш, вайнера. ХIаронан тайпанан нах, и кара а ца вина, къарбелла, севццера. Йа оьрсийн махка вахна хир ву, йа велла хир ву, цкъа мацца гучувалахь, дIайоькхур йу чIир аьлла.

Ткъа Шамсудди безамо денна вагош, ПетIамате вистхилар товш ца хеташ, таьIна лелара. ЦIахь а хьийзош вара иза, ПетIамат чIир кхобуш йу, и хьоьга йогIур йац, хьайна зуда йалае бохуш. Амма Шамсуддис ПетIаматах дог ца дуьллура.

Иштта цхьана дийнахь хи тIе йеъначу ПетIаматна тIекхечира Шамсудди. Ший а, доьхна, вовшашка хьаьжнначохь сецира. Сиха меттаеъна, йоI дIайолайелира, наха цхьаъ аларна кхоьруш. Амма дуьхьалъиккхинчу кIанта, ши дош аллалц сацахьара аьлла, дийхира. ЙоI, ладоьгIна, сецира.

– ПетIамат, вайшиммо дийцина цхьа хIума ма дара, ахь пхи шо бахахь, пхи шо, итт шо бахахь – итт шарахь со хьоьга хьежа реза ву. Айхьа деллачу даша тIехь йуй хьо, цкъа мацца йеъна а соьга йогIур йуй хьо? – аьлла, йоIа хIун олу хьаьжна, ладоьгIна, сецира кIант.

– Шамсудди, соьга ма хьежа, хьайна зуда йалае, сан дахаран нур даьгна, сох дог дилла! – аьлла, сихачу боларца дIайахара йоI.

Вехха лаьттира кIант хинкоьртехь. Амма, ПетIамат дIа а теттина, кхечуьнан бIаьра хьажалур ву бохург бакъ дацара, цуьнан ойланашка хьаьжча.

Кхин латтарх гIуллакх хир доций а хиъна, гIийлачу ойланца цIехьа вогIучу кIантана ца хезара шега бетта мохь. Йуха а цхьаъ кхойкхуш а хезна, йухахьаьжча, Шамсуддина гира говр хьийзош динбере. «Накъост, хьо соьга кхайкхирий?» – аьлла, кIант ладоьгIна сецира. «Къонах, хьо цхьана хIумано вагийна вогIу моьтту суна, соьгара гIо оьший-те хьуна?» – элира беречо, гIеххьа вела а къежаш. «ХIан-хIа, ца оьшу», – аьлла, Шамсудди дIаволавелира. Динбере а, Iодика а йина, дIавахара. Амма Шамсуддина и стаг шена вевзаш санна хийтира, цуьнан велакъажар шена девзаш санна хийтира. Мел дагадахкийта гIортарх цуьнан аматаш дага ца догIура цунна.

Иштта и ойланашкахь волуш, буьйса а дIайелира. ШолгIачу дийнахь ПетIаматгIеран лулара цхьа зуда йахийтира цо, йоIе хитIе йола аьлла. Хьо ца луш йухаеанчу зудчо йоI цIахь йац селхана дуьйна, цунах хилларг хууш стаг а вац, цуьнан нах и лоьхуш бу, элира. Шамсудди тIаккха кхийтира, селхана шена гина динбере ПетIамат хиларх. «Дакъаза

ма йала хьо, ПетIамат, хIун дагахь арайаьлла-те хьо, дуьйцуш хезна хIума дац-кха ахь йуьхьарлаьцнарг» – аьлла, шен кийра йаьллачу цIарна дан хIума доцуш, бIарзвелла цIа иккхина, сиха говра тIе нуьйр а тиллина, ПетIамат йаханчу агIор говр дIахийцира кIанта.

Шамсуддица хинкоьртехь къамел хиллачул тIаьхьа цIа а йеъна, шен вешин духар тIе а дуьйхина, герзаш йукъ къовлуш дIа а дихкина, шен полша, пезагаш говран таьлсаш чу а йехкина (эшахь аьлла), дена-нанна ца хоуьйтуш, шен вешин хилла дин ара а баькхкина, шен жимахволчу, итт шо долчу вешега Исламе, тIе хIума а йухий, ден говрахь шена тIаьхьавола, ша эвла йистехь хьоьжур йу, вай стенга доьлхуш ду аьлла, вашас хаттарх и ца вохийта, цунна жоп ца луш: «Сихо йелахь, вайшиммо лелориг массарах хьулделахь!» – аьлла, новкъахь Шамсуддица Iодика а йина, ша биъна дуй кхочушбан йахара ПетIамат. ЙоIIа-м цхьа воцуш ша гIур йолуш йара хIумма ийза а ца луш, и къонахалла йара цуьнгахь, делахь, ша йахар товш ца хетта, жима велахь ваша а ву, накъост а оьшур ву аьлла, йилленче дIакхайкхира цо Ислам.

ЙоIана хезнера, шен ваша вийнарг кхечу махкара цIа вирзина, дийнахь цхьана ломан хьехахь Iаш ву, амма буьйсана цIа вогIу, башха къехкаш а вац, аьлла. «ХIинца масийтта шо а даьлла, со башха сан мостагIаша лоьхуш вац», – бохуш, эвхьаза лела воьлла. И хабар а Хьасипата деънера цунна.

ПетIамат шен вешица Исламаца мостагI вехачу йуьрта йисте кхочуш, суьйре йара. Шаьшшинан дой дажа дIа а хецна, цхьана боккхачу ножа кIел садаIа дIатевжира ишиъ. ГIеххьа ПетIаматна наб озочу хенахь йетташ вота, лоькхуш пондар а хезна, самайаьллачу кхунна тIевогIуш ши динбере гина, шен дегI нисдеш, хьалагIеттира иза.

– Ассаламу Iалайкум, мехкан доцу хьеший, дой дажа а хецна, шу хIун деш Iа тхан йуьрта йистехь, дайн гIиллакхаш тхо дицделла дац хIинца, тхан йурт йуьхьIаьржахIотто гIерта-те шу, кхетавейша тхойшиъ шаьш лелочух?

– Ва Іалайкум салам, Делера салам-маршалла хуьлда шуьшинна а, чІогІа йуьхьІаьржа ду тхо шуьшинна хьалха, цхьа хабар эцна доьлхуш дара тхо, шу цаларар а дацара, шуна ала хІума а дацара, делахь жимма говрашка чож а тохийтина (садаІийтина) дІагІур ву-кха аьлла, сецнера тхойшиъ, бегІийла доцуш нисдели-кха хІара, – аьлла, йоьхна хьаьвзира йоІ.

– ХІумма дац иштта делахь-м, хІинца башха галдаьлла хІума а дац, дерриг дІанислур долуш хІума ду хІара, йуьртахь хІуттуш доккха ловзар ду, оха деза хьеший дийр ду шух, дуьло тхоьца, ткъа аш хьош долу хабар, мегар делахь, тхох муьлххачо а дІахьур ду.

– Хаьа суна, аш хьаша вийр вуй а, шу ледара хир доций а, аш пурба делча, тхо новкъа девр дара, шух цатешар а дац, аша оха новкъа баьккхина некъ кхочушбийр буй а хаьа, делахь а тхайна тІедиллинарг тхаьш кхочушдан лаар ду, – аьлла, и ши бере кочара ваккха гІоьртира йоІ.

– Шу хабар эцна доьлхуш хиларна, дІадаха пурба ло оха шуна, лаахь, тхойшиъ накъост ву шуна, вуьшта лаа-м лаьара шух тхайн хьеший дан, – аьлла, дІавахара ши динбере.

«Ккузахь Іахь, вайша нахала дер ду, хьуьн чу дахна, цигахь собар дан деза вайшиммо», – аьлла, шайн говрашка а хевшина, хьуьн чу дахара ишиъ. И дерриг къамел хезаш, коьллашна тІехьа ладоьгІуш а Іийна, цаьршиммо хІун лелаДо хьажа тІаьхьавахара Шамсудди, ша вуй а ца хоуьйтуш. Иза воккхавера, ца хууш нисвеллехь а, ша цаьршинна тІенисваларх. «ХІинца-м хала дацара хьо бІаьргаІуьналлера ца йалийта», – аьлла, ПетІаматна, Исламана гур йоцчу говр дІа а тесна, лечкъаш цаьршинна йуххехьа вахара Шамсудди. Амма шена гинчу суьрто цецваьккхина лаьттара иза.

ХІинцц хиллачу динберечух, шурул кІайн полша а йуьйхина, исбаьхьа хаза йоІ хилла лаьттара. «Йо сан Дела, хІун дагахь лела-те хІара йоІ, хІун дан гІерта-те хьо, хІара бер тІаьхьа а тесна? ГІо хьуна эша там бу, цхьаьний чекхдоккхур вайшимо ахь долийнарг», – аьлла, Іарж а йалий-

тина, йуьрта доьдучу цаьршинна тІаьхьа вахара Шамсудди. Ткъа йоІ, таьІна йол-йолчухула нахана ца гойтуш, ша полша, пезагаш схьаэцна хиларх йоккхаеш, ийши-кха шу суна бохуш, ловзарна тІе йахара, ткъа Ислам божарий болчу хьажийра цо.

Йуккъехь латийна йоккха цІе а йолуш, дІадоьдуш доккха ловзар дара, мехкарийн могІаршна тІехьа дІахІоьттира ПетІамат. Цхьаммо а цуьнан тидам а ца бира. Ткъа кІентийн могІаршна тІехьа а ваьлла, цуьнан тергам бан хІоьттира Шамсудди. КІенташна йукъа хьожуш Іара йоІ. Хелхайала аьлча, хелха а ца йолура иза. КІант кхийтира цо лелочух. Иза шен мостагІ лоьхуш йара. Ткъа йоІа ойла йора, хийцавелла хир ву, вевзар вац-те бохуш. Кхеран йуьрта вогІуш вара иза, шен ненахой болчу, цундела ца вевзийла дацара, хан йаьллехь а. КІенташа дукха хабарш кхоьхьуьйтура йоІана тІе. Цкъа-шозза хелхайала а дийзира цуьнан.

Ловзар гуттар толучу хенахь, Іаьржа чоа, Іаьржа куй, оццу басахь башлакх а йолуш, хелх авала йукъавелира цхьа къонах. Леррина цуьнга хьоьжура йоІ. Дийца ца оьшуш, вевзира ПетІаматна шен ваша вийнарг. Човс тІе а кхайкхина, кхуьнга а хьаьжна, цхьаъ элира хелхавала йукъаваьллачо. ЙоІ хелхайала йукъакхайкхира човсо. Шен дас, пхийтта шо кхочуш, шена совгІатна йелла дашо варкъ даьккхина жима шаьлта пхьуьйшара схьайаккха томехь дІа а нисйина, хелхарна йукъайелира йоІ.

Цкъа а ца йаьллачу тайпана, шуьйра тІам хоьцуш, хелхахьаьвзира иза. ТІаьхьа ца вуьсуш, дика хелхаволура кІант а. Сих-сиха, шен гІиллакх дацар гойтуш, лере а таьІий, цхьаъ олура кІанта ПетІамате. Йамартхочун «гІиллакхан» кхин цхьаъ а тоьшалла гайтира чІирхочо. Амма цо дуьйцург хезаш йацара йоІ. Цуьнан дагахь верг, цо вийна шен ваша вара. Йуха цхьаъ ала хелхарча йуххе ма-таьІІинехь, пхьуьйшара схьайаьккхина дог лоцуш шаьлта туьйхира йоІа. Голаш тІе охьавахара важа. Зударийн маьхьарий девлира. Божарий тІехьаьлхира.

Цхьаммо мохь туьйхира: «Цо вийнарг шен ваша вийнарг ву, тIе ма гIерта шена соьца мостагIалла цадезарг, йоIах кхидIа жоп луш верг со ву», – аьлла, цхьана куьйга шаьлта, вукха куьйгахь мажар-тапча а йолуш лаьттачу къонахчух бIаьрг кхетча, адам йухаделира. Нах, долчух кхетта, ладоьгIна севцира. Даг тIе диллина куьг а долуш, йоIе хьалахьаьжира лазийнарг. Ткъа йоI буйнахь шаьлта а йолуш, Iадийча санна, лаьтташ йара.

«ПетIамат, ца йевзира-кха хьо суна, йевзинехь хьан вешин санна, ас са доккхур дара-кха хьан а. Суна хаза ма хезнера, ахь со вен дуй биъна бохуш!» – аьлла, охьавуьйжира мостагI. Шен тIаьххьара садолуш а, гайтира цо шен йамарт дог-ойла.

Меллаша мохь тоьхначуьнгахьа схьайирзира йоI. Йуххехь лаьтташ шена веза кIант, цуьнца, шаьлта а йаькхина лаьтташ, шен ваша Ислам а гича, охьахьаьвдира йоьIан бIаьргех хиш. Жима велахь а, шен йишин букъ ларбан хIоьттинера ваша.

ПетIаматна хиира, жима ву бохуш, ша лелориг цунах лечкъийнехь а, кхидIа дахарехь иза шена йоккха гIортор йуй.

Тийналла хIоьттинера ловзар хиллачохь. ХIор а лаьттара хиллачун ойла йеш, кхидIа хIун хуьлу-те бохуш. И тийналла йохош, дас элира:

«Йало, ПетIамат, дIадоьлху вай, чекхдели хIара хIинца!» – аьлла. Кхеран лар хьовзийна баьхкина, да ХIарон а, берриг тайпанан нах а лаьттара йоIана го бина. Ткъа дехьо вухахилла, йоьIан нахана меттиг белла, гIиллакх лаьцна, ша ца гойтуш Шамсудди а.

Ваша а вийна, къизачу дахаро чахчийна лазийначу йоIан дагах хIун хир ду кхидIа, хIун къайленаш кечйина цо цунна ала-м хуур дацара цхьанне а. Йамартлоно, тешнабехко, ПетIаматан санна, хийла йоьIан а, кIентан а дахаран нур дагадо-кх.

# ЗУЛАМ

Дуккха а вуон-дика лайнера ламанан йарташкахь бехачу наха – тIемаш а гинера, мацалла а лайнера. Иштта и халонаш ловш, хене йала гIерташ йолчу йартех йара хIара йурт а. Геннахь летачу жIаьлийн, наггахь кхойкхучу нIаьнийн бен, хезаш гIар-гIовгIа а йоцуш, ненан марахьаьрчина бер санна, ламанца кхерстина кIайн дохк шена тIе а озийна, набарна йижинчу йуьртан тийналла йохийра кхузарчу вахархочун СаIидан хIусамехь динчу зуламо.

Сарралц кха тIехь къахьегна, хьаьжкIаш кенара йохуш, даьIнаш девллачу куьйгаш тIе уьстагIан бакъийна дума а хьекхна, цара сагатдеш, наб ца кхеташ а Iийна, хIеттахь наб озийна воллучу хIусамдена, цхьаммо неI тухуш хезна, стогар а эцна, мила ву хьажа мачаш тудуш воллуш, хезира:

– ХIей нах, чохь дуй шу?

– Дера ду. Хьо мила ву?

– Геннара хьеший ду, тIеоьций ахь?

– Ой, дера, оьцу, хьаша доккха беркат ду – чоьхьавала! – аьлла, стогар хьалаайина, хьешан йуьхь-сибат ган гIоьртира СаIид. Эццахь, тоьхна, карара стогар а бохош, вожийра иза «хьешо».

Чохь зударийн маьхьарий девлира. Воьжначу СаIидна тIехула буьйлуш, чулилхира хьеший.

– Ма хьекха мохь, къена ешап, ас са оьккхуьйту хьан! – аьлла, тоьпан бух тоьхна, зуламхойх цхьаммо йожийра хIусамнана Хьаьни. Йуьхьан тIехула охьахьаьддачу цIийн тIе куьйгаш а дохкуш, шеха хилларг ца хууш, йуьйжира иза. Дехьо сонехь хиъна, мохь хьоькхуш йолу Зарган, бага хIума а йоьллина, вертана йукъа хьарчийна, иза а эцна, аралилхина, дIабахара зуламхой. Царна хаьара, орца тIекхачахь, шаьш хIаллакдийр дуй. Говраш сихонца лома боьдучу новкъа хьалахаьхкира цара. Дикка некъ бира зуламхоша, говраш а чопа охьаоьхуш йара, шаьш а гIелбеллера уьш, жимма севцина, садаIа дезий массарна а хаьара, амма йиш

йацара – тІаьхьадогІуш орца хила тарлора. Дехьо догІуш хин гІовгІа хезначу зуламхойх цхьаммо элира:

– Ахьмад, вай, жимма йуучух кхеташ, говрашка чож а тухуьйтуш, са ца даьІча девр дац, вай иштта дІагІахь, говраш а мегар йац вайн!

– Бакъ боху, совцур ду вай, – резахилира Ахьмад. Ахьмад оцу зуламхойн баьчча вара. Говрара воьссина, шовда декачу агІор дІавахара цхьаъ.

– ХІун ду цигахь, говрашна хи малалур дуй цигахь? – мохь туьйхира баьччас.

– КІаг баькхичхьана, хи а малалур ду, схьадуьйла кхуза, – аьлла, коьллашна тІехьара схьавелира хи муха ду хьажа вахнарг.

Говрашкара биссина, уьш паргІатйохуш бохкура вуьш.

– Охьадаккха оцу говрара и шайтІа, – элира Ахьмада.

– Дийна мукъана йуй-те хІара, меттахъхьовш ма йац, – аьлла, меллаша охьайиллина, верта даста вуьйлира цхьаъ. ТІевеара Ахьмад. «ХІара-м йала йоллу», – аьлла, йуьхь тІе хи туьйхира цо йоІана. Меттаххьайра йоІ. «ДІаэца, хи мала, меттайогІур йу хьо»! ЙоІа хи ца мелира: «Аш делла хи ца мала йала а реза йу со», – аьлла.

Орца даьлла, йерриг йуьрт схьагулйелира СаІидгІеран керта. Массо а вара вовшашка хеттарш деш: «ХІун хилла, хьан хІун дина?» – бохуш, амма цхьа а оцу хаттарна жоп луш вацара. СаІидан вистхилар дацара – иза чІогІа лазийна вара. Дика меттайаза, корта лаьцна, техкаш, хиъна Іара Хьаьни а. Церан йоІ Зарган мича йигна, хьан йигна а ца хаьара. «Хилларг хІун ду?» – аьлла, хаьттича, – «Зарган, сан йоІ Зарган!» – кхин олуш хІума а дацара цо. Цхьаберш хала садоьІуш волчу СаІидна тІехІиттина Іара, вуьйш хІун дан деза ца хууш лаьттара. ЦІеххьана кхетамчу йеана, мохь-орца а олуш, хьалаиккхира Хьаьни: «Же ма Ієлаш, оцу наха Зарган йигна!», – аьлла. Йуххехь лаьттачу зударша хи а хьаькхна, метта а йалийна, хилларг дийца чукхайкхира тайпанан нах. Хьаьнис цаьрга хилларг ма-дарра

дIадийцира. И дерриг шайна хиъча, церан хьалхарчу стага Дагас элира:

– ХIан-хIа, сан тайпана нах, вайна тIедеънарг доккха эхь ду: чу а лилхина, тоьхна, цхьа зуда йожийна, важа дIа а йигна, цул сов, сахуьленга волий ца хууш СаIид а ву!

– Кегийнаш, чехка говраш ара а йахий, кечъе, – и зуламхой схьалеца беза, дуьхьало йахь, байий, дIабаха! – аьлла, уьш лома хьалахьовсийра Дагас.

Обаргаш лома хьалабоьлхуш гинарш бара, амма уьш обаргаш бу-бац, хIара зулам дина боьлхуш бу-бац ца хиънера гиначарна.

Зуламхойн лорах, «Ма Iелаш, вай тIекхиа деза царна!» – бохуш, шен накъостий сихбора воккхачех цхьаммо. И вара Дагин жимахволу ваша Жаьммирза. «Вайн цхьа аьтто бу тахана – церан дой кIадделла а, гIелделла а ду, хIунда аьлча, уьш ломара схьа а баьхкина, йуха дIабоьлхуш а бу, ткъа вайн дой садаьIна ду, каде ду, цундела вай уьш кхана малх чубузале лоьцур бу!» – аьлла.

Шайн говрашна хи а малийна, хIоъ а белла, йуха а новкъа бевлира зуламхой. Бисинарг гена некъ бацара. Цхьа лам бисинера церан хадо. И лам хадийча, гуьржийн мохк бара.

Цигахь бина барт бара церан йоI дIайохка. Зарган дуьхьара йухкуш йоI йацара цара. Кхаьргара йоI оьцуш берш а бара, хIорш санна, нах. Мах лой, схьа а оьций, йахна меттиг йоцуш, йойъура цара йоI. Туркошна, гIезалошна – дика мах луччунна – дIайухкура йоI. Зарган а оцу Iалашонца йигина йара.

ТIаьхьабогIурш мелла а гергагIертара зуламхошна. Шайна тIаьхьадогIуш татанаш хезаш, ладоьгIуш вогIура Ахьмад. Суьйренца малх чубуза лахбеллера. ТIаьххьара лам а хадийна, гуьржийн махкахь бара зуламхой. Генарчу лам тIехь гуш дуьхьалбаьхкина гуьржий а болуш, тоьпаш йевлира. Говрара шайн накъост вужуш гира зуламхошна.

Говраш дIахаьхкира цара. Йуха а тоьпаш туьйхира тIаьхьабогIучара. Кхин шиъ а говрара Iункарвахара. Шай-

ца мах бан баьхкинчу гуьржашна тІе йерзийра Ахьмада а, цхьаъ висинчу цуьнан накъоста Сурхос а шайн говраш, цаьргара гІо хиларе дог дохуш. Амма гуьржий, шайн говраш хаьхкина, дІабахара. ГІуллакх галдаьллера зуламхойн. Ахьмад а, Зарган дига хала дара говрана.

– Сурхо! – аьлла, мохь туьйхира Ахьмада.

ХІун боху ахьа? – олуш, вухахьожжушшехь, тапча тоьхна, вожийра иза Ахьмада. Сурхо охьа а кхоьссина, Зарган цуьнан говра тІе а йиллина, говраш дІахаьхкира ша цхьаъ висинчу Ахьмада. Ахьмад валийта ойла йацара тІаьхьа богІучеран. Массарел тІахъаьлла, каде хьийзара кхеран йуьртахо Зеламха. Зарганан тІехьийза кІант вара иза. Йуьртахошна хууш дара ишиъ вовшашна дезаш дуй, делахь а ЗарганагІеран наха, вукху цхьаболчу йуьртахошна санна, пурба деллера цунна шайца ван. Дикка тІаьхьабахара хІорш Ахьмадна. Некъо голатухучохь дика хьажийна тоьпан лаг озийра Зеламхас. Аркъалкхоссалуш вайра Ахьмад массарна а, амма йуха а нисвелла, дІахаьхкира говр.

– Топ кхетта ву шуна и, генавер вац, же ма Ієлаш, – аьлла, мохь туьйхира Жаьммирзас. Тоьпан хІоъ, хьакхалуш, чекхъиккхира Ахьмадна, башха зен ца динера. Амма некъо голатухучохь ломана тІехьа къайлабевлира хьалха берш. Ахьмадна дика йевзачух тера дара и меттигаш. Бахана меттиг йоцуш байра уьш. «АллахІ-Дела, стенга баха-те уьш?» – аьлла, сецира Жаьммирза. Говрара охьавоьссина, лар талла вуьйлира Зеламха. Массо а дІасахьаьлхира. Амма цхьанхьа а карош дацара Ахьмад а, Зарган а. Говрийн лар а карийна, цу лорца дІавоьдуш, цхьана боьрахь шина говрана тІенисвелира Зеламха. Шен накъосташка говраш карийна ала дагахь вухавоьрзуш, аьрру белш Іовжош, охьавуьйжира иза. Жимма Іиллина, куьг меттахдаккха гІоьртира кІант, делахь а ницкъ бацара куьг хьадан. ЧІогІа лазийна, ов туьйхира. «Ванах, мичара туьйхи-те цо топ?» – аьлла, тоьпан кІур лехира кІанта. Дехьо ломан басарчу хьехан бертехь кІур байра цунна. Йуха а топ кхетарх ларлуш,

цу хьехан берте хьалагIоьртира кIант. Йуха а топ йелира, йуххе кхийтира дIаьндарг. «Обарг топ йула кхиале, хьеха чу эккха веза со!» – аьлла, дIахьаьдира кIант. Хьехахь гуш аддам дацара. Тера дара, йоI эцна, обарг дехьо ша ца гуччу ваьллачух. Чохь аьржа йолуш, арара чувеъначу Зеламхин бIаьрго хIумма а ца лоцура. ТIаккха мохь туьйхира Зеламхас:

– Тешнабехкаца топ стенна йетта ахь, стаг вац хьо, сехьавала, шаьлтанаш тухуш, лета вайша?! – аьлла.

– Ларлолахь, Зеламха! – аьлла, Заргана шега мохь тухуш хезна, бIаьрса дайдина хьаьжча, шаьлта а йаьккхина, чухьаьдда вогIуш Ахьмад вайра Зеламхина. Шаьлтанаш тухуш, летира ишиъ. Ахьмад каде вара. Ханна воккха а вара, лелла дика Iеминчух тера а дара. Зеламха жима а вара, кхин тIе лазийна а вара, цундела хала дара цунна, амма дика тасалора кIант. Цхьа хIума цIена доцуш, ша йамарт стаг хиларе терра, кIел ког а тосура, кара беъча, тIулг тIе а тухура обарго, амма дIаоькхий, схьаоькхий, шена доккха зен ца хуьлуьйтуш, кIелхьарволура кIант. ХIуъу дина, и вожо гIертара обарг, накъостий тIекхачахь, ша вер воций хаьара цунна, амма и валийта дагахь Зеламха а вацара. ГIора дIадолуш дара Зелимхин, дукха цIий дIаихнера цуьнан, и гуш Ахьмад а вара. ЦIеххьана летачуьра саца а сецна, вистхилира обарг:

– КIант, ладогIал соьга, и йоI дIогахь йу, со дIавахийта, шу шайн йоI эцна дIагIур ду! – аьлла.

– Суна чохь са а долуш-м, гIур вац хьо!

– Делахь, хьан са а эцна, гIур ву-кха со, – аьлла, чухьаьдира зуламхо. Шен берриг ницкъ гул а бина, дIа а таьIаш, шаьлта туьйхира Зеламхас. Вуон мохь а болуш, гуора вахара Ахьмад. Шаьлтанан мукъ буйнахь а болуш, цунна тIе охьавуьйжира Зеламха, кхетамчуьра а волуш. Топаш йевллачу агIор аьлла бевдда баьхкинчу Зелимхин накъосташна гинарг вуон сурт дара. Гуш йоI а йацара, воьжна Зеламха а вара. Ахьмадна тIера схьакарчийча, хиира царна иза дийна вуй.

– Катоххий махе ваккха хIара, чевнашка хьовса деза вай, – олуш, воллучу Жаьммирзина хезира: «Ваша, со хIоккхехь йу хьуна!» – бохуш, шега кхойкхуш Зарганан аз. Дехьо йихкина Іуьллуш карийра Зарган. Махе ваькккхича, сихха меттавеара Зеламха а. Цкъа цхьана ханна бIаьргаш дуьхьдуьхьал нисделира Зарганан а, Зеламхин а. Амма шаьшшинан дагара хоуьйтийла дацара цаьршинан. Цу шиннан дагара хиъначу Жаьммирзас элира: «Дика а, майра а кIант кхиийна хилла, Зеламха, хьо кхиийначу дас-нанас, Дела резахуьлда хьуна, Зеламха», – аьлла, ша цаьршиннан безам къобалбой хоуьйтуш. Оцу дешнех там хилла, гIеххьа йелар а оькккуш, дегIера ницкъ эшна, когаш тIе охьалахъелира йоI.

– Ваша! – аьлла, мохь туьйхира цхьаммо.

– ХIун ду цигахь?

– ХIокхунна хIун до вай?

– ХIун дийр дара цунна, тIе тIулгаш а дахкий, дIакъовла, акхароша дIасхьаийзош Іуьллур ма ву иза, и санна жIаьлеш ма дац вай! – аьлла, хIума кхалла охьахиира Жаьммирза.

ЦIа богIу некъ бахбеллера Зарганна. ДегIера ницкъ эшнера. Шен дех а, ненах а хилларг ца хууш, чIогIа саготта йара йоI. Хаьттича, ишиъ меттадеана, дика ду олура Жаьммирзас, амма шена ишиъ галлалц, дог паргIатдер долуш дацара йоьIан. Йуьртана йуххе кхочуш, дог чIогIа карзахдаьлла детталора цуьнан. БIаьргашца нахана йуккъехь лоьхура да-нана. Геннара зударшна йуккъехь, корта а бихкина, шен нана гича, бIаьргех хиш хьаьвдира цунна.

– Нана, сан нана, – аьлла, говрара йоьссина, гал-гал а йуьйлуш, тIейахна, шен нана мара а йоьллина, йилхира йоI.

– Нана, дада мичахь ву, иза муха ву?

– Дика ву, Зарган, дIогахь лаьтташ ву хьан да!

ЙоIана гира дехьо, шега а хьоьжуш, лаьтташ шен да. Амма дена тIейаха, мараэккха ца хIоьттира йоI. Лаа-м лаьара цунна, къевлина и мара а воьллина, белшаш тIе корта

а биллина (берахь санна) – ша лайнарг а дуьйцуш, доггах йелха, амма къоман Іадатехь нахана йуккъехь ден марахь йелхар нийса ца хийтира цунна.

Жаьммирзас шаьш лелийнарг дерриге дІадовзийтира Дагина. Доккха са а даькхина, цо элира:

«Ма къинхетаме ву-кха, хьо Дела. Хастам бу-кха Хьуна, Ахь иштта кадалийтарна хІокху тхан берийн!» – аьлла, Дагас доІа дира.

ДоІа дина бевлча, тІегулбелира нах. Хеттарш деш, дикка дІа ца бухуш лаьттира уьш. ТІевахна йоІе вистхуьлийла доцуш, дІасахьийзара Зеламха. ЙоьІан дагахь дерг хаа йиш йацара цхьаьнне. Онда шад бара цуьнан логехь. Цуьнан сийдойуш, зуламхоша дина хІумма а дацахь а, нехан меттанаша шайн болх бийр бара. Иза хаьара йоІана.

Амма йоІ Далла а, нахана а хьалха цІена йара. Иза къобалдора Зеламхас а. Ша и къобалдар чІагІдеш, доккха сийдеш, Зеламхас йалийра Зарган.

Ирсе даха хиира ишиъ.

## КХА

Хаза денош лаьттара ламанца. Массо а стаг, цхьацца гІуллакхаш деш, хан эрна ца йохуьйтуш: «ХІинцца динарг Іай карор ду!» – бохуш, воллура. Шаьш лехнарг, шаьш динарг бен хир доций хууш, вовшашна гІо деш, белхеш беш, бохкура уьш. Массо а заманахь санна, баккхийчара: «Іа шийла хила там бу, лайш даккхий дахка мега, ледара ма хила!» – бохуш, кхайкхамаш беш, чІогІа тІахъаьлла хьийзара нах. Гулъйан йезаш йол, даккха дезаш дечиг, дерзо дезаш дика-вон, дан дезаш оханаш а хуьлура церан. И дерриг Іа тІедале дина бовла безаш хуьлура уьш, цундела цхьа кІеззиг йекхна йеана хан а эрна ца йохуьтура цара.

Иштта йеанчу лаьмнийн хаза цхьана Іуьйранна уьйтІахь девзиг хьокхуш йоллучу Белисина дагавеара шен кІант. «Ванах, и кІант гІоттуш ма вац, и лаа вуй-те?» – аьлла, кІант гІатто йахара нана.

– Салман, хьо хІун деш ву, делкъхан хиларе-м ца хьоьжу-те хьо? – аьлла, кІантана йаппарш туьйхира нанас.

– Нана, сийсара вон гІенаш гина, наб йоьхнера сан, хІинцца дІавогІу со, – аьлла, шен барзакъаш тІедуха хІоьттира кІант.

– Ма Іелахь, Салман, хьан да де шоьлах хьаьжкІаш хьакха вахна кха тІе, ткъа хьоьга, сту божий, хьера а гІой, хьаьжкаш аьхьна йевллехь, ахьар цІа а дай, шена тІаьхьа кха тІе вола бохура, – аьлла, Белиса девзиг хьакха йахара. Жимма ойла йеш хиъна а Іийна, аравелира кІант. Сту бужуш воллучу кІанта лелочух цецйаьлла Іара нана:

– Салман, хьо хІума ца йууш воьдуш ма ву, мегар ма вац хьо, ма гІохьа иштта!

– ХІумма а хир дац, ца йеза суна, – аьлла, дІавахара иза. КІантана тІаьхьа хьоьжуш йисира нана. «Ванах, могуш мукъана вуй-те иза?» – аьлла, йуха а девзиг хьакха хІоьттира Белиса.

Ахьар дахьаш цІа веъна, делкъе а йина, кха тІе дена-нанна тІаьхьа сихвелла воьдучу Салмане йуьртахочо Іуспас кхайкхира.

– Салман, оцу хьайн дега ахь хІун алий, нагахь санна ша тахана хьокхуш йолчу меттига тІехь и суна кхана каравахь, аса цигара и дийна дІавохуьйтур вац алалахь. Хьо кхийтин? – аьлла, Салман меттавале, и цецваьллачохь а витна, дІавахара Іуспа. «Вай, цо дуьйцург хІун дара, и забарш йеш вара-те, уьш забарех тера а ма йацара», – бохуш, Іуспина тІаьхьа хьоьжуш а лаьттина: «ХІара хилла-кх аса вон наб йар, дуьхьаладели-кх суна»,– аьлла, кха тІе схьавеара Салман.

– Салман, хьо ма кхоьлина ву, хІумма-м дац йуьртахь? – аьлла, хаьттира Сайд-Ахьмада кІанте, и цхьана хІуманна саготта вуй хиъна.

– ХІан-хІа, хІумма а дац.

– Ахь соьха цхьа хІума лечкъош санна хета суна, дийцал, хІун ду хилларг?

Жимма ойла а йина, кІанта хаьттира:

– Дада, оцу вайн йуьртарчу Іуспица цкъа а дар-дацар хиллий хьан?

– ХІунда боху ахь?

– Дера боху, со кхуза схьавогІуш, новкъахь гира и суна, цхьа чорда вист хилир-кха иза соьга.

– ХІун бохура цо? – аьлла, хаьттира дас, шен а, Іуспин а йукъаметтиг хууш волчу. ТІаккха Салмана Іуспас шега аьлларг дІаэлира дега. Ойлане ваьлла Іара да. Шен ойланех и вохош, йуха а кІанта хаьттира:

– И хІунда бохура цо, со-м цуьнга дош ала а ца кхиира, и ши-кхо дош а аьлла, дІавахара иза. Цхьа хІума доцуш ца бохура цо иза, хІун ду шуна йукъахь лелларг суна ца хууш?

Доккха са а даьккхина, дас элира:

– Схьавоьл, охьахаал, аса дуьйцур ду хьуна цунах дерг. Со-м, дера, и гІуллакх дІадижна, дицделла бохуш, ца хьехош Іаш ма вара, схьагарехь, Іуспа йуха а и карладаккхаволлу моьтту суна. Хьуна долуш дерг ма-дарра довзийта воллу со... Тхан кха жима дара. Иза а хийистошца дара. Хи дестий а догІий, зиэнаш деш, тІехь йийна хІума кхиа ца йуьтура. Къаьсттина оцу шарахь йаккхий йочанаш йара. Иштта дистина деанчу хино, тІе гІум а кхоьссина, йалта дуьйчура даьккхира иза. Кхин дан хІума а ца хилла, ІуспагІаьргара тхан дас ши пунт хьаьжкІаш хІинцца, йисина ши пунт гуьйранна йалта чудерзийча, кхин йиъ ворда дечиг лург мах а бина, хІара меттиг ийцира. И ши пунт хьаьжкІаш кенара а йаьхна, аса дІайаьхьира цаьрга. Суна тІаьххье вайга цара Іуспа ваийтира, кхин а цхьа пунт хьаьжкІаш йеза шайна, шаьш оцу механа реза дац, и кІезиг хета шайна аьлла. Тхан дас, кха дезарна цаьрца ца къуьйсуш, со йуххехь а волуш, и пунт хьаьжкІаш дІа а йелла, Іуспа дІавахийтира. Гуьйранна оха йисина ши пунт дІайелира. Йиъ ворда дечиг а даьхьира оха царна.

Иштта вайн доладелира хIара кха. Цкъа, хIокху гуьйранна пхьоьгIанехь тхо лаьтташ, элира цо: «Аша и кха догIуш лелош дац, шу тхуна цхьа пунт хьаьжкIаш йала дезаш диснера», – аьлла. «Харц ма ле, Iуспа, со йуххехь а волуш, тхан дас и пунт хьуна дIа а йелира, ахьа дIа а йаьхьира, – элира аса цуьнга. – Бакъ дац бохуш, къар ца велира иза суна, иштта къийса а велла, тхойшиъ дIасавахара».

Схьагарехь, и гIуллакх дижийта воллуш вац иза. ХIара кха оха лелош ши бIаьсте дIайелира. Со шун нанна тIехьийзаш вара; цуьнга вистхила гIерташ, цо тергал ца веш лелаш, Iуспа а вара. Цкъа-шозза цунна тIехула тхойшиннан дегазаллаш а хиллера. Шун нанна Iуспега йаха ца лаьара, бакъду церан наха Iуспина хьаха а йайтинера. Амма шун ненадас Iусума, йоIана луъуче бен ша иза йохуьйтур йолуш вац аьлла, цаьрца захало ца динера. Цул тIаьхьа ас шун нана йалийра. ХIетахь дуьйна соьца хьагI-гамо лелош ву иза. Харцлуьйр волуш, боьха стаг ву, йуха а цо и къамел доладахь, вист ца хуьлуш дIагIолахь, – аьлла, шен къамел дерзийра Сайд-Ахьмада.

– Валол, цунах-м цхьаъ хир дара, оцу кхаби чохь вайна шийла хи дал, жимма са а даьIна, болх дIаболор бу вай. И дIо хьаьжкIаш йохуш йолчу шайн нене, жимма IиндагIе йале, садаIа ала, – аьлла. «Ма вон сан коча ван гIерташ стаг ву-кха хьо, Iуспа, оха хьуна йина цхьана а тайпана харцо а йацара, IадIахьара хьо», – бохуш, ойлане ваьллачохь наб озийра Сайд-Ахьмадана.

Хи дахьаш схьакхаьчча, шен да наб озийна гича, иза кхин хье ца веш, йуххе кхаба охьа а хIоттийна, хьаьжкIаш хьакха хIоьттира кIант.

Салмана туьйсучу марсо самаваькхина, кхаби чуьра хи а мелла, кIантана гIо дан тIевахара да. «Кхиъна вели-кха хьо, кеста зуда йало гIайгIа бан а безар бу», – бохуш, кIантах воккхавера да, амма Iуспас динчу къамело онда сингаттам латтабора цуьнан даг тIехь. Сарралц хьаьжкIаш а хьаькхна:

– Кхана а догIу де, таханенна болх боьрзуьйту вай, – аьлла, схьаворззушехь:

– АхI, сан Дела! – аьлла, охьавахара Сайд-Ахьмад.

– Дада, ахь хIун до, хьуна хIун хили? – аьлла, тIеведира Салман. Йоьхна гонаха хьийзара Белиса а. Салман ша долчух кхийтира: да дIавоьдуш вара кIентан. Халла ши бIаьрг биллира дас.

– Салман, цIена мах а белла, эцна кха ду хьуна хIара! – аьлла, дIавелира Сайд-Ахьмад.

Тезет чекх а даьлла, цхьана суьйранна шаьшшиъ уьйтIахь хиъна Iаш, нанас элира:

– Салман, велларг велла ваьлла, виснарг ца ваьхча ца волу, йалта чу ца дерзийча дер дац, кхана кха тIе гIур ду вайшиъ.

– ХIаъ, и дийр ду вайшиммо, – аьлла, Салман вижа цIа чу вахара.

ШолгIачу дийнахь, хIара шиъ кха тIехь долуш, шен хьаьж тIера хьацар дIадоккхуш йоллучу Белисина гира ма-йоггIу хаьхкина йогIу говраш.

– Ахь хIун до нана, хьо саца ма сецна?

– Салман, и дIо богIу береш лаа буй-те?

– Уьш-м шайн гIуллакхе боьлхуш хир бара!

– ХIан-хIа, Салман, уьш вайна тIебогIуш бу, уьш лаа а бац-кха.

Дикка хьаьжча, Салманна вевзира хьалхавогIу Iуспа. Ма-йоггIу говрахь тIевеара иза.

– Салман, аса хIун ала аьллера хьоьга хьайн дега? – аьлла, тIечевхира Iуспа Салманна.

– Дера, Iуспа, ас ахь ма-аллара и цуьнга дIа-м элира! – аьлла, гIеххьа резавацарца элира Салмана. Иштта Салман шен пусар ца деш вистхилча, оьгIазвахара Iуспа.

Хьовсийша, вайха йелагIерташ йац и Сайд-Ахьмадан пхьагал.

Iуспас и дош ма-эллинехь, дехьо тесна болу мангал схьаийцира Салмана.

– Сайд-Ахьмад воцуш ву, хIинца цIийнда хьо ву, нагахь хьайна тхоьца дов ца дезахь, хIара кха ахьа дIахеца деза, Салман!

– Iуспа, хIара кха аса дIахоьцур дац, хьо-м хаац, хьан ворхIалгIа да ван а веъна, цо дIахеца аьлча, тIаккха а, ма де соьца харц дов!

– Шу хIун деш лаьтта, цо соьга ден къамел ца хеза шуна? – аьлла, шен кIенташна тIечевхира Iуспа. Говрашкара охьа а лилхина, шаьлтанаш йаьхна Салманна тIебуьйлабелира Iуспин кIентий Хьасайн, Хьусайн, Аюб.

– Аса, кхин ког схьабаккхахь, кортош дIатуьсуьйтур йу шун, – аьлла, мангал карахь дIахIоьттира Салман.

– Вай, аша хIун леладо, шу хьера-м ца девлла? – аьлла, шен кIантана хьалха дIахIоьттира хIинццалц хуьлучух ца кхеташ Iийна йолу Белиса. Оццул Белиса холчуйаьлча, дог кIадделира Iуспин. Шена жимчохь йезаш хиллачу Белисин аматаш схьахIиттира цунна.

– ХIан, гIовгIанаш ма йел, тIаьхьа цхьаъ дийр ду вай, – аьлла, шен говр а хаьхкина, дIавахара Iуспа. Цунна тIаьххье дIабахара кIентий а.

– КIант, и хIун дара цара лелориг, цхьа хIума ахьа соьха лечкъадой хаьа суна, со кхетаел цунах?

– Нана, хьо холчу ца йалийта хьох лачкъийна Iара со иза, – аьлла, Салмана дийцира Iуспас шега аьлларг, шен деца хилла къамел.

– Боьха адамаш ду-кха, боьха адамаш, со кхеташ ма йацара цара лелочух, уьш, шаьлтанаш а йаьхна, хьуна тIебуьйлабелча, меттайеара со, валол, дIадоьду вайша, кхидIа болх балур болуш йац со! – аьлла, кIантаца цIа йахара нана.

Цул тIаьхьа IуспагIар башха кхин хIума а ца олуш, дикка хан йелира, йалта чу а дерзийра СалманагIар.

Цхьана суьйранна цхьацца ойланаш йеш учахь лаьттара Салман. Салам а луш, уьйтIа веара цуьнан доттагI Леча.

– ДоттагI, хьо ма ойлане го суна, хIумма-м ца хилла?

– ХIан-хIа, хIумма ца хилла, ма латта уьйтIахь, чоьхьавала, Леча.

– Чохь дан хIума дац, лулахь дIабоьдуш синкъерам а болуш, вало, цига воьду вайша!

– Делахь, Леча, ма дог догIуш вац со, витахь со!

– Салман, и къамел дац, хьо санна волчу къонахчо дан, ма Iел, – аьлла, кетIахьа дIатеттира иза Лечас. Цо ша вуьтур воций а хиъна:

– Вуьтур вац ахь, вало делахь, – аьлла, кехваьлла дIавахара ши доттагI. Ойлане, вист ца хуьлуш вогIура Салман.

– Хьо ма ойлане ву, ас хьо волчу уьйтIахь хаьттича а жоп ца делира ахь, хьуна хIун хилла?

– Леча, тахана хитIара йогIуш цхьа йоI гина суна, хьенан йу-м ца хаьа суна, амма чIогIа йезайелла и суна.

– Аматаш муха дара цуьнан, нагахь хIокху йуьртара йелахь, суна ца йевзаш хуьлийла дац?

– Кху йуьртара-м йара иза, цхьаннах тера-м хийтира суна и, хьаша хилча ша хир ма йацара и.

– Бакъ боху ахь, – аьлла, велавелира Леча.

– Стенна воьлу хьо?

– ОьгIаз ма гIолахь, Салман, со стенна воьлу хаьий хьуна?

– Дийцал, хуур ду-кха, ахь дийцича?

– Дера, йевзар йра луларниг а, йуьртарниг а, хьо ийгIина хIума санна, чу а ца вулуш, хинкоьрте а хIуттуш, эвла йуккъе а волуш велахьара-м. Декъа тIехь оьшург до ахь, рицкъа а лоху ахь, амма дуьненан синкъерам лохуш стаг вац хьо, цундела ца йевзина хьуна и йоI.

– Бакълуьйш ву хьо, – аьлла, пондаран аз хезна, шаьшшиъ воьдучу дIакхаьчний хиъна сецира ишиъ.

– Вайшиъ схьакхечи, нагахь и йоI цу чохь хилахь, суна схьагайталахь, – аьлла, хьалха Леча а волуш, салам а делла, чувелира ши доттагI. ДIасахьоьжуш воллучу Салманна гира ша йуьйцу йоI.

– Леча, и дIора йу-кха ас йуьйцу йоI (ткъа Салмана йуьйцу йоI, магIарехь болчу мехкаршца йоцуш, неIарехь лаьттачу кегийчу зудаберашна йуккъехь, цхьана соне а йоьлла, Iаш йара).

– Дера, доттагI, иза IуспагIеран йоI Хьалимат ма йу, – элира Лечас кхеран йукъаметтиг хууш волу. Оцу берашна йуккъехь йоI стенна лаьтта кхийтира Салман. Чохь шен ваша Аюб волу дела, магIарера дехьайаьллера иза.

Ши доттагI къамел деш Iаш, цхьаммо элира: «Бераш шайн цIахь Iан дезар-кх», – аьлла.

– Аюб, ахь хьаьнга боху иза?

– Салман, шаьш доцурш, кхин бераш гой шуна кху чохь? – аьлла, ца вешаш велакъежира Аюб. Салман цунна чухьаьдира, тоха дагахь. Амма наха тIе ца кхачийтира иза. Аюб сецавора массара, арахь лаьтташ хилла волу Аюбан ши ваша Хьасайн, Хьусайн чуиккхира. Дов генадала тарлуш дара, нах дика ца хьаьвзинехь. Жимма соцунгIа а хилла, араваьлла дIавахара ши кIант. Вист ца хуьлуш вогIура ишиъ. Тийналла йохош, Салмана хаьттира:

– Леча, оцу йоьIан цIе хIун йу бохура ахьа?

– Хьалимат йу-кха. ГIуллакх хир долуш хIума дац иза, мехкарий шортта бара-кха, йитахьа и йоI, Салман!

– Дера, цунах хIумма хир моьттуш-м со а ма вац, амма чIогIа йеза-м йелла и суна.

Иштта, цхьацца дуьйцуш, Салман вехачу хIусаме схьакхечира ишиъ. КетIара гIуй дIа а боккхуш:

– ЧувогIий хьо, Леча? – аьлла, сецира Салман.

– Вайша тховса, цхьацца дуьйцуш цхьана буьйса йаккхий, башха охьавижа дог догIуш вац со? – аьлла, дIа ца ваха дагахь сецира Леча. Салман кхийтира цо лелочух:

– Леча, хьо соьца Iан стенна гIерта хаьа суна, цара соьца хIумма а лелор дац хьуна, вовшашна тоьхна а йац, генадаьлла хIума а дац, эцца вовшашка багош тохар бен, дIагIой, паргIат охьавижа хьо!

– Салман, баккъал со хьайна новкъа вацахь, тховсалера буьйса цхьана йоккхур йара вайшиммо...

Вела а къежна:

– Вало делахь, Iан ца воллу хьо, – элира Салмана.

– Нанас сагатдийр ду, кхузахь вуьсий а хаийтина, схьавогIу со, – аьлла, цIа вахара Леча.

ІуспагІара башха кхин хІума ца хазадора, амма хьагІгамо лелара царна йукъахь. И дегазаллаш хиллачул тІаьхьа цхьа шо хан йелира. Салманан цкъа-шозза вист хуьлийла хиллера Хьалимате. ЧІогІа безам кхерстинера цаьршиннан дегнашкахь. Іа а тІедеара. Цхьажимма меттахь а Іийна, цомгуш хилла, кхелхира Белиса а. Ша цхьаъ висира Салман. ХІара дуьне тІекхетча санна, таьІна, йеххачу хенахь гІийла лийлира кІант.

...Хьалимат ган лиъча, хи тІе йоуьйтур йолуш йацара цІерачара. ЧІогІа Салманах ларъеш йара ІуспагІара йоІ. Салмане йодахь шаьш йуьйр йу аьлла, дуй биъна бохуш, дуьйцура наха.

Иштта цхьана суьйранна, цхьацца ойланаш йеш, хиъна Іаш Салман а волуш, уьйтІа веара Леча.

– Ассалму Іалайкум, сан доттагІ, хьо ма гІийла го суна, хІун ду хилларг? – аьлла, даим санна, шен забарш а йеш.

Леча самукъане стаг вара, амма, мел чІогІа киртиг тІехІоттарх, вухур воцуш, майра кІант вара. ГІиллакх, оьздангалла шегара йоккхуьйтур йоцуш, йахь йолуш кІант вара. Цундела дукхавезара иза Салманна, оьшучохь цунах дага а волура иза.

– ВаІалайкум салам, схьавоьллахь, Леча, – аьлла, хьалагІаьттира Салман. Шаьшшиъ хьал-де хаьттина ваьлча, Салмана элира:

– Дика ду, Леча, хьо схьавеъна, хьо волчу дІаван воллуш вара со. Хьуна ма- хаъъара, со хІинца цхьа висна, гергара нах, тайпанан нах бу, йуххера йиша-ваша дац, ткъа хьо сан йуххера доттагІ ву. И Хьалимат, тхан наха эзарзза йехарх, ІуспагІар соьга йоуьйтур йац, нагахь, буьйса а йиллина, и соьга йагІахь, йало дагадеъна суна. Сан метта хи тІе а вахна, хьо цуьнга вист хуьлийла лаьара суна! – аьлла, Лечега а хьаьжна, шен къамел сацийра Салмана.

– Хьуна лаахь, вистта-м хаац, йадийна, схьа а йалор йу аса-м, – аьлла, Салманан белш тІе куьг туьйхира Лечас.

– Йадо ца оьшу, иза жайно а ца магадо, ваха а гІой, нагахь реза йелахь, тховса пхьуьйра-хенахь со церан бешахь

хир ву, ала, сайн ненахой болчу йуьгур йу ас иза, тIаьхьа цхьаъ хир цунах, – элира Салмана. ТIаьххьара дешнаш, ша-шега олуш санна, элира цо.

– ДоттагIи, «ас», «со» бохуш, со ма дIатоьтту ахьа, – аьлла, дегабаам бира Лечас.

– Леча, хьол дукхавезаш накъост вац сан, ахь новкъа доккхур ду тхойшиъ, кхидIа тхаьшшиъ гIур ду, долуш долу хьал хьо гуш-хууш ву, цундела хьо хIокху гIуллакхна йукъахьекхо ца лаьа суна. Хьо хьайн ненан цхьаъ бен вац, хьуна цхьаъ хилахь, со санна, и ша йуьсур йу, ткъа ша висарх дерг суна дийца ца оьшу. Цундела ас пурба ца ло хьуна кхидIа соьга ахь дехар, хьо ваийта бохуш. Новкъа дахарх гIуллакх хир дац, цуьнан нах тIекхуьур бу. Йарташна пе тухуш гIур ду тхо.

– Дика ду, Салман, ахь бохург дийр ду ас. Ткъа хIинца хинкоьрте воьду со, – аьлла, Леча дIавахара.

Леча дIа а хьажийна, шен дин кечбан вахара Салман. Гена новкъа бала безий хууш санна, терсаш хьийзара дин а. Говрана хIоъ а белла, чувеъна, цхьацца кечамаш беш воллура Салман.

Хье ца луш вухавеара Леча.

– Леча, хьо ма сиха веа, гирий хьуна Хьалимат?

– Дера, ган а ма гира, барт а бира, пхьуьйра хенахь и вайга хьоьжуш а хир йу!

– Дика ду, Леча, ткъа хIинца, дIагIой, кечам а бай, йиллинчу метте дIавола, нагахь вайша цхьана гахь, уьш шекбевр бу, тIаккха дерриг галдер ду.

– Бакъ боху ахь, со кечам бан воьду, – аьлла, дIавахара Леча.

Шен хIусамехь дикка Iийра Салман, дехьа чу волуш, сехьа чу волуш, уьйтIа волуш, цхьацца новкъара хIума дIайоккхуш. Геннара цуьнан тергам бича, моьттур дара, и кхин цкъа а вуха ца ван воллу. Дан а дара Салманан дог, тIаьххьара оцу декъах волуш санна. Уьндечига тIе охьахиъначохь ойлане вахна Iара кIант. Амма дехьо леттачу

жIаьлеша меттавалийна: «Там бара со тIаьхьависна хила», – аьлла, хьалаиккхина шен дин ара а баькхина, кертаца Iодика а йина, йиллинчу дIавахара кIант. ХIара дIакхочуш, некъо голатухучохь лаьтташ вара Леча.

– Салман, хьо ма хьевеллера, хIумма-м ца хиллера?

– ХIумма ца хилла, дукха хан йуй хьо лаьтта?

– Йац, вало хьалавоьду вайша, – аьлла, Леча хьалха а волуш, дIавахара ши кIант. Шаьшшиъ воьдучу дIакхаьчча, цаьршинна гира дехьо бешахь лаьтташ адаман гIаларт.

– И дIогахь, схьаеъна, хьоьжуш йу моьтту суна, – аьлла, болар сихдира цаьршиммо.

Хила а хиллера и лаьттарг Хьалимат. Буьйса декъал а йина, Салмана элира:

– Хьалимат, вайшимма арабоккхург хала некъ бу, хьан нах резахин болу некъ бац, делахь кхин дан хIума дац вайшиннан. Хьо реза йуй, ас бохург дина, соьца дIайа?

– Хьоьца лаьттан буха йаха дезахь, цунна а реза йу со, – аьлла, эхь хетта охьатаьIира йоI.

– Делахь, кхин ца Iа вай, – аьлла, тахана дуьненахь, кханалерачу къематан дийнахь тхан нус йу хьо, хIокху Салманна хIусамнана а йу хьо, – аьлла, ша схьалаьцна куьг Салмане дIаделира Лечас. Лома хьалабоьдучу новкъа ишиъ хьала а хьажийна, вухавеара Леча.

ЙоI ларъеш болу IуспагIар и чохь ца карийча, ма боггIура СалманагIеран керта лилхира. Цигахь цхьа ца карийча, Леча волчу бахара. Лечас, ша цара лелочух ца кхеташ санна, хIинцца набарха волучух:

– Шайн йоI шаьш лаха, суна ца хаьа, шун йоI стенга йахна, – аьлла, башха ловза а ца бира.

– Уьш лома хьалабахна хир бу, некъашца гIур бац, вай биъна дуй къар ма белаш», – аьлла, Iуспас лома хьалахьовсийра шен кIентий.

Сахиллалц некъ бира Салмана а, Хьалимата а. Амма лар хьовзийна, гуьйренца дуьллучу тхица говрийн лорах богIуш бара Хьалиматан вежарий а.

– Хьалимат, ахь, хIокху кхура кIел дIатовжий, садаIа, со лома хьалаваьлла дIаса бIаьргтоха воллу, вайшиъ тиладеллачух тера хета суна! – аьлла, Салман лома хьалавахара.

Шен говрахь дIасахьоьжуш, бевза лам лоьхуш лелачу Салманна лаха боьрахь кхузза топ йолуш хезира. «Вай, и хIун дара, и тоьпаш Хьалимат йолчу боьрахь ма йевлира?» – аьлла, шен говр охьахаьхкира Салмана. Йуха а лаьмнаш декош тоьпаш йевлира, говрара Iункур а воьдуш, бердах вахара кIант. Жимма хан йаьлча, меттавеара Салман, топ синметта кхетта йацара. Меженаш меттаххьайира, йойна хIума йацара, амма аьрру белшана ов туьйхира. КIант кхийтира: топ белшах чекхъйаьллера. Халла текхна, бердах хьалаваьллачу Салманна, тоьпаш тоьхна йала саийзош Хьалимат карийра, ткъа дехьа ломахь чубуьссуш Хьалиматан вежарий а гира. Топ схьа а эцна, говра хууш воллучу Салманна, Хьалимат шега кхойкхуш хезира. Йухахьаьжча, цунна гира, хих дуьзна, ша тIевоьхуш долу Хьалиматан бIаьргаш.

Цо хIун боху хьажа улле охьалахвелира кIант. Йистхила ницкъ боцуш, цхьаъ ала гIерташ, балдаш хьедора йоIа.

– Хьо хIун ала гIерта-те, Хьалимат? Ницкъ ма бе хьайна, мегар йац хьо, ас хIинцца цIий дIасацо чевнаш йоьхкур йу хьан, – бохуш, хьийзара Салман, амма цунна хаьара чевнаш йехкарх гIуллакх хир доций. Топ синметта кхеттера.

– Салман, хьадий ма лелахьа, сан дукха хан ца йисна, йуххе охьахаахьа, – элира йоIа.

– Хьалимат, ма доккха хIума ду хIара, нанас дена бина вежарий ма бара уьш, кийрахь дегнаш хилла дац-кха церан!

– ХIумма дац, шаьш йина чIагIо, шайн бакъо йерриг ду цара динарг, уьш сан вежарий бу, – аьлла, жимма са а даьIна, йуха а йистхилира Хьалимат.

– Салман, цхьа чIагIо йехьа суна!

– ХIун чIагIо йу иза?

Жимма дегIе ницкъ а баийтина, хIаваъ чу а оьзна, халла элира йоIа:

– Со бахьана долуш оцу сан вежаршца цхьа хIума ца лело, уьш сан вежарий бу, хьох а дог лозу, суо хьоьца хир йацахь а.

Амма Салман вист ца хуьлура, корта таIийна Iара, йухуш йохкура Хьалиматах чIир эца хилла ойланаш.

– Хьо вист ма ца хуьлу, Салман?

Меллаша хьала а айвелла, дIабоьлхучу Хьалиматан вежаршна тIаьхьа а хьаьжна:

– Ма доккха хIума ду-кха, шу иштта дитар! – аьлла, дош делира цо Хьалиматна.

Салмане йодахь, шаьш йуьйр йу аьлла, йина чIагIо кхочуш а йина, дIабахара Хьалиматан вежарий. Дукха хан йалале, наб кхеташ санна, цкъа а ца белла бIаьргаш дIахьаббира йоIа.

Боккха барз беш Хьалимат дIа а йоьллина, ломан басахь карийна чхоран тIулг а боьгIна:

– ХIора шарахь хIокху дийнахь со вогIур ву хьуна, Хьалимат! – аьлла, говран йуьхь лаьцна, акхарой леллачу цхьана новкъа нисвелла, цу новкъара ца волуш, дIавахара Салман.

*Авторера дош:*

*Лераме дешархо! Бакъдолчух, хиллачух йаздина дийцар ду хIара. ЧIогIа сайна даг чу дижарна, сайна санна, шуна кхунах дерг хаийта лиьна йаздина ас хIара. Суна тхан дас Замруддис дийцина хIара, ткъа шена шен дас дийцина, бохура цо. Иштта, генара схьадогIуш дийцар ду хIара. Ткъа Салманах дерг аьлча, иза шаьш вийна бохуш, Iийна болу IуспагIар, и дийна вуй хиьча, йоI, йада а йина, цо йийна, аьлла мотт а бина, лацийтира. Пхиитта шо чохь а даькккхина, ша араваьлча, Абай олучу гIалахь ваха сецира Салман, кIора боккхучу шахте балха а хIуттуш. Иза кхин цхьаьнна а гина а вацара, цунах хилларг хIун ду хууш стаг а вацара. Кхин иза Даймахка вуха а ца веара.*

*Иштта бирзира Салманан, Хьалиматан а декъаза безам.*

## ЦІЕН ШОВДА

Хала бохкура ламанца беха нах. Цундела массо а шаьш дол-долчохь Іаьнна кечам бан гІерташ кхаш тІехь бохкура уьш. Массеран говраш а, стерчий а дацара, делахь Іаьнна кечам барехь вовшийн гІолоцура цара. Цу йуккъехула дика-вон листа дезаш а хуьлура.

Иштта цхьана Іуьйранна сирла кхеттачу малхана дуьхьал куьг а лаьцна, учахь лаьттара Іусман.

– КІант, хьо ма ойланашка вахна го суна, хІумма-м ца хилла? – аьлла, хаьттира Іусманан нанас, Асета.

– Делахь лаьтта, нана, массо а дан дезарг ду, цхьа а хІума новкъа даьлла дац, хІун дича, хІун хир дара-те бохуш ойла йора аса-м.

– Ватта, ахьа кхин хІун дан деза? Дечиг хьо деъна ваьлла, мангал хьо катоьхна хьокхуш ву, ткъа массо хІума чекхдаьлча вай кха а охур ду аьтто хилахь, ца хилахь бІаьстенан йуьххьехь охур ду. Гуьйранна массо хІума чекхдаьлча хьуна нускал а далор ду, – аьлла, йелакъежира нана.

– Делахь нана, ма хьаштдоцург дийцар-кха ахь хІинца, со стенга сиха ву?

– Хьо сиха ву-м ца бохура ас, амма суна накъост оьший-м хаьа суна.

– Дера, нана, хьуна накъост оьший-м хаьара суна, делахь сайчух гІуллакх хир моьттуш вац-кха со.

– ХІунда ца хуьлу хьайчух гІуллакх, ма чІогІа чІагІлуш воллу хьо?

– ЧІагІлуш вац со, цхьа а даго къастийна йоІ ца хилча, ас муха йалайо зуда?

– ЭхІ, ма элира ахьа, суна ца хаьа моьттуш ву хьо айхьа до некъаш?

– ХIун некъаш дуьйцу ахьа?

– Дера, дуьйцу, Iусман, СолтагIеран Зезагна тIахьа ахь деш долу некъаш.

– Нана, хьуна мичара хаьа иза?

– Вайн йерриг йуьрто дуьйцуш ма ду иза-м.

– Цунах-м цхьаъ хир дара, йуург вовшах тохахьа суна, жимма мангал хьакха гIур вара со, – аьлла, шаьшшиннан къамел дерзо лиъна учара чу воьссира кIант. Жимма дегI меттах даккха цIийнан тIехьара цхьа боккха тIулг ийба вуьйлира Iусман. «Iусман», аьлла цхьаммо мохь тухуш а хетта, тIулг охьа а тесна, кетIавелира кIант.

– Вай, Хеди, хьо йац хIара, хьо лаа йуй? – аьлла, хаьттира Iусмана и зуда йевзина.

– КIорнис хьоьга суьйранна хи тIе вола аьлла йаийтинера со, шен хьоьца гIуллакх ду бохура.

– ХIун хилла, сингаттаме хIума-м дац?

– Дера, кхин хIума ца хаьа суна, дIо лакхара цхьа дукха говраш йолуш бу-кха и нах, цара сийсара КIорни йеха нах бахкийтинера шайн воккхахволчу кIантана, суна ма-дарра ца хаьа, цо ша дуьйцур ду хьуна.

– СолтагIар буьйций ахьа?

– ХIаъ, буьйцу, цIе йаккха йиш ца хиларна дийцира хьуна ас иштта, хьо-м сихха тIекхии, со сиха йу, – аьлла, дIайахара кост дахьаш йеанарг. «Вай, йоьхуш йара тов, хIинца хIун дан деза?» – бохуш, дIайоьдучу зудчунна тIаьхьа хьоьжуш ойлане ваьлла Iара кIант. Нанас шега кхойкхуш а хетта, «Нана, ахь хIун боху?» – хаьттира цо.

– Ахь хIун до, Iусман, кхузза мохь тоьхча а хезаш ма вац хьо-м, хIун ду хилларг, хьо ма воьхна ву?

– Дера, нана, и йеанарг Зезаган вешин зуда йара, вон кхаъ бара цо беанарг.

– Дийций валахьа, хIун ду хилларг?

– Сийсара Зезаг йеха шайга СолтагIара нах бахкийтина бохура, соьга суьйранна хи тIе вола аьлла, Зезага йаийтинера иза.

– Iусман, Зезаг цIейахна хаза йоI йу, и тайпа йоI наха йуьтуш йац.

– Ткъа ас хIун дан деза?

– Вай, хIун дан деза бохург хIун ду, нагахь Зезаг реза йелахь, тховссехь схьайало йеза-кх, ас хьеха-м ца деза хьуна? ТIаккха тIе туьйхира: «Да велхьара, йа вежарий белхьара атта хир дара, доьхна хьийзар дац вай, доцург паччахьна а эшна боху!» Бакъдолуш, да велхьара атта хир дара аьлла, Iусманна а дагадеанера, йалийча, цо атта дерзор а дара.

Iусманна шен да Довта гIенах санна бен дага а ца вогIура, кхуьнан пхи шо бен дацара и лечу хенахь. Довта дечиг даккха хьуьнах ваханчохь, шершина, бердах вахана веллера. Цу шарахь цкъа а ца диллинчу тайпана кIорга ло диллинера. Довта ца карош, йуьртахоша пхеа дийнахь лехна велла цIа валийнера. Кхин доьзалхо а ца хиллера Довтин а, Асетан а. ЦIийнада дIаваьллачул тIаьхьа хIара цхьа Iусман кхобуш къанйелира Асет.

– Иза-м, нана, доцург а, хиндоцург дара, да а, вежарий бохург, амма вай доьхна хьийзар дац, со хьецалуш схьавогIу хьуна, – аьлла, кехвелира кIант.

Нанна кIант стенга воьду хаьара, ша дан дезарг ца хууш висча, шен да чу ваханчу берда тIе а воьдий, хуий Iара Iусман. И тахна а, цига воьдий хаьара нанна. Дагадеара цкъа кхо-диъ шо хьалха ша цамгар кхетта чохь йисар, Iусман Iуьйрре араваьлла цIа ван хьевалар, ша цунна чIогIа сагатдар. «Мичахь вара хьо?» – аьлла хаьттича, цо дийца а ца дийцира. ТIаьхьо ша то а йелла, арайаьлча цунна хиира Iусман шен да чу ваханчу бердехь Iийна хилар.

Дечиг даккха хьунах ваханчу кхеран цхьана йуьртахочунна Iусман гинера дуьхьал стаг а воцуш, цхьаьнца къамел деш. Ткъа йуьртахь даьржира, Iусман бердашкахула жинашца шабар-шибарш деш волалой лела бохуш. Цу нахана ца хаьара дас шена дуьхьал жоьпаш луш санна, шен деца къамел дой, цунах тоам хуьлий и цIа вогIий а.

Малх суьйренца охьатеIаш бара. ЧIогIа сагатлуш ара-чу йолуш Iусман цIа кхачаре хьоьжура нана. ХIинца мукъа-

не вогIуш вац-те, аьлла, ураме йаьлла хьаьжча, цунна гира чехкачу боларца цIа кхочуш шен кIант. «Оввай, Iусман, ма дика ду-кх хьо цIа вогIуш», – элира нанас, цунна хезаш санна.

– Нана, хьо урамехь ма лаьтта, схьахетарехь хьо чIога сагатдеш Iийначух тера ду, йало керта доьду вайша! – аьлла, кетIара гIуй дIа а озийна, керта велира Iусман.

– Дера, Iусман, са а гатделира са-м, хьо-м ваханчуьра ван кхетар волуш вац, хьайн дел башха.

– Нана, хьо сан лар эцна-м ца йеанера, со стенгахь хилла хууш санна ма боху ахь?

– Лар эцна-м ца йеанера со, амма цхьа меттиг бен йуй хьан воьдуш? – аьлла, шена кIант стенгахь хилла хаьий хаийтира нанас.

– Нана, цу дадин берда тIе вахча массо хIуман тIехь цо сайна хьехам беш хетий, дан дезарг а дуьйций, цхьа паргIат волу со, цундела тахана а вахнера со цига.

– Дийцал, хIун ойла сецна веъна хьо тахна?

– Дийца боху ахь?! – аьлла, шен ненан сирбелла корта мара а къевлина, хьасталуш элира кIанта: «Дера ву со нана, хьоьха марнана хила йоллий-те моьттуш!» –аьлла.

– Дала аьтто бойла хьан, сан кIант, делахь ларлолахь боьха хIумнаш йу хьуна и СолтагIар, цуьнан кIентий!

– Вай, со стенна ларло царах, Зезаг царна дIайелла-х йаций.

– Дера дIайелла-м йац иза, амма цара хьахийна йу, цундела кхоьру со.

– ХIума хир дац, нана, кхера ма кхера, – аьлла, нана паргIатйаккха велакъежира кIант.

Iусмана шен сапаргIатдаккха дийцахь а, СолтагIар коьртера ца бовлура нанна. Дагадеара цунна: Солтин ваша Салахь, тIаьхье йоцуш къанвеллера, йиъ зуда йалийнашшехь, доьзал бацара цуьнан. ТIаьххьара йалийна зуда Найбан чIогIа дика а, оьзда а зуда хиларна цуьнца виснера Салахь. Цомгуш меттахь йалх шо даьккхира цо. Цунна цхьа

а хIума ца оьшуьйтуш кхебира иза Найбана, амма Салахь кхелхина ворхI де ма деллинехь, цхьа тилора тай ца луш кехйаькхира СолтагIара Найбан. Йеригге йуьрто чIогIа неIалт элира царна.

– Хьо хинкоьрте воьду? – аьлла, гIийла хаьттира нанас.

– Со-м водара, ткъа ахь хIун леладо, хьо ма гIийла го суна?

– ДIагIо, дIагIо, Iусман, некъ дика хуьлда хьан! – аьлла, кIант новкъа ваькхира нанас. Амма ненан дог тамашийна детталора, цхьа хIума хила доллуш санна, цо хьоьхура вониг. ЦIаьххьана мох баьлла, чан айина, стиглахь гучуйевллачу мархаша кхолош, тамашийна хийцаделла дIахIоьттира Iалам а.

Нана кертахь дIасахьийзара, чу-ара йуьйлура, амма дог кийрахь сацалуш дацара. КIантана чIогIа сагатлора ненан. «Ас хIун леладо, со стенна йоьхна?» – олий, сапаргIат дакхха гIоьртура иза, амма паргIато гатйеллера нанна. «Дера еза со-суо йуй а ца хоуьйтуш, хи долчухьа а йахна, хIун ду хьажа», – аьлла, оцу ойланца арайелира нана.

Дукха мехкарий а, кегий нах лаьттара хинкоьртехь. Мехкаршна йукъахь шен хазаллийца къаьстина йара Зезаг. Дукха кIентий бара иза йезаш, и йеъча йуьгур йолуш а. Амма, Зезагана Iусманца болу безам мерза хетара, и безам дIатоттур болуш а йацара иза.

Iусман Зезагал пхи шо воккха вара. Цхьана дийнахь мангалара вогIуш чIогIа хьаг а велла, говрана хи а малош, хи тIе вирзира Iусман. Хи оьцуш жимо йоI йара. «ЙоI, мала хи кховдадехьа!» аьлла, хи дийхира кIанта. Кхаба схьакховдийра йоIа. Дукха цуьнан хазаллех цецваьлла, кхаба карара хеца а йелла, и кхаба тIейоьжна шен коган нана-пIелг эккхийтира Iусмана. Эццахь кхоллабелла, и шовда санна цIена, сирла безам бара цераниг.

Iусман тIевогIуш а гина, жимма схьахилира Зезаг. Массо а вара ладоьгIна Iаш. Зезаг СолтагIара шайн кIантана Iелина хьахор хууш йара йериг йурт. Ткъа Iела, шен вешица Iийсаца дехьо лаьтташ вара.

– Суьйре дика хуьлда хьан, Зезаг! Ахь лаа кхайкхирий со, хIумма-м ца хилла?

– Диканца дукха вехийла хьо а, хьо схьавеара, Iусман!

– Со схьа-м веара, ахьа лаа ца кхайкханий хаьа суна, шун несо цхьацца хIума къадийра соьга, дийцал, хIун ду хилларг?

– Сийсара СолтагIара нах бахкийтинера дадина тIе, амма дадас жоп ца луш дIабахийтина уьш, йухадогIур ду аьлла цара; нагахь уьш йухабагIахь, дадас со дIалур йуй хаьа суна. Цундела кхайкхира ас хьо.

– Вайшиннан кхолламаш цхьанабоза реза йуй хьо?

И хаттар шега дича, эхь хетта дIайирзира Зезаг. Йуха а шен хаттар карладаькхира Iусмана.

– Дера йу, Iусман, и хьуна хаьа, моьттура суна-м.

И дош Зезаган багара долушшехь, «Зезаг!» – аьлла, мохь туьйхира Iелас.

– ХIун боху ахь, Iела?

– И хьайна хьалха лаьтташ йолу Довтин шок ас хьайна урдонна йиллича, соьга йан реза хир йарий хьо?

Йоьхна, Iелега хьожуш, Iусмане хьожуш, багара дош ца долуш йисира Зезаг. Нах а, Iадийча санна, лаьттара. Моьттур дара, сихделла догIу шовда а ладоьгIна сецна. Оццул тийналла хIоьттинера хинкоьртехь. Амма Iусман воьхна ца хьаьвзира, Iелас шен стаг вацар, шен оьздавацар, шехь йоцу стагалла гайтарх. Iусмана лардора дайн гIиллакхаш. Иза кхера ца веллера. Нахана йуккъехь гIовгIайар нийса ца хийтира цунна. Иза иштта Iамийна вацара. Амма Iелина хаьара Iусмана шена и дуьтур доцийла. Цундела Iела хьалхе йаккха дагахь, йоIаца лаьттачу Iусманна тIе а веана, Iусманна кхин а и сийсазваккха, вистхуьлу а моттийтина, шаьлта Iоьттира. Кхин воха ца вухуш, меллаша схьа а вирзина, (дайшкахь дуьйна шаьлта Iоттар ледара хIума лерина дара, и гайтира Iелас) оццул а ша лазийна волушшехь, шаьлта тоьхна, Iела вожийра Iусмана. Ткъа цуьнан вешин Iийсан карах цкъа а ца гIатта вуьйжира Iусман а. Ша хIун

дан деза ца хууш, Іадийна, мохь ца хьакхалуш лаьттачу Зезаган мачина тІехула а дуьйлуш, охьадогІу сирла шовда цІарул цІийдеш, дІаоьхура Іусманан цІий. И вон хиллера ненан даго хьоьхург. Хьоькхура мохь, йоьлхура нана, маракъуьйлура кІентан дакъа. Цу дийнахь дуьйна, «ЦІен шовда» аьлла, цІе тиллира шовданна. Іусманан кошан барз мара а боьллина, набарна йижча санна, йелла карийра Зезаг.

Іусманан, Зезаган а безамах лаьцна дехира дуккха илле ш а, узамаш а. Нехан неІалтана кІел бахара СолтагІар. Халкъалахь бийца бисира Іусманан, Зезаган безам.

Гуьмсе, 1990 шо.

## ЙАГИЙНА ЙУР

ЦІеххьана даьллачу татано, Іадийна, араиккхира Зугу. «Ойн, ас хІун до, со ма воьхна?!» – аьлла, йуха чуиккхина: «Же, зуда, ма Іелахь, бераш кІелхьардахалахь!» – аьлла, шен барзакъаш тІеузуш воллучу цунна, йуха а хезира, шайн корера шело чу ца йаийта боьллина гІайба чу а кхуссуш, иккхинчу, йоккхачу тоьпан гІовгІа.

«Вай Дела, орцахвалалахь!», – аьлла, мохь белира лулларчу Забун. «Керта тІехула вер ву со, кетІахула вахча хан йер йу, цхьаъ лазийначух тера ду церан!», – аьлла, дІахьаьдда воьдучу Зугуна, ЗабугІарний, шайний йукъара керт йоцуш карийра. Цкъачунна соцунгІа хилира иза. «Ванах, хІара керт стенга йахана?!» – ша-шега хоттуш санна, элира цо. Керт лаьттинчохь шиъ ор дара. Иза кхийтира: йаккхийчу тоьпийн хІоьънаша шайн болх бинера. Йуха а Забун мохь хезна, цу агІор дІахьаьдира Зугу.

Цунна хьалха хIоьттинарг ирча сурт дара: велла, уьйтIахь Iуьллуш Забун цIийнда Хьумайд, дехьа йелла Iуьллуш церан йоI Сепият, охьахиъна, узарш деш Iаш Забу, тIекхетта хIусам а. Шена наха бехк билларна кхоьруш, ца йоьлхуш, соьцура Забу. ЦIеношна кIелхьара схьаваькхина, кхетамчохь воцуш Забун марда Iаьлбиг а вара. Накъосташца вахана, цIахь вацара Забун цхьаъ бен воцу кIант Iимран. Иза вара хIинца цуьнан тIехь са лаьттарг. «Хьан пхиитта шо кхачале дIавели да а, йиша а, гIийла денда а, ма цхьа виси-кх хьо», – бохуш, ойланашкахь Забу а йолуш: «Нана, вайна хIун хилла, хIара хIун ду?» – аьлла, шега вистхуьлуш хезира Забуна шен кIант. СапаргIатделира ненан, кIант гича.

ЗабугIеран керта деанарг доккха хIума дара. Нах Хьумайд, Сепият дIадерзош бохккушехь, дIавелира Iаьлбиг. Адам иштта доьхна хьийзаш а долуш, паччахьан эскаро йуьртана го лецира. Цуьнан цхьа дакъа йуьрта деара. Лекхачу, кIайчу динахь хьалхаваьлла эпсар а волуш, тезет долчу керта баьхкира салтий.

– ХIун ду кхузахь? – аьлла, хаьттира хьалхаваьллачу эпсаро. Цо буьйцучу маттах ца кхетара тезетахь лаьттарш.

– Цуьнга вистхилахь, Далда, хьуна жимма церан мотт ма хаьара, – элира, йуьртарчех цхьаммо. ТIевахна, хьалха дIахIоьттира Далда.

– Госпожа генрал, – аьлла, вистхила воьлча, «И хIун къамел ду ахь дийриг?» – аьлла, эпсаро ластийна шед туьйхира Далдина. Йуьхьа тIехIула охьахьаьдира цIий.

– Моя, твоя говоришь хотел, почему твоя бьешь моя? – аьлла, оьгIазвахана, шен гIодайуккъе куьг даьхьира Далдас, шаьлта тоха дагахь.

– Далда, ас пурба ца ло хьуна, цIий Iенар ду, – элира йуьртан къедас Вахас. Далда вухавелира, хIуттур долчу суьртан ойла а йина, ца велира кхеравелла-м. Йуххехь лаьттачу кхечу эпсаро Далдега къамел дечуьнга элира:

– Андрей Николаевич, и стаг цхьаъ ала гIерта, моьтту суна, хIун боху хьовса вай цо?

– ХIун дуьйцур дара вай оцу акха хIуманашка, Виктор Сергеевич, хьо вицца-м ца велла, даханчу кIирнах хIокхара тIелатар а дина, хилла зулам?

– Массо а цхьатерра бехке ван мегар ма дац, царна йукъахь ма бу дика нах. Муьлххачу къомана йукъахь а хуьлу вуонаш, диканаш а!

– Дитахьа, Виктор Сергеевич, иза тIаьхьа дуьйцур ду вай, – аьлла, ша нийса воций хиъна, вухавелира воккханиг. Шина эпсаро, резавоцуш, вовшашка дечу къамеле ладоьгIуш Iара йуьртахой.

– Дийцал, хIун ала лууш дара шу? – хаьттира эпсаро Далдега.

Далдас, шен оьгIазло гIеххьа йуха а йаьккхина, ша хьалха аьлларг нийса доций а хиъна, шен хаттар хийцира.

– Инарла, аш йаккхий тоьпаш йиттина, адамаш дайина! – аьлла, сецира. Логехь оьгIазе шад хиларна, кхин дош ца аладелира цуьнга.

– Со кхийти аша лелочух. Шун хIоккхехь тезет ду?

– Ду, – аьлла, Далдас корта таIийра.

– Хьан цIе муха йу? – хаьттира полковнико (массарах нохчаша инарла олу дела, шех инарла аьлча, магийтира цо).

– Сан цIе Далда йу.

– ЛадогIал соьга, Далда! Цхьа сахьт даьлча, маьждигна хьалха нахе дIагулло ала, со вистхила лууш ву!

Ша кхеттий хоуьйтуш, Далдас корта таIийра.

– ХIун боху цо? – хаьттира къедас.

– Дера, боху, цхьа сахьт даьлча, маьждиг хьалха дIагулло, ша вайга вистхила воллу.

– ХIун ала воллу-те, ша динарг кIезиг хеташ ву-те хIара?! – элира, Далдега хоттуш санна, цуьнан лулахочо Салмана.

– Дера, хаац, хIун ала гIерта-м, амма диканиг дахьаш ца веаний-м хаьа суна иза, – аьлла, доккха садаьккхира Далдас.

– Хьажахьа, Ваха, хьо дешна стаг ву, хIунда хьийзадойту-те вай Дала, хIара хьал гуш, хууш ма ву Иза?

– Гора Далда-йаI, гуш, хууш ма ву, шадерриг Цуьнгара а ма ду, сиха вац-кха, собаре ву-кха, вайшиъ санна сиха хилча, гIуллакх хир ма дац, – аьлла, велакъежира Ваха. Йуха нахе кхайкхам бан вуьйлира иза:

– ХIай нах, вай дIакхойкху оцу эпсаро маьждига хьалха. Цо хIун боху хьовса деза вай. Цхьа хIума ду: сихдала мегар дац, ца оьшу гIовгIанаш ма йе. Вайгахь толам хин болу агIо йац тахана йерг. Массо а маьждига хьалха дIадуьйла. Муха доьрзу хьовсур ду вай хIара гIуллакх!

Генна урамновкъа бIаьрг тоьхча, маьждиге дIагуллуш адамаш гора. Массо а гIийла вара. Оьрсийн эпсар пайтонна тIе а хIоьттина, къамел дан кечлуш вара. ЧIогIа оьгIазе йуьхь йара цуьнан. Жимма хан а йалийтина, адам тIе а гулдалийтина, вистхилира иза:

– ЛадогIал соьга, дIадаханчу кIиранах тхан салташна тIелатар дина. Цхьаъ вийна, шиъ лазийна, уггаре тоьлуш йолу говраш дIа а йигна. Церан лараш шун йуьрта йогIуш йу. Бехкенаш аша схьа ца лахь, ас луьра таIзар дийр ду шуна!

Оьрсийн эпсар сецира, Далде а хьаьжна. Далдас гочдира. Нехан гIовгIанаш йевлира, реза боцуш: «Наха динчунна тхан хIун бехк бу, бехкечаьрца листа деза», – бохуш. Обаргаша йигний массарна а хаьара, амма эпсар тешар вацара. Говраш дIайуьгуш гинарш а бара.

Наха бохучунна талмажалла дира Далдас.

– Акха хIуманаш! Шун йуьртах хIумма а дуьтур дац аса! Со шуьца хаза дийца гIертара, цуьнах гIуллакх хила доллу моьттуш вац со! ХIета, дуьйцур ду ас шуна, хIун дан деза а, айса ден дерг а. Тхан вийначу цхьана салтичунна дуьхьал – кхоъ, лазийначу шинна дуьхьал – шиъ, пхи говр йала дезар ду шун, цу тIе тоьлларш а.

Полковник, шен къамел саца а дина, Далдега хьаьжира. Ткъа Далда, цо дуьйцучух цецваьлла, бага а гIаттийна, лаьттара. Меллаша лере а таьIна, Далдега: «Гочде!» – элира Виктор Сергеевич цIе йолчу эпсаро. Далдас цо бохург

гочдира. Нах, вовшашка а хьоьжуш, лаьттара. Уьш боьхна бара. Церан йацара цу эпсара йуьйцу говраш, йа уьш эца хьал а дацара. Йуха а вистхилира полковник:

– Оцу гІуллакхна аса шуна кхо де ло, – аьлла, сецира эпсар. Далдас эпсаро аьлларг гочдинчул тІаьхьа, нах ойлане кортош а охкийна, дІасаэха буьйлира.

– ТІаккха, талмаж, схьагарехь, уьш реза бац. ХІун олу ахь?

– ХІун эр ду, оцу тайпана говраш йац тхан. Йерриге гІийла, декъаза йу, эца ахча дац, деши дац, делла дІадовлар гІолехь дуй-те тхуна?!

– Ца хаьа, шуна уьш мичара йевр йу, амма кхо де далале аш говраш ца лахь, шун йурт-м хир йац! Кхийтин хьо? – элира полковнико.

– ХІаъ, кхетта, – гІийла элира Далдас.

– Далда, оьрсийн мотт мичахь Іамийна ахь? – хаьттира Виктора Сергеевича.

– Соьлжа-ГІалахь мехкадаьтта доккхучохь къахьегна ас. Цигахь дуккха оьрсий бара. Цара Іамийна со.

– Далда, кхо де даьлча, жоп хила деза, – аьлла, дІавахара эпсар.

Тап-аьлла дара майданахь. Тийналла йохийра къедас:

– ХІай нах, вай кортош охкийна Іерах гІуллакх хир дац! И говраш йигарна вайн йурт бехке йоций хаьа суна, амма и бехк вайна тІехь бисина, цундела вай цхьаъ дан деза!

– ХІун де вай, хьаьнга орца олу вай, шена хетарг алал массара а, совнаха гІовгІанаш ма йе?!

Цхьаммо цхьаъ олура, вукхо – кхиниг, амма цхьа а новкъа долуш хІума дацара.

– Нах, со вистхила мегар дацара-те, жима велахь а? – аьлла, сехьавелира Салманан кІант Леча.

Хаза кхиъна вогІуш жимха вара Леча. Оьзда гІодайукъ, шуьйра белшаш йолуш, лекхачу дегІахь кІант вара иза.

– Леча, сехьавалал, жима хиларх, шена хетарг ала мегар ду, вайн массеран бала ма бу хІара! – аьлла, Лечина меттиг луш, дІахилира молла.

– Со шуна хьалхалелхаш товш-м дацара, шул хьекъал долуш а вацара, аша де аьлларг а деш, дехьо лаьттичхьана волура, делахь а сайна хетарг ала лаарна, эхь-бехк а дайина, сехьаваьлла со..! – аьлла, сецира кIант.

– Алал, ала пурба ду хьуна! – бохуш, маьхьарий девлира нехан.

– Нах, цу эпсаро вайна тIедиллинарг вайга кхочушдалур долуш хIума дац!

– Ткъа хIун дан деза вай, хьо цхьаъ ала гIерташ ма вара?!

Сецна, ойла а йина, Лечас элира:

– Вай тIом бан беза!

Тийналла хIоьттира майданахь. Iадийна лаьттара нах. Лечас аьллачу дешнийн ойла йора цара. Дага-м и хIоранна а деана хила тарлора, амма церан ницкъ бацара паччахьан эскарна дуьхьало йан. Моллас тийналла йохийра.

– Леча, айхьа дуьйцург хIун ду мукъане а хаьий хьуна?! ТIом бан тIемалой мичахь бу? Къена нах, зударий, бераш. Шу цхьа иттех жимха-м ву.Ткъа кхидIа хIун до вай?!

– Тхо иттех ву. Шовзткъе иттанга бовлаза шортта нах бу. Воккха а, жима а летар ву-кха, чекхдовллалц тIом бийр бу вай, иштта а цара хIаллакдеш ма ду вай. Жимма а сий-долуш дала ца мега вай?!

– ДIавала, Леча, хьо йурт хIаллакйайта воллу, ахь дуьйцург тIелаца йиш йац, – элира, моллас.

– Цалуург шен чохь Iийр ву. ТIамо шена хIун дахьа хьожур и.Ткъа биснарш летар бу. Дийна висинчо и цIенойн лаппагIанаш муьлххачу хенахь а вовшахтухур йу!

– Ахь хIун дуьйцу, хIай кIант, со а вац кху йуьртара, шуна дерг дац суна а, со сайн оцу тоьланех тамаш беш вац хьуна!

– Ас хьоьга бохуш хIума дац, йукъара сурт ду ас дуьйцург, Ваха, – аьлла, йуха шен къамел дIадолийра Лечас.

– ХIун до вай? Кхо де даьлча, царна йала говраш йац, уьш эца аьтто а бац, – аьлла, ладоьгIна, сецира кIант. Цхьаболчара Леча чехавора, вукхара оьрсашна тIедахна, барт

хуьлу агIо лаха йезара бохура. Иштта хIорш къийсалуш бохкуш, хьалхаваьлла полковник а волуш, йухабаьхкира салтий. Пайтонна чуьра хьала а ца гIоттуш, Лечина тIе пIелг а хьажийна: «Схьалаца и дIо-о лаьттарг!» – аьлла, омра дира полковнико. Шина салтичо, тIехьаьдда, тоьпан баххаш тоьхна, вожийра Леча. Нехан гIовгIанаш йевлира. Йуххехь лаьттачу ворданна тIе кхоьссира кIант. Кхетамчохь вацара иза.

– ХIокху шун йуьртахочо шен гIуллакх доцург а дийцина, кхин а цхьа говр тIекхийти шуна, ас шуна тIейожийнарг пхи говр йара, ткъа хIинца йалх говр лур йу аша, – аьлла, дIавахара эпсар.

Онда бала хьаьрчира йуьртахойх. Йалх говр йалар, уьш ца лахь, йохор йу аьлла йурт, говраш эца доцу хIума, дIавигна Леча а. Цхьаммо оцу сохьта тIе Мотт баьхьнера.

Шаьш туп тоьхначу Лечица схьакхечира салтий. Ворданан чкъургах, буржалш а тоьхна, дIатесира иза. Кхуза схьа а кхачале, меттавеанера кIант. Хилларш, лелларш а дагаоьхура цунна. Къаьсттана дагаоьхура шена йеза йоI Хеда. Цо йогIур йу аьлла дош а луш, караделла йовлакх дара Лечин даим кисанахь лелош. Йовлакхе хьоьжуш, дагадеара шена и йовзар а, цуьнга безам бахар а.

Дечиг дахьаш вогIучу Лечина, ченан кIур эккхийтина, цхьана хIумано къахкийна, нисса тIехьаьлхина йогIуш говраш гира. ТIаьхьара ворда а йара, пиллиг санна, ловзош.

«Йо сан Дела, цу вордан тIехь цхьа адам ма ду, и цара вон лазо там бу-кха, йа цхьаъ цара хьашахь вуьйр ма ву!» – аьлла, дуьхьал а иккхина, говраш совцийра Лечас. Амма дикка текхош дIа-м ваьхьира цара и. Говраш паргIатйевлча, Лечина гира, ворданан тIегIанах а тасайелла, багара дош а ца долуш, Iаш йоI.

– ЙоI, говраш паргIатйевлла, кхера а ца кхоьруш, охьайосса! – элира Лечас. Амма, ца хезаш санна, Iара важа.

– ЙоI, со-м хьоьга луьйш вай. Охьайосса! – элира Лечас йуха а. ТIегуллуш нах а бара. ЦIеххьана, меттайеана, йелха йолайелира йоI.

– Хьо йелхарх хила хIума дац. Охьайосса!

Меттаеана йоI, шен коьртахь йовлакх доций а хиъна, коьрта тIе куьг а диллина, йовлакх лаха хIоьттира.

Шена йовлакх ца карийча, кхин дан хIума а ца хилла, вордан цIа чуьра схьаэцна коьрта тIе йол йиллира цо, куьйгаца саца а йеш. И сурт гина, гIадвахана велавелира Леча. Бийлабелира гонаха лаьттарш а. БIаьргех хиш а оьхуш, цIийзаш йолу йоI, дIаса а хьаьжна, йуха Лечига а хьаьжна, ша а йелаелира. Цу дийнахь йоIана тIехь бIаьрг сецира кIентан. Ойланаш йора Лечас:

«Ванах, хIинццалц и ган а гуш, и йуй а хууш, лелла-кх со. БIаьргаш хилла а бац-кха сан!» – бохуш. Цу дийнахь хIоьттина сурт дага а деъна, велар а иккхира Лечин.

ЦIеххьана коьрте, «вада веза» аьлла, ойла иккхира.

Іуьйранна сатосу хан йара. Шеллуш, хьаьвзина Іара кIант. Дехьо, топ а марахь, наб ийзош хиъна Іачу салтичуьнга мохь туьйхира кIанта, кхечарна хазарна а кхоьруш.

– ХIун хилла хьуна? – аьлла, вистхилира гIарол.

– Со сайн гIуллакхна дехьаваккхахьа!

Салтичо, Лечас бохучух кхетта, куьйгийн гIоьмаш схьа а йаьстина, хьуьн чу вигира.

– Дехьо валахьара, со вадалур волуш ма вац, – дийхира кIанта. Йуха а, салти ца кхетча, куьйгаэшарца хьаьжира кIант иза кхето. ГIам-гIим а деш, резавоцуш, дIахилира важа. Тап-аьлла тийналла хIоьттира хьуьн чохь. Шекваьлла, салти кхайкхира Лечига:

– ХIей, мичахь ву хьо?

Цхьа а вист ца хилча, хьалхалаьцна топ а йолуш, Леча тIехьаваьллачу коьллашна йукъагIоьртира иза. Кулла тIехьа дIатаьIначу Лечас, тоьпан цхьамза а лаьцна, шена тIе а озош, шен гIора ма-дду буй тоьхна кхетамчуьра ваькхира иза. И меттавале, кисанашкахь карийначу догIанашца когашна тоьхначу буржалех ша мукъа а ваьлла, цаьрца салти дечигах дIатесна, къайлавелира.

Дикка некъ бира Лечас. КIад а велла, ша сецча, лаккха хьалабаьлла малх гира цунна. Ша вадар, шена оьрсаша йет-

тар, дерриг диц а делла, хазачу Іаламан хІоно токх а вина, хьуьн чохь лоькхучу олхазарийн эшаршка ла а доьгІуш, садоІуш Іара Леча. Дехьо охьадогІуш шовда а карийна, цу чуьра Іаббалц хи мелира цо. ТІаккха, охьахиъна, ойла йира: «Вада-м ведира со, ткъа кхидІа хІун дан деза-те ас. Йуьрта ваха ваьхьар вац. Йуха а лоцур ву, тІаккха Сибрех хьажор ву, йа вуьйр ву. Соьлжа-гІала гІорта веза со, цигахь цхьанна а вевзар вац. Сан маьхча Лоьма ву цигахь. Наха лоруш стаг ву иза. Ткъа топ а, патармаш а, гІала кхачале лаьттах йухкур йу. Оьшуш меттиг йогІур йу. Жимма хІара гІуллакх мал а далийтина, хьала а веъна, Хеда а дІайуьгур йу» – аьлла, оцу Іалашонца дІаволавелира кІант.

Леча веддачул тІаьхьа дикка хан йелира. Томка оза араваьллачу цхьана эпсарна тутмакх воций хиира. Цо орца даьккхина, дІасахьаьлхича, вихкина салти а карийна, тоьпаш кхуьссуш, чІогІа гІовгІа йаьккхира цара. Цхьаберш Леча лаца бахара, иза кара а ца вина, буха баьхкира.

Сагатлуш, маьІ-маьІехь цхьацца дуьйцуш лаьттачу нахана гира, геннахь чан эккхийтина йогІу полковникан пайтон. Иза лаа ца вогІий хаьара царна. Нах тІегулбелира. Дуьйцург гочдан схьавалийра Далда а.

Лечин да Салман нахана тІехьа соьцура. Ша а, кІант санна, лацарна кхоьрура иза. ТІаккха кертахь боьрша стаг ца вуьсура. ЦІахь хьусамнене а, йоІе а, хІуманаш кечйай Іе, хьуьн чу дахна, къайладовла дезахь а аьлла, веънера Салман. Полковнико мохь тоьхнна элира:

«Оха йигна и шун йуьртара боьха хІума йедда, амма оха лоцур йу иза», – аьлла. И дешнаш шена ма-хеззанехь, ведда цІа а иккхина:

«Вайн кІант дийна ву, иза церан карара ваьлла. Ма Іелаш, и салтий хІинцца вайга богІур бу», – аьлла, Салман шен доьзал а эцна, хьаннашкахь къайлавелира. Ткъа салташа уьш цІахь ца карийча, церан керт-ков дагийра.

Кха-деа дийнахь тилавелла лийлира Леча. ЦІазамаш, хьуьнан стоьмаш а бууш, мацалла йухаеттара цо, амма чІо-

гIа гIора эшна, гIаддайнера цуьнан, делахь а, кIелвисна, гIаддайна вацара иза

Цхьана попа кIел, садоIуш, хиъна Iаш, цунна хезира лахо чохь говрийн бергийн татанаш, терсаш говр а.

«Ванах, уьш хIун татанаш ду-те»? – аьлла, лахо чувоьссича, цунна уьш оьрсий буй хиира. Лечина вевзира хьалха вогIург. Кура аркъал а сетташ, наггахь томкин кIур а боккхуш, тийна узам а беш, вогIура кхуьнан довхо, оьрсийн полковник. Топ дика тухуш вара Леча. Жима волуш дуьйна шен деца талла лелла вара кIант. Ша гун воццу а ваьлла, дIатийра кIант. Полковникан, хье йукъ Iалашо а лаьцна, тоьпан лаг озийра Лечас. Тоьпан гIовгIано лаьмнийн тийналла йохийра. Хье йуккъе дIаьндарг кхетта, говра тIе Iункар вахара эпсар. Лечица барт бича санна, цуьнан топ ма-йеллинехь, тоьпаш йийла йуьйлайелира хьуьн чохь. Охьаэгара салтий. Боьхна, маьхьарий хьоькхура цара. Тоьпийн гIовгIа сецира. ТIом чекхбелира. Тийналла хIоьттира. Нохчийн маттахь кхайкхира цхьаъ:

– ХIей, стаг, хьо мила ву? – аьлла.

– Со нохчо ву, топ ма тохалаш! – аьлла, ша волчуьра араваьлла тIевахара Леча. Мохь тоьхнарш а тIебаьхкира. Лечина хиира, уьш обаргаш буй. ТIевеара обаргийн баьчча.

– ХIокху хьакхина со тебаш волу бутт хан йара, хьан кадели-кх!

– Суна шу дуй ца хаьара. Со а, дагахь а доцуш, нисвелира кхуза, сан а йара кхуьнца чIир! – аьлла, полковнико шайн йуьртахь динарг, ша лаьцна вигар дIадийцира Лечас обаргийн баьччина.

– Хьан цIе хIун йу?

– Сан цIе Леча йу.

– Сан цIе Ахьмад йу.

– Леча, хьо ма Мокха ву, чов-м ца йина хьуна?

– Вац, чIогIа меца ву со, Ахьмад. Аша жимма кхалла хIума йелча, дегIе ницкъ богIур бара сан!

Обаргийн баьччас, пІаьлдиг чуьра схьаэцна, дакъийна жижиг а, сискал а йелира. Лечас хІума кхоллушехь, цо шен накъосташка элира:

– КІентий, акхароша дІаса а ийзош, лаьттар бу хІорш, герз схьалахьаде, говраш дІайуьгу вай, цхьа таьІано меттиг а лахий, тІе латта хьакха царна. Ткъа полковникан чоа цхьана дитта тІе хьалаолла, шайчарна хІорш мичахь бу хаийта.

ХІума кхаьллина ваьлча, Лечига элира:

– Хьо тхоьца дІаван веза!

– ХІан-хІа, со гІала ваха хьожур ву.

– ГІалахь лоцур ма ву хьо!

– ХІунда лоцу со?

– Хьо хІинцале Іедало лохуш хир ву. Цара лаьцначуьра ведда ма ву хьо, ткъа иштта хІума цара чІогІа луьра лору. Караводахь, Сибрех а хьажор ву хьо!

Жимма ойла а йина:

– Иштта хьал хилча, сан шуьца дІава деза, моьтту суна, – аьлла, мел шена дегаза делахь а, цкъа а обарг боху дош, обарг лелар дезна воцу кІант цаьрца дІавахара.

Полковник вийначул тІаьхьа дарбеллачу салташа, йагийна, дІайаьккхира Лечин йурт. Адам, дедда, кІелхьардаьлла, хьаннаш чохь къайладелира.

Леча обаргаша лелочу некъана резавацара, уьш шаьш лелочу, вуочу новкъара баха гІертара иза. Цо цаьрга сихсиха олура:

«Вай нахана зенаш дича, адамо букъ тухур бу вайна, ткъа адам дІадирзича, вайга вешан некъ дІакхехьалур бац. Вай Іедална дуьхьал нах ду, вайн чІир цуьнца йу, нахаца йац», – олий. Сиха ца баьхкинехь а, Лечас бохучунна тІебаьхкира уьш.

Онда стаг хиллера Лечех. Накъосташа чІогІа лорура иза. Леча цецвоккхуш дерг цхьаъ дара: даим цунна жимхалла лелош, цунна накъосталла деш, хьийзара дукха хан йоцуш кхарех схьакхетта Іимран цІе йолу цхьа жима стаг. Цкъа шаьш садоІуш Іаш, Лечас хаьттира цуьнга:

– Іимран, суна накъосталла деш, жимхалла лелош ву хьо, чІогІа гІиллакх долуш, аьллачунна каде, майра кІант а ву хьо. Мичара ву хьо?

– Леча, со хьуна ца вевзий хаьара суна. Со жимо вара хьо йуьртах волучу хенахь. Хьумайдан кІант, Іимран ву со. Цхьана йуьртара ву вайшиъ!

– Іимран, суна дагавогІу хьо, ма воккха а хилла, ткъа хьо тхох схьакхетаран бахьана дийцахьа суна, и белш а ма йу хьан чов йина? Ма хала некъ бу-кха оха дІакхоьхьург, стаг воккхавен хьал дац-кха хІара!

– Дера, Леча, иштта-м дара иза, делахь а ца ваьлла хІоьттина со кху новкъа. Цкъа вайн йуьртарчу хина йуххехула волуш, гІовгІанаш йевлира цигахь. ХІун ду хьаьжча, когаш тІе лах а йелла, йоьлхуш Іара цхьа йоІ. Ткъа дехьо воьжна, коьртах оьхуш цІий а долуш, оьрсийн салти вара. Говрана хи мало веанчух тера дара иза. Цаоьшург аьлла хилла цо йоІе, ткъа йоІа йуххехь Іуьллуш болу тІулг тоьхначух тера дара. Суна и салти велла ву моьттура. Амма и дийна хиллера, кхетамехь ца хиллера. Со цунна букъ тоьхна вара. Цхьана хенахь топ йелира, сан аьрру белшана ов туьйхира, кхин ойла а ца йеш, ас цунна шаьлта туьйхира. Иштта йуьртах вала дийзира сан. Цу салтичо топ тоьхна, йина чов йу сан белшана йерг.

– Дера, Іимран, цкъачунна харцо йу лелаш! – аьлла, вевза-везарг хаьттина ваьлча, ойлане Іара Леча. Цуьнан цхьана хІумано садуий хууш, вист а ца хуьлуш, ладоьгІуш Іара Іимран а. Цхьа хан йаьлча, Лечас хаьттира:

– Іимран, тхан дех-ненах, йишех хилларг хаьий хьуна? – аьлла, Хедех хилларг хаттар товш ца хийтира цунна.

– Уьш Іаьндахь бу. И цхьа йалх говр йара гІазакхаша луо бохуш. Ткъа уьш эца хІума ца хилира вайн йуьртахойн, тІаккха йуьрта йаккхий тоьпаш йетта йолийра цара. Дерриг а адам, дедда, хьаннашкахула, ломара йарташкахь дІасадаьржира. СалманагІар а, тхо а Іаьнда нисделира. Салманан хьеший хиллера цигахь. ЧІогІа дика, оьзда, гІиллакх

долуш къам хиллера и Іаьндий. ХедагІар а цигахь бу, – элира Іимрана, Лечин а, Хедин а йукъаметтиг хууш волу.

– Ма дика ду-кх, Іимран, уьш дийна болуш, чІогІа саготта вара со, царна хилларг ца хууш.

– Вайн йурт йан а йац, ма боху. Бакъ дуй иза?

– Дера йац, Леча. Цхьа гунаш ду-кха. Йаьгна, дІайаьлла йуьрт.

– Хаза-м хезнера суна, даго тІе ца дуьтура, ткъа хІинца бакъдерг хии суна. ХІумма а дац, цхьа хан йогІур йу вайна маршо йахьаш, цкъа тахана лелаш харцо йу, паргІат дехар ду вай! – аьлла, йуха а ойланаша йийсаре ваьхьна, дІатийра Леча.

Іимранца шен къамел хиллачул тІаьхьа, чогІа ойлане вара Леча. Цунна кІордийнера акха стаг санна, йууш а йоцуш, молуш а йоцуш, бовхачу, кІедачу метта вижар а доцуш, ша йоккху хан. Да-нана ган а лаьара, йиша-ваша ган а лаьара, латта а охуш, йалта а дуьйш, паргІат ваха лаьара цунна. ЦІа верза ойла сецира цуьнан. Амма, хІинццалц шеца мацалла, гІело, бала Іийшинчу накъосташка и муха эр ду ца хууш, холчохь вара иза. ХІоранна а гуш дара Леча цхьана хІумано тоьдуш хилар.

Цхьана Іуьйранна цуьнан уггар тешамечу накъоста Ислама хаттар дира цу хьокъехь. Цуьнан цецвалар лур дацара, шена цуьнан жоп хезча. Леча шен ойланех вохо а гІоьртира иза, хиндолчух иза кхето а, Сибрех хьажориг хиларх, амма и дерриг а дІатоьттура вукхо. Эххар, шаьш бохург ца хилча, Ислама а, цуьнан накъосташа а шен лаамехь витира Леча.

Обаргийн некъ а битина, Іаьнда, шен нах болчу схьа а веана, Хеда долайаьккхина иттех де а далале, лаьцна, пхийтта шо хан а тоьхна, Сибрех хьажийра Леча. И чувоьллина итт шо кхочуш, цамгаро а лаьцна, дІакхелхира Хеда. Да лаьцначул тІаьхьа дуьнен тІе ваьлла Адам, ден деций,

ден ненаций, нах йуьрт меттахIотто бохкуш бу аьлла хезча, йуьрта схьавеара. Наха гIо а деш, шайн ков-керт йухаметтахIоттийра цара.

Пхийтта шо Сибрехахь а даькккхина, цIа вирзира Леча. Дахарх а, шен цхьаъ бен воцчу, шен дегIа ваханчу кIантах а воккхавера иза. Амма и хазахетар диэкъа йуххехь йацара Хеда...

## ДАХАРО КАРЧИЙНА ЧКЪУРГ

Даим хала хуьлу ламанхойн дахар. Iаьнна баккхий кечамаш бан безаш хуьлу церан. Уьш жимма а ледара хилахь, Iаьнах хала бовлу уьш. ХIор а доьзалан йехачу бIаьста къахьега дезаш хуьлу. Ишттачу доьзалех цхьа доьзал бара Хансолтиниг а. Жима волуш, да-нана а делла, девашас кхаьбна волу Хансолта, хала хан йаькккхина вара. Деваша-м дика вара кхуьнца, цуьнан хIусамнанас чехавора, уггаре а хала гIуллакхаш, кхуьнга дойтура, шен доьзалш кхоабора. Бакъду, деваша цIахь волуш, кхуьнца кIеда-мерза хила хьожура иза. Шен ваха меттиг ца хиларна, садеттара Хансолтас. Ша мел дика велахь а, кхуьнан да-нана делча, мел долу хIума шена чудерзийра цо, шича-маьхчаллехь берш тергал а ца бира. Хансолтас, ша зуда йалийна жимма хан а йалийтина, ша шен дех йисина хIусам тойан воллу, цу чу кхалха а воллу аьлча, чIогIа холчувелира иза, ша кхуьнан хIума йухадерзо дезарна, амма цхьа хIума схьа-м ца делира цо, йа Хансолтас схьа а ца дийхира. КIеззиг бала болчара, и хьайн хIума схьа хIунда ца доьху ахь аьлча, кхуо олура: «И сан деваша ву, со цо кхиа а вина, кхаба а кхаьбна, ас муха бохур дара сайн хIума схьало, цо ша схьалахь, жимма хIума схьа-м оьцур дара ас, дерриге ло бохур а дацара».

Ден-ненан цхьаъ бен вацара Хансолта. Цундела а хир дара хIума вовшахкхетта: ши сту, ворда, салаз, говран ворда, говр, узуш шиъ йетт, царна тIаьхьа эсий, ши дуо буьззина хьаьжкIаш а. Цу хенахь и боккха бахам бара. Хансолтин дех дисина хууш долу хIума дара иза, ткъа ца хууш хIун хилла цхьанне а ца хаьара, кхуьнан девешина бен. Тахана санна, дагадогIура Хансолтина, шен йалх шо бен ца хиллехь а, шен да-нана далар. Хансолтина чIогIа безара шайн ши сту. Божал чу а воьдий, и шиъ хьоьстура кхо. Ткъа шен да-нана далале, цу хьалхарчу дийнахь, шен дас Мадас, шеца кхана дечиге вуьгур ву аьлча, сахиллалц наб ца йира кхуо. Iуьйранна, стерчийн салаз тIе а хаийна, шайца нана а цхьаьна, шаьш дечиге доьлхуш, дерриг дуьне а шен хеташ, самукъане вара кIант. Кхуьнан нана чIогIа оьзда стаг йара. Иза луларчу йуьртара йара. Ша кху йуьртан нус йу, ша кхуза тIееана йу бохуш, йуьртахойн цIе ца йоккхура цо. Массарна а дукхайезаш йара Эсет. Шена мотт Iемачу хенахь, ненах Эсет ала ца хууш, Бебет ала марзвелира Хансолта. Сарралц дечиг а даькхина, салаз а йоьттина, цIа буьйлабелира хIорш. Хансолта а, кхуьнан нана а салаз тIе хиъна дара. Жимма сехьабевлча, басе йолуш меттиг йара. Мада, басе йолчу агIор а ваьлла, салаз чу ца шаршийта гIерташ, вогIура. Меллашчу боларца сехьабовлуш, салаз чу а шершина, басах чубахара хIорш. Цу салаз тIера дIакхоьссина Хансолта, дукха чIогIа ца лазош велира, ткъа да-нана делира, ши сту дийна а буьсуш. Деанчу орцанна шен да Iин чохь карор, нанна йуххехь, цуьнга самайалахьа, Бебет, бохуш, ша велхар цкъа а диц ца лора Хансолтина. Тахана дика а, оьзда а, йуьртахь лара а лоруш, доьзал кхиънера Хансолтин. Ша цхьаъ бен воцу дела, шен доьзалх воккхавийна а ца волура иза. Цхьа кIант а, ши йоI а дара цуьнан: Зараъ, Ислам, Зураъ а. Дас-нанас ши йоI нохчийн Iадатехь кхиош йара, къаьсттана шайн вешица Исламаца гIиллакх леладойтуш. И лоруьйтуш, цуьнан сий-пусар дан Iамош, жимчохь дуьйна и агIо церан коьрта чу йуьллура Хансол-

тас, Хьалимата а. Ислама а, ша шен йижарийн доладан дезаш хиларна, цаьршинца йукъаметтиг чордо латтайахь а, церан меха хIума доцуш, чIогIа дукхайезара цунна ишиъ. БерхIитта шаре ваьлла, тайна жима стаг вара Ислам. Йуьртахь белхи, синкъерам, ловзар хилча, нанас цкъа а Исламе ца хоттуш, ца йохуьйтура ши йоI.

Цхьана суьйранна, йол дIалуьстуш Ислам а волуш, тIейеара нана. Хийрачу стаге санна, эхь-бехк а лоьцуш, къамел дора нанас. И шен кIант велахь а, шен шина йоIана луш хьехам бара цо иза, цаьршинга иза ларийта, цуьнан сий-пусар дайта а.

– Нана, хьо лаа йарий, хIун хатта лууш йара хьо? – аьлла, шен карара шада охьа а диллина, нене ладоьгIна, сецира кIант.

– Ислам, и ши йоI йара вайн йуьртарчу ловзарга йаха лууш, ахь пурба делча, ас цига йуьгур йара ишиъ, – аьлла, сецира Хьалимат. Ислам велакъежира.

– Ислам, хьо вела ма къежира, ахь хIун до?

– Нана, йол дIайиллина ваьлча, цига ваха ойла йолуш вара со, хIинца цIахь Iан дезачух тера ду сан, йига ахь, – элира кIанта.

– Ислам, хьо гIохьа, уьш-м цIахь Iийр бара.

– ХIан-хIа, нана, уьш бига йеанчуьнца йахийта ахь ишиъ, догIа дале йол дIа а йуьллуш, цIахь Iийр ву со, аьлла, шен йол дIайилла вуьйлира кIант.

– Дика ду, Ислам, – аьлла, нана чуйахара.

Шаьшшиъ, кечйелла, кертах йолуш, вешех эхь-бехк а лаьцна, шайн цIенна тIехьахула ара а йаьлла, вешина ца гойтуш, новкъа охьайахара ши йиша. Шаданна тIе а тевжина, ойлане Iара Ислам. Цуьнан дагахь Хеда йара. Селхана хинкоьртехь ша цуьнга ловзаргахь хир ву алар, тахана йижаршна меттиг белла, шен цIахь Iен дезар. ХIара ларвеш Iийр йара Хеда, делахь а, шен ши йиша гича, иза кхетар йу аьлла, ша-шена цу ойланца паргIато а йина, йол дIаIалашйан вуьйлира кIант.

Хедин, Исламан а йукъаметтиг чIогIа дика йара. Йуьртарчу наха, хи тIехь хIар шиъ лаьтташ гича, туй тосура: «БIаьрг ма хила шуьшинна, ма цхьаьна догIу-кх шуьшиъ!» – олий. Хедин цIеранаш а чIогIа резабара шайн йоIа биначу харжамна. Цкъа шен деца Соьлжа-ГIала вахча, кIайн а болуш, чIогIа хаза, шипонан тIам беанера Ислама Хедина. Цул доккха совгIат ца хеташ, коьрта а ца туьллуш, шен тIоркIаз чохь ларбеш бара Хедас иза.

– Ас хьайна беана и шипонан тIам а тиллина, цкъа а хьо ца гайти-кх ахь суна, – хинкоьртехь шаьш лаьтташ, Ислама аьлча: «И ас туьллуш хан а йогIур йу, цундела ас дIадиллина латтош ду хьан совгIат», – элира Хедас. Дийнахь цкъа вовшийн ца гича, сагатлуш, уьйр-марзо йара цаьршиннан. Иштта, шен ойланашца ша-шен са хьоьстуш, йол дIалуьстуш хIара а волуш, йуьртан лаха йуккъехь маьхьарий девлира: «Ва, Зараъ йадийна, орцадала!» – аьлла. Шада а карахь дIаведира Ислам. ХIара тIекхаьчча: керта йуххехь лахйелла, йегош Iара кхуьнан нана, шен ма-хуьллу и паргIатйаккха гIерташ кхуьнан йиша Зураъ, гонах хьийзаш адамаш а. Цхьанхьара вогIуш, цу сингаттамна тIекхечира Хансолта а. Кхин ойла ца йеш, ден говрахь шен йиша йадийначу нахана тIаьхьа вахара Ислам. Ша говр дIаоькхуьйтуш, Исламана цхьаммо мохь тухуш хезира: «Ислам, лома хьалабахара уьш!», – аьлла. Ислама шен говр лома боьдучу новкъа хьалахийцира. Дика къаьсташ йара хIинца дIайаханчу говрийн лараш. Зараъ йадийна боьлхурш чехка ца бахалора, хIунда аьлча цхьана говрахь ши адам дара: бере а, Зараъ а. Ислам царна тIаьхьакхиа герга дара. Дукха хан йалале, кIантана шена хьалха виъ бере гира. Исламана ша царна тIекхуьу аьлла хеттачу хенахь, цхьана готтачу меттехь, некъо голатухучохь, говр гал а йаьлла, бердах вахара хIара. ЙоI йадийна боьлхурш йухабирзира, и ирча сурт а гина. Шайца волу цхьаъ, йоьIаца дIавахийтира цара. Йоьлхура Зараъ, ша ма йигахьара, шен вешех хIун хилла хаъалц бохуш. Цунах хIун хилла хир ду вукхарна хаьа-

ра... Берд лекха бара. Велла, карахь Ислам а волуш, хьалабовлуш хIорш а болуш, кхарна тIекхечира йуьртара орца. КIант цаьрга дIа а велла, вуьйш дIабахара. Дика нах, дешна нах орцах а бевлла, йукъа питана ца дужуш, дIадирзира и гIуллакх. «ЙоI цIа йалае, ас доьрзуьтур дац!» – бехира Хансолтас. ОьгIазло, халахетар тIеоьхучу нехан къамелаша шена мелла а дайдича, маслаIатца дIадерзийра Хансолтас шайна йукъадеанарг. Гергарло чам болуш-м дацара. Дерриг адам а дIасадахара, хIор а шайн-шайн цIа вахара, и сингаттам ХансолтагIеран хIусамехь а болуш.

И иштта ду моьттура-кха. Кхин а цхьана хIусаме боьссинера и сингаттам. Цу хIусамехь берг нахала бала йиш йолуш бацара. Тийна, гIийлачу узамца шегахь кхобура Хедас и сингаттам. Хедехь дерг а, цунна луург а хоттуш цхьа а вацара, цуьнан нана йоцург. Денна йоьлху шен йоI тейан гIерташ, цуьнан дог хьаста гIерташ, цунна гонах хьийзара нана. Амма, дог Iехалуш а, туьйш а дацара йоьIан. Туьйр ду аьлла а ца хетара. Цхьана суьйранна, чохь йоьлхуш Iачу йоIана тIе а йеана, кхин хьоьга хьежа, хьан лозучу дагна паргIато йан хаац-кха суна, сан йоI, аьлла, хIинцалц садиттина нана, Хеда мара а йоьллина, ша жимчохь ма хьасттара и хьаста а хьостуш, доггах йилхира цуьнца. Дуккха а йилхира нана, йоI а. ТIаккха, цIеххьана саца а сецна, Хедас элира:

– Нана, кхин ма йелхалахь, со а йоьлхур йац, дадагIарах товш а дац, – аьлла.

– Хеда, царна-м хууш дара хIара гIуллакх, – элира нанас.

– ХIун боху дадас?

– ХIумма ца боху цо-м.

– Нана, чугIо хьо, хIинца хан йаьлла хан йу. Кхин тховса ма йелхалахь, кхана йоьлхур хьо, – аьлла, шен нана дIа а хьажийна, шен хIуманаш чохь йолчу тIоркIазна тIе йахара Хеда. ТIоркIаз схьа а даьстина, шена Ислама совгIатна белла шипонан тIам мара а боьллина, йелха а йоьлхуш, маьнги тIе дIатевжира Хеда.

– Стаг, и йоI арайолуш ма йац, хIинца а гIаттанза йу-те и? – аьлла, йоI арайала хьеелча, йоI йолчу чуйахна нана, и чохь ца карийна, сихха орцанца араиккхира. Йерриг йурт ара а йаьлла, делккъалц лийхира цара иза. Хедин нанна дагаиккхира: «Ванах, Исламан каш тIе-м ца йахна-те и?» – аьлла. Ненан даго хьехнарг бакъ хилира. ХIорш кешнашка дIакхаьчча, Исламан чуртан буьххьехь, махо а ловзош, бихкина лаьттара шипонан тIам, кошан барз мара а боьллина, буса гIаш йарна, тIулгаша берриг а хедийна, цIийх буьзна когаш а болуш, йелла Іуьллура Хеда. Хедин нанна дагадеара цо шега сийсара аьлларг: «Тховса кхин ма йелхалахь, нана, кхана йоьлхур йу хьо», – алар. Ненан бIаьргех охьахьаьвдира хиш. Цунна, мохь тоьхнна, йоI мара а йоьллина, йелха лаьара... Йуьртахойх ийзалора нана. Йуххе охьа а лахъелла, шен йоIан шелбелла ши ког кара а эцна, цIийш дIадохуш санна, тIе куьг хьаькхна, хьаьстира цо. Ненан даго кийрахь мохь-цIогIа элира: «Нана йала хьан, сан йоI, ма дукха ца лаьтти-кх хьоьца ас йелла йовхо!» – аьлла.

ЙоIана го а бина лаьттачу нахана тIевеанчу кхеран цхьана йуьртахочо, и сингаттаме сурт гича, халла хезаш, гIийлачу озаца элира: «Дахар ду-кх шен чкъург керчош».

## СЕЦНА ДОГ

Аьхка делахь а, Іуьйре-суьйре шийла хуьлу ламанца. Шен йургIа тIе а озийна, шелбелла ши ког йургIанна кIел а баьхьна, набарна дIатийра кIант. Йуха, тIера йургIа дIа а кхуссуш, сиха хьалаиккхира. Ша вижина висина моьттуш, сихха шена тIе барзакъ а дуьйхина, корах ара хьаьжира. Арахь Іаьржа йара.Арахь цунна шен да гира, цхьацца деш. Салман аравелира. ХIуманна ца кхоош, балхана а, дечу гIуллакхна а тIетеIавора дас кIант. Жимма чордо вара иза цуьнца, ткъа дагахь кIант хьостуш олура:

– Салман, ваха атта хир ду хьуна, дегабаам ма белахь, – олий. Бакъдолуш, шеца да иштта хиларна, жимма дегабаам-м бара кIентан, делахь а и цо чевне ца лорура. Цкъа шен нене цунах дерг хьаха а динера цо. Нанас: «Новкъа ма да, и хьан да ву, хьо цавезар дац иза, жимма хало стаг ву и, иштта къамел шена кхин ма хазийталахь», – аьлла, човхинера кIант. И къамел кIанта кхин ца хьахийра – чIогIа дохко а велира иза, ша и долорна. Да шен дуьненан цхьа маьIиг хеташ, онда гIортор а хеташ, цуьнан меха хIумма а доцуш волу ша, хIинца ондда гIалатваьллий хиира цунна.

– Салман, хьо-м сема ма хилла, арабаккхал ши сту, – аьлла, кIантана дан дезарг а гайтина, цхьацца галеш ворданна тIедахка хIоьттира да. Сихха новкъа вала кечам бина велира ишиъ, дукхахдерг сийсара дуйна дина хиларна.

– Вало, Салман, гIораш дIадаха, новкъа волу вайшиъ, – аьлла, стерчийн дуьхьлоца а лаьцна, Салмана гIораш дIадаххалц соцунгIа хилира ХIарон. ТIаккха, шен хIусамнене цхьацца дан дезачунна тIекIаре а йина: «Чу», – аьлла, дуьхьлоца лаьцна ши сту шена тIаьхьа дIа а озош, дIавахара иза.

Ишиъ йуьртах волучу хенахь, даккъашца серло хаалуш а йацара. Генна некъ бара цаьршиммо бан безарг. Кхин накъостий а кхетта, новкъахь зен-зулам ца хуьлуш, дIабахара уьш. Хасавйуьртарчу базара уьш дIакхаьчча, малх лаккхабаьлла хан йара. Оьцург а эцна, хуьйцург хьаьмцех, хьаьжкIех, Iахьарх хийца а хийцина, ХIарон, Салман ваьллачу хенахь, де суьйренга лестинера, шайца схьабаьхкинчу накъостех хилларг а ца хиира цаьршинна. ЦIа ван новкъа велира ишиъ. Луьро зама хиларна, шаьшшинах цхьа накъост а ца кхетарна, жимма дог доьхна а вогIура ХIарон. КIентан ойла а йора дас. Дейтта шо бен дацахь а, ондачу дегIахь, кхиъна вогIура кIант. Делахь а жима вара, вохарна кхоьрура. Базарара тIаьхьо араваларна, некъахь буьйса йаккха йезаш хьал дара, кхин дIаваха некъ ца гора. Некъана жимма йуьстах а ваьлла, стерчашна хьалха пхьор а диллина, хIума

а кхаьллина, садаIа дIатевжира ишиъ. Ворданан тхьомса ледаро хеташ, цуьнан терго йеш веанчу ХIарона, элира:

– Салман, и тхьомса ледара хеташ ву со, Iуьйранна цхьа дечиг а йаьккхина, иза хийца безар бу, виц ма валийталахь вайшиъ.

– Дада, вордан чохь дукъарц ма бу, и мегар бацара-те?

– ХIан-хIа, Салман, дукъарц буткъа хир бу, гуобаькхина хьун йу, цхьа цIулла дечиг а лехна, бийр бу вайшиммо, хIинца дIавижа, – аьлла, ха а хаьрцина, садаIа дIатаьIира ХIарон.

ГIеххьа садаьржачу хенахь, новкъа вала кечамбеш воллучу цаьршинна дехьо хьуьнчохь шах-ших хааделира. ХIарона ворданна тIера топ схьаийцира. ЛадоьгIна Iачу цаьршинна, хьуьнан йистехь, карахь тоьпаш а йолуш, кхо-виъ бере гира. Базарара цIа богIучу нахана дуьхьал а буьйлуш, шаьш обаргаш ду а бохуш, нехан пIаьлдигаш идош, наггахь цхьа кегийро къуйн тобанаш хаалора. Схьагарехь, и къуй бара цаьршинна дуьхьалбевлларш а. Ишиъ ладоьгIна Iаш а волуш, цхьаммо мохь туьйхира:

– Тхоьга шайна зулам а ца дойтуш, стерчий, ворда Iадда а йитий, дIагIо, оха маьрша вуьту шуьшиъ, – аьлла. Салман дега хьажира. Да воьхна вацара. Шен топ а йулуш, ХIарона дIа мохь туьйхира:

– Хьашт доцург ма дийца, тхо маьрша некъахой ду, тхо Iаддита, – аьлла.

– Ас йуха а боху хьоьга, цIий ма Iанадайта, шайгахь дерг Iадда а дитий, дIагIо, – элира, вукхо.

– Аьттехьа дац ахь дуьйцург, дIадовла, некъ маьрша бита тхуна, – аьлла, деро дIа мохь туьйхира ХIарона.

– Ас хIинцца са оьккхуьйту хьан, хьо вахвелла моьтту суна, – аьлла, ХIарон шаьш бохург ца дан воллий хиъча, говрашкара охьа а биссина, дIа а ловчкъуш, тIе тоьпаш туьйхира цара. ХIарона а дуьхьал топ йетта йолийра, амма ша йетта топ цо тIехула йеттара. Цунна ца лаьара цхьа а вен, уьш дIабахаре сатуьйсура цо, амма вуьш, тоьпаш а

йетташ, йуххе гIертара. ХIаронна топ кхийтира. ЦIий дIаоьхуш дара. ГIора кхачо доьллера. Дегара хьал хиъначу кIанта, топ схьа а эцна:

– Дада, жимма сатохалахь, – аьлла, къуйшца тIом болийра. Шиъ вийра Салмана, ткъа висина шиъ, шайн накъостийн говраш а эцна, ишиъ веллачохь а витина, ведира. Къуй бевдча, сихха шен дегара хьал хаа тIевеара Салман.

– Дада, хьо муха ву? Вайшиъ хIинца дIагIур ву, хьуна гIоли а хир йу, – бохуш, шен ден корта кара а биллина, цуьнан топ кхеттачу метте цхьа тIелхиг а таIийна, чов йехка гIертачу кIанте, дас элира:

– Салман, дерриг эрна ду, сан хан чекхйаьлла! ХIинца соьга ладогIалахь, со йукъара а ма вахалахь. Ледара ма хилалахь, хьайн ненан, йижарийн дола деш хилалахь, нахаца ваза хууш хилалахь, – бохуш, дукха хьехарш, весеташ а дира дас. Жима велахь а, дерригенах кхеташ вара Салман. Шена мел эшахь а, ден хан чекхйолуш хиларх кхийтира кIант.

– Иштта ма алахь, дада, вайшиъ дIа а кхочур ву, хьуна гIоли а хир йу.

– Салман, ахь хьайн нене дина къамел, цо схьатоьхнера сох. Хьоьца со чорда хиларан бахьана, хьо цхьаъ бен цахилар дара хьуна. Цхьаъ бен а ца хилча, хьо коча а Iамийча, наха хьан вон цIе йаккхарна кхоьрура со. Хьо хьаста ца лууш, хьан дог эца ца лууш, хьо ца везаш а дацара и. Таханалераниг санна долу де тIехIоьттича, хьо ца вохийта, нахана хьуна тIе пIелг хьажо меттиг ца балийта дара хьуна ас мел лелийнарг. Дас шен доьзалхо хестош товш-м дацара, делахь а тахана хии суна, айса лелийнарг эрна ца хиллий, айса дика, майра кIант кхииний а.

– Дада, нехан берашна хьалха ма боккха лам бара хьо сан, ма йоккха гIортор йара хьо! Суо жима хиларе терра, и цхьа ледара, йаьсса ойланаш хьавзинера цхьана йуккъехь сан коьрте, уьш а, беран Iовдал, хьекъал доцу ойланаш йара. Нанас динчу къамелан ас ойла а йира, кхета а кхий-

тира, чIогIа дохко а велира. И ледарло йаьллера соьгара, къинтIеравалалахь суна, дада, – аьлла, ладоьгIна сецира кIант.

Жимма дегIе гIора а даийтина, дас элира:

– Сайн сих схьадаьлла са муха дезар дацара суна, Салман, – аьлла, – Йа АллахI, – олуш, дIатийра ХIарон. Ден некха тIе диллинчу кIентан куьйгана кIеллахь детталуш дог хаалуш дацара – дог сецнера.

## II. Халкъ махках даккхар

### ЙЕХА БУЬЙСА

– Зуда, йоха ма йохалахь, хьо йоьхча, берийн кхин а гІад довр ду хьуна, – бохуш, тийначу хІусамехь, боданечу сонера, чохь Іаьржа хиларна, гІийлачу, гІоргІачу озаца хезара бетта мохь. Амма оцу стага кхойкхург, башха дуьхьал жоп дала хьолехь ша ца хиларна, тап-аьлла Іара. Йуха а мохь туьйхира цо:

– Зуда, хьуна ца хеза со кхойкхуш, хьо йист ма ца хуьлу?

– Стаг, суна ца хезара ахь бетта мохь, наб озийна хилла хир йу суна, бехк ма биллалахь, хІун бохура ахь!? – аьлла, мацаллина гІаддарна, дІатаьІна Іа Малкан, шен хІусамдена ша йоьхна, гІаддайна йуйла хаарна кхерайелла, доцу аз а дина, йистхилира. Тахана а оццул шен а, шен доьзалан гІаддарах йоьхна йацара и нохчийн зуда, гІиллакхах а, доьналлех а йуьззина йара иза. Чохь лато чиркх боцуш, доьзална цкъа кхалла чохь напха а доцуш, уггар жимачу Іайшата йург йоьхуш дуу са а, цунна дан доцу хІума а дара Малканна Іеткъарг.

ЙалхалгІа де дара цуьнан доьзало йуург йаза. Ткъа цІийнда Оьрзим, цІера, дохийна, кху шийлачу махка схьа а далийна, охьатийсина бутт кхочуш, цамогуш а хилла, меттахь вара. Ка-мІараш йеттара Малкана йеккъа йуург латто, хІусам йовха хилийта а, амма иза а чекхдала герга дара.

Дуьххьара даьхни кхобучу гІишлош чохь Іийра хІорш. Йуха, казахаш кхечу метте дІа а бахана, хІорш Іачу меттигна гена йоццуш тоьла а карийна, цу чу схьакхелхина шолгІа де дара. Цу чу кхалхар а, комендантера бакъо а йаьккхина, хилира. Мич-миччанхьа ваха, луург дан а мегаш дацара, цуьнгара бакъо йоцуш, йуьртара аравалар-м хьехочохь а дацара.

Чохь тIех шийла хиларна, коьллаш лахьо йахара Малкан. Говрахь вогIуш комендант тIекхаьчира. «Хьо хIун деш йу кхузахь, хьуна йуьртара арайала хьан бакъо йелла?» – аьлла, цо шед туьйхира Малканна. Оцу комендантана ца хаьара, нохчийн зудчунна муьшкаш йан ца мегий. Йехь, йуьйр йара иза, амма цо шех куьйгаш Iуьттуьйтур дацара. Малкана, кхин йоха ца йухуш, шен карара дечиг тоьхна, говра тIера чуваийтира иза. Диллина доккха ло хиларна, лаза ца веш ваьллера комендант. Цунна ца гора ша охьакхетар, иза цецваьлларг шена иза тоха йахьар дара. «Ас хIинца са оьккхуьйту хьан!» – бохуш, тапчанах тийсалора иза, амма, шелделлачу куьйгаша ла ца дугIура. ЧIогIа цIогIа а детташ, дIавахара иза.

ШолгIачу дийнахь, суьйранна, комендатуре дIа а кхайкхина, чIогIа чехийра цо Малкан. Амма хIумма а йоьхна йацара иза, бIаьргаш охьа а дахийтина, ладоьгIуш Iара, наггахь дуьхьал жоп а луш. Шена дуьхьал лаьттарг шен къомах вацахь а, шена и мостагI хетахь а, цо лардора нохчийн гIиллакх, лардора зудчун боьршачу стагаца долу эхь-бехк.

Малкан дуьнен тIера йойур йу ша аьлла, нигат дина волчу коменданта, цуьнан къонахаллех, майраллех, цуьнгахь долчу эхь-бехках, гIиллакхах цецваьлла, ша хьоькху мохь саца а бина, хаьттира:

– Хьо Iовдал йу, йа тIех майра стаг йу. Хьо хIун адам ду, суна тIе куьг кховдо ваьхьар волуш стаг ма вац, айхьа динарг хIун ду мукъана а хаьий хьуна? Малкан йист ца хуьлура. ТIехьа ши куьг а диллина, чухула волавелла лелара комендант.

ЦIеххьана, саца а сецна:

– Оццул дика оьрсийн мотт мичара хаьа хьуна, шух башха оьрсийн маттахь вистхила хууш стаг наггахь а ма ца нисло? – аьлла, хаьттира цо.

– Тхан лулахь Iаш цхьа оьрсийн зуда йара. Мария Михайловна... Лор йара иза. Цо оьрсийн мотт, деша, йаздан Iамийра суна. Комсомолан секретарь йара со цIахь йолчу хенахь!

– Комсомолка йу хьо?

– Цхьана хенахь йара-кха!

– Ткъа дIа хьан йаьккхина хьо? ХIинца а йац хьо?

– Аш йаьккхина-кх!

Ши бIаьрг а къарзийна, тIевогIавелла, Малкане кхин а цецваьлла хьаьжира важа. Жимма ойла а йина:

– Мич-миччанхьа а ма делахь и къамел, дуьнен тIера йойур йу хьо, хьайн доьзалан ойла йелахь! – элира цо, таьIначу озаца. Шен оьгIазло йуха а йаьккхина, ладоьгIна, сецира Малкан.

Коре а хIоьттина, луьлла а уьйзуш, вист ца хуьлуш, ойланаш йеш Iара комендант. ХIун ойланаш хьийзара цуьнан коьрте, цунна шена бен хуийла дацара.

Стола тIе а вахана, чим чу тосург схьа а оьзна, цу чу шен луьлла йасса а йина, йуха а и йуза хIоьттира иза. Дикка вист ца хуьлуш а Iийна: «Йало, дIагIо, арахь Iаржйелла», – элира цо, схьа а ца воьрзуш. Йуха, арайолучу Малкане, саца аьлла, мохь туьйхира, цхьаъ дагадеъна.

– ТIамтIехь тIемалочо майрачу тIемалочун сийдо, иштта хьан майраллех, доьналлех, хьоьгахь долчу гIиллакхах со цецволу, цундела ас дIайохуьйту хьо, маьрша йу хьо! – аьлла, йуха а шен луьлла латийра цо.

Малкан дIайаханчул тIаьхьа дикка ойланашка вахна Iийра камендант. Ша и нохчийн зуда чу ца йуллуьйтуш йитар, ша цунах къинхетам стенна бина, цуьнан бахьана лоьхура цо шен ойланашкахь. «Дина омра а ма дара кхаьрца кIоршаме хила, къинхетаме хилахь мегар дац аьлла, ткъа ас динарг хIун ду-те, со хийцавелла-те, кху гIийлачу миска-наша дог кIаддина-те, суна хилларг хIун ду-те?» – бохуш, ша-шех цецвуьйлура иза.

Дагабаьхкира шеца тIам тIехь хилла Кавказера цхьаболу кIентий. Дагавеара нохчийн кIант Идрис. Амма цуьнан фамили дага ца йеара цунна, мел чIогIа ойланаш йарх. ТIамтIехь корта лазийчхьана, дукха хIуманаш дага ца догIура цунна. «Мел гIиллакх долуш, майра кIант вара иза,

ткъа важа – разведротера Салман – мел дика разведчик вара. Кхин мел бара цигахь нохчийн кIентий! Муха хир ду и кIентий схьабевлла къам мехкан мостагIа? ХIан-хIа, со нийса вац, Сталин галволийла дац, со ву галволуш верг, сан иштта ойланаш йуй хаахь, дуьнен тIера войур ву», – бохуш, ойланашкахь хIара а волуш, цхьаммо неI туьйхира.

– Николай Фёдорович, чуван мегар дуй? – аьлла, неIарехь сецира комендантан гIовс.

– Чувола, хIун лаьара хьуна, Афанасий Андреевич?

– Николай Фёдорович, вайна схьабалийначу оцу акха нахах цхьа-шиъ лаьцна, складера картолаш лачкъийна вогIуш. Царах дан дезачух хьоьга хатта лаьара суна!

– Мел йу цара лачкъийна картолаш?

– ХIорангахь шишша-кхоккха картол хир йу-кха!

– Кхин йац?

– Йац. Кхин мел хила йеза, уьш тоьур йац?

– Дера, тоьур йу, районе дIа а вигий, цаьрга дIало, цара дийр ду дан деза таIзар, – аьлла, дIавирзира комендант, ша гIалатваьллий а хиъна, хIора дашна тIехь ларвала везаш зама хилар дага а деъна. «Ши-кхо картол, ши-кхо картол», – бохуш, йух-йуха а чухула дIасахьийзара иза. ТIаккха, и ши стаг схьавалаве аьлла, буьйр дира цо.

Чувалийна и ши пекъар гича, цуьнан цецвалар тоьур дара, кхин хIумма а ца хилча. Верриг тIелхигваьлла, тIех шелваларна сенвелла вара ишиъ. Комендантана хиира цу шина пекъаро и картолаш лачкъийна цахилар, уьш цаьршинна склад хиллачохь карийнера. Ткъа картолаш а йара гIорийна, тIулгаш санна. Шаьшшиъ дIавуьгуш, цу шиннах цхьаммо, йуха а вирзина, элира:

– Тхан дай а, ден дай цкъа а ца хилла хIума лачкъош йа сагIа доьхуш а. Новкъадерг тIехь йоцу цIе кхоллар ду!

Цу нохчийн стага буьйцучу маттах ша ца кхеттехь а, комендантана хиира, и ши стаг цхьана хIуманна бехкен воций, цо шех къинхетам бар ца дехний, шех къу вар, и цунна дазделлий а. Амма дина буьйр дина даьллера, ши стаг дIавигира.

«Гора Коля-йаI, меллалц лалур йу-те хьоьга хIара харцо. ТIамтIера ваькkхина, кхуза схьа а валийна, иштта а мацаллина, шелонна леш болчу кху пекъаршца тIом бен бохуш, хьийзош волу, хьох хIун хир ду-те, цхьа зама йогIур ма йу бакъ-харц къаьсташ, тIаккха хIун хир ду-те хьан гIуллакхах? Амма хьайна хIаллакьхила ца лаахь, кхаьрца кIоршаме хила дезар ду хьан, тIаьхье мухха хилахь а!» – бохуш, ойлане корехь лаьттара комендант.

– Дакъаза ма дала хьо, дарц, ма чIогIа чIагIдели-кх хьо тахана, кхе тилла доцу цхьа сиргIат, йалтанах доцу хIума, ас хIун дан деза-те шуна, – бохуш, шен доьзалан ойла а йеш, комендант волчуьра йогIучу Малкане цхьаммо мохь туьйхира.

Кху дорцехь, буьйсана мила ву-те хIара аьлла, йухайирзича, цунна гира шена тIевогIуш, йоккха кетар а текхош, цхьа стаг. Цуьнан леларехь, галвуьйлуш дечу боларехь Малканна иза, малар мелла, вехна вуй хиира.

– Мича нисвели хьо суна тIе, галдаьлларг ца олуш, дIагIахьара хьо хIинца, – аьлла, цо хIун олу хьажа, сецира Малкан.

– Хьо стенга йоьду, йа мичара йогIу, цхьа хIума лачкъо арайаьлла хир йу хьо?

Йист ца хуьлура Малкан.

– Со-м хьоьга луьйш вай, хьо стенгара йогIу? – аьлла, йуха а цо хаттар дешшехь, Малкан дIайолаелира.

– Эй, и аьлла дIа-м ца йоьдура хьо, со сакъера араваьлла ву, – аьлла, Малкан, пхьаьрс а лаьцна, шена тIеозийра цо, ша меллачу къаьркъанан боьха хьожа а тухуш. Цу минотехь цхьана а хIумана ойла ца йеш, шен сийн бен, шен хIусамда, цомгуш а хилла, чохь висчахьана, ша четахь лелайо цуьнан жима шаьлта а тоьхна, и стаг цигахь Iуьллуш а витина, шен доьзална тIе схьайеара Малкан. Схьа-м йеара, амма Iадийна йара. Вуон сурт дара цунна цIахь карийнарг. Мохь тоьхча, чохь дуьхьал вистхуьлуш стаг а вацара.

– ХIей, стаг, хьо дийна вуй? – аьлла, цхьана хIуманах дог кхиъча санна, цIийндега кхайкхира Малкан. Вистхуьлуш стаг ца хилча, тIейахна, меттахъ- хьавира цо иза. ЦIийнда шелвелла вара. «Гора Оьрза-йаI, (иштта йоккхура Малкана цхьа воцчохь цуьнан цIе), кху хийрачу махкахь хьо витина, сайн цIайерза дезарна кхоьруш, ма дукха ойланаш йира-кх ас, виса воллу-кх хьо кхузахь, – аьлла, кхайкха хезехь нах боцчуьра, бераш самадовларна а кхоьруш, таьIна йоьлхура Малкан. Карахь цхьана хIумано шена новкъарло йеш санна а хетта, хьаьжча, цунна ша буйна къуьйлуш шаьлта гира. Цхьана а хIуманан ойла ца йеш, цо иза дIаластийра. Шена йелхарна тоам хилча, берашка хьажа тIейахча, воккхахволу кIант Зайнди велла карийра цунна, цул жимахволу Зелимха а вара халла садоьIуш. И сахуьленга вер воцийла хиира нанна. И дериг дицдеш, цуьнан дог айира дехьа сонехь: «Нана, со шелйелла, суна йуххе йолахьа!» – аьлла, шен доьзалехь массарел жимахйолчу йоIа ша тIейехча.

– Iайшат, сан йоI, хьо шелйелла? – аьлла, чохь долчух и кхетарна кхерайелла: «Зелимха а ву шеллуш, хIара а ваьш-шинца дIавижаво вайшиммо!» – аьлла, шен ши бер мара а доьллина, дIайижира Малкан.

ДIа-м йижира, амма наб ца кхетара цунна. Шен доьзалан ойла йора цо, ша вийна стаг дуьхьалара дIа ца волура. Iуьйранна и стаг вийнарг лохур вуй хаьара цунна Iедалан белхалоша. Иштта а хьийзош болу нохчий хьийзор бу-кха цара бохуш, ша хIун дан деза ца хууш, хьере йара иза. Нах ца хьийзабайта, ас вийна алахь, Iайшатах хIун хир ду-те, нагахь дийна висахь, Зелимха-м хир вара кхунна. Ткъа берийн цIийне а делла, дIасакъастадахь, шайн мотт биц а белла, шаьш нохчий хилар а дицделла, довр ду, йуххехь гергара стаг хилча-м, цара доладийр дара. Ткъа марвешех Олхазарх хIун хилла хууш дацара. Новкъахь кхарах дIакъастийнера иза шен доьзалца. Кхечу вагонна чу нисвеллачух тера дара. Кхин а гергарнаш а дера бара, уьш а кхечу йарташкахь хирг хир бара, амма вовшийн лаха, хьанах хIун хилла хьажа йуьртара араволуьйтуш вацара...

«ХIан-хIа, ас вийна ала мегар дац, иза дойла йац, Оьрзин тIаьхье йойтийла дац», – аьлла, Зелимхегара хьал хаа дагахь: «Зелимха, хьо муха ву? – аьлла, кIант меттаххьавича, цунна иза садоьIуш воций хиира. «Нана йала шуьшинан делаI, ма кIеззиг хан тоьхна веана хилла-кх шуьшиъ, дийна йисахь, шу кхузахь дитина, со цIа муха йоьрзур ю!» – бохуш, Iайшат самайаларна а кхоьруш, шен белхар кийрахь а сецош, йоьлхура Малкан. Амма цунах тоам ца хуьлура цунна. Ара а йаьлла, хьоькхучу дарцалахь гора а йоьжна, цуьнан шакаран узамца къуьйсуш санна, Деле хьала ши куьг а кховдийна, дийхира цо: «ХIай тхо кхоьллина, кхобуш волу Дела, Хьайн диканах ма йаккхалахь со, хIара бала лан ницкъ лолахь суна, Iайшат мукъана а йиталахь суна. Хьо цхьаъ бен дала, деха а вац-кха сан. Оцу жимачу Iайшатан дуьхьа массо а сингаттамах, вочу балхах ларъелахь со, и когахIотто хьуьнар, ницкъ, доьналла а лолахь суна!» Мухха хезнехь а, кхо йоьлхуш, бетта мохь хезна, тIевеара кхеран лулара къена казах.

– Ой, хьо хIун деш йу кху дарцалахь? Мегар ма йац хьо, шеллур ма йу хьо, йало чудоьду вайшиъ, – аьлла, Малкан чуйигира цо. Амма Iаьржа, тийна, шийла чоь гича, сихха араваьлла, цхьанхьа вахара иза. Хье ца луш, карахь стогар а болуш, вухавеара. Стогар эр дара-кха цунах, шишана чохь мехкадаьтта, цу йуьххьехь, тIусана Iуьрг а даькхина, богуш арабаькхина бамба. Чохь долчу суьртах кхийтира воккха стаг. Оьрзим а, Зайнди, Зелимха бакъахьа верзош дIа а нисвина, тIе хIума тесира цо, доIа а деш. Айаташ доьшуш хир ву-кха бохуш, Iара Малкан. Сирлайаьлла чоь, чухула дIасахьийзаш хийра, ца вевза стаг а гина, кхерайелла нене кхайкха йуьйлира Iайшат. Амма аз чIога гIийла дара.

– Iайшат, йелха ма йелхал, дIайерзий, хьайна наб кхетийтал, – аьлла, чохь дерг цунна ган ца лиъна, тIетесна хIума нис а йеш, нанас меттахь дIанисйира йоI. Доллучух кхетта воккха стаг йуха а сихха аравелира. Хье ца луш, чу аьтта бепиг а долуш, шуьрех буьззина кад бахьаш, вухавеара.

– Цуьнга а йаийта, айхьа а йаа, – аьлла, Малкане кад схьабелира цо.

– Сан цIе Малкан йу, хьан цIе хIун йу? – аьлла, цIе хаьттира Малкана воккхачу стаге.

– Сан цIе Кергей йу, – аьлла, шен цIе а йуьйцуш, йуха а аравелира иза.

Жимма хьевелла, марахь гIий, жимма дечиг дахьаш, вухавеара. Цунна тIаьххье тесахь алу йахьаш йоккха стаг а йеара. Шайн маттахь цхьаъ элира Кергейс цу йоккхачу стаге. Иза сихха цIе лато хIоьттира. Малкан шена гIо дан гIоьртича, реза ца хилира йоккха стаг.

– Малкан, Iаддайита ахь и, цунна шена хаьа дан дезарг, цул хIума йаийша! ТIейахна йоI меттах а йаьккхина йоIана кад хьалха биллира нанас. ХIума йуучу йоIе а хьоьжуш, Iара иза. Ша йуург саца а йина:

– Нана, ахь хIунда ца йуу соьца?

– Ас йиъна, Iайшат, йуззалц хьайна йаахьа, – аьлла, бIаьргех хиш девлла, дIайирзира Малкан.

«Гора сан йоI, хIоккхул жима йоллушехь соьга кхаллийта гIерта-кх хьо, хьуна а хаьа-кх дог лазо», – аьлла, шен дагахь, жимма хIума кхаьллира цо. Оцу кхаьллинчу хIумано гIеххьа ши бIаьрг серлабаьккхира цуьнан.

– Кхана дарц лахлур дац-те, тIаккха дIабухкур бу вай хIорш, тховса кхин дан хIума дац, аша а садаIа, жимма наб йан а хьажа! – аьлла, йоккхачу стагца Кергей дIавахара.

Пеш латийча, чохь жимма йохйелира. Стогар дIа а байина, дIатевжира Малкан. Амма наб ца кхетара. Массо а тайпана ойланаш хьийзара коьрте.

– Маржа-йаI, ма йахъелла-кх хьо, буьйса, даим а хуьлуш хилла-те хьо иштта йеха?! – бохуш, ойланаш йора Малкана. Дагадеара дуьххьара шена Оьрзим вовзар а.

Малкан дуьххьара балха хIоьттина денош дара уьш. ТIейогIуш гуьйре йара. Колхозан йалташ чудерзо накъостий оьшура. Председателo хьайн комсомольскийн агIор ахь гIо ца лацахь, йалташ лайн кIел гIур долуш ду аьлла,

и дIахьеда хIора комсомолец волчу кхеташ, кхана балха арадовла бохуш, кхайкхам беш схьайогIуш, ОьрзимагIеран керта нисйелира Малкан. Мохь тоьхча, цхьа ара а ца ваьлла, дIайаха дагахь кехйолуш цхьаъ кхайкхира: «Хьо лаа йарий?» – аьлла. Йухахьаьжначу Малканна гира, шен хеннара хир волуш, йуткъа гIодаюкъ йолуш, лекхочу дегIахь тайна жима стаг. Вовшашка хьаьжначохь дисира ишиъ, дела а къежна, цкъа ца гича санна. Цхьана йуьртара дара, вовшийн девзаш а дара, амма тахана бен иштта вовшен тидам ца бинера цаьршимма.

– «Малкан, хьо лаа йарий?» – аьлла, хаьттира ас-м?

– Оьрзим, вайн накъосташка кхана колхозан хьаьтта дIагулло олуш лелара со-м, жимма йалташ чудерзош вай гIо ца дахь, Iа тIе а деана доврду уьш, йиш хир йуй хьан кхана гIо дан ван!?

– Ой, дера хир йу, хьо санна йолчу йоIа аьлча-м, муххале а, со Iуьйрре дIавогIур ву хьуна!

– Дика ду делахь, со дIайоьду! – аьлла, йоI, кех а йаьлла, урамновкъа дIайолайелира. КетIа а ваьлла, цунна тIаьхьахьоьжура кIант. Цкъа-шозза йуха а хьаьжна, йела а къежна, дIайахара йоI. Цу дийнахь дуьйна хийисте хIитта вуьйлира Оьрзим. Цул тIаьхьа дукха хан йалале вовшахкхийтира ишиъ. Амма, шаьшшиъ дуьххьара даха хуучу хенахь, цаьршинна ца моьттинера дахаро иштта дера ка тухур ду шаьшшиннах.

Оцу ойланаша гIелйина, набъозийна йоллучу Малканна цхьаммо неI йоьллуш хийтира.

– Кергей, хьо вуй хIара? – олуш, схьайоьрзучу Малканна лаьтташ комендант гира. Сихха шен дегI нисдеш, когаш тIе дIа а хIуттуш: «Хьуна хIун лаьара?» – аьлла, хаьттира цо коменданте, цхьа хIума лоьхуш санна, чухула дIаса а хьожуш. Малкана бIаьргашца лоьху шаьлта, неIарехь кхоьссина Iуьллура. Вист ца хуьлуш, Малкане а хьоьжуш, лаьттара важа.

– Сийсара, йуьрта йуккъехь вийна карийна кху йуьртара вахархо. И хьан вийна хаьий хьуна?

– Суна мичара хаьа и хьан вийна, со цIахь ма йара!

Жимма ойлане, вист ца хуьлуш а Iийна:

– ХIаъ, дера йара, хьо цIахь, – аьлла, дIакхевдина неIарера Малкана охьакхоьссина шаьлта схьа а эцна: «Шен хIуманан тIалам бан беза, хIуманан пусар ца дича, иза кхин ца хуьлу!» – аьлла, карахь шаьлта дIаса а хьийзош, цуьнга хьежа велира иза. Ша карахь ловзочу шаьлтанца цо Малканна хаийтира, шена бехкениг мила ву хууш хилар. Кийра цIе йелира Малканна: дIадели-кха хIара, йоI ша йиси-кха сан, дуьненара йойъур йу-кх кхара со хIинца, бохуш. Чохь долчу суьрте а хьаьжна, лаьттара схьаэцна ча хьаькхна, шаьлтанна тIера гIорийна цIий дIа а даькхина, шен тIоьрмиг чу а йиллина: «ХIорш дIа а бохкий, чохь йуург ца хилча, йисина и цхьа йоI а лийр йу хьан, хьо а мегар йац, ас председателе эр ду, кханалера де дIа а далийтий, ферме даьхни Iалашдан балха гIур йу хьо!» – аьлла, араваьлла, дIавахара комендант. Цо диначух цецъйаьлла, богIам санна, цIенкъайуккъехь лаьттара Малкан.

Йуха, кхетамчу йеъна, йедда коре а йахана, дIавоьдучу комендантана тIаьхьа а хьаьжна:

– Сан Дела, оцу стага лелориг хIун ду-те, со дIа а ма ца йиги цо? – бохуш, хIара ойланехь а йолуш, дарцалахь къайлавелира важа.

ХIун дог-ойла йолуш дIавахара-те комендант? Шен тIамтIехь хилла нохчий- накъостий бахьана дара-те, йа Малкана гайтина доьналла дара-те, йа къайлехь, ша дIатаIийна, луьрачу, къизачу замано гучуйаккха ца вуьтуш латто адамалла йара-те? И хаа йиш-м йацара цунна шена бен.

Ткъа Малканан тийна хIусам генарчу ГIум-Азехь, дарцо дIайуькъна, дIайайра.

# ЯХА

«Тахана санна кху шарахь бовха малх кхин кхетий а хаац», – бохуш, маьI-маьIIехь нехаш йагош, цхьацца гIуллакхаш а деш, вовшашка маьхьарий а детташ, малхо къагийначу дуьненах самукъадаьлла бохкуш нах а болуш, 1943-чу шеран декабрехь йуьрта эскар деара. Адам доьхнера, и стенна деана ца хууш. Дуккха адамаш колхозан хьаьтта дIагулделира, цуьнан бахьана хаа лиъна. Гулбеллачарна хьалха эпсаро къамел дан долийра:

– Ламанхой! Тхо кху йуьрта дахкаран бахьана хаа лууш ду шу: цхьа а кхерам бац шуна тхоьгара. Шуна йуккъехь, цхьацца эладитанаш, ца оьшу хабарш даржош, цхьа нах бу, уьш карабагIахь, оха луьра таIзар дийр ду царна. Кхин а ца оьшу хабарш даьржар дуй хаьа суна, теша ма тешалаш, тхо эскарш Iамо даьхкина ду. ТIом хIинца аттачу баьлла, вайн эскарш, даккхий хьуьнарш гойтуш, тIемаш беш ду, кху йуьртара а бу тIамтIехь дукха а нах. Вайна тIебеъна и Iаьржа бода, вай хIокху махкара дIабоккхур бу, вайн пачхьалкх тулур йу. Нохчех дуккха а турпалхой бу, шайн синош ца кхоош, халкъан а, мехкан а, Сталинан а дуьхьа, кхин долу къаьмнаш санна, тIемаш беш!

Цо цIерашца буьйцура нохчийн турпалхой: Нурадилов Ханпаша, Дачиев Хансолта, Висаитов Мовлад, иштта кхиберш а. Дика кечам а бина веанчух тера дара и эпсар. Бете куьг даьхьна, йовхарш а тоьхна, йуха а шен къамел дIадаьхьира цо:

– Партис а, правительствос а бинчу сацамца нийса а догIуш, лаьмнашкахь тIом бан Iамо далийна ду хIара эскар. Вай дерриг цхьа къам ду, цхьа вежарий а ду СССР-хь дехаш. Вайна ма-хаъара, дIабоьдуш тIом бу, тхуна аша гIо дан деза!

– Оха хIун дан деза? Тхо-м кийча ду! – бохуш, маьхьарий девлира хьаьттахь.

– Аша шишша-кхоккха салти кхаба тIелаца веза, бакъду, лаахь а, ца лаахь а ца боху ас, тхуна гIо хир дара аьлла боху. Доллу хIума тIамна дIахьажош ду, хало ду эскар кхаба, цундела шуьга гIо доьху оха!

Наха дIасабигира салтий. Амма дукха хан йалале йуьртахь хабар даьржира, нохчийн къам, дохийна, махках доккхуш ду бохуш. Оцу къамелех ца тешара нах. Делахь а дегнашкахь сингаттам лаьттара церан. Цхьаццанхьа: «Ахьар гулде, жижиг дIадилла, шу дохор долуш ду!» – аьлла, меттигаш хаалора, амма: «Сталина муха могуьйтур дара и саннарг!» – олий, бийлалора нах. Иштта цхьана дийнахь бежанаш делкъана хи тIе лахка дагахь араваьлла лаьтташ Хьасайн а волуш, тIевеара кхаьргахь Iаш волу Сергей цIе йолу салти. ХьасайнагIаьрца чIогIа дика вара иза. Оьшучохь даим гIо-накъосталла дора цо.

– Ма хаза ду-кха лаьмнашкахь, бIаьста йеккъа йалсамане хир йу-кха хIара, ма къа долуш къам хилла-кх шу, – элира Сергейс. Цо дуьйцучух кIорггера ца кхетахь а, амма кхеттал къамел дан хаьара Хьасайнна.

– Хьо цхьаъ ала лууш ву, моьтту суна, хIун ду хьан сагатдийриг, хIунда ду тхан къа?

Жимма ойла а йина, Сергейс элира:

– Хьасайн, жижиг, ахьар, кхийолу йуург кечъе новкъа йаккха, шу дохош ду!

Ша бехке волуш санна, корта а оллийна Iара салти.

– Муха дохош ду, стенга дуьгуш ду тхо?

– И ца хаьа суна, ас аьлларг де, даим ладугIуш сема а хила, ас хьайга аьлларг цхьаьнгге ма алалахь, суна цунах дика болх хир бац!

– Сергей, тхо а дац хIокху пачхьалкхехь дехаш нах? Дийнахь-буса колхозехь къахьоьгуш, тхайна бахамаш ца лоьхуш, дерриг хIума тIамна дIа а хьежош, даха гIерташ дохкуш ма ду тхо. ХIокху йуьртара мел дукха нах бу хаьий хьуна тIамтIехь? Сан ваша Хьусайн, тIамтIехь чов а йина, кхин дIа тIом бан мегар вац аьлла, шортта мидалш а йел-

ла, цIа ваийтина ву. Со а могашалла дика йац аьлла, цIахь витина ву. Кхузза кехат йаздира ас, со тIамтIе вига аьлла. ТIаьххьара: «Хьо могаш вац, хьайн цIа гIо!», – аьлла, човха а вина, военкомата чуьра араваьккхира со Иштта цIахь висина ву. Со а, сан ваша саннарш бен цIахь боцуш, дика-вон дерзо стаг а воцуш, цомгаш нах, заьIапхой боцурш, берриг тIамтIе а хьовсийна, хала зама йоккхуш ма ду тхо, ткъа ахь соьга махках дохуш ду боху. Со цунах ца теша.

– Ас хьуна новкъадаийта ца бохура, хаьа суна, хьан йуьртахой тIамтIехь буй а, шу цхьана а хIуманна бехке доций а, цундела йуха а боху ас, кечам бе.

Дикка ойла йеш а Iийна, Хьасайна элира:

– Дика ду делахь, баркалла хьуна, кечам бийр бу ас, – аьлла, даьхни хи тIе эцна вахара иза.

Цаьршиммо дечу къамеле ладоьгIуш, къайллаха дIатаьIна лаьттара Сергейн накъост Фёдор. ОьгIазъоьхуш: «Ас йийр йу хьан болх!» – бохура цо шен дагахь.

Шена оьшург хиъна ваьлча, шайн хьаькамаш болчу вахара Федор. Цул тIаьхьа дукха хан йалале, лаьцна, дIавигира Сергей. Кхин ХьасайнагIарна ца гира иза. Царна ца хиира: «Iедалан къайле гучуйаьккхина ахь», – аьлла, йетташ, хьийза а вина, пхиитта шо а тоьхна, лаьцна, Колыме иза дIавахийтар.

Керла баьхкина салтий чIогIа гIоьртина бара ХьасайнагIаьрца. Сергейс ма-аллара, массо хIуманна кечам бира цара. Дукха хан йалале тIекхечира Iаьржа, нохчийн къам махках доккху 1944-чу шеран 23 февраль.

Даккхийн лайн чимаш оьгура. Шаьш стигалахь дисарна кхоьруш санна, сихделла догIура уьш. Хьалхарчу суьйранна чIогIа хаза хилла Iалам, къам махках доккхуш лан а ца ладелла, холчудаьлча санна, боккха хийцам бина, дIахIоьттира. Летара жIаьлеш, кхойкхура нIаьнеш, Iоьхура хьайбанаш, терсара говраш. Хьерабовллал оцу гIовгIано гатбинера нах. Цхьаъ хила доллий хаьара царна, амма хIун ду ца хаьара.

Хьасайна шен вешега Хьусайне элира: «Ас хьалха аьлча а, ца тийшира хьо, хIара даьхни лаа меттах ца даьлла, хIинца мукъана кечамбехьа, хIумма ца хилахь, йуха дIалиста хала а дацара!»

– ДIавалахьа, Хьасайн, дерриге къам махках муха доккху, вай хIун дина?

– Дан-м вай хIумма а ца динера, делахь а оцу оьрсичо, цхьаъ ца хилча, дуьйцур дацара иза. Нах а ма бу и дуьйцуш. Хьо цхьаъ ву-кха, ца тешаш, дуьхьалваьлла, – шен ваша кхето гIерташ, дукха къамел дира Хьасайна.

– Дика ду делахь, теший ахь со, ас кечам бойту, хьо а кийчча Iе! – аьлла, чувахара Хьусайн.

Хьасайн чукхаьчна дукха хан йалале, йуьртахь кхузза топ йелира, иза билгало хиллера адам арадаккха дIадолорна. Хьасайнеран дехьа чуьра, цхьа тамашийна хийцабелла, оьгIазе сехьабевлира салтий.

– Катоххе бераш эций, арадовла, хьаьтта даха деза вай! – тIечевхаш, элира цхьана салтичо.

– Сихлолахь, зуда, бераш арадахалахь, Сергейс аьлларг бакъ хила доллу, моьтту суна! – аьлла, жижиган а, ахьаран а галеш схьаэца дагахь, тасавелира Хьасайн.

– Галеш текхалур дац хьоьга, гIеххьа жижиг, ахьар схьаэца, берашна йовха тIейухург а эца, – элира воккхочу салтичо. Мел оьгIазе гахь а, къинхетам бира цо хIокхарах. Арара схьахезаш йара нехан гIовгIанаш, зударийн белхарш, берийн маьхьарий.

Хьаьтта схьабалийначул тIаьхьа: «Делан къинхетам букха, суна нисбелла салтий шайгахь адамалла долуш хилла», – бохуш, хиъна Iара Хьасайн, наха дийцарехь, йуьртахь салташа лелийначу къизаллех дерг шена хиъча.

И буьйса колхозан йалта чудухкучу хьаьттарчу цхьана тхов кIеллахь йаккха дийзира церан. Йехачу бIаьста хIокхара колхозан кхаш тIехь къахьогуш, гулдина йалта гуш дацара. Салташа дIадаьккхинчух тера дара. Ша къахьегначу хьаьтта бIаьрг а бетташ, ойлане Iара Хьасайн. «Йа

АллахI-Дела, Хьайн къинхетамах ма дахалахь тхо, гуш, хууш верг Хьо цхьаъ ву-кха!» – бохуш, гIийлачу ойланца Iара хIара. Йуххехь Iаш волу шен ваша дукха ойлане а гина, Хьасайна хаьттира:

– Хьусайн, хьо ма ойлане го суна, дукха дагна тIе ма ийзахьа, Делан диканах дог дуьллур дац вай!

Цо дуьйцучуьнга ла а доьгIна, дуьхьал гIийла вистхилира иза:

– Хьасайн, со башха могашалла дика йолуш а вац, хIуъа хиларх, воха ма вохалахь, сан доьзалца виса хьажалахь, церан дола делахь!

– Хьусайн, ахь хIун дуьйцу, и весеташ стенна до ахь?

– Со волчохь Iийначу цхьана салтичо, со тIеман дакъалацархо ву аьлла, тхо арадохуш, соьга элира вай шийлачу махка дуьгуш ду, ткъа шело ловр йац сан чевнаша. Ас цаьрца хьоьгуш дерг хьо гуш ву.

– ТIамтIехь а хилла, мидалш йолуш, чевнех вуьззина волу хьо а, хьо саннарш а мукъана цIахь бита ца мега-те?

– Дера, ас шега и хаттар дича: «Сан карахь хIумма а дац, со салти ву, де аьлларг дичахьана волуш ву, къинтIеравалалахь суна, сан ваша!» – элира цо. – Делахь а Делан диканах дог дуьллур дац вай, – аьлла, ойлане вахана дIатийра Хьусайн.

Доьлхура бераш, шеллуш шайн нанойх хьерчара уьш. Амма хуьлучух кхеташ цхьа а вацара.

Iуьйранна кхечу йарташкара нах а тIебалийра. Халла когаш текхош, богIура уьш. Шелбелла, сахиллалц некъ бина, гIелбелла бара и нах, амма царах къахеташ стаг вацара. Бухарнаш ара а баьхна, берриг вовшах а тоьхна, оьзда йоцу гIовгIанаш а йеш, тIехула тоьпаш а кхуьссуш, дерриг адам дIалаьллира. Цхьа буьйса новкъахь а йоккхуш, уьш цIерпоштан станце кхечира. Адам, ког баккха а де доцуш, гIелделла дара. Даьхни кхоьхьучу вагонашна чу а доьттина: «Кхин гур йац шуна Нохчийчоь», – ала гIерташ санна, шок а тоьхна, дIайолайелира цIерпошт.

Вагонан массо а херонашкахула чу мох хьоькхуш, шеллора нах. ЙаахIума кечйан, доxдала чохь пеш а йацара. Адам цомгуш хуьлуш дара. ТIамтIехь хилла чевнаш меттахйевлла, уьш дарйелла, новкъа девллачу йалхалгIачу дийнахь дIавелира Хьасайнан ваша Хьусайн. ЦIерпошт сецча: «Чохь велла стаг вуй?» – олий, хоттура салташа. ТIехьа а ваькkхина, сонехь дIалачкъийна вара гергарчара Хьусайн.

Амма цхьана дийнахь, ца тешаш, хьала а ваьлла, хьаьжира салти. Вон гIовгIа а йеш, коr лаьцна, такхийна аравакkхира цо иза. Схьалахьара бохуш, мел шайга дехарш дарх, салташа уьш тергал ца бира.

Диллина доккха ло а долуш, шийла де дара. Дехьо а ваькkхина, къинхетамза охьа а кхоьссина, тIе ло хьакхира салташа Хьусайнна. ЦIерпошт дIайолайала герга дара. Цу хенахь шен девешина тIехь салташа лелочух ца кхеташ хьоьжуш Iаш йолу Хьасайнан исс шо долу йоI Яха, вагонна тIера охьа а иккхина, ло дIаса а хьоькхуш, шен деваша лайлара схьаваккха хIоьттира. Салтий вагонна тIехуьйшуш бара. Цхьана салтичо йуха а вирзина, схьалаьцна вагонан неIарехьа дIаластийра йоI. Цуьнан мерах цIий деара, вон лазийначух тера дара иза. Йуха а, тIехьаьдда, ло дIасахьекха хIоьттира йоI. ОьгIазваханчу салтичо ша вагон тIе хьалаволуш, йуха а воьрзуш, топ тоьхна, шен девешина тIейожийра. Ткъа шен йоI схьаэца Хьасайн чуэккха воьлча, цунна тоьпан бух тоьхна, вагон чу охьавожийра цара. Дехьо и сурт гуш лаьтташ йолу цхьа оьрсийн зуда, Яхина тIейогIуш гира йоьIан нанна Жовхарна а, кхечарна а.

НеIарш дIакъевлира, цIерпошт дIайолайелира. Шен пхи шо долу кIант Якъуб мара а къуьйлуш, нахах эхь хеташ, дехьо соне а хиъна, шен йоIана йоьлхуш Iара Жовхар.

Сихха меттавеара Хьасайн. Корта вон хадийна бара, чохь болчара чов дIайихкира, амма иза чIогIа лозура.

Жимма меттах а йаьлла, йуха а сецира цIерпошт. Шен лозучу коьрта тIе куьг а диллина, аннийн херонехула шен йоIан а, вешин а ойла йеш, арахьоьжуш Iачу Хьасайнна йазйина станцин цIе гира.

– Шуьгахь цхьаьнггехь къолам буй? Ма Іелаш, болчо къолам, кехат лолаш? – элира цо.

– ХІун ду цигахь, хІара бу-кха къолам, кехат? – аьлла, йуьртахь хьехархо хиллачу Мовладис цунна оьшу гІирс дІакховдийра. Хьасайн йоза хууш вацара, делахь оцу тІехь ма-хиллара, Мовладис ша хьуна луург йазйийр йу бахарх станцин цІе ша дІа а йазйина, и кехат кисана диллира цо.

Кхойтта шарахь и беза мохь шен кийрахь лелийра Хьасайна.

Мел халонаш лайра Хьасайна, кхечара санна, хийла, мацаллина угІу борз санна, кийрахь дог цІийзаш, шен доьзалшна йуург стенгара йоккхур йу ца хууш, шен доьзал дІатоттий, вешин доьзална луш, хийла, тилалой, дорцалахь вуьсуш, Іазап хьийгира цо, амма и кехат, хІайкал санна, лардира Хьасайна.

Жима волуш даим: «Яха цигахь, лайлахь, охьакхеттачохь хІунда йитара ахь?» – бохуш, Хьасайнан садуура Якъуба, ткъа хІинца, воккхахила воьлча, йиша ца хьахайора цо, кхеттачух тера дара иза, амма гуш дара цо чІогІа сагатдеш хилар. Цкъа корах ара а хьоьжуш, бІаьргех хиш оьхуш Іаш, нана тІекхечира цунна.

– Якъуб, хьуна хІун хилла, хьо стенна холчухІоьттина? – аьлла, хаьттира нанас, шен кІант дог доьхна а гина.

Шен бІаьрхиш лачкъа а деш, хаьттира кІанта:

– Нана, Яха дийна йуй-те, цунах дерг ца хиъча, со Іийр волуш вац-кха? – аьлла. Амма, цунна дала жоп дацара ненан.

– Якъуб, холчу ма вийла, вай кестта цІа гІур ду, тІаккха цунах дерг хуур ду вайна, – аьлла, кІант теван гІоьртира нана, шена цІа дахарх башха хууш хІума доццушехь.

Казахстанехь балане, лазаме, меца-шийла кхойтта шо даьккхинчул тІаьхьа, эххар тІекхечира нохчий Даймахка цІа боьрзу де. Массо а санна, Яха, Хьусайн а шайца доцуш чам боцуш, гІийлачу ойланца коре а хиъна, цІа оьхура Хьасайн, шен а, шен вешин Хьусайнан а доьзалца. Шен доьзалал а чІогІа ларбира цо шен вешин доьзал.

Цхьана станцехь сецна лаьттара цIерпошт. Корах арахьоьжуш Iачу Хьасайна, башха дагахь хIума а доцуш, йийшира станцин цIе: «Ивановка». ЦIеххьана, кхеравелча санна, хьала а иккхина, кисинара ша кхойтта шарахь лардина кехат схьадаьккхира цо. Цу тIехь а йаздина дара, «Ивановка» аьлла.

Когаш, чуьра са дIа а дахана, меттах ца валалуш Iара Хьасайн. Оцу станцин цIе лахархьама, ша махках ваьлла лелачу хенахь гIеххьа йоза-дешар Iамийнера цо. Охьаэккха дагахь дIахьаьдира иза. Йуха а сацавелира: «Иштта гIуллакх хир дац. ЦIа а вахана, хIорш дIа а тарбина, вухавогIур ву со. ЦIахь хIун нисло а хаац», – аьлла, вуха а веъна, шен метта охьахиира иза. Цо лелочух цецбевлла Iара Жовхар а, Якъуб а, Хьусайнан доьзал а.

– Стаг, ахь хIун леладо, хьо ма воьхна лела, хIумма-м ца хилла?

– ХIан-хIа, хIумма а дац, – аьлла, и станце шена йовзар хIусамненах лачкъийра Хьасайна. Жовхар мегар йацара, тIаьхьарчу хенахь цамгарш лехьо йоьллера иза. Йуха а корех ара, цхьа хIума лоьхуш санна, дIасахьожура Хьасайн. «Ваша Хьусайн а, Яха а дисинчу меттехь, дехьо, акхтарг хила дезара», – бохуш, и лоьхуш вара Хьасайн. Акхтарг лаьтташ дара, амма Хьусайн а, Яха а дацара. ЦIерпошт дIайолайелира. Акхтарг: «Хье ца луш вухавоьллахь, Хьасайн», – бохуш санна, шен гIаш лестош латта дисира.

... ХIара вухавале цхьа шо хан йелира. Тахана, дейтта шо даьлча, кхаьчнера Хьасайн ваша а, йоI а дисинчу мет-те. Къа ца хьоьгуш, карийра цунна и станци а, цунна дехьо акхтарг а. «Мичахь лаха-те ас хьо, Яха, хIун хилла-те хьох, Хьусайн, мичахь дIавоьллина-те хьо?» – бохуш, акхтарган IиндагIехь хиъна Iара Хьасайн.

– Дяденка, что случилось? – оьрсийн маттахь цхьаъ вистхуьлуш а хезна, хьалахьаьжча, цунна гира шега хеттарш деш Iаьржачу аматахь жима йоI. Оцу йоьIан аматаш шена девзаш санна хийтира цунна. БIаьргех охьаоьхучу

хиша дика цуьнан аматаш схьалаца ца вутура иза. Амма йовза-м йевзира цунна шен йоI. «Яха!» – аьлла, цIе йоккхушехь, «Дада!» – аьлла, маьхьарца маракхийтира цунна йоI. Нохчийн мотт ца хаьара цунна. Амма, «Дада, нана, Якъуб», – боху цIераш ца йицйинера. «Яха, сан йоI», – бохуш, куьйгаш хьоькхура дас шен марахь йоьлхучу йоIана. ЦIеххьана йоьлхучуьра саца а сецна:

– Дада, нана мичахь йу, Якъуб ма вац хьоьца? – хаьттира цо.

– Уьш цIахь бу, тхуна цIа даха бакъо йеллера. Уьш дIа а бигна, хьох хIун хилла хьажа веана со, – бохуш, йоI хьоьстуш да а волуш: «Яхочка, хьо мичахь йу?» – аьлла, оьрсийн маттахь кхайкхира цхьа зуда.

– Бабушка, со кхузахь йу! – аьлла, ша йолу меттиг хаийтира йоIа.

– Иза мила йу, Яха?

– Со кIелхьарайаькккхина, со кхиийна баба Вера йу иза.

– Дада, хьо ма тишвелла, хьо суна дагавогIуш хаза ма вара? – бохуш, можа тIехула охьаоьху хиш дIа а хьоькхуш, ден йуьхь тIе куьйгаш хьоькхура йоIа. Цунна ца хаьара йа цкъа хуур а дац, шен дас лайна Iазап, цунна гина вонаш.

– Хан дIа ма йаьлла, Яха, со хIинца жима ма вац, – аьлла, хIинцалцц тидам ца бина, йоьIан коьртахь йовлакх гира дена.

– Коьртахь хаза йовлакх ма ду хьан, Яха?

– Со нохчо хилар ас цкъа а диц ца динера. Жима йолуш-м лелла хир йу со коьрта Iуьйра, амма со кхеттал хилчахьана, ас коьртахь хIума лелийна.

– Яха, хьайн девешех хIун хилла хаьий хьуна?

– Баба Верас, гIезалойн кешнашка дIаволлийтина хиллера иза, дукха бу уьш кхузахь бехаш. Ас сих-сиха тIе а йоьдуш, цIандеш, лелош ду цуьнан каш.

– Яха, и йоккха стаг схьайогIуш йу, цо хIун боху хьажа вайша?

– Вало, цIа чу доьду вайша, – аьлла, шега мохь тоьхначунна дуьхьалйахара йоI. Йоккхачу стеган йуьхьа тIехь бос

бацара. Ша тIе ма-кхеччи: «ТIекхечи-кха со кхийрина де!» – элира цо.

– ХIунда бах ахь?

– Шуна цIа дерза бакъо йеллий хаьара суна, цундела хIор де кхерамца лардора ас, Яха дIайига шух цхьаъ вогIур вуй, хаьара суна!

– ЦIа даха бакъо-м йеллера тхуна, амма баланаш лайна оха, дукха адам хIаллакьхили тхан. Хьан цIе хIун йу?

– Вера Александровна йу со.

– Сан цIе Хьасайн йу, – аьлла, ша Яхин да хилар а хоуьйтуш, вовзийтира цо.

ТIаккха:

– Вера Александровна, хIара йоI кIелхьарйаккхарна, кхабарна доккха баркалла ду хьуна, хьо ца хиллехь, йелла хир йара хIара, ас цкъа а дицдийр дац ахь дина гIуллакх. Сан ваша а, тесна ца вуьтуш, дIаволлийтина хилла ахь, даггара соьгара йуха а баркалла хьуна! – аьлла, даг тIе куьг диллира Хьасайна.

– И-м доккха хIума дацара, вало, чугIо вай, – аьлла, Хьасайн чукхайкхира цо.

– ХIан-хIа, цкъа вешин коша тIе ваха лаьара суна.

– ГIо делахь, Яхас гойтур ду хьуна каш, шуьшиъ схьадогIушшехь, ас йуург вовшахтухур йу, – аьлла, Вера Александровна дIайахара.

Кешнаш генахь а ца хиллера. ТIехь, бацах хIума а доцуш, цIена карийра Хьасайнна шен вешин каш. Гуш дара цуьнан дола деш стаг хилла хилар.

– Яха, дика дола дина хилла ахь хьайн девешин, баккъалла а, хьо нохчо хилар лардина хилла ахь! – аьлла, шен кисанара схьайаьккхина цхьана бехчилган шад а баьстина, оцу йукъара латта вешин барз тIе даржийра цо. Йуха коша тIехь Ясин а дешна, цу тIера канахь схьаэцна латта шегарчу бехчалгана йуккъе а хьарчийна, кисина диллира Хьасайна. ХIара шиъ цIа кхаьчча, йуург а йина, дика стол кечйина Iаш йара баба Вера.

Дукха Іийра уьш къамелаш деш. Вера Александровнас дийцира Хьасайнна, топ йоІан белшах чекхъйаьлла хилар, то ца луш, баттахь а сов иза больницехь Іиллар а. «ЙоьІан цІе ца хууш дукха къахьийгира ас. ХІокхо олуш дерг Дада, нана, Якъуб, Яха, – дара. Тхуна гена воццуш цхьа гІезало вара, иза валийра ас. Амма хІокхо буьйцучу маттах иза а ца кхетара. Йуха цунна дагадеара: дада, нана – уьш да-нана, Якъуб – стеган цІе хилар. Ткъа – Яха хІокхуьнан шен цІе хир йу!» – аьлла. «Яха, – аьлла, со кхайкхича, хІара схьахьаьжира, иштта хиира суна кхуьнан цІе».

– Вера Александровна, Іедало муха йитира хІара йоІ хьоьца, нохчо йуй ца хиира царна?

– Дера, дикка хьийза а ма-йира со, амма кху йуьртахь милиционер вара гІезало, Салават цІе йолуш цхьа дика кІант, цо гІо дира суна. Сан цІарна тІе а йоккхуш, кехаташ дехира цо суна, иштта йисира Яха соьца.

Йуха, жимма йист ца хуьлуш а Іийна, цо хаьттира:

– Новкъа маца довлу шу?

– Кхана девр ду, чІогІа сагатдеш йу кхуьнан нана, башха могуш а йац иза. Вера Александровна, цкъа дІагІур ду тхойша, тІаккха, жимма Іийна, кехаташ нисдан йухадогІур ду тхо!

– Мегар ду, и дийр ду вай, – аьлла, доккха са а даьккхина, тІетуьйхира зудчо:

– Дика ду делахь, ас охьавижа меттиг тобина хьуна, со кхуьнан хІуманаш вовшахтоха йоллу.

Хьасайнна хаьара йоІан баккхий бахамаш хир боций, массанхьа цхьатерра хала бохкура нах. ЙоІах шен къаста дезар дазделла арайаьллера йоккха стаг. СадаІа охьа-м вижира Хьасайн, амма йоьлхучу йоккхачу стеган, шен йоІан узамаша дог цоьстуш, наб ца хилира цуьнан.

Берриге лулахой баьхкира хІорш новкъа баха. ЙоІана мара а лелхаш, боьлхура уьш. Дукхайезаш хиллера царна Яха. Йоккхачу стагана баркалла а аьлла, вагонна чу хьалавелира Хьасайн. Вовшах ца йолуш, йоьлхура Яха а, Вера Александровна а.

– Яха, ма латта, вайша дуьсур ду!

– Баба Вера, Іодика йойла хьан, ас со мел йеха, цкъа а йицйир йац хьо, – аьлла, йуха а, мара а кхетта, йилхира йоІ.

– Яха, хьо цІа кхаьччалц дІа ма басталахь хІара шад, – аьлла, йовлакхан йукъахь цхьа хІума йоІе дІакховдийра йоккхачу стага. ЦІерпошт дІайолайелира, геннахь коьртара йовлакх а даькхина, и лестош бІаьрхишца йисира йоккха стаг. Моьттур дара, оцу дерригенна теш хилла долу акхтарг а, гІаш ца лесташ, ладоьгІна сецна.

Іан а ца йелла, новкъахь кхо-диъ де даьлча, схьабаьстира йоІа шад. Цу йукъахь йара дашо хІуманаш: мухІарш, чІагарш, сахьт, баба Верин сурт, иштта кехат а. Цу тІехь цо йаздора: «Ас хьуна деш совгІат ду хьуна хІара, сан ненан а, цуьнан ненан хилла хІуманаш йу хІорш, нанас йоІана луш, схьайаьхкина. Хьо сан йоІ йу. Цундела хІорш хьоьгахь хила лаьа суна. ТІамо цІийнда а, ши кІант дІа а ваьхьна, со цхьа йисинчу хенахь суна Дала дина совгІат дара хьо. Со цкъа а йиц ма йелахь, сан йоІ!»

Йоьлхура йоІ. Лозура цунах ден дог, цаьршинан лазар дерзориг хир ду-кха заманан йохалло. Делахь а да-нана, ваша ган сатуьйсуш шерашкахь азделла йоІан дог паргІатдолура, баба Верийн йовхо дагайеъча. Оцу хьаамо дог тедеш, цІерпоштан чІургаша дечу татанашка ла а доьгІуш, мелла а сиха ненан баьрче кхача сатесначохь, Даймахка йуьгучу новкъахь, наб озийра Яхина.

Яхел хьалха шиъ доьзалхо кхелхинера Хьасайнан, цундела иза, дуьнен тІе йаьлча, дукхайахийта, «Яха» аьлла, цІе тиллира цо. ДІатаьІна, наб озийначу йоІе а хьоьжуш, ойлане Іара да. «Тхох къаьстина, чов хилла, цхьа Делан къинхетам хилла, дийна йисина йолу хьо, дуккха а йаьхна, Яха боху хьайн цІе бакъ йийр йац-те ахь?», бохуш, йоІах вокхавеш, ойланашка вахана Іара Хьасайн.

ХІун бахьана дара-те, цхьана а хІуманна бехкен доцу къам махках а даькхина, иштта хІаллакдаран? Хьасайнан ваша Хьусайн саннарш мел хир бу эрна арахь дІабоьхкина,

шелоно, мацалло эгийна йа, Хьасайн санна, доьзалех хеддарш йа, Яха санна, цIа а бирзина, ирсан дакъа ца кхаьчнарш.

## ТIАЬХЬАДИСНА КЕХАТ

«Во Азман! Чохь йуй хьо?» – бохуш, беттара поштан белхалочо. Азман чуьра ара ца йаьлча, ша-шега: «Кха тIехь хила а тарло. Суьйранна цIа йеъча, карор ду цунна. Салманан хьаькамашкара долчух тера ду хIара», – аьлла, кхидIа а шен кехаташ, газеташ дIасадекъа йахара Селита, тIехь доккха мухIар долу тIамера деана кехат АзманагIеран кертал дехьа а кхоьссина.

Селитас керта кхоьссина кехат, гина стаг а воцуш, лораза дайра. Йа кхин цул тIаьхьа Салманах хабар, йа кехат дахьаш цхьа а ца веара. Бакъду, и вайна, карош а вац аьлла, кехат-м деара. Иза дайра, цуьнан да а ца карийна. Къам махках даькккхинера.

Сибрехара шаьш цIа даьхкича, ХIарон СалманагIеран керта кхелхира. ХIаронал йуххера стаг вацара оцу кертан доладан. Ден вешех йисна Азман а йоцуш йара. Салманах хилларг а хууш дацара. ДIа а оьзна, кхин цIенош дира цо шена цу кертахь. Церан цIенош, дIа ца дохуш, дитира ХIарона, Салман цIа вагIахь а аьлла. Иштташ а нислора.

Сарралц трактор тIехь колхозан аренаш аьхна, цIа веана ХIарон, уьйтIахь шен кIентан кIант а гина, и хьаста вуьйлира:

ХIарона кIеда-мерза хаьттира кIанте: «Дадин кIант хIун деш ву? Хьажийтал, воккха хиллий?!» – бохуш. КIант хьоьстучу ХIарона, цуьнан карахь хено маждина кехат а гина, цецваьлла:

«Хьажийтахь, хIара хIун кехат ду хьоьгахь дерг?» – аьлла, хаьттира. Ден дас шегара кехат схьаэцча, пурхенна буха пIелг а хьажийна, халла мотт буьйцучу кIанта шена и цу бухахь карийний хаийтира.

Лаьттах айделла цIенойн дохалла пурхе йара. И кехат цу буха муха, маца кхаьчна ца хаьара кхунна. Салманан хьаькамаша 1942-чу шеран 21-чу сентябрехь йаздина хиллера и кехат, дика кIант кхиорна дена-нанна баркалла олуш.

ШолгIачу дийнахь, и кехат а эцна комиссариате воьдуш ХIарон а волуш, кетIахь хиъна Iара Селита. Цуьнга хьал-де а хаьттина, тIехволуш, цхьаъ дагадеана, сецира иза.

– Селита, тахана АзманагIеран пурхе кIелахь хIара кехат карийна тхуна. Ахь деанерий-те хIара? – аьлла, хаьттира ХIарона. Ша цкъа мацах деана кехат а девзина, Селитас дийцира: «Со Азман йолчу и кехат дIадала йаханера. И цIахь а ца хилла, со и уьйтIа а кхоьссина, дIайахара. Со дIайахана дукха хан йалале чIогIа мох белира. Цу махо пурхе кIел даьхьна хилла хир ду хьуна хIара. Бакъду, и кехат деана Азмане элира ас. Цо и лехнера. Цунна ца карийча, охашиммо а лийхира. Ца карийра тхойшинна. Хьажахьа, ткъе кхаа шарахь цу пурхе кIелахь Iиллина-кх хIара! Салмане санна, кху кехате сатуьйсуш, дIайахар-кха Азман. Вай Казахстанехь долуш хийлазза соьга олура цо: «Маржа Селита-йаI, хIун хилла-те цу ахь деанчу кехат тIехь, мича дахара-те и, хIун дахьаш деана хилла-те и?» – олий. ЦIа йерза доьгIна ца хилла-кх Азманна. ХIарон, ма дукха хан йаьлла цул тIаьхьа. ТIом чекхбаьлла, вай дохийначуьра цIа а даьхкина, тахана карий-кха хIара кехат!»

– Дера, Селита, иштта-м ду иза, – аьлла, гIайгIане дIавахара ХIарон.

ХIарона деанчу кехатна комиссариато таллам бира. Лар а йоцуш байначарна йукъахь волу Салман дIавоьллина меттиг а карийра: Орловская область, Андреевка йурт. Цуьнца тIом бинчу накъостийн тешалло гIо дира бакъдерг меттахIотто. Цуьнан мидалш, орденаш Iедало схьайелира,

бух кара а бина. Йуьртан йуккъерчу урамна Салманан цIе а тиллира, и кехат ишколера музей чу дIа а диллира.

Салманах дерг ма-дарра хаъалц, ХIарон ца сецира. Комиссариато гIо а деш, цуьнан коша тIе а вахара иза. Винчу йуьртара латта а даьхьна, цуьнан кошан борза тIе и латта а доьхкира ХIарона.

Андреевка йуьртарчу наха гонаха керт йина, Iалашдеш дара Салманан, цуьнан накъостийн а кешнаш. Буьххьехь седа а, тIехь йазйина цIерш а йолуш лекха чурт лаьттара. Цу тIехь йаздина дара: хIорш белла 1944-чу шеран 22-чу февралехь. И йоза дешча, ХIаронан ойла кхоллайелира: «ХIорш, тIамехь хIумма а ца хууш, леш хилла, ткъа цIахь, мехкан мостагIий бу бохуш, къаьмнаш махках а дохуш, хьийзош, хIаллакдйеш хилла». ТIаккха, йуха цо ша-шега элира: «Хьо веллачу шолгIачу дийнахь махках даьккхина хьан къам тахана йухадендала гIерташ ду хьуна, Салман» И шен кхоллайелла дог-ойла цхьангге хьахо-м ца хIоьттира и. Лакха коьрттехь йаздина дара: «Гвардии капитан Дакашев Салман СалаМович».

Луьра, мостагIчо кхайкхоза болийна тIом бара дIабоьдуш. Воккха а, жима а вара цу тIаме ваха лаам болуш. Салман масийттазза а веара эскаран комиссариате шен лаамехь тIаме ваха.

Ненан цхьаъ бена вацара хIара. ХIоразза а кхунна тIаьхьайолура Азман: «Салман, сан хьо цхьаъ бен а вац. ТIехь да а воцуш, ас хала кхиийнера-кх хьо. Хьуо тIекхайккхалц, са ма даахьа церан», – бохуш. Амма кIант, шениг а дитина, ца Iара. Цо олура: «Нана, сан накъостий тIаме дIаоьхуш бу, хьан цхьаъ бен вацара аьлла, кIилло санна, Iен веза-те со?»

Тахана а, Iуьйрре схьавеана, комиссариатан неI ларъеш вара Салман. Делкъанна чукхайкхира. Чу ма-веллинехь, эпсарна вевзира Салман.

– Хьо йуха а схьакхечи? – элира цо, вела а луш.

– Схьакхечи со-м. Йуха а вогIур ма ву, ахь со дIахьажаваллалц! – элира, Салмана, и санна вела а луш.

– Дан мукъане а маса шо ду хьан?

– БерхIитта кхача кхо бутт бу-кха, – аьлла, жоп делира Салмана.

– Цу кхаа баттахь са ца тохало хьоьга?

–Ткъа хьуна хIун хуьлу, и кхо бутт хьеха а ца беш, со дIахьажийча? – аьлла, велакъежира Салман, и воккха хиларна ша йийриг забар йуй хаийта. ГIад а вахна, вовшах куьйгаш а тухуш, велавелира эпсар.

– Хьайн лаам бовзуьйтуш, кехат йазде!

– ХIун аьлла йазде ас?

– Вай, тIаме ваха лууш вац хьо?!

– Ву..., – аьлла, кехат йазда кечвелира кIант. ТIаккха, эпсаро хьеха а хьоьхуш, Салмана, шен лаам бовзуьйтуш, кехат йаздира.

Цу дагалацемашца, вела а къежаш, ша вижинчу боьрахь, ижуна тебна экха санна, мостагIчунна тебна Iаш волу Салман, дIатийра.

Шийла йара, гоьллелц ло диллира хьалхарчу буса. Лаьцна йийсар вало Салман шен накъосташца кхуза веана шолгIа буьйса йара. ХIара дика лорура накъосташа, хьаькамаша а. Кхуьнца цхьаьна цхьа нохчо а, ши гIалгIа а вара. Салман разведдекъан командир вара. Жима велахь а, хьекъале, каде, меттиган дика хьесап дан хууш ву аьлла, хIоттийнера хIара командир.

Ша волу меттиг ца къастийта, шена тIе ло а хьаькхна, некъ а ларбеш, Даймахках а, ненан йуьхь-сибатах а йеш Iачу Салманна машенийн гIовгIа хезира. «Йуххе кхачалц ма тохалаш!» – аьлла, шен тобанна омра а дина, ладогIа хIоьттира кIант. Шиъ мотоцикл, царна тIаьхьа йогIуш жима машен, пхи тIеман машен йара йогIуш. Кхарна оьшург дара иза.

«ТIетоха!», – аьлла, омра дира Салмана. Гранаташ кхиссина, тIаккха герзаш тIуьйхира кхара. Пхи-йалх минотехь чекхбелира и луьра тIом. МостагIий хуьлучух кхета а ца кхиира. Белла Iохкура немцой. Дийна хIума дан а дуй-те

кху хьуьн чохь аьлла, тийналла хIоьттира цхьана минотана. ТIаккха тIехьаьлхинчу кхарах цхьаболчара машенна го бира, ткъа вуьйш хIорш ларбан хIиттира. Салман, машенан неI а йиллина, чухьаьжча, кхеравелла вега а веш, немцойн воккха эпсар вара цхьана соне дIа а тебна, куьйгах дIатесна кехаташ чохь долу тIоьрмиг а болуш. Халла буьйцучу оьрсийн маттахь, ша ма вехьара бохуш, дехарш дора цо. Оззийна и эпсар машенна чуьра ара а ваькхина, кхин некъахьовзам ца хуьлуш, шаьш туп тоьхначу схьакхечира хIорш.

Шаьш валийна эпсар дIа а велла, динарг дерриг хьаькамна дIа а довзийтина, садаIа вахара Салман. ШолгIачу Iуьйранна набархавала гIертачу кхунна:

– Дакашев, Дакашев! – бохуш, шега цхьаъ кхойкхуш хезира.

– ХIун боху ахь? – аьлла, жоп делира кхуо.

–Хьоьга сихха командиро схьавола боху! – аьлла, веанарг дIавахара.

Сихха шен барзакъ тIе а дуьйхина, командир волчу вахара Салман. Чохь шиъ инарла а, кхин эпсарш а бара. Чуван пурба а дехна, ша чоьхьа ма веллинехь, воьхна-а дIасахьежа велира Салман. Оццул баккхий хьаькамаш цунна цкъа а гина бацара. ХIоьттина тийналла а йохош, инарло хаьттира:

– ХIара ву вайн турпалхо? Хьажийтал хьайга со дикка, – аьлла, тIе а веана, Салманан белш тIе куьг а диллина, цо элира:

– Сан кIант, ахь валийна и немцойн полковник, цуьнгара кехаташ чIогIа мехала ду. Баркалла хьуна!

Салмана, дегI а нисдеш, дIахIоьттина: «Ас гIуллакхдо Советски Союзана!»

– Ас тахана омранна буха куьг йаздина, хьуна лейтенант дарж а, ЦIечу Седанан орден йала а. Хьан накъостий а биц ца бина хьуна ас.

Цул тIаьхьа, паргIатхила Салманна пурба делира цо.

Шаьш валийна и немцойн полковник мел мехала хилла шен накъосташна а хаийтина, маьнги тІе дІа а тевжина, ойланашка вахара и нохчийн майра кІант.

Даим а цхьаьна хуьлура Салман нохчийн кІантаца Іийсаца а, гІалгІашца Мусаца а, Адамца а. ЦІе йоккхуш, майра тІемалой бара хІорш. Кхалхар а хилира церан цхьана буса, цхьана меттехь немцошца хиллачу луьрачу тІамахь. Кхеран тІеман накъосташа цхьана коша чу дІа а боьхкира уьш.

Цул тІаьхьа ткъе кхо шо даьлча, гучуйелира цу майрачу нохчийн кІентан лар.

ХІарона, дІа ца дохош, тодина, цуьнан безамна дитира цІеношш. Салманан доккха сурт цІийнан баьрччехь дІаоьллира цо.

Ткъа цІеношш-м латта дисира, ненан сатийсаман йовхо дІа ца йолуш, цкъа а вогІур воцчу кІанте хьежа.

## ДІАСАКЪАСТАР

Ша доьІучу синца Іуьйранна схьакхетачу маьлхан зІаьнарийн цинцаш а лоьцуш, генара ломан буьхьиг схьа а лаьцна, и шена ижуна дІабахьа гІерташ санна, тІам хьийзош лелачу аьрзуне бІаьрг а бетташ лаьттачу Исламе цхьаммо мохь туьйхира. Дукха ойлане ваханчу кІантана шега бетта мохь ца хезара. Цуьнга кхойкхург, ша ханна жима вацахь а, цхьаболчу кегийчу нахал, хьуьнар къевсича, тоьлур а волуш, могашаллица эшна а воцуш, шовзткъе итт шарал хьалаваьлла, тІах-аьлла стаг вара. Шен йуьртахой тІаме буьгуш, ша вигахьара бохуш, военкомате оьхучу цуьнан дехар, астагІа ву олий, хІоразза а йухатухура. Жима волуш говрара охьавоьжна, коғ кагбелла астагІа вара Мовсар. Ша бетта мохь кІантана ца хезча, тІе а веана, белша тІе куьг а тоьхна, цо иза схьаверзийра.

– Ислам, ахь хIун до? Хьо ма ойлане вахана? Хьуна-м ас бетта мохь а ма ца хеза?!– аьлла, вешин кIантах цецваьлла хаьттира Мовсара. Девашас шега биттина мохь цахазарна, воьхна хьаьвзинчу кIанта, сихха метта а веана, жоп делира:

– Ваша, бехк ма биллалахь, дIо ломахь хьийзачу аьрзуне а хьоьжуш, ойланашка вахана Iара со. ХIумма-м ца хилла?

– Ца хилла. Кхана и вайн ирзу долчу дечиг даккха ца дахча девр дац вай. И лакхара «Сен берг тойелла хи» долчохь декъа, дика дечиг даккха меттиг гинера суна. Цига гIур ду вай. Хьо волчу кертахь а дечиг дац, иштта хьал со волчохь а ду.

– Дика ду, ваша. Ас хIинцца, ара а ваьлла, сайн накъостех белхи вовшахтухур бу. Кхана цига хьалагIур ду вай.

– ХIара салтий тахана дукха карзахе бу. Вайн эвла йистехьа ха хIоттийна кхара. ХIорш хIун лелош бу-м хаац, – аьлла, салтийн ха долчу агIор дIа а хьаьжна, ойлане велира Мовсар.

– Ваша, наха цхьацца хIуманаш ма-дуьйцу: дохош ду, гена дIадуьгуш ду, бохуш. Хьуна хIумма а хезний?

– Хаза-м хезна, делахь со теша-м ца теша цу къамелех. Оццул доккха къам, доха а дина, махках а даькккхина, дIадуьгур ду бохург суна бакъ ца хета. ТIамехь дуккха а вайн къоман кIентий бу, даккхий хьуьнарш гойтуш, майраллица мостагIчух леташ. Со кхеташ хIума-м дац хIара. Шаьш схьадаьхкинчу дийнахь, салтий Iамо далийна бохуш, церан хьаькамаша динчу къамелех со хIинца ца теша. Уьш салтий Iамош а бац, хьуна ма-гарра, ткъа нахана тIе а биссина, бежаш Iаш бу. Цхьа хIума вайх лечкъош бу хIорш. Сема хила деза вай. Ло дан гIертачух тера ду. Нагахь кхана догIуш ло хилахь, вай цхьанхьа а дахалур дац.

– Ахь бохург дийр ду вай, ваша!

– Мегар ду. Со кханенна кечам бан воьду, – аьлла, дIаволалучу шен девешига, цIаьххьана дагаиккхина:

– Ваша, цхьана хIуманах кхетавехьа со. «Сен берг тойелла хи» хIунда олу цунах? Даим и хьоьга хотту бохуш, дицлуш, Iийна-кха со?

– Ислам, и вайн ирзу сан дедас даькkхина ду. Тхан дас соьга а, хьан дега а дийцира иза. Шен дас дийцина, бохура цо. Кондарех, коьллех дІа а цІандеш, уьш йага а йеш, хала даькkхина ду цо и ирзу. ХІор Іуьйранна кол хьакха воьдуш хилла иза. Цхьана Іуьйранна сай гина цунна, цу хи чу ког а биллина, Іаш. «Ванах, цу сено хІун леладо-те, хи чу ког а биллина, Іаш ма бу иза?» – бохуш, Іаш хІара а волуш, кхин цхьа сай тІебеана. Хи чуьра хьалабаллац и сай ларбеш а Іийна, цул тІаьхьа цхьана дІабахана ишиъ. Царах цхьа сай цхьана когана таьІаш хилла. ХІора Іуьйранна схьабогІуш хилла и ши сай. Цхьаъ цу хи чу ког буьллий Іаш, вукхо и ларбеш, иттех де дІадаьлла. Цхьана Іуьйранна, шен ког хи чохь а латтийна, и сай дІабоьдуш, когана таьІаш а бацара, кхин цул тІаьхьа и ши сай цу хи тІе а ца беара. Цуьнан ког тобеллачух тера дара бохуш, дуьйцу, бохура, шен дедас. ХІетахь дуьйна «Сен берг тойелла хи» олуш ду цунах. Хьуна ма-хаъара, мело а долуш, жимма кхехкийначу хІоан чам а болуш ду иза.

– Ваша, хІоанан чам хІунда бу цуьнан?

– «Саьмгалан хи» олу цунах. Дарбане хи ду иза.

– Дика ду. Кхана гІур ду вай цига, – аьлла, кІентан деваша дІавахара. Ислам а, жимма Іийна, белхи вовшахтоха вахара.

Исламан да кхелхина йалх шо хан йара. ЦІаьххьана бІагор а беана, охьавоьжнера иза. Цул тІаьхьа кІирнах бен а ца вехира Масхьуд. Церан дас, Тоьмиркъас, техкинера шен шина кІантана Масхьуд, Мовсар а цІерш. ЧІогІа воккхавера да шен шина кІантах. Масхьудан вуьрхІитта а, Мовсаран пхийтта а шераш дара, церан да Тоьмиркъа дІакхелхича. Ненаца висина ши кІант, йуьртахь дика цІе а йоккхуш, кхуьура. Зударий а балийна, доьзалш баккхий а хилла, царах самукъадолуш вехара. ЦІаьххьана кхеттачу цамгарх ваша дІа а кхелхина, шен вешин доьзалш хене бохуш, схьавогІура Мовсар. И воккхавера шен вешин кІантах. Ислам, шен да санна, къахьоьгуш, дика кхуьуш жимха вара.

Іуьйр-ламазна гІаьттина Мовсар, чохь волчу салтичо ара ца волуьйтуш, сацийра. Хуьлучух ца кхеташ, дІасахьийзара Мовсар. Салти цуьнга цхьаъ ала гІертара, ткъа Мовсар цо буьйцучу маттах ца кхетара. Куьйгаэшарехь, багахь цхьа гІам-гІим а деш: «Ту-ту, «Сибирь», – олура, нохчийн маттахь шена хуу дешнаш ала а гІертара: жижиг, ахьар, паровоз, тулуп. Йуьртахь тоьпаш йийла йуьйлира. Летачу жІаьлийн, даьхнийн Іоьху гІовгІа, маьІ-маьІІехь зударийн маьхьарий а хезара. МовсаргІар арабехира. Дерриг а адам йуьрта йуккъе дІагулдеш дара. Ло а догІура, цкъа а ца деанчу тайпана. Некъаш дІахьулдинера доккха диллинчу лайно, цхьацца нхьа дитташ а кегделлера. Боьлхура зударий, бераш, бІаьрзе бара къонахий. Шайга хьоьжучу зударех, берех бІаьргаш лечкъадора божарша. Дехьо йуккъехь цхьаммо-м мохь туьйхира:

– ХІай, тхо кхоьллина, кхобуш волу Воккха Дела, иштта со гІорасиз а волуш, сан кху зударшна, берашна дан гІо хир дацахь, тховса санна, кхана а кхарах бІаьргаш лечкъо дезар делахь, со Іуьйренга ма ваккхалахь! – аьлла. И стаг, салташа йукъара схьа а ваьккхина, тоьпаш тоьхна, вийра. «Дала цуьнан доІанна жоп дели-кх», – аьлла, дагатесира Мовсарна. ТІаьхьо хиира кхунна и вийнарг шайн эвлара Довлат вуйла.

Іуьйранна, Довлатан дакъа цигахь а дуьсуш, дІаволлийтар хьеха а ца дойтуш, и дериг адам гІаш новкъа даьккхира. Делкъал тІаьхьа, бегІийло некъ болчохь кхаьрга хьоьжуш машенаш хиллера, царна тІе а ховшийна, Соьлжа-гІала охьабалийра хІорш. Цигахь цІерпоштІе а боьттина, генарчу Сибрех дІахьовсийра. БерхІитта дийнахь некъ биначул тІаьхьа, буьйсанна цхьана эрна арахь, хьийзош дарц а долуш, охьабиссийра хІорш. Терчий, говраш, эмкалаш а йоьжначу салазашкахь хІорш дІабига баьхкина меттигара бахархой бара. Новкъахь дуккха нах бала а белла, некъан бохалла декъий охьа а кхуьйсуш, гІелбелла, мацаллина халла когаш тІехь ца лаьтталуш, схьакхаьчначу кхаьрга, ий-

залуш, цатешамца хьоьжура дуьхьалбаьххинарш. Цуьнан бахьана кхарна тІаьхьо а хиира. Цаьрга дийцина хиллера Іедалан белхалоша, адамаш дуу акха нах бу шуна тІебалош бохуш. ХІорш йуьрта йуккъехула схьабалош кетІахь лаьтта нах, кхеран салаз тІекхочуш, чу а боьлхий, кевнаш дІа а къовлуш, къайлабовлура. Цу нахана тІаьхьо хиира и къамелаш бакъ доцуш, Іедало кхарна тІехь кхоьллиний.

ИсламагІар, кхиболу нохчий санна, халла дІатарбеллера. Цхьа тоьла йара кхара вовшахтоьхнарг. Цу чохь хала зама йоккхура Ислама шен ненаца. МовсаргІар а кхарна гена боццуш дІатарбеллера. Кхерачул кхин дика хьал долуш бацара уьш. Доьзал боккха хиларна, кхарал а хала бохкура. Цкъа ша а, шен деваша сарахь цхьацца дуьйцуш, ДегІаста дага а лоьцуш, хилларш, лелларш дуьйцуш, Іаш Ислама элира:

– Ваша, и вайшиммо дечиге даха вовшахтоха лерина белхи ма биси-кха вайшиннан. Кхин цкъа а цІа доьрзур а доцуш, дІадели-те хІара?

– ХІан-хІа, Ислам, дІа ца дели. И белхи вайшиммо йуха а вовшахтухур бу. Кхин а белхеш хир бу. Делан диканах дог дилла мегар дац!

– Вало, хьан нана хІун деш йу хьажа вайша. Тахана чуваха ларийна а вац со, – аьлла, Исламан хІусаме бахара хІорш.

– Суьйре дика хуьлда хьан, Хьуьлимат! Муха ду хьал? Кху кІанте хоьттуш-м Іара со. Де а дика дІадели боху хІокхо.

– Дала тхаьшшинна делларг таханлерачу дийнахь дІатекхи охашиммо. Шу муха Іа? Сингаттам боцуш дІаделин де?

– Дика Іаш ду тхо а, – аьлла, ойлане хиъна Іара Мовсар.

– Ваша, хьо ма ойлане ву? ХІумма-м ца хилла? – аьлла, марвешин ойлане Іаро жимма дог дохийна, хаьттира Хьуьлимата.

– ХІан-хІа, хІумма ца хилла. Жимма кху балано, сингаттамо дог дохийнера сан, – аьлла, «Ислама и белхи би-

сир-кха вайшинан», – аларо шен дохийна дог лачкъа а дина, араваьлла, дІавахара Мовсар.

Ислам, даьхни кхобучохь балхахь вара. Доккха божал дара и, чохь говраш, бежанаш а долуш. Говрашна лучу йалтех кІез-кІезиг шайна даа цІа дахьара Ислама. Цу йалтанца хене волура Ислам шен ненаца. Цунах шен девешина а дакъа дора кІанта. Іедална хиъча, йоккха хан а тоьхна, чувуллур вара кІант, цундела цо чІогІа къайлаха лелош хІума дара иза.

Цхьана суьйранна, шен белхан накъостийн Іодика а йина, тІаьхьо ара а ваьлла, цІа вогІура кІант. Ши де дара, ца соцуш, ло догІу. Лайно некъаш хьулдинера, адам шайн хІусамашкахь дІатийнера. Делахь а, даьхнина сагатделла, балха ваханера Ислам. ЦІахь ло дІадаккха хьаькаме бехна баьхьа бара цо бахьаш. Некъ ца къастарна дарцана дуьхьал куьг а лоьцуш, халла вогІучу кхунна, оьрсийн маттахь гІо доьхуш, цхьаммо кхойкхуш хийтира. Йуха а ладуьйгІира кІанта. Гена доццуш хезаш зудчун аз дара, и аз хезначу агІорхьа дІагІоьртира кІант. «ДІайовла, дІайовла», – бохуш, гонаха хьийза берзалой дІакхехкош, цхьа зуда йара. Ша зудчунна тІекхаьчча, Ислама, баьхьа тоьхна, цхьа борз йожийра. Кхин цхьанна а, чукхоссайелча, туьйхира. Иза, ког а текхош, дІайедира. Кхуо кІелхьарайаькхкхина зуда, охьа а хиъна, йелха хІоьттира.

– Ма йелха. Хьо стенна йоьлху? Берзалой дІа ма йахана. Хьо дийна йу. Йелха ца оьшу, – аьлла, кхуо хьалагІаттийра зуда.

– Баркалла хьуна! Хьо тІе ца кхаьчнехь, цара со йийна хир ма йара, – аьлла, кхуьнга хьаьвсира цхьа хаза, сийна дилхина бІаьргаш. КІантана йевзира йоІ. Комендантан йоІ йара иза. Кхуьнан дахарехь, йоккха меттиг а лаьцна, даг чохь диса доьгІна хиллера кхуьнга хьаьвсина сийна и дилхина бІаьргаш.

– Оля, хьо муха нисъелла кху дарцан аренга?

– Сан берхІитта шо кхаьчча, сан дас суна совгІатна йел-

ла бекъа йу цу фермехь. Цуьнан хьал муха ду хьажа йаханера, цигара цIа йогIуш йара со.

– Со ма ву цигахь балхахь! Суна-м ца гира хьо.

– Йа-м йара со цигахь. «Сирниг» дика Iаш карийча, цIехьа гIоьртира со, говраш лелархочо Амана дIа ма гIо, некъах туьлур йу хьо бохушшехь.

– Ма хаза бекъа йу и «Сираниг»!

– Дера йу. Суна чIогIа дукхайеза и. Дукха шийла хиларна, сагатделла, и муха Iаш йу хьажа йеанера со.

– ДIадоьлху вай, шийла йу, – аьлла, йоI цIа дIакхетийна, дIавахара Ислам.

Кхуо деанчу йалтех нанас вовшахтоьхна кхача а биъна, араваьлла, сахиллалц, ала мегар долуш, ло дIадаьккхина, балха схьавеана дукха хан йалале, говрашна хIоъ луш волчу Исламе, ша волчу сихха схьакхача аьлла, хьаькамо геланча ваийтира. Воьхнера кIант. Цхьаммо мотт би-те шена, ша йалта цIа кхоьхьу аьлла, бохуш, ойланехь хьаькам волчу схьакхечира воьхна Ислам. Чохь хиъна Iаш комендант гича, кхин а чIогIа вуьйхира хIара. Шен вохар хаадаларна кхоьруш, йахь ца луш, комендантан де дика а дина, шен хьаькаме ша схьакхачар хаийтира кIанта. Хьаькам комендante хьаьжира. Важа, волавелла кхунна тIе а веана, когашкара коьрте кхаччалц, кхуьнга хьаьжира. КIант, цецваьлла, лаьттара.

– Ахь сан йоI берзалойх кIелхьарйаькккхина. Ас доккха баркалла боху хьуна. Хьайна луъург деха соьга!

– Сан цхьа а хIума дац хьоьга деха. Со балхахь ву. Цул сов, суна оьшуш хIумма а дац.

– Мегар ду. Тахана дуьйна хьан цхьаммо а некъ хадор бац хьуна, – элира цо, Исламан хьаькаме а хьожуш. КIанта лачкъийра хьалхарчу дийнахь, шен хьаькамо ша цавезарна, балха жимма тIаьхьависна аьлла, ша дIавоккхур ву алар. Даим вара иза, кхунна цхьацца Iиттарш йеш, хIара дIавакхха бахьанаш лоьхуш.

– Сергей Иванович, и кIант цхьаммо хьевахь, мегар дац хьуна! Цуьнга шен болх байталахь!

– Дика ду, Пётр Захарович. Цхьаммо а новкъарло йийр йац цунна. Шен болх бийр бу-кх цо!

– Дика ду. Со дIавоьду. Хьуна йуха а баркалла! – аьлла, дIавахара комендант.

– ДIаволо! Стенна лаьтта хьо? – аьлла, йуха а шена Ислам цавезар а гойтуш, кехаташ кего волавелира кхуьнан хьаькам. Цо лелочунна даим а реза воцу кIант, тIе а вахана, стола тIе ши куьг а гIортийна, цунна тIе а вогIалуш, цхьаъ ала дагахь, дIахIоьттира. Хьаькам гIеххьа вуьйхира, кхера а луш.

– ХIун лаьа хьуна, Ислам? – кIеда элира цо, хIинцалц Вахидов бен олуш а воцу

– Сергей Иванович, со Iедало ваийтина ву кху балха. Ахь чехо со бер а дац. ХIара дегI доккхуш, ас сайна цхьа а тIечехийтина вац. Хьо сайл воккха волу дела, хьоьца гIиллакхе а вуьйлуш, Iара со. Сох гIалат даьллехь, кхетаве, со кхин ца далийта хьожур ву, нис а лур ву. Суна тIе ма чеха. Суо верах а, чуволларх а шеквер волуш вац йа цхьангге харцлуьйр а вац, – аьлла, ара а ваьлла, шен балха дIавахара Ислам. Оццул жима а волуш, цу кIанта шега диначу къамело гIеххьа эхь а хетийтина, ойлане велира Сергей Иванович. ТIаккха ша-шега, цхьанна хезаш санна, элира цо:

– ХIара нах-м хьаха бац шайца забарш йойтур йолуш! ХIорш, дера, бу, хьекъал а долуш, лела а хууш, майра нах. Кхузахула схьа а балийна, стенна хьийзош бу-те хIорш? – бохуш, ойлане хIара а волуш, чуиккхира Аман.

– Сергей Иванович, и вайн комендантан йоIан бекъа, йихкинчуьра хеца а йелла, араиккхина, дIайахна, стенга йахна а ца хууш. Ислам и лаха вахана.

– И хIун ду ахь дуьйцург?! И бекъа ца карайахь, хIун хир ду хаьий хьуна?! Вайшиъ стенга гIур ву хаьий хьуна?! – маьхьарца Сергей Ивановича аьлча, Аманан корта охьабахара

– ХIун деш лаьтта хьо? Вало, бекъа лаха! – аьлла, Сергей Иванович аравелира Аманца цхьаьна.

Бокъан ларах дIаоьхура Ислам. Цунна хаьара, жимма а ша сиха ца лелахь, дарцо лараш дIа а йайина, шена и карор йоций. Берзалой а ма йара йуьрта йистехула тебаш.

Дикка некъ бира кIанта бокъан ларах, шийла мох дегIах чекхбуьйлуш. Бекъа иштта йайта йиш йацара. Кхуьнан чIогIа хьоме йара иза. Цу ойланашца дIавоьдучу Исламана бекъа терсаш хезира. Хьийзочу дарцехула гIеххьа дIавахча, тIенисвелира иза бокъанна. Кочара муш дечигах таса а белла, терсаш лаьттара бекъа. Ислам шена гича, хьесталуш санна, терсира иза.

– Сираниг, хьо хIунда йеддера? Хьуна арахь дарц дуй, шийла йуй а ца хаьара? Берзалой а ма йу кхузахула лелаш, – бохуш, Сирчуьнга къамел а деш, муш схьабостучу кIантана дехьо берзалой хаайелира. Бекъа а кхерам хаабелла, карзахйаьллера.

– Сираниг, йоха ма йохалахь! Вайшиъ хIинца ахь кIелхьара ца даккхахь, вайшинан гIуллакх дика дац хьуна, – аьлла, кхоссавелла бокъанна тIе а хиъна, цо и дIахаьхкира. Берзалой царна тIаьхьа йевдира. Кондаршкахула, кIоргачу лайлахула хала дара кхаьршинна дIадаха. АгIон тIехь берзалой йара, тIе а кхийсалуш, йевдда йогIуш. Шен аз ма долу мохь хьоькхура Ислама, уьш къахко гIерташ. Цо хьоькхучу маьхьаро берзалойн тIелатар гIеххьа йухадаькхира. Делахь шайн цхьацца хIуманаш леладора цара. Цхьаъ, говран цIоганах тасайелла, ша текхайойтуш йогIура, бекъа кIадйан, ткъа шолгIаниг даим а дуьхьал лелхаш, говран некъ хедош, йогIура. Шед йетташ, мохь хьоькхуш, дIакъехкайора кIанта берзалой. Халла хIорш аренна тIе бевлча, говрашкахь кхарна орцанна вогIу масийтта стаг тIекхиъна, кхин зен-зулам ца хуьлуш, берриш а цIа баьхкира. Ислам чу а кхайкхина, кхеран хьаькамо, хIара гIуллакх цхьаьнгге а хьаха ма дахьара аьлла, дийхира. Делкъал тIаьхьа, бекъа йадарх дерг цхьаммо тIедаьхьна, комендант схьавеара Оляца. Шен говр хьоьстуш, цунна шекаран бIелигаш даош Оля ма-гиннехь, хиира Исламана цхьаммо хаийтиний коменданте.

ЙоI хаза йара. И даго хьоьстура кIентан. Амма и хьехочохь дацара. Ойланаша кхуллучу бахьанашца йоI дIатоьттура кIанта. И оьрси йу, комендантан йоI йу, со, Iедало вина, халкъан мостагI ву.

– Де дика хуьлда хьан, Оля! – аьлла, шега Ислам вистхилча, и ларвеш Iийча санна, схьа а йоьрзуш, цо элира;

– Хьо ма хьевелира? Со кхузахь йуй ца хаьара хьуна? – аьлла, къежна хаьттира йоIа.

– Бехк ма биллалахь, Оля, суна хьо йеаний ца хаьара, – аьлла, жоп делира кIанта.

– Ца хаьара йа хаа ца лаьара?

Ислам воьхнера, ша хIун ала деза ца хууш.

– Ислам, хьо ма воьхна, айхьа хIун ала деза ца хаьа хьуна?

– Ца хаьа, – элира кIанта, бер санна цIий а луш.

– И-м хала хIума ма дац. Оля, со хьо ларъеш вара. Суна хьо чIогIа ган лаьара. Хьо, ца йогIуш, ма хьейеллера, ала деза-кх.

Шен бIаьрган Iуналлера цхьаммо и дIайаккхарна кхоьруш санна, йоIе хьаьжнначохь висира кIант. Цхьаммо мохь туьйхира Исламе, хьаькамо чукхойкху аьлла.

Сергей Иванович волчу Ислам чукхаьчча, чохь комендант вара.

– ТIаккха, тхан гIоьнча? Иштта аьлча, нийса хир дац. «Тхан доьзалан гIоьнча» аьлча, хир ду нийса. Муха ду хьан гIуллакх?

– Дика ду, – элира Ислама.

– Баркалла хьуна! Хьо дика ларош кIант ву. Цкъа сан йоI, хIинца цуьнан и бекъа кIелхьарайаькхи ахь. Хьо майра кIант ву!

– Ша къонах ву бохучу стага ден дериг ду ас динарг, кхин сов хIумма а дац.

Комендант цецвелира цуьнан къамелах.

– Вахидов, хьо ненан цхьаъ бен вац. Хьуна шаьшшиъ кхаба хала дуй хаьа суна. Ахь динчунна суна а лаьара, хьуна баркалла олуш, цхьа гIуллакх дан. Хьан нана фермехь бал-

хахь йу, моьтту суна. Цуьнан могашалла дика а йац, аьлла соьга. Ас бепиг доттучу заводан директоре аьлла, и балха схьаэца аьлла. Кхана Іуьйранна цига балха дІагІо ала цуьнга, жимма аьтто хир бу шуьшиннан!

– Баркалла хьуна! Доккха гІо ду ахь тхуна динарг. Хало дара тхойшинна.

Дикка цигахь а Іийна, Оляна, говрах а йаьлла, цІа йан ца лууш хье а делла, тІаккха шаьш цІа догІуш, йоІа элира шен дега:

– Дада, и Ислам воккхахволу говрашлелархо хІоттавайтахьа. Цкъа берзалоша йуьйчура йаьккхина цо со, хІинца Сираниг а кІелхьарйаьккхи цо!

Доккхачу лайлахула халла салаз тІекхош йоьду говр саца а йина, йоІе хьаьжна:

– Ахь хІун элира, Оля? – аьлла, цецваьлла, хаьттира дас.

– Аса-м, вокхахволу говрашлелархо хІоттавайтахьа Ислам, бохура.

– ЙоІ, ларлолахь! Уьш халкъан мостагІий бу хьуна. Шуьшинна цхьа уьйр йолалахь, ас дуьнен чуьра войур ву хьуна иза а, цуьнан нана а!

– Дада, цуьнан а, цуьнан ненан а хІун бехк бу, цхьа кховиъ стаг обарг валарх. Вайн къомах бац обаргаш, къуй, тІамах уьдурш?.. Дийнна дехьайуьйлу армеш мича хьо ахь? Мел полицайш бу?

Да, цец а ваьлла, дош а ца алалуш, виснера.

– ЙоІ, и хІун къамел ду ахь дийриг? Дика ду, вай хезаш цхьа а воцу. Дуьнен чуьра вай дойур ма ду, и хьан къамел хазахь?!

– Нах болчохь ас дуьйцур ду-м, ца моьтту хьуна? Со а ма йу сайн дош лардан хууш. И къам цхьана а хІуманна бехке доций-м, хаьа суна.

– И къамел хьан Іамийна хьуна? Вахидовс-м ца Іамийна хьуна и?

– Цо муха Іамадо, цунна-м вайн маттахь башха вистхила ма ца хаьа? Деша хууш, ойла йан хууш йац со?

– Оля, варийлахь, и къамел цхьанхьа ма делахь! Вай дерриг дуьнен чуьра дойур ду хьуна ишттачу къамело!

– Гой хьуна, вай дуьнен чуьра дойур ду боху ахь. Хьуна вайх къахета, вай дайа а ца лаьа. Уьш а бац, вай санна? Царах къа-м ма ца хета хьуна!

– Хьуна хIун хаьа, суна царах къахета йа ца хета а. Со цаьрца луьра а хила, низам а латтаде, царна таIзар а де аьлла, хIоттийна ву. Со офицер а, тIемало а ву.

– Дада, Дала хIун боху?

– ХIун боху?! – аьлла, цеце йоIе хьаьжна, говр сихйан чIоггIа архаш озийра дас.

– Дера, боху: хьайл гIийланиг ма хьийзаве, цунна ницкъ ма бе, мелла а цуьнан доладеш хила, цунна хIун оьшу хьажа. Инжило ма боху: «Хьайн дерг хьо мискачуьнца доькъуш хуьлийла». Со ца кхеташ дукха хIуманаш ду кху вайн пачхьалкхехь.

– ЙоI, хьо вай хIаллакдайта йоллу. Ас даггара доьху хьоьга: кхечанхьа ма дийцахьара ахь и хабарш.

– Дада, со Iовдал ма йац, кхечаьрга и дийца. Суна а ма хаьа хиндерг. Сайн хьомечу дега дуьйцуш ма ду ас уьш, – аьлла, хьастайелла, дена тIетевжира йоI. ЙоIа диначу къамелан ойла йеш, вогIура комендант. Цунна хаьара и бакъ йуй. Делахь а ишта къамелаш дан кхераме дара. Мелла а ларлуш хила везаш зама йара йеанарг.

Дукха хан йалале Ислам воккхахволу говрашлелорхо хIоттийна, нана бепиг дечу заводе балха а йахана, цаьршиннан дахар дикачу агIор хийцаделира. Ислам а, Оля а, вовшашна тIекхача лууш, даим вовшашна сахьийзаш, лелара. Ислам ган, бекъанах бахьана а дой, ферме йогIура Оля. Дехха Iара ишиъ, къамелаш деш, вовшашна дагара ца хоуьйтуш. Заманца боьзначу бехкамаша маршо ца лора царна дагара хаийта.

Кхеран йукъаметтигна кхин а чов йеш, Оля Москва деша йахара. Цул тIаьхьа гIеххьа хан йаьлча, маршо а йаьлла, нохчийн къам шен Даймахка цIа деара. Ислам, цIа даьхкинчул

тІаьхьа деша а дешна, колхозехь председатель вара. Балхаца доьзна, цхьана кІиранна Москва ваха дийзира цуьнан.

ЦІерпошт Москвана чукхочуш, коре а хІоьттина, гІийлачу ойланашца дІауьдучу цІеношка а хьоьжуш, Олин йуьхь-сибат дуьхьал а хІуьттуш, вогІура Ислам. Оля йицйелла, и дагара йаьлла хан йацара цуьнан. «Со гича, вевзар варий-те цунна? Суна а йевзар йарий-те иза? Доьзал а болуш, йехаш хир йу-кха иза. Ирсе йуй-те? Муха нисдели-те цуьнан дахар?» – бохуш, ойланехь хІара а волуш, новкъабохуш йолчо кхуьнга элира:

– Вай схьакхочуш ду, охьавосса кечам бе!

– Со кийча ву, – аьлла, цІерпошт сецча, охьа а воьссина, хьешан цІийне вахара Ислам.

Іуьйранна шен гІуллакхашна аравалале, чайнан стака мала лаха чувуссучу кхунна, дуьхьал хьалайогІург шена йевзаш санна хийтира. Ислам сецира. Хьалайоьдучун мачийн тата дацара хезаш. И хьалайоьдург а сецна аьлла, хийтира кхунна. Йухахьажа ца хІуттуш, лаьттара хІара. Иштта хІорш вовшашка ладоьгІна Іаш, мелла йаьллехь а, жимма хан йелира. ТІаккха кхунна тІехьа лаьттачо элира:

– Ма дукха вийхира ас хьо Деле!

Иза цахиларна а кхоьруш, меллаша вухахьаьжча, кхунна гира шена девза, ша даим гаре сатийсина, мела ладар хилла доьлхуш, шен къоналлера сийна бІаьргаш. Цуьнан беснеш йашийна, охьаоьхура хиш. Оля йистхуьлуш йацара. Дерриг а цуьнан бІаьргаша дуьйцура.

– Оля, хьо мичара йели кхуза, хьо хІун деш йу кхузахь? – бохуш, сихдина хеттарш дора Ислама, ша хІун ала деза ца хууш.

– Ислам, маршалла хоттуш, куьг мукъане лохьа соьга, – элира Оляс, аьрру куьйга бІаьрхиш дІа а дохуш.

Москвана гергахьа йолчу цхьана колхозехь агроном йолу Оля, Ислам санна, белхан хьокъехь йеана хиллера. Маре а ца йоьдуш, даим а шена тІаьхьа, ша дІайига Ислам варе сатуьйсуш, Іийна хиллера йоІ. Исламан дахар а да-

цара, цхьа шех хьоьгур волу дахар. ЙоI дуьнен чу йолуш, хIусамнана кхелхина кхуьнан. «Кхечу зудчух йоIана нана хир йац» – бохуш, кхин зуда а ца йалош, Iаш вара Ислам.

ХIинца дуккха хан йаьллачул тIаьхьа вовшахкхетта, вокзалехь шаьш дIасакъаьсташ: «Со хьо дIайига вогIур ву»,– аьлла, делла дош кхочушхиларе гIийла сатуьйсуш, Исламе хьежа йисир

## ДАССИЙНА ЛАЬМНАШ

– Во, дада, нана, Азман, Солтмурд! – бохуш, сихйина цIерш а йохуш, дIасауьдуш салтийн духарехь цхьа стаг а гина, бодашкахь, шаьш ца гуччу а бевлла, цу накъосто лелочуьнга а хьоьжуш, лаьттара, нохчийн къам махках доккхуш, Iедале лаца ца йелла жима обаргийн тоба.

– И мохь стенна бетта ахь, дуьхьал вистхуьлуш цхьа а ма вац хьуна? – аьлла, шега цхьаъ бодашкахь вистхилча, цец а ваьлла, дIахьаьжначохь висира Сурхо. Йуха, метта а веана:

– Хьо мила ву? Схьагучувалал цкъа! – элира Сурхос.

Гихь тоьпаш а йолуш, коьртахь кхакханан куйнаш, белшаш тIе кхоьллина вертанаш а долуш, боданера, герзах воьттина, сехьавелира масех стаг.

– Хьо нохчийн маттахь вист ца хиллехь, салтичун духарца хьо гича, оьрси ву моьттуш, оха вобра-кх хьо.

– Шу муьлш ду?

– Тхо Iедалх къайладевлла нах ду. Дерриг а нохчийн къам махках даькккхина. Цхьа а вац вайн махкахь. Ткъа хьо кхуза кхачарх кхеташ дац тхо. Халкъ махках даккхарх дерг хьуна цахаарх со цец-м ваьлла?!

ОьгIазвахара Сурхо. Цо бакъ ца дора цу накъосто дуьйцург. Цо аьллачо оьгIагIазвахийтинчу Сурхон и вен ойла хилира.

– Сталина цкъа а дийр дац ишттаниг! Дийнна къам махках муха доккху?! Ахь дуьйцург хIун ду?! Хьо Iедална дуьхьал стаг волчух тера ду, нехан чуьра ахьаран кхохкарш а идош, беданашкара эсий а лечкъош, къайлах-къулах уьш духкуш. Ас хIинцца хоуьйтур ду хьуна, хьо мила ву, – аьлла, Сурхо шега шого вистхилча, цу тобанан баьччано элира:

– Жима къонах, хьо галваьлла. Вайн къам Сибрех дIадигна. Баккхийнаш, заьIапнаш, цомгушнаш, тоьпаш а йетташ, бердах кхиссина, ткъа цхьаберш, божалш чу а бухкуш, дийна боллушехь багийна.

– Бакъ дац! Хьо Сталин бехван гIерташ ву! Хьоьга а, хьо санначаьрга а цо харцдерг, вониг а ца леладойту, къоланаш а ца дойту, цундела хьо и бехван гIерташ ву!

– Сталин бехван гIерташ ву боху ахь со?

– Боху! – аьлла, дехьо а ваьлла, оьгIазе, цхьана тIулга тIе охьахиира Сурхо. Йуххе а веана, кхин вист а ца хуьлуш, охьахиира важа а.

– Хьан цIе муха йу?

– Сан цIе Сурхо йу.

– Хьажал, Сурхо! Хьо сихо стаг волчух тера ду. Цкъа-делахь, сан воккхалин ларам ца би ахь. ШолгIа-делахь, харцдерг дуьйцург а, къу а ви ахь сох. Тховса-м вайна хIумма а гур дац, кхана ас ши меттиг гойтур йу хьуна. Цу ахь оццул гIо дохучу Сталина шен белхалошка дайтинарг ас гойтур ду хьуна. Корта охьа а бахийтина, ойлане ваьлла Сурхо меллаша цу стаге хьаьжира. Цунна эхь хийтира цунах. И воккха стаг вара, цуьнан мел лаххара а кхузткъе итт шо хир дара. Цунна хьалха йуьхьIаьржа хIоьттира Сурхо. Иза шен йуьхь цу воккхачу стагах лечкъош вара, ша-шех бехкаш а дохуш. Цо ша-шега: «Кхаа шарахь лайначу тIеман къизалло хийцина-те сан амал? Сталинан дуьхьа бохуш, массо а хIума цуьнан цIарца... Сталин вайн да ву бохуш... Сталин, Сталин, Сталин и Сталин даг чу, коьрташ чу а воьллина, тхо немцошна тIехоьхкуш лелорна, и Сталин, кхечу тIемалойн санна, сан коьртехь, иэсехь висна-те? Ас лелориг

хIун ду-те? Ма эхь ду, кху воккхачу стагаца ас ца лелийна гIиллакх!» бохуш, корта а оллийна хиъна Iаш волу Сурхо воккхачу стага меттахваькхира:

– Сурхо, вало тхоьца! Кхузахула лелаш НКВД-н белхалой бу. Цара, цхьа къестамаш а ца беш, адамна герз туху. Цара вуьйр ву хьо. Кхане Делехь йу, – аьлла, уьш цхьаьна цигара дIабахара.

Цара дикка некъ бира, наггахь жIаьлеш а хезаш, адамех йассайелла шайн-шайн йарташ ларйеш, леташ. Царах цхьадерш, кхарна тIе а догIий, хьасталора. Цара адамашка сатеснера. Цхьацканхьа Iоьхуш даьхни а хаалора, Iедалан белхалой тIе нисбалаза, йа акхаройн пхьор хилаза дисна. Царах мел къахетахь а, кхеран дан хIума дацара. Лаа-м лаьара кхарна, и даьхни цхьанхьа чу а дерзийна, церан доладан... Маьршачу дахаре сатийсар бен, кхин хIуманна а гуьнахь бацара хIорш.

Дикка некъ биначул тIаьхьа, хIорш шайн хIусаме кхечира – хьеха. Мох ца хьоькхуш, чохь дика йара хьех. Массо а тийна Iара, цхьа а самукъадала хIума доцуш. Кхарах жимачо дакъийна жижиг чохь сихха йай оьллира цIера тIе. Сурхон къамел хиллачу воккхачу стага элира, тийналла йохо санна:

– Иштта Iаш ду-кха тхо, Сурхо, – аьлла.

Сурхос хIумма а ца элира. Цо ойла йийриг, цуьнан коьртехь дерг шен да-нана, йиша-ваша а дара. Царах хIун хилла цахааро иза бIаьрзе винера. Цуьнан дагара шайна хууш санна, вукхара а хIара хье а ца вора. Жимма Iийна, йуха а тийналла йохош, Сурхос хаьттира:

– Уьш мулхачу агIор бигна-те?

– Цуьнах дерг ца хаьа тхуна. Схьадийцарехь, Сибрех бигна, иштта хабар дара лелаш.

– Хьан цIе муха йара? Сайх йаьллачу ледарлонна хьоьга хьан цIе хатта а эхь хеташ Iара со

– Сан цIе Ваха йу, – аьлла, вукхеран цIерш а йехира воккхачу стага.

– Суна къинтIеравалахьара хьо, Ваха! Йоккха ледарло йели сох. Ас гIиллакх ца лелий шуьца. Цкъа а дицлур дац суна иза.

– ХIумма а дац, Сурхо. КъинтIераваьлла со хьуна, тахана а ца девлла, вай маца девр дара вовшашна къинтIера? ХIоьттинчу хьоло вагийна, вахьийна вара хьо. Аддам а доцуш, йаьсса йурт, йаьсса ден хIусам... Со санна, Дела а волийла хьуна къинтIера!

Жимма Iийча, йуха а тийналла йохош, цу балхах дукха цецваьллачу Сурхос хаьттира:

– Ваха, Сталина муха дийр ду ишттаниг, вайн къоман кIентий, шайн синош а ца кхоош, цуьнан цIарца леташ ма бу, леш ма бу цу луьрачу тIамехь?! И тIом йеккъа цхьа жоьжахати йу, дийцарх стаг тешар а воцуш! – аьлла, цу воккхачу стаге хоттуш санна, цуьнга хьаьжира Сурхо.

– Сурхо, хьо и соьга хоьттуш велахь, сан хьуна дала жоп дац. Бакъду, со теш хилларг, сайна гинарг а ас кхана хьуна дIа-м гойтур ду. Цул тIаьхьа хьайн ойланаш луьттур-кха ахь.

Дукха хан йалале, хIума а кхаьллина, хIорш садаIа агIорбевлира. Сурхос сахиллалц набаран суй ца бира.

Iуьйранна, хIорш цхьана ломан басахула хьалабоьлхуш, садаржа доладелира. Геннахь, лаха чохь, цIеран кIур бара гуш. Сурхо дIахьежа вуьйлира.

– Сурхо, царна вай гуш дац. Уьш, тхо санна, дIабигаза биснарш хIаллакбеш лела Iедалан белхалой бу. И санна тобанаш дуккха а йу кху ламанца!

– Оьрсий бу уьш, Ваха?

– Дера, ца хаьа суна-м. НКВД-н белхалой олу-кх царах. Бакъду, шайна гиначух къинхетам бина-м бац уьш...

Дукха хан йалале кхарна гира къизаллин, акхараллин а лараш. Вахас цхьана лекхачу бердан йисте схьабалийра хIорш. Лахахьа чохь, тIекIел а кхиссина декъий дара. Декъий аьлча а, адамех йисна хIуманаш: тIелхигдевлла духарш, даьIахкаш... Сурхо, го тесна чу а воьссина, царна

тIевахара. ТIамтIехь хиллачу цунна дика девзара герзаш. Цхьаберш, коьртах герз а тухуш, байинера. Ккунна тIаьххье чубиссира вуьйш а.

– Со дIогарчу ломахь вара. Цкъа а ца деанчу тайпана даккхий чимаш а долуш, ло дара догIуш. Вай чухьежначу бердан йисте дIа а хIиттийна, тIе герзаш тоьхна байъира, мийраш а Iуьттуш, чукерчабора цара хIорш, – элира Вахас.

– Гуш ду, иштта хилла хилар. ДIо шинна коьртах кхетта дIаьндарг йу.

– Сурхо, вало, сан кхин а цхьа меттиг йу хьуна гайта йезаш. Цига бан безарг беха некъ бу. Сарале дIакхочур дац-те вай?!

Малх чубузуш бара, кхеран тоба ша йоьдучу дIакхаьчча. Сурхона схьагинарг инзаре ирча сурт дара: даьгначу адамийн даьIахкаш, йаганза йисна дечигаш а...

Йаганза йисначу беран туьтанна тIе пIелг а хьажош, Вахас элира:

– НКВД-н белхалой аьлча а, цу боьхачу жIаьлеша дина хIара.

Воьхнера Сурхо. Вегавора иза. Бос бацара цунна тIехь. Когаш тIехь латта де а ца хилла, охьавахара иза. Ккано, ша меттавеъча, цо хаьттира:

– Ваха, хIара хIун ду? ХIорш хIун даьIахкаш йу?

– Дера йу, сан кIант, вайн къам дохочу дийнахь, цу божал чу а боьхкина, цIергахь багийначу нехан даьIахкаш!

– Схьавоьл ккуза, Сурхо, хIорш хIун даьIахкаш йу, хаьий хьуна? – аьлла, дехьо шена тIекхайкхира Вахас Сурхо

– Дера ца хаьа суна-м...

– ХIорш дера йу, цу жоьжагIати чуьра, мухха делахь а, и неIарш йеллаелла цаьрга, богуш а болуш, аралилхинчийн даьIахкаш..., – аьлла, вилхина дIавахара Ваха.

Богучу кийрано Iадийна, Сурхо экханах тарвеллера. Цуьнан бIаьргех охьаоьхура мела хиш. Меллаша ши куьг ирх а дахийтина, мохь тухуш: «Йа АллахI, гечделахь тхан дайшна, наношна, йижаршна, вежаршна. Хьайн гIийлачу

кху леш тIехь кхара латтийна къизалла бекхамза ма йиталахь. Йа АллахI, Хьайн нийсонан кхелаца бекхам белахь. Цхьана дийне хьежош хир ду-кха Ахь таханлера де», – аьлла, цо хьаькхначу маьхьаран аз, даьссачу лаьмнашкахула дIадахара. Сурхон мохь-цIогIа хезна, мелла а сихбелла, хIорш болчухьа хьалагIоьртира, кхарна Iуьйранна цIеран кIур гина НКВД-н тоба. Хьаькамо омра дира:

– Сихлолаш! И адаман мохь бердехьара, йа Хьайбахара схьахезаш схьабара, – аьлла, и НКВД-н тоба ВахагIеран лар лаха йуьйлира.

– Ваха, хIара даьIахкаш, схьа а гулйай, лаьттах йохка вай, – элира Сурхос.

– Сурхо, тхо и далур доцуш, йа и дан ца лууш а ца Iийна, ткъа тхо саннарш хIаллакбеш лелачу и НКВД-н белхалоша и дан ца дуьтуш Iийна. Вай сихха кхузара дIа ца довлахь, Делан мостагIийн и тоба вайн лорах кхуза схьа-м кхочур йу, – Вахас оллушехь, хIуьн чуьра схьа герз тоьхна, байира хIорш. Веккъа цхьа Сурхо вара, куьг меттахдаккха ницкъ а боцуш, чов йина, Iуьллуш. Хьуьн чуьра ара а бевлла, кхарна тIе баьхкира салтий.

– Накъост капитан, кхарах цхьаъ-м салтийн духарехь ма ву! ХIара кхаьрца хилла-те? – аьлла, капитане хаийтира салтичо. Царна хаа лиира, Сурхо мила ву.

Накха буьззина мидалш, орденаш а ма йу кхуьнан! ХIара кхуза муха нисвелла-те? – бохуш, цецбуьйлура салтий. Царна хIара нохчо хир ву бохург дагахь а дацара. Цкъа-делахь, нохчий махках баьхнера. ШолгIа-делахь, Сурхо чIогIа оьрсех тера а вара, цундела «Нохчийн Иван» олура кхунах оьрсаша. Кхуза схьавогIуш, оьрсех тера хиларна, башха новкъорло а ца хуьлуш, схьакхаьчнера Сурхо.

– Хьовсал цуьнан кисанаш чу. Кехаташ хила деза цуьнгахь, – элира капитана. Салташа кисанаш кегийра. Кисанашкахь хIумма ца карийча, гира бугIул схьа а баьстина, Iункар берзийра. Цу чуьра йуучух цхьацца хIума, цхьа жима тIоьрмиг а охьабуьйжира. И тIоьрмиг салти-

чо дІабелира капитане. Цу чохь цунна Сурхон кехаташ карийра.

– ХІара-м нохчи ма ву! – аьлла, вала сауьйзуш волу Сурхо, тапча а тоьхна, вийра цо, ткъа цуьнан кехаташ, этІа а дина, дІакхиссира. Шегахь йоцчу адамаллех шен накъостий цец а бохуш, тапча хумпІар чу а йиллина, хІумма шек а воцуш, дІаволавелира иза, боьхна лаьттачохь салтий а битина. ТІаккха, йуха а вирзина, омра дира:

– Вукха акхарошна тІаьххье бердах кхосса иза а! – аьлла.

– Накъост капитан, вайн салти ма ву хІара, накха буьззина мидалш, орденаш а йолуш! ДІаволла пурба лохьа тхуна, – элира, салтех цхьаммо.

– Ас шайга дина омра кхочушде! Бердах кхосса и! – аьлла, салташна тІе мохь хьаькхира капитана. Салташа цуьнан омра кхочушдира.

Отпускера йуха ца веача, тІамах веддарг лерира Сурхо тІеман куьйгалло. Цуьнан йиша-ваша, и тІепаза вайна бохуш, Іийра. Даймехкан йамартхой аьлла, тиллина боьха цІе тІера дІа а йоккхуш, нохчашна шайн Даймахка цІа бахка бакъо йелира. Сурхо вийначул тІаьхьа 15 шо даьлча, шен уьстагІий лоьхучу цхьана воккхачу стагана карийра Сурхон дакъа, дакъа аьлча, цуьнан даьІахкаш, цуьнца цхьаьна накъостийн даьІахкаш а. Вукхеранаш, уьш, муьлш бу цахаарна, цхьана коша боьхкира. Сурхон тІелхигйаьллачу кучан цуьргашлахь патармийн чкъуьйриг карийра, чохь тІе йазйина кхуьнан фамили, цІе а йолуш. И чкъоьргаш, массеран а кисанашкахь хуьлура, вийча, мила ву хаийта. Сурхос, кисанара йожарна кхоьруш, чухула тІетегна хиллера чкъуьйриг. Цуьнах билгало а хилла, иза, шенна барз а беш, дІавоьллира.

## III. Зерех чекхдовлар

### ЖИМА-ВОККХА ЦА ХОЬРЖУ ІОЖАЛЛО

ТІедетта герзаш бахьанехь бийша ца баьхьаш, сахиллалц йуххерчу пхи гІат йолчу цІийнан ларми чохь а Іийна, хІинцца чу а баьхкина, набъозийначу Асламбекан доьзална йуххе тоьхначу бомбано тІебаийтира кхеран цІийнан цхьа пен, тхевнан агІо а. Ченан кІур хІоттарна, чохь гуш хІумма а дацара. Асламбека, ша меттавеъча, мохь туьйхира:

– Дийна вуй цхьа а?! – аьлла. Амма жоп луш стаг вацара. Йуха шен хІусамнене кхайкхира иза:

– Зуда, хьо дийна йуй?!

Дехьа чохь цунна гІийла узар хезира.

– Кху бухахь-м цхьаъ ву, – аьлла, кибарчигаш дІасакхуьйсучу цунна шен хІусамнана карийра.

– Зуда, хьо муха йу, меженаш дийна йуй хьан?

– Йу. Вайн бераш мичахь ду?

– Ца хаьа. Лохур ду-кх вай уьш, – аьлла, схьавоьрзуш, йисина оганан ах а чукхийтира, Асламбек дІаэккха а кхуьуш. Кхеран ирсанна, кхин бомбанаш ца йетташ, жимахволу кІант Анзоррий, йоІ Маликий тховх тІеэгначу хІуманашна бухара схьадаьккхира. Ишиъ дехьа чохь дижина хиларна, чІогІа лаза ца динера, аьрташха бен. Дийна а дара, дІадахалур долуш а дара. Воккхахволу кІант Наиб ца каравора, мел лехарх.

Йуха а бомбанаш, йаккхий тоьпаш а йетта йолийра. Оцу гІовгІанехь, ченан кІуьрлахь, кІант лоьхура дас-нанас. КІант цхьанхьа а карош вацара. Вониг коьрте ца дуьтуш, дог ца дуьллуш, лоьхура кхара. Йуххехьа кхеттачу бомбано Асламбек дІакхоьссира. Ша меттавеъча, гонаха хьийзаш хІусамнана а, доьлхуш ши бер а гира цунна.

– Зуда, вай хIаллакьхир ду, кхузара дIа ца гIахь. Ма Iелахь, вай дIадаха деза!

– Муха дIадаха? Ткъа Наиб?

– Зуда, Наиб карош вац, цунах дог дилла! Кхин кхузахь хьелахь, дерриг а хIаллакьхир ду вай!

– Со цхьана а метте ца йогIу, Наиб а витина! Шина бераца дIагIо хьо, – аьлла, кIанте а кхойкхуш, шайн дохийначу цIеношна тIехьаьдира Хеда. ТIаьхьа а ведда, сацийра иза Асламбека.

– Зуда, хьаштдоцург ду ахь лелориг! Хьо вай дерриг хIаллакдайта гIерта?! Нагахь дийна висахь, цхьана ларми чу нислур ву, кхин а шортта нах бу гIалахь, – бохуш, зуда кхето гIерташ хIара воллуш, кхин а цхьана бомбано дехьо лаьтташ долу цIа а дохийра.

– Гуш дуй хьуна хIара къематде? Дисина ши бер а хIаллакьхир ду, кхаьршиннан дуьхьа дIадаха деза. Жимма Iийча, тIом лах а белла, некъ маьршабаьлча, кIант лаха со вухавогIур ву,– аьлла, бехк боккхуш санна, цIийнда чорда вистхилча, йелха а йоьлхуш, шен кIанте а кхойкхуш, хIусамдена тIаьхьа дIайолаелира Хеда.

Меттавеъча, Наибна уггар хьалха хезнарг лелхачу бомбанийн а, йаккхийчу тоьпийн а, гIовгIанаш йара.

– Со мичахь ву-те? – аьлла, дIасахьаьжира кIант. Чоь Iаьржа йара. Хьалахьаьжча, стигалахь седарчий гина, кхийтира кIант:

– Со-м ор чохь ма ву. Муха нисвелла-те кху чу? – аьлла, ойлане велира. Бомбанаш йеттачу хенахь уьйтIахь ша лаьтташ хилар дагадеара.

– Иккхинчу бомбанан тулгIено кхоьссина хир ву со кху чу. Дала Iалашвина-кх, кхин чIогIа со лаза ца войтуш, – аьлла, ор чуьра атта хьалавелира Наиб. И ор цунна дика девзаш дара. Даим, шен накъосташца ловзучу хенахь, цу чу дIалечкъара иза. Цкъа мацах гIишлошъйархоша даьккхина хилла и ор, чу къух а даьлла дара.

Хьала а ваьлла, дега а, нене а кхойкхуш, дIасауьдура кIант. Амма дуьхьал хезаш жоп дацара. Шайн дохийначу цIеношна хьалха охьа а хиъна, воьлхуш Iара Наиб. Гуш аддам а дацара. Кхойтта шо бен доцчу кIантана дерриге а дуьнено ша дIатесна моьттура. Iаьржа буьйса, йохийна гIишлош, детта герзаш, ца карадо да-нана – и дерриг а лан хала дара жимачу дагна. «Ванах, со вита а витна, дIабахна-те уьш, со лаха а ца лохуш? ХIан-хIа, иштта хуьлийла дац, уьш цхьана хIуманна дIабахна», – бохуш, ойланаш йеш хIара а волуш:

– Что, волчара, потерялся? – аьлла, цхьаммо, мийра тоьхна, дIакарчийра Наиб. ЧIогIа лазийра кIант, делахь а ша лазийний ца хоуьйтуш, шен когаш тIе хIоьттира Наиб.

– Стенна реза вац хьо, бIаьргаш тIе а боьгIна, ма чIогIа хьоьжу хьо? – аьлла, шен карара герз а дулуш, тIеволавелира салти.

– Шуна хIун оьшу соьгара? – аьлла, ша лазийний, кхеравеллий а ца хоуьйтуш, лаьттара кIант.

– Хьажахьа, Серый, хIара берзан кIеза-м шек ма дац, – аьлла, тIевеана, автоматан йуьхьиг Iоьттира салтичо.

– Шу муьлш ду, аш соьга хIун де боху? – хаьттира Наиба, жимма вуха а хуьлуш.

– Тхо Россин тIемалой ду-кха. Ахь са хIунда доьIу? Хьо дуьнен тIе хIунда ваьлла? Шу дан а хIунда ду кху дуьненахь? – боху-кх.

– Тхо, шу санна, Дала кхоьллина ду! Дех-ненах къастар, тIамо шаьш гатдар, дойу адамаш, оту мохк, – оцу дерригено а гулйина оьгIазло йара кIанта цу салташна шен дешнашкахь тIейассийнарг.

БIаьргаш а къарзийна, ладоьгIуш лаьттара салтий. Цу беро иштта шайга дуьйцучу къамелах цецбевллера уьш. Ткъа и къамел, хьекъал, иштта вистхила а кIантана Iамийнарг тIом бара, лайна халонаш йара, тIамо вер а, висар бендацар дара. Цу хьоле даьллера кIентан жима са.

Герз делира, тийналла йохош. Хедира жима дахар... Моьттур-кха хаьдда... ХIун дара иза? Иза дуьненан къизал-

ла йара, доккха а, жима а са цакъастор дара, къацахетар, ловзориг дуьненан даьхни хилар дара, вовшашна цхьана наха йукъатесна цабезам, питана дара...

– Дуьло, дIадоьлху вай! – аьлла, жима кIант вожа а вина, дIабахара салтий.

«Наиб, хьалагIаттахьа, ма Iехьа шийлачу лаьттахь вижина, мегар ма вац хьо!» – аьлла, шен ненан аз деара кIентан лере.

Наиб меттавеъча, малх лаккха хьалабаьллера. Ши бIаьрг схьабиллира цо. Багахь кхагаран хьожа йара. Дакъаделла балдаш тIеттIа летара. Хьогаллина богура кийра. Меллаша Соьлжа долчухьа текхира иза. Ша хи тIе кхаьчча, цунна моьттура, ша сарралц текхна цига. ДегIера ницкъ эшарна, бIагор а хьийзаш, Iаббалц хи мелира цо. Ша хих Iаьбча, гира цунна Соьлжан йистошца Iохку адамийн декъий...

Шен гIодайуккъера доьхка схьа а даьккхина, лазийна пхьаьрс хьала а озийна, коча тесира кIанта. Лазарш жимма лагIделира. Белшах чекхъиккхинчу дIаьндарго йинчу чевнах охьаоьхучу цIийх йуьзнера коч.«Лор ца каравахь, сан гIуллакх дика хир дуй-те?» – бохуш, ойланашкахь хIара а волуш, дехьа берда тIера кхунна тIе герзаш детта долийра. Цигара халла кIелхьараваьлла, цхьана ларми чу иккхира Наиб. Кхин цу чуьра аравала аьтто боцуш, суьйре а хуьлуш йара. Мацалло а, хьогалло а хьийзавора, чов а лозура. КIант чохь волчу лармина дуьхьал лаьттара йохийна БТР. «Иза йаьгна йац, йохийна йу. Цу чохь сан чов йехка а, кхалла а хIума хир йац-те?», – аьлла, БТР йолчухьа текхира кIант. Халла цу чувелира иза. Патармаш, гранаташ, салтийн йисина сал-пал а йара цу чохь. ТIехь цIен жIар йолчу гIутакхахь цхьацца молханаш карийра. Кхин тIоьрмиг а карийра, чохь йуург йолуш. Молханаш цу чу а дерзийна, шена кIелтаса цхьа тужурка а эцна, цу чуьра аратекхна, шен ларми чу схьавеара кIант. Молханийн цIераш йоьшуш, уьш стенна пайден ду хьоьжуш, воллура кIант. Схьакъастийра «Левомеколь» мазь а, чов цIанъян «Перекись водорода»

а. Шен чов цIан а йина, тIе мазь а йуьллуш, дIайихкира. ТIаккха, жимма хIума а кхаьллина, набарна дIатевжира кIант. Чов, хIинцалц санна, сагатдеш йацара. Цкъа а ца йича санна, хаза набъеш волу Наиб, арахь йевллачу гIовгIа-наша самаваькккхира. Меллаша арахьаьжира кIант. Беттан серлонгахь шена герз тоьхнарг вевзира кIантана. Месаш а лоьцуш, Iункар йетташ, цхьацца хеттарш а деш, йалош цхьа зуда йара цо. «Маса стаг вийна ахь? Хьо иччархо йуй, тхуна хаьа. Топ мичахь йу хьан?» – бохуш, йух-йуха хоьттура цо зудчуьнга. Коьртехь ойла хьаьвзира: хIуъа дина а, и зуда кIелхьарайаккха йеза ас, – аьлла. Шен дегIан хьоле ладуьйгIира кIанта. Чов, хьалха санна, ов детташ йацара. Ара а ваьлла, лечкъаш, салташна йуххехьа а вахана, шена карайеана жимо кибарчиган ах, дикка хьажош, ластийна, шена герз тоьхначунна коьртах туьйхира цо. Узарш а деш, охьалахвелира салти. Уьш шена тIаьхьабовлийта, гIовгIа а йоккхуш, дIахьаьдира Наиб. Герзаш а детташ, кхунна тIаьхьабевдира салтий. Амма, генабовлале, севцира. Царех цхьаммо олуш хезира: «Вай цхьана тешнабехкана дуьгуш хила тарло, духадерза!». Наиб, цIенна го а тесна, ша хиллачу вухавеара. Кхерайелла, йегош, цхьана цIийнан соне а таьIна, Iаш карийра цунна цара хьийзийна зуда.

– Суна тIаьххье схьайола! – аьлла, и зуда а йалош, сихха шен ларми чу схьавеара Наиб.

– ДIамала, – аьлла, хи дIакховдийра кIанта. Хи гича, цецъйаьлла, кхин хаттарш ца деш, хи дерриге дIа а мелла, дехха са а даькккхина:

– Кхо де дара-кха ас хи маланза, и мичара даьлла хьуна?

– Соьлжа ду иза.

– И ма цIена ду? Соьлжа боьха ма ду...

– Ас хьаийтинера иза.

– ЦIе муха йу хьан, хьо муха нисвелла кхуза?

– Сан цIе Наиб йу, –аьлла, ша лайнарг, дех-ненах хадар, цу салташа ша хьийзор – дерриге а дийцира цо зудчунна. Наиба шен дог пергIатдаккха дуьйций хаьара зудчунна. И

зуда цецъйуьйлура, воккхачо санна, хIор а дош луьттуш, узуш, хьекъалечу кIанта дечу къамелах. Шен къамел дерзийра кIанта: «Iожалло хоьржуш ца хиллера хан. Воккха а, жима а бен вац цунна. Мосуьйттазза лечуьра ваьлла со. Сайна Дала тоьхна хан чекхъйалаза хиларна, висина хир ву».

– Белшана хIун хилла хьан?

– И хьо хьийзийначара герз тоьхна. Велла ву моьттуш, витира цара со, – аьлла, ойлане вахара Наиб

КIанта динчу къамело, ненан санна, дог а Iовжийна, оьху бIаьрхиш дIа а даьхна, зудчо хаьттира:

– Хьуна хIун хилла, Наиб, хьо ма дIатий?

– Сайн дех-ненах, йиша-вешех хилларг ца хаьа суна, белла уьш йа дийна бу а хаац...

– Шек ма вала хьо, Наиб, нагахь со дийна йисахь, хьан нах каро хьожур йу со, уьш ца карабахь (Дала мукъалахь, уьш-м карор бу), со нана хир йу хьуна.

– Деца, цара хIун де бохура хьоьга?

– Дера, хаац суна-м. Тхо чохь долчу лармина хьалхара цIа жимма дийна дара. Цу чохь хи карор дацар-те аьлла, лечкъаш, цу цIа чу йоьдуш, лецира-кха цара со. Иччархо йу бохуш, хьийзий-кх цара со!

– Деца, цIе хIун йу хьан?

– Сан цIе Умисат йу. Со генахь Iаш йац. Вайшиъ тхо дехачу даха деза.

– Цигахь нах буй?

– Дера бу. Йовха йуург а хир йу. Кху чохь вайшиъ хIаллакьхир ду, цхьа а накъост воцуш. Адам алссам хилча, и наемникаш гIеххьа озало, башха даккхий зенаш ца до цара. Вайшинна уьш йуха тIенислахь, цара вайшиъ дуьйр ду.

– Дика ду, цига доьду вайшиъ, даим кхузахула дIасалелаш бу уьш, хIара некъ ларбечух тера ду цара, – аьлла, шайн сал-пал тIоьрмиг чу а йерзийна, ара а даьлла, хIара шиъ генадалале:

– Совца, оха герзаш туху шуна! – аьлла, оьрсийн маттахь цхьаммо буьйр дира.

– Вайшиъ лардеш, левчкъина Іаш хилла-кх уьш, дІавадалахь, Наиб, – аьлла, хІара шиъ дІадедира. Амма, генадалале, ший а дожийра. Цхьаъ герз кхетта, важа – таса а велла, охьакхетча, тІех чІогІа лазорна, кхетамчуьра а волуш.

Йуьхь тІе Іеночу шийлачу хино меттавалийна, дІасахьаьжира Наиб. Бийла а буьйлуш, тІехІиттина лаьттара, коьртахь йовлакхаш а долу салтий. Кхунна герз тоьхначо, Наиб вевзина, элира:

– ХІара-м вайн берзан кІеза ма ду!

Вукхарна а вевзира кІант.

– Хьо дийна ву? Велла моьттуш, ма витира оха хьо.

– Хьуна ца го со?

– ЦІе хІун йу хьан?

– Ахь хІун до сан цІарах? Наиб йу-кх сан цІе!

– О, Шемалан хенахь хилла наибаш санна, бандитийн Наиб-м вац хьо?

– Бандиташ шу ду, тхо дац!

– Ма ловзавел иза, вей, дІаваккха, – аьлла, герз тоха дагахь, цхьаъ сехьавелира.

– ХІан-хІа, хІара герз тоьхча а леш вац, вай хІара, вехка а вихкина, Соьлжи чу кхуссур ву, – аьлла, барт а хилла, бага хІума а йоьллина, куьйгаш а, когаш а дихкина, хи чу кхоьссира цара Наиб.

Соьлжано, кхунна орцахдаьлча санна, дІавадийра кІант. Лахохьа, гомха долчохь, гІайри тІе а кхуссуш. Ша волчуьра меттахвала ца ваьхьаш, тохара санна цара ша ларвеш хилахь а бохуш, шеллушехь, дикка Іиллира Наиб. Хиэ гІайри тІе кхоьссинчу цхьана дечигах а тосуш, багара хІума дІайаькхича, садаІар аттачу делира. Когаш дІабихкина чуха, цхьана ирачу тІулга тІе а хьоькхуш, хадийра. ТІаккха дукха хала, ша гур воццчу, Соьлжин бердан йисте а вахана, охьа а хиъна, куьйгаш даста хІоьттира, амма тІехьа а дерзийна дихкина куьйгаш даста ца лора. Шеддаш чІогІа динера. Чов хилла пхьарс бара лозуш. Цхьаммо, хІара хаавелла, дехьа берда тІера герз туьйхира. Цигахь салтийн туп йол-

чух тера дара. ДІаьндаргаш йуххе йетталора ведда воьдучу кІантана. Кхин зен ца хуьлуш, къайла а ваьлла, ша мичахь ву-те аьлла, дІасахьаьжира иза. Умисат йийначу меттигна ша гена цахиларх кхийтира. ТІаккха, дагадеана, ша лечкъина Іийначу ларми чу вахара. Цу чохь дохийначу шишанийн ангалеш дара. Царех хьоькхуш, чуха а хадийна, паргІатвелира кІант. Цул тІаьхьа, жимма хІума а кхаьллина, чов дІа а йихкина, дІа а тевжина, садоІуш Іаш, дагадеара кІантана: «Умисат цигахь йисахь, жІаьлеша дІасаийзор йу. Дера йеза ас иза, тІе хІумнаш а тесна, къайлайаккха», – аьлла. ЦІенош дохийначу метте Умисатан дакъа дІа а такхийна, цунна тІе кибарчигаш, кхин цхьацца хІуманаш а тесна, и къайла а йаькхина, хІара садоІуш волуш, кхунна салтийн къамел хезира.

– Сан Дела, йуха а церан каравоьдуш ма воллу со-м! – аьлла, хьалаиккхина, дІаведира Наиб.

– Какой живучий, – олуш, кхунна тІаьхьа герзаш туьйхира салташа.

Царех цхьаммо элира:

– Вита, вай шозза вийча а, денвелла иза, – аьлла, тІаьхьаведдарг вухавирзира.

Зуламхошкара ваьллачул тІаьхьа, ларми чу а веана, шен сал-пал схьа а эцна, маьІ-маІехула лечкъаш, гІалин чуьра ара а ваьлла, хьуьн чу нисвелла, тила а велла, цу чуьра аравала ца хууш, дийнахь-бусий лийлира Наиб. Геннахь машенийн гІовгІа а хезна, цу агІор дІахьаьдира кІант. Сихвелла воьду Наиб хьуьн чуьра араиккхина, йуха хьуьн чу йухаведира. Боккхачу новкъахь дІасалеларш салтийн машенаш йара. Дикка Іийра кІант, уьш чекх а йевлла, нохчех цхьа а гучу ца волу-те бохуш. Амма салтий боцурш, кхин машенахь дІасавоьдуш стаг а ца хилла, уьш лагІбелча, шен ма-хуьллу ведда, некъал дехьавелира Наиб. Йуха а хьуьн чохь къайлавелира иза.

«Ма доккха хІума ду вайна тІехІоьттинарг! ХІаллакдеш адам, Іалам ду. Шух дог лозуш йа кхоам хеташ, цхьа а ваг!»

– ойланаш а йеш, ведда-хьаьдда леллачу кIантана сихха наб кхийтира, чов хиллачу пхьаьрсо сагатдахь а.

Наибах хилларг а ца хууш, кхин тIамах бевддарш санна, Асламбекан доьзал а ГIалгIайчохь мухIажарийн туьпа нисбелира. Даим а кIантана йоьлхура Хеда. Иза ган а, цуьнан гIайгIа-сингаттам лан а хала долчу Асламбека цхьана Iуьйранна элира:

– Хезий хьуна, со Наибах хIун хилла ца хиъча, кхин Iалур вац. Цхьадолчу деношкахь гIали чу вохуьйту бохуш, хезна суна. Со тахана гIала воьду!

– Стаг, ма луьра зама йу-кха хIара. Хьуна цхьаъ хилахь, оха хIун дийр ду? Ма гIохьа гIала!

– ХIан-хIа, зуда, и ма дийца! – аьлла, дукха халонаш а хьоьгуш, гIала а кхаьчна, Наибан цхьа а лар ца карийна, массо а меттехь салтий, церан тIеман гIирсаш, наггахь бен дIасадолуш адам а ца гина, йохийна, хIаллакйиначу гIалано кхин а дог лазийна, вухавеара Асламбек.

Диттийн гIашна йуккъехула чекхйевллачу маьлхан зIаьнарша йуьхь йохйина, наб а тоьъна, самаваьллачу Наибана шен тIоьрмиг этIийна, йуург бехйина, молханаш Iенийна карийра. Хетарехь, хьуьнан дайша шайн болх бинчух тера дара. Кхин дан хIума дацара, сихха адамаш долчу ца кхаьчча. Ша стенга воьду а ца хууш, дIаволавелира Наиб.

Некъ хала бора цо. ДегIера гIора дIадолуш дара. Лозучу пхьаьрсо дагар хьаладаькхинера. ХIун дан деза ца хууш, вон ойланаш хьийзара кIентан коьрте. ЦIеххьана бIагор а беана, кхетамах а волуш, охьавуьйжира иза. Ша меттавеъча, гIушлакхе баьлла малх гира цунна.

– Сан Дела, хIара малх хьалхо чубузуш ма бара, ткъа хIинца схьакхетта, делкъехьа теIаш ма бу, со галваьлла-те, йа буьйса йу-те? – бохуш, ойланаш йеш хIара а волуш, дехьо деш къамелаш хезира кIантана. Леррина ладуьйгIира цо. Нохчийн меттан цхьацца дешнаш къаьстира цунна.

– ХIей нах! – аьлла, мохь туьйхира, амма цхьа а дуьхьал вист ца хилира. Йуха а мохь туьйхира, амма цхьа а вист

ца хилира. Кхунна ша мохь чIогIа туху моьттура, амма гIелвеллачу кхунна чуьра башха аз а ца долура. ХьалагIаьттина, шена хабарш хезначу агIор дIаваха гIоьртина кIант, корта а хьаьвзина, охьавуьйжира.

ГIан-набаршкахь санна, шена тохара хезна къамел йуха а хезира кIантана. Ши бIаьрг белла а дегIехь ницкъ боцу кIентан коьртехь ойла хьаьвзира:

«Уьш муьлш белахь а, уьш болчухьа такхалой хьажа веза со», – аьлла, дIатакха гIоьртина кIант, цхьаммо сацийра:

– ХIей, зIам саг, Iовижал! – аьлла.

Цец а ваьлла, ши бIаьрг схьабиллича, Наибана ша кIайчу меттахь, цIена, йовхачу чохь вуйла хиира.

– Со мичахь ву?

– Хьо хьайн вежарий болчохь ву, – элира чохь болчарех воккхачо. Наибана ша ГIалгIайн-махка кхаьчний хиира.

– Со муха кхаьчна шуьга?

Цу стага а дийцира, шаьш дечиг даккха дахарх, дагахь а доцуш, шаьш цунна тIенисдаларх а. Наиба а дийцира ша гIалахь лайнарг, тIамах ведда ша хьуьн чу нисвалар а.

Йуьртарчу лоьро тIе а оьхуш, цо дарбанш а деш, Наиба бутт хан йаьккхира шен хьеший болчохь. Шен кIентан санна дола а деш, кхебира Мусас Наиб. Иштта йара доладечун цIе.

Цхьана Iуьйранна Наиба Мусага шена да-нана лаха лаар хаийтира.

– Дера, Наиб, хьешан лаам беза ма бу. ХIинца хьо гIолехь а ву, вай хьан нах лохур бу. Назранехь мухIажарийн туп йу, цига гIур ду вай, уьш цигахь хила мега.

ХIорш Назране кхаьчча, базара бахана МусагIар дикка хьебелира. КIентан са схьаоьккхуш лаьттара, сихха шен да-нана каро лууш. «Нагахь уьш цигахь ца хилахь, ас хIун дан деза, со мича гIур ву? МусагIара вита-м вуьтур вац со дIатесна, уьш цигахь ца хилахь а... Иштта а баттахь кхаба а кхаьбна, лечуьра а ваьккхина, йуха а церан коча хиьна Iер товш а ма дац, делахь а дан хIума дац», – бохуш, ой-

ланаш хIара а волуш, кхунна тIе а йогIайелла, карахь сурсатех дуьззина тIоьрмигаш а долуш, базаран кевнехь лаьтташ шен нана гира кIантана. Йоццачу хенахь, вовшашка а хьаьжна, дисира ишиъ.

– Нана, – аьлла, Наиб тIеводушшехь, Хеда, вон а хилла, охьайуьйжира. Нах а тIегулбелира, нана метта ца йогIуш, воьхнера кIант. Цхьаммо сихха деана хи малийча, ши бIаьрг схьабиллира Хедас.

– Наиб, сан кIант, хьо дийна хилла-кх!.. Хьан да хьо лаха ма веара, хьох хIумма а ца хиъна, вухавеар-кха.

– Нана, со дийна ву! Дада мичахь ву? Анзор, Малика? – бохуш, нана жоьпаш дала а ца кхуьуьйтуш, хаттарш дора Наиба, халла кхетамчу йан гIертачу нене.

– Анзоррий, Маликий мухIажарийн туьпахь ду, жимма шелвелла, цамогуш хилла, больницехь ву да.

Ма-дарра дена хилларг нанас лачкъийра кIантах.

Метта а йеана, охьахаа ницкъ боцуш Хеда а йолуш, сурсатех, кхин цхьацца совгIатех дуьззина тIоьрмигаш карахь, схьакхечира МусагIар. Массара гIо а деш, хьала а гIаттийна, машенна чу хаийра Хеда. Наиба бовзийтира шен доладинарш. Уьш цхьаьний ХедагIар дIатарбеллачу мухIажарийн туьпа бахара. Четарш чохь Iаш бара уьш. ДIаса а хьаьвзина, хьешех бехк лаьцна, Хедас элира:

–ТIейетташ бомбанаш, йаккхийн тоьпаш, дойуш адамаш ца хилчхьана, хIорш гIаланаш хета суна! – аьлла.

– Суна хаьа хьан дог-ойла, иштта къамел ма делахь, вай-м цхьа бусалба йиша-ваша дай, шун бехк бац шу кхуза кхачар, – аьлла, шайгара сурсаташ, совгIаташ охьадехкира Мусан хIусамнанас ПетIамата. Йоьхна, ала дош доцуш, йисира Хеда.

– ХIусамда ма вац гуш, и стенга вахна? – аьлла, хаьттира Мусас.

– ЦIийнда больницехь ву. Дог лозуш ву иза... Аса-м, йоьлхий а, сайн са паргIатдоккхура, ткъа велха йиш а йоцуш, и берриг бала кийрахь къийлина, вуьйжир-кха иза.

Наибе-м ас, шелвелла, чувижна аьллера. Дика ду и чохь воцу а, хIара къамел цунна ца хеза а.

Больнице доьлху вай аьлла, барт а хилла, берриг а больнице дIабахара хIорш.

Больницан кертахь волавелла лелаш карийра кхарна Асламбек. Геннара вевзира цунна шен кIант. КIант гича, ирахь латта де а ца хилла, когаш чуьра са а даьлла, иштта а цамгаро гIелвина волу, йуххерачу гIанта тIе охьахиира. Йуха, ца бевза нах а шен кIантаца богIуш байча, ша йалийтинчу ледарлонна йуьхьIаьржахIоьттина, сихха хьалагIаьттира. Шен дена мараэккха ойла хилла, болар сихдира Наиба. Йуха, шен ойла йуха а йаькккхина, Мусан боларца дIанисвелира Наиб. Луьйш-олуш, Асламбекаца цхьаьна больницехь а Iийна, Мусас шайга дIабигира цуьнан доьзал: « Хьан хьал-де хаьа цхьаьна догIур ду тхо. Дала маршалла дойла хьуна, Асламбек», – аьлла.

## АГАНАН ЙИИШ

Iуьйранна, къеггина кхеттачу бIаьстенан малхе а хьоьжуш, цхьацца ойланаш йеш уьйтIахь лаьтта Шемал, шен ойланех вохош, чуьра схьакхайкхира нана.

– Шемал, ахь чайнан стака а ца молу? Хьо иштта латтахь, автобусана тIаьхьавуьсар ма ву, ткъа хьан хьехамаш буьтийла дуй, могуьйтур дуй-те хьуна?

– Мага-м могуьйтур дац – бакъдолуш, со-суо а ма вац тIаьхьависа лууш.

– ТIаккха, ма Iехьа, хIума кхаллахьа.

– Суна йеза-м ца йеза, гIалахь кхоллур йу ас, нана, – аьлла, тIаьххьара ша аьлла дешнаш цунна хезна моьттуш, дIавахара Шемал.

– Вай, муха ца йеза, сарралц хьехамашкахь Iан ца деза хьан? Цигахь мукъна а цхьа хIума кхаллалахь, – аьлла, ша ден гIуллакх саца а дина, кIант дуьхьал вист ца хилча, ладоьгIна, сецира Амнат.

– Шемал, ва Шемал, – аьлла, йуха а кхайкхира нана. КIанта шена жоп ца делча, ара а йаьлла, дIасахьаьжначу цунна шен кIант, карахь киншканийн тIоьрмиг а болуш, сихвелла автобусан социйле воьдуш гира.

– Сан кIант, хьо воьду-вуьту а доцуш, дIа ма ваха, ахь цкъа а дина хIума ма дац хIара, могуш-маьрша Дала цIа валавойла-кх хьо! – аьлла, ша дуьйцург кIантана хезаш санна, и шега вист ца хуьлуш дIавахарна, гIеххьа дегабааме элира нанас.

– Зуда, хьо хьаьнга луьйш йара, и кIант дIавахарий? – аьлла, бешахь цхьаъ деш волу Жунайд уьйтIа веара.

– Со йара иза-м, цу кIанте луьйш. Воьду-вуьту а доцуш, чайнан стака а ца молуш, дIаваха-кх иза.

– КIеззиг кхаьллича а тоам хуьлуш, мел кIадваларх, гIелваларх, жимма садаьIча, дегI метта а догIуш, жима хан йу, эцца гIалахь цхьанхьа кхоллур йара цо-м, дукха хьайн са ма даа, – аьлла, жоммагIа схьа а эцна, селхана ша тоьхна дага цаста волавелира Жунайд.

– Ма паргIат синош ду-кха шун божарийн, ма нанойн санна, кIеда дац-кха шун дегнаш, ма чорда ду-кх шун уьш!

– Зуда, ахь хIун леладо, хьо гал-м ца йаьлла?

– Гал ца йаьлла со-м, аса-м шу иштта паргIат хIунда хуьлу-те бохура, да вац хьо, жимма а шен доьзалхочух дог лозуш ца хуьлу? – аьлла, шен гIуллакхаш дан чуйахара Амнат. Цецваьлла, шен хIусамнанна тIаьхьахьажжинчохь висира Жунайд.

Ненан даго паргIато лоьхура. БIарзделлера иза. Цунна мохь туххуш делха лаьара. Хьаьнгга балхийна а, шена ца бевза бала балхо лаьара цунна. Чохь сабIарзделла, арайелира Амнат. Пурхе тIе а хIоьттина, хIаваъ ца тоьуш, даккхий синош даха хIоьттира иза.

– Зуда, хьуна вон-м ца хилла, ахь хIун до?

– Стаг, сан са ма чIогIа бIарзделла-кх, схьаоьккхуш доллу-кх хIара!

– ХIумма а хир дац, оццул хьайн са ма даахь, цIа вогIур ву, неханаш а ма бу, и санна, денна гIала а боьлхуш, цIа а богIуш, лелаш. Даим а цу кIантана тIаьхьа а йаьлла йу-кх хьо, воккхахила витахь и!

– Ас хIун до цунна? Нехан санна шортта белхьара, сапаргIат хила а тарлора, сан и цхьаъ бен вац, цундела саготта йу со, нанна шен бер цкъа а доккха хуьлуш дац хьуна! – аьлла, шен бIаьргех хьаьвдда хиш, йовлакхан тIам хьаькхна, дIа а даьхна, хIусамдас шега баькхинчу бехканна дегабаам а хилла, чуйахара Амнат.

Хьехамаш чекхбевллачул тIаьхьа, жимма библиотекехь цхьацца йазъеш, киншканашна тIера шена оьшург схьаоьцуш, хье а велла: буьйсанна чиркхаш летча, дийнахьчул а хаза ма йу хьо, гIала-м, бохуш, шена и дуьххьара гуш санна, дIаса а хьоьжуш, цуьнан хазаллех чам оьцуш, цIа ваха тIаьхьависарна, нене зIетоьхна, ша гIалахь соцуш хилар а хаийтина, дейиша йолчохь буьйса йаккха воьдучу Шемална, дехьо мохь хьоькхуш, орца доьхуш, йоьIан аз хезира.

– И орца дохург йоI ма йу, и гIо оьшуш а ма йу, – аьлла дIахьаьдда воьдучу Шемална, цхьана шина стага машенна чуийзош, йоI гира.

– Делора йац ашшиммо и йоI, сан докъа тIехула йаькхиний бен, цхьанхьа а йуьгур, чехкка дIахецал иза! – элира Шемала, ша тIе ма-кхоччура.

– ДIайала кхузара, бератIоз! ВаллахIора, ас ватIор ма ву хьо! – аьлла, дера вистхилара цу шиннах цхьаъ.

– Хьожур хьо, хьайчух хIун хуьлу, – аьлла, шен карара киншканаш чохь йолу тIоьрмиг охьабиллира Шемала.

– Анзор, хIара-м, хьанора, ву вайшиннах лата воллуш, – аьлла, кхунах ца вешаш вела а луш, Шемална чукхоссавелира зуламхо. Йуьртахь, мангал а хьокхуш, дечиг а доккхуш, белхаш беш къахьега марзвеллачу Шемала, кхин тIе

а боксан секце лелла а волу, дIа а оьккхуш, буй тоьхна кхетамчуьра а ваьккхина, вожийра зуламхо. Чухьаьдда вогIу шолгIаниг а, тоьхна, вожийра. ТIаккха, хIумма а ца хилча санна, шен тIоьрмиг схьа а эцна, кхерайелла, цу зуламхойн машенна улле а лахъелла, йегош Iачу йоIе элира: «Йало, дIадоьду вайшиъ». Кхерайеллачу йоьIан багара аз а ца долура. «Хьо хьалагIоттий?», – аьлла, йуха а шега Шемал вистхилча, халла хьала а гIаьттина:

– Уьш муьлш бу? – хаьттира йоIа, Шемална уьш бевзаш санна.

– Суна-м ца бевза уьш, хьуна а ца хаьа, уьш муьлш бу?

– Ца хаьа. Бакъду, кху деношкахь сих-сиха и машен ган-м гора суна.

– Хьо стенгара йогIуш йара, наггахь бен адам ца лелачу кху новкъа?

– Боккхачу новкъа, готесна йаха мало а йина, дийнахь кхузахь адамаш хуьлу дела, хIинца а нах хир бац-те дIасалелаш аьлла, хIоккхехула схьайогIуш йара со. ХIорш со ларъеш хиллачух тера ду-кх. Со мехкадаьттан институтехь доьшуш йу. Библиотекехь хьееллера со, кхоьруш йогIуш-м йара хьуна со, – аьлла, йилхира йоI.

– Хьо йелхарх меттахIотта хIума дац, уьш хьо тергалъеш, хьо йадо шайна меттиг лоьхуш хилла. Йало, дIадоьду вайшиъ, – аьлла, дIаволалучу Шемалан, аьтту агIо цхьана хIумано багийра, бIаьргашна дуьхьал бода беара, ирахь латта гIора а ца хилла, когаш тIе лахвелира иза. ЙоьIан мохь белира. Йуха хьаьжначу Шемална, карахь тапча а йолуш, машенна чухууш цу шина зуламхочух цхьаъ гира. Иза кхийтира, цара шена тапча тоьхна хиларх. ТIаккха, царна хозуьйтуш, цо элира:

– Кхин нах дац-кха шу, – олуш, кхетамах велира иза. «Орца дала!», – бохуш, йоIа хьоькху мохь а хезна, дехьо цIа чуьра цхьа жимха тIевеара. Хиллачух кхетта, цо сихха лоьрашка орца даьккхира, цIий дIа ца эхийта чуьра киса а деана, Шемалан чов дIайихкира. Хьо а ца луш, схьайеанчу

лоьрийн машенахь больнице бахара уьш. Машенахь а чIогIа йоьлхура йоI: «Со бахьана ду, со бахьана ду», – бохуш. ЦIа хаам а бина, шена саготта дIасахьаьлхина лела шен нах, кхайкхина, больнице схьабалийра йоIа. Шемалан телефон тIера зIе а тоьхна, хилларг цуьнан цIерачаьрга дIахаийтира чов йихкинчу кIанта. И сингаттам шайн йоI бахьана долуш хилла хиларна, цуьнан тайпанан нах больницехь бара. И гIуллакх муха нисделла хиъначу Амната, ша схьа ма-кхаьччинехь, йоI мичахь йу аьлла, хаьттира. Адам дукха дара больницехь. Ткъа йоI дехьо, массарна гена а йаьлла, цхьана сонехь лаьттара: «Со бахьанехь хили-кх хьуна иза, хьуна цхьаъ хилахь, ас хIара дуьне муха даа деза-те?» – бохуш, йоьлхуш. Цу хенахь цхьаммо ховхачу куьйгашца меллаша схьайерзийра йоI:

– Сан йоI, цIе муха йу хьан? – аьлла, хаьттира и схьайерзийначу зудчо.

– Сан цIе Iайшат йу, – элира, и Шемалан нана йуй хуучу йоIа, кхин а чIогIа бIаьргех хиш а хьовдуш.

– Деци, со йеллехьара ма дика хир дар-кха, цунна цхьаъ хилахь, ас хIара дуьне муха дуур ду-те? – элира йоIа

– Нана йала хьан, сан йоI, ма жима йара хьо, иштта ойланаш хила. Ма оьзда йоI кхиийна-кх хьо кхиийначу дас-нанас. Цунна хIумма а хир дац хьуна, вайшиннан дуьхьа. Дала вайшинна йухалур ву хьуна иза. Дела къинхетаме ма ву. Эхь дера дара, Iайшат, иза хьо кIелхьара а ца йоккхуш, тIехваьлла, дIавахнехьара. Ас иштта долчу гIуллакхна, цхьаъ бен воцуш, валарна-висарна а кхоьруш, хала кхиийнера иза. Со тахана йоккхайоь сайн кIантах. Хала-м ду нанна, ишттаниг дийца. Дог делхахь а, со паргIат йу тахана.

Амната иштта къамел дича, Iайшат, цIеххьана мохь хьокхуш, цунна маракхийтира. ТIаккха, Iен а ца йелла, нахах бехк лоьцуш Iийна, Амнат а йилхира. Шен хIусамнана а, Iайшат а, мар-мара а кхетта, йоьлхуш гина Жунайд, тIевеана, кхаьршинна гIеххьа довдо кеп хIиттош а волуш, тIевеанчу лоьро элира:

– Операци дика чекхъйаьлла. Бакъду, чов дIайихкина кIант лоьран говзалла йолуш хилла, цо динчу гIоьно цIий дукха дIа ца эхийтина цуьнан.

Кхара дечу къамеле ла а доьгIуш тIехьа лаьттачу, Шемална гIодинчу кIанте вистхилира Жунайд:

– Аслан, Дела резахуьлда хьуна. Лоьран дешар дешна-м вац хьо?

– Массарна а хуьлда Дела реза. Кху шарахь вайн лоьраш кечбо институт чекхъйаьккхина волуш ву со.

– Дела резахуьлда хьуна, Аслан, доккха вошалла дина ахь тхан кIантана. Хьо ца хиллехь, хIун хир дара а хаац цунах, – аьлла, кIантана мара а иккхина, цунна баркалла аьлла, схьа а йирзина :

– Гой хьуна, Iайшат, ас элирий: «Къинхетаме ву Дела». Вайшиннан дог ги-кха цунна! – элира Амната.

Дукха дилхина, цIарул цIийделла долу йоьIан бIаьргаш деладелира. Амма сихха йуха а хиш хьаьвдира охьа. Уьш къаьхьа бIаьрхиш дацара, уьш хазахетаран бIаьрхиш дара. КIантана кхераме хIумма а дац аьлла, лоьраша шен са паргIатдаьккхича бен, тидам а ца бира Амната Iайшатан хазаллин.

– Хастам бу хьуна, тхо кхоьллина Дела, ма хаза кхоьллина хилла-кх Ахь хIара! – аьлла, нахана ца хозуьйтуш, йоI мара а йоьллина, шен бер санна, доггаха хьаьстира цо иза.

Дерриг чекхдаьлла моьттуш, берриг а паргIатбевллачу хенахь, лоьраш дIасаида буьйлабелира. Хаттарна жоп луш цхьа а вацара, берриг а сиха тIехлелхара. Шемална вон хиллий а, уьш цунна гIо дан гIерташ дIасаидархх кхийтира хIорш. Жимма хан йаьлча, лор аравелира. Берриг а цунна тIегулбелира. Тийналла хIоьттира.

– КIентан хьал дика дац. Ас шух цкъачунна лачкъийнера цуьнан хьал. ХIинца ца аьлча ца долу: шокъали, аьтту агIор чу а йахна, букъа сурта тIехь сецнера. Схьа-м йаьккхина оха иза, делахь а букъан тIум лазийна цо. МеттавагIахь а, меттахь виса тарлуш хьал ду цуьнниг. Букъан

суртан суртдаккха деза, МРТ – олу цунах. Цо гойтур ду дерриг. Ткъа хIинца иза меттаххьевойла дац. Делан диканах дог дуьллур дац вай. Цкъачунна дика хьал дац цуьнгахь, со ма-дарра ца аьлча ца волу шуьга, бехк ма билла.

– Хьан цIе муха йу? – аьлла, хаьттира Амната лоьре

– Сан цIе Бексолта йу.

– Бексолта, со цуьнан нана йу. Со тIейахийтахьа цунна, ас гIоли йийр йара-кх сайн кIантана.

Цецваьлла, дIаса а хьаьжна:

– Ахь муха гIоли йо цунна, тхоьга а ца йалун? Хьо хIун дан йоллу? – элира лоьро.

– Со нана йу. Ас, цхьаъ бен а воцуш, хала кхиийна ву иза.

Ненан дагах кхетачу лоьро элира: – Реанимацехь ма ву иза, ткъа цу чу ваха бакъо ма йац.

– Хьуна и кIант товала лаьий? – элира Амната, шен бIаьргех оьху хиш дIа а хьокхуш. Амната иштта аьлча, дог кIадделлачу лоьро элира:

– Дера лаьа, товала муха ца лаьа.

– ТIаккха, суна бакъо лохьа тховса цуьнца Iен.

– Йало, делахь, тховса ас цуьнца йуьтур йу-кха хьо, – аьлла, Амнатца лор чувахара. Цу буса цхьа а стаг больницера дIа ца вахара. Шен нанас мел тейарх, йоьлхучуьра ца соцуш, буьйса чекхйелира Iайшатан.

Iуьйранна, йела а къежаш, чуьра арайелира Амнат. Массо а цуьнга хьажнначохь висира. ХIораннан а ойла кхоллайелира: кIантана цхьаъ хилла, йа телхина-кх хIара, – аьлла. Амма и иштта дацара.

– КIант меттавеана, иза дика ву, – элира цо шега ладоьгIна Iачу нахе. ТIаккха, схьа а йирзина: «Iайшат, суна хаьа, хьан бIархиш лекъний. Уьш лекъначохь диталахь, кхин хи ма далийталахь, ас могуьйтур дац хьуна. Иза соьга вист а хилла, хIинца дика а ву», – элира нанас.

– Нана, гора нана-йаI, ма дарбане ду-кха хьан дог. Ахь хIун дина цунна? – аьлла, шега хаттар луш а хезна, дIайир-

зинчу Амнатна, сахиллалц шеца кIантана йуххехь а Iийна, сахуьлуш, хиъна Iаччохь наб озийна, ша меттах ца воккхуш витина лор гира, тIехьа лаьтташ.

– ЧIогIа дукхайезара цунна, ша воккхахилча а, куьг схьа лоций, ас шена жима волуш локхуш хилла аганан йиш, и йиш а лоькхуш, наб кхетталц шена йуххехь Iахьара хьо, олура цо соьга. Цуьнан мукъамехь наб а кхетара цунна. Куьг схьа а лаьцна, и тхаьшшинан аганан йиш йара-кха ас цунна сийсара лекхнарг. Цо цуьнца наб а йира, Iуьйранна, ша могуш волуш санна, сама а вели-кх иза.

– Дан а ду ненан дог массо а хIуманал дарбане. Хьалха – Дела, шолгIа – хьо бахьана долуш меттавеа иза. КхидIа кхузахь Iийна дан хIума дац аш. Цхьа-шиъ саца а саций, диснарш дIагIо, – аьлла, шен бIаьргех девлла хиш дIа а хьаькхна, чувахара лор.

Цул тIаьхьа, дийно-дийно гIоли хуьлуш, вола а луш, меттавогIура Шемал. Лоьраш а баккхийбера цуьнан когаша, ледаро бахь а, болх бина. Царна хаьара, жимма бина а, когаш болх бан буьйлабелча, кхидIа уьш меттабогIур буй. Асланах дика доттагI хилира Шемалан. Iайшатца къийсалуш санна, сих-сиха вогIура иза Шемал волчу. Шен нана а йалош, Шемал волчу йогIура Iайшат а. Хала хир дара цаьршиннан гергарло йахьана, йуьхьана ду ала. Гергарло-м дара иза, делахь а безамо шен йийсаре дигнера ишиъ, и гора массарна а, и цара къобал а дора. Мел чIогIа лехарх, и зуламхой ца карош бисира. Цкъа нанас шега аьлча: «Шемал, ма бала хьийги-кх ахь, Дала цхьана йоле дуьллийла-кх ахь хьегнарг, лайнарг а», – аьлча, Шемала элира: «Нана, хьегнарг, лайнарг-м дицлора, кхидIа ирсе дахар го-кха суна сайн», – аьлла. ДIа а йирзина, йелакъежира Амнат, цо бохучух кхетта. Цо дуьйцург шен Iайшатца долу дахар дара. Шен дагахь: «Дала цхьана а тоьхна, ирсе дахар лойла-кх шуьшинна!» – элира нанас.

Цул тIаьхьа, дукха хан йалале, ша Шемална лекхна аганан йиш лекхира Амната, дерриг а дуьне дахьаш веъначу Шемалан а, Iайшатан а кIантана Мохьмадна.

## ДЕЛКЪАЛТIАЬХЬЕ

Хьалхарчу буьйсанна сахиллалц балхахь Iарна, чIогIа кIадвелла цIа а веъна, хIеттахь наб озийна воллучу Шемална, гIенаха санна, хезара телефон йетташ. Амма, наб чIогIа йарна бIаьргаш схьа ца деллалуш, дIасакерчара иза. Телефон цхьана ханна сецира. Йуха а йека йолайелира. ГIуллакх хуьлуш дацара. Халла куьйгаш а хьаькхна, телефон схьа а эцна: «ХIун боху ахь, мила ву телефон йеттарг?» – аьлла, вистхилира хIара.

– Шемал, чехка гIала схьакхача, цхьана цIа чу воьлла зуламхо ву дуьхьал герз детташ, тIом беш, тхо цунна гобина Iаш ду, хьо схьаван веза.

Оццул чIогIа йогIу наб йайра Шемалан. Сиха шен герз схьа а эцна, кечамбеш хIара а волуш, дехьачуьра сехьайелира доьзалан нана.

– Стаг, хIун ду хилларг, хьо ма сиха лела, кхетайехьа со?

– Ма Iелахь, сан мачаш схьайалахь, со балха тIе дIакхойкхуш ву, – элира цIийндас, ша кхиболу кечам бешшехь.

Астраханера милицин ишкол йаьккхина, Шемал цIа веанчу хенахь вуон хьал дара махкахь дерг. ДIайоьлхуш массанхьа митингаш, куьйга йохош Iедалан йу боху гIишлош, оцу тIера кибарчиг, кхин гIирсаш а бохуш, бухкура наха, доьзална напха даккха. Цуьнан бахьна дара белхан меттигаш дIайовлар, низам лахдалар, массанхьа а санна, Советан Iедал дIадалар, тIедеана Iедал чIагIдаланза хилар а. Дийно-дийно хьал вочу долуш дара. Къуй баьржаш бара. Оцу деригенал доьхнарг дара, 1994-чу шарахь Россин эскар чу а деана, дIаболабелла тIом. Доьзал хене баккхалур бацара-те аьлла, ишколе боксах лата бераш Iамо вахара Шемал. Цигахь а алапа дацара, наха, шайн бераш Iамийча, лушйерг бен. Ишколехь волуш дуьйна дика боксёр хилла вара Шемал. Кхечу меттигашка къовсадаларшка а вуьгуш, тоьлла меттигаш а йохуш, «Махкахь дика латархо ву», – бохуш, цIе а йоккхуш, «Спортан мастер» цIе тиллина а вара иза.

Россин Iедал чIагIделлачул тIаьхьа, хIара дешна вуй хууш волчу милицин хьаькамо, дIа а кхайкхина: «Балха вагIахьара, хьо санна, дешна белхалой оьшура хIинца!» – элира. Воккхавеш резахилира Шемал. И болх шена безарна дешнера цо пхеа шарахь, цIера а ваьлла. Иштта дIаболабеллера Шемалан милицехь болу некъ.

Iедал хийцадаларх, хIуъа цара къийсарх, тIамна йукъа ца гIертара Шемал. Шен белхан хьашташ кхочуш а деш, IадъIара. Дукха бара цунна бевзаш шина а агIор нах, амма цо олуш дерг цхьаъ дара: «Шина а агIор берш нохчий бу, сан бакъо йац оцу йукъагIерта, со Iедал хIотто декхар вац, хIоьттина Iедал лардан хьакъ ву, цуьнан низам талха ца дойтуш, и лардан дезаш а ву!» – олий.

Накъосташа чIогIа лорура иза. Даим, шен накъостий ларбан гIерташ, хьалхенаш йохура цо. «Шемал, хьалха ма лелхахьа, тхуна а лаар-кха хьо ларван, тхо а ма кхоьру хьуна цхьаъ хиларна!» – аьлла, шега дехча, цо олура: «Шуна цхьанна хIума хилахь, со муха хьожур ву шун нанойн бIаьра, шу лар а де, шух жоп а ло аьлла, соьга схьаделла ма ду шу, Далла а, Iедална хьалхахь со шух жоп дала дезаш ву, суна цхьанне а хьалха хатIе хила ца лаьа!» – олий.

– Хезий хьуна, йоI кетIа а ма йийлийталахь, кIант хьайна йуххехь сецавелахь, тешаме зама йац хьуна хIара, хьо а ларлолахь, суна цхьаъ хилахь, бераш ледара ма диталахь. Со вуочу агIор сайн цIе йаккхарна кхоьруш лелла, иштта бераш а кхиаделахь! – аьлла, дийшина долчу берашна тIе а хIоьттина, хIусамнанна хьехарш а деш, кех велира Шемал. Ши бIаьрг а къарзийна, цо дечу къамелах цецъйаьлла, Iадийна лаьттара хIусамнана. Шаьшшиъ вовшахкхеттачу кху ворхI шарахь цкъа а йаьккхина йоцу цIе а йоккхуш, ша машенна чу хууш, Шемала элира:

– Зарема, суна дика хIусамнана хилла йара хьо, ледара ма хилалахь! – аьлла. ХIусамненан бIаьргех хиш охьахьаьвдира. Халла къурд а бина:

– Стаг, ахь хIун леладо, и весеташ стенна до ахь, хьо ма тамашийна къамелаш деш ву? – элира, Заремас, шен бIаьрхиш а ловчкъош.

– ЧугIо, Зарема, бераш, хьо чохь ца хилча, кхералур ду! – аьлла, машене сигнал а тохийтина, дIавахара Шемал. Оцу буса набаран суй ца бира Заремас.

Цунна дагадеара шаьшшиъ дуьххьара больницехь довзар. Доьшучура, садаIа цIа веъна волуш, шен да цамогуш а хилла, и валош больнице веара Шемал. Цу хенахь Зарема лорйиша болх беш йара. Довзар а хилира цаьршиннан тамашийна. Дархошна дарбанаш эцна йоьду Зарема, сихвелла вогIучу Шемала, ца хууш куьг кхетта, дарбанаш чохь долу цуьнан карара шун Iанийра. Шена къинтIерайалар доьхуш, чIогIа кIеда-мерза, гIиллакхехь йоIе вистхилира кIант. Цу дийнахь-м йоIе башха вистхилар а ца хилира Шемалан. Дена гIоли а хилла, и волалучу ваьлча, Заремина тIехь са лаьтташ волу Шемал, цуьнга вистхилира. Цул тIаьхьа сих-сиха вогIура иза йоI йолчу. Иштта цхьаьнакхетар а хилира цаьршиннан.

ШолгIачу дийнахь а цIийндас диначу къамело синтем кхачийна лелара Зарема. Кхин нах санна а воцуш, тамашийна стаг ву-кха шен цIийнда олий, хетара цунна. Цхьаъ хиллачу ша тIенисвелча, нах санна, тIехволи дIа ца воьдуш, и гIуллакх шена тIе а лоций, цунах цхьалхо йаллалц, и дIа ца тосура цо.

Цкъа Астраханехь доьшуш волуш, хьажахIотта цIа вогIуш, новкъахь тIеттIа кхеттачу шина машенна тIенисвеллера Шемал. Цаьршиннах цхьаъ йогуш хиллера, чохь адамаш а долуш. Нах тIегIорта ца баьхьаш Iашшехь, Шемала уьш беригге цу чуьра арабаьхнера. ТIаьххьара цхьа жима кIант ара а ваьккхина, схьаводушшехь, и машен эккха а иккхина, чIогIа лазийнера Шемал, дукха вагораш а хуьлуш, цIе тIекхетта. Цундела даим тIех чIогIа сагатдора Заремас шен цIийндена. Мел чIогIа и сингаттам дIатеттарх, цо дIа ца хоьцуш лелаш йолу, делкъал тIаьхьа хиллачу хилаМо дагийра Заремин къона дог.

Шемал шен накъосташна тIекхаьчначу хенахь дIабоьдуш боккха тIом бара. Гобиначара, герзаш совца а дина, мохь туьйхира: «Герз охьа а диллий, аравала, эрна герз ма детта!» – аьлла, амма вукхо, кхин а чIогIа герз тоха долийра. «Ван мукъана мила ву-те иза?» – аьлла, хаьттира Шемала шен накъосте Хьамзате.

– Дера, ву вайн белхан накъост, вайна йукъа а веъна, царна болх беш хилла иза.

– Ткъа гучувалар муха хилла цуьнан?

– Дикка хан хилла цунах ца тешаш, тIаьхьабевлла лела. Ткъа стомара Зорбанан цIа долчохь фугас эккхийтар а кхуьнан болх хилла. Веанчу геланче кхо деш долу къамел хезна хилла. Схьалаца гIоьртича, кхуьнан накъост, дуьхьало а йина, вийна, хIара кIелхьарваьлла хилла. Иштта гучувалар хилла кхуьнан. ЦIа гIой, цIийнах а хьовса, нагахь цIахь велахь, схьа а лаца аьлла, омра а дина, тхо схьадаьхкича, кхо тIом болийра. Хьалххе дуьйна кечам хиллачух тера ду кхуьнан.

– Вайн полкера вуй иза, Хьамзат?

– Вац, дехьа полкера ву.

– Дика ду-кх вайн полкера мукъана воцуш, и санннарг ца хилийта гIерташ бара ас даим шуьца бина болх, делахь, массеран дагара хиъна а, цо хIун леладо хиъна а вер вац. Цхьана ненан кIант ву-кха иза а.

– Шемал, со ма цецвуьйлу-кх хьох, – элира Хьамзата, леррина цуьнга а хьаьжна.

– ХIунда вуьйлу хьо сох цец, Хьамзат?

– Дера, вуьйлу, оьшучохь къинхетаме ву хьо, собаре ву хьо, тIом бечохь майра а, каде а ву хьо, хьан амалх кхета а ца кхетта, висна-кх со.

– Хьамзат, вон амал йу-те соьгахь йерг?

– Вон амал-м йацара иза, делахь, хьо санна хила а гIоьртий, гIуллакх а ца хуьлий, суо-сайна оьгIаз а воьдий, духу сайниг-м.

– Хьамзат, и хIун ду хаьий хьуна? Хьоьгахь собар цахилар ду хьуна, хьо тIех сиха ву, хIуманна са ца туху ахь,

цундела ца нисло хьан хIума. Сайна дукха хаьа бохург а дац сан, делахь а хьекъал хиларх ца тоьа, нагахь хьоьгахь собар дацахь. Ткъа собар хилча, хьоьга ойла йало, оцунна тIе хьоьгахь хьекъал а хилча, айхьа дечун, дан дезачун а хьесап дало хьоьга. Ткъа къинхетаме бохург: гой хьуна, цхьана ненан кIант ма ву иза, хIара галваьлла леларх, ненан хIун бехк бу, цуьнан гIийлачу деган хIун бехк бу? Шен нанна шийла кхаъ кечбеш ма ву иза. Цундела оцу ненан дог мелла а ца Iовжадайта хIума лело деза. ТIом ца беш иза герз охьа а диллина, каравеъча, чохь хан а йаьккхина, цIа вогIур ву, кхидIа маьрша ваха йиш хир йу цуьнан. Оцул боккха, мерза кхаъ мичахь хир бу нанна? Ткъа цо и ца дахь, вай и хIаллакван везар ву, ткъа цул шийла кхаъ хила йиш йуй-те кIентан нанна? Иштта хьал ду хьуна сан доттагI! – аьлла, Хьамзатан белша тIе куьг туьйхира Шемала. Цо динчу къамело ойлане вахийтина Iара Хьамзат.

– Дера, хьо бакъ луьйш ма ву! – аьлла, жимма ойлане корта оллийна а Iийна, долчу хьоле бIаьрг тоха дагахь Хьамзата корта хьалаойъушшехь, зуламхочо герз туьйхира. Йуххе кхеттачу дIаьндарго йуьхь тIе тоьхна латтанаш дIа а даьхна, Хьамзат велавелира.

– Ахь хIун до, Хьамзат, хьо воьлуш ма ву? – аьлла, цо лелочух цецваьлла цуьнга хьаьжира Шемал.

– Шемал, суна хIун дагадеънера хаьий хьуна?

– Дийцал, ахь дийцича, хуур ду-кха? – аьлла, ладоьгIна сецира Шемал.

– Немцошца тIом болу хан хилла иза. Цхьа ши нохчи хилла боху цу тIамтIехь. И цхьа меттиг оцу немцошкара схьа ца йаккхалуш, кхо-диъ де а хилла, боху. Цхьана дийнахь, хIинца вайшиъ санна, цхьанхьа дIатаьIна Iаш хилла ишиъ. Цхьа нохчи хьалатеIаш ца Iаш хилла. Ткъа вукхо «хьала ма теIа, топ кхетар йу хьуна», бохуш, ларван хьийзош хилла шолгIаниг. Амма важа ца Iаш хилла. Йуха а шен марзвелла, хIун ду хьажа хьала ма-таьIинехь, лечкъина Iачу иччархочо топ кхоьссина. ДIаьндарг ца кхеташ, бIаьр-

га латтанаш а кхетта, ваьлла хIара. ОьгIазваханчу нохчичо аьлла:

«Дела хила хьан ворхI дена наьIалт, оцу меттехь со дика ца хьаьвзинехь, мIаьргонна бIаьрг боккхур-кх цо сан!» Шаьлта а йаьккхина, чухьаьддачу кху нохчичо и иччархо вийна, цунах масал эцна, кхунна тIаьххье чухахкабеллачу накъосташа, немцой хIаллак а бина, и меттиг схьайаьккхина. Оцу нохчичух со тарвелла, воьлура со-м! – аьлла, йуха а велавелира Хьамзат.

– Иза а  алий, и нохчи санна, чу ма хахкалолахь, хьайгахь шаьлта йоций хаалахь, – аьлла, Шемал а велавелира. ГIеххьа ший а вийлинчул тIаьхьа, Шемала элира:

– Хьамзат, и вайн чIогIа мохь туху кад мичахь бу? – аьлла.

– Ахь хIун до цуьнан, мохь беттарх, хаза дийцарх и кхеташ вац?!

– ХIумма а дац, йуха цкъа вистхила со цуьнга!

Хьамзата цхьаьнга мохь тоьхна кад схьабаийтира. Шемала зуламхочуьнга кхайкхам бира.

– Сан ваша, герз ца тухуш, цкъа соьга ладогIалахь. Ца оьшург а ца лелош, аравалахьара хьо, Iедалан низамехь йогIучу кепара хан а йаьккхина, цIа вогIур ву хьо, карагIахь. Вайн нохчийн къам дукха а дацара, вовшийн цхьа йиша-ваша дара-кха вай, цхьана нохчичун нанас вина кIант ма ву хьо, караволахьа! – аьлла.

Жимма хан йелира, важа вист ца хуьлуш.

– Ас шолгIачу полкера баьччица Шемалца бен, къамел дийр дац, иза схьавалаве, – аьлла, дуьхьал мохь туьйхира вукхо. Цо и кхайкхам бича, вовшашка хьаьжира Шемаллий, Хьамзаттий.

– Со ву-кха хIара, хьоьца къамелдеш верг – Шемал!

– Шемал, хьо вуй иза?

– Ву, со ву.

– Хьайн герзаш охьа а дахкий, со волчу чуволахьа!

ХIара шиъ мохь бетташ, вовшашка къамелаш деш а волуш, лакхарчу хьаькамо геланча ваийтира, Шемале шена

тIе схьавола аьлла. Дукха дехарш дича, хьаькамо пурба делира Шемална цунна тIеваха. Шен герзаш охьа а дехкина, ша вогIий а хаийтина, тIевахара Шемал.

Иза цIа чу вахна дукха хан йалале, чохь герз делира. Цу чохь цхьаъ хиллий а хиъна, хьалха Хьамзат а волуш, Шемалан накъостий цIа чу лилхира. Герз кхетта Шемал воьжна вара, амма зуламхо чохь вацара. ДIасахьаьдира Хьамзат, дарвелла, ирх герз а детташ. «Цуьнан ваха меттиг ма бац кху чуьра ваьлла, лахалаш иза!» – бохуш. Дагадеъна, лаьтташ йолу ишкап схьайиллича цу чохь лаьттах даькхкина Iуьрг дара, цу чухула дIавахнера важа. Хьалххе дуьйна кечам бина хиллера цо. Амма, цуьнан ваха меттиг боций хаьара Хьамзатана. Гобина, зуламхо волу дакъа лардеш, арахь, кхуьнан накъостий бара. Ара а ваьлла, бешахула дIахьаьдда воьду Хьамзат тIекхечира шен накъосташна а, Iуьллучу зуламхочунна а. Ша йаькхкхинчу хари чухула хьаьжкIаш йуккъехь хьала ма-веллинехь, Хьамзатан накъосташа, герзаш тоьхна, вожийнера иза. Амма валанза вара важа.

«Хьайга вистхила веъна волу стенна вийра ахь Шемал, герзаш охьа а дехкина, хьуна тIевеъна ма вара иза?» – аьлла, Хьамзата шега хаттар дича, вела а къежна, жоп делира вукхо:

«Шу мунепикъаш ду, ткъа Шемал тIех дика стаг вара, и шуьца хила хьакъдолуш вацара, и тхоьца хила везаш вара, ткъа иза тхох схьакхетар воций, суна хаьара. Шемал суна вевза дукха хан йара, цундела, шуьца и ца хилийта, ас иза дIаваькхкхира!» – аьлла, велира важа. «ХIаъ, шу дика ду, тхо вуониш ду-кха, ахь схьадийцарехь. Зулам дийриг муьлхха а ву хьуна вуон!» – элира Хьамзата, цунна ша дуьйцург хезаш санна.

Хьамзат Шемал волчу схьакхаьчча, иза машенна чу вуьллуш вара. И дийна хилар хиъча, цунна йуххе а хиъна, больнице вахара Хьамзат.

«Шемал, сатохалахь, вай хIинцца больнице кхочур ду, лоьраша товийр ву хьо!» – бохуш, Шемалан сапаргIатдак-

кха гIертара доттагI. Амма, массарна хаа-м хаьара, дIадаьлла гIуллакх дуйла, делахь Шемалан дог-ойла ца йохийта деш къамел дара иза. Шемал ша а вара доллучух кхеташ. Ши бIаьрг хьаббина вогIучу Шемала, халла схьа а биллина, элира:

– Хьамзат, цIахь цхьа гIийла да ву сан, могуш а воцуш, цуьнга суна массо хIуманна къинтIеравала алалахь, нене дукха ма йелха а ала, сан хIусамнене йоха ма йоха алалахь, шаьш а ледара ма хилалаш!» – аьлла, дIавахара Хьамзатан доттагI. Арахь лела адамаш а Iадийра йоьдучу дархой кхоьхьучу машен чуьра схьахезначу Хьамзата хьаькхначу маьхьаро.

Шемал а, и санна болу нохчийн къонахий а эгийна-кха тешнабехко, йамартлоно. СабIарзделла, йала меттиг боцуш ша лелар, и делкъал тIаьхье йицлур йуй-те Заремина, кхиболчу кегийчу доьзалшца бисинчарна а? Доьлхучуьра совцур дуй-те нанойн гIийла бIаьргаш? Дайша маццалц къийла дезар-те ишттачу тешнабехкана шайн дегнаш?

## ДИЦ ЦА ДЕЛЛА ДИКА

1994-чу шарахь баьллачу тIамах мохк меттабеъна а балале, йуха а чу тIом беъна, бала хьаьрчина, бIаьрзе дара адам. Цхьаъ шен кIантана, важа йоIана, вуьйш доьзалшна белха дезаш нислора церан. Амма халонаш лан Iемина долу нохчийн къам, кхин долчу къаьмнашна ша доьхна ца гойтуш, доьналлех ца духуш, и баланаш кийрахь а къуьйлуш, хене долуш дара. Ишттачех йара Зайнап а, цуьнан доьзал а.

ТIамах вадийна ша дIавахийтинчу кIантана сагатлуш, бIаьргех оьгу хиш наггахь, йовлакхан тIам хьокхий, дIа а дохуш, уьйтIахь нуй хьокхучу Зайнапана гира: шайн хьаьжкIаш чуйухкучу дайна кIелахь воьжна, верриге цIийх вуьзна оьрсийн салти.

ТIейаха ца йаьхьаш, йехха лаьттира Зайнап. «Нана, гIо дехьа!» – олуш, кхетамчуьра велира салти. Эххар а, йедда тIейахна, дIасатуьйхира и Зайнапа. СадоIуш хезара, амма кхетамчохь вацара, чIогIа лазийна волчух тера дара. ДIакарчийна, аркъалваькккхира и Зайнапа – гIийла узар деш хезира. ГIайгIане йелира зуда: «Йо сан Дела, хIокхунна хIун дан деза-те оха? Оьрсий болчу дахна, хIара кхузахь ву алахь, стенна а тхо бехке дан сахьт дац, мичара вели-те хьо тхан декъазчу кортошна, хьуна хIун дан деза оха?» ЦIеххьана шен шийтта шо кхаьчна волчу кIантах Исламах бIаьрг а кхетта:

– ТIеда горгам йахьа, Ислам, – аьлла, мохь туьйхира Зайнапа.

Салтичун йухь цIанйира кIанта. Цул тIаьхьа шаьшшинна хьалха хIоьттинчу суьртах цецйаьлла сецира Зайнап. «Хьо-м бер ма ду, йуьхь тIе чо а балаза, Дала хIаллакбойла, наношна йуххера а дохуш, шу кхуза схьахьежораш!» – ойлане йаьлла, салтичунна йуххе охьалахйелира Зайнап. Жимма хиъна Iийра иза. «Дера, со хиъна Iарх гIуллакх хир ду моьттуш ма йац со», – аьлла, шен кIанте гIо а дойтуш, салти, такхийна, чувигира цаьршиммо.

Кхано, шаьшшиъ паргIатдаьлча, Ислама хаьттира:

– Нана, чу хIунда валийна вайшиммо хIара? Вайна дика болх хир буй-те хIара бахьанехь?!

– Вай, Ислам, салти велахь а, адам ма ду хIара, лазийна а ву. БерхIитта шо делахь, кхин хан хир йоцуш, бер ду-кх. Вайшиммо кIелхьарваккха веза хIара.

Кхин нене хеттарш дан ца хIоьттира кIант. Чевнаш цIан а йина, кисанца дIайихкира Зайнапа. Ша и болх бина йаьлча ойлане йаьлла охьахиира иза. Ойлане йаькккхинарг цIа веъча цIийндас хIун эр ду цахаар дара.

Суьйранна, уьйтIахь цхьацца деш йоллуш хIара а йолуш, цIа кхечира кхуьнан хIусамда Зайнди.

Зайнди даим гIийла, миска, хьанал сискал йиъна стаг вара. Колхозехь трактор тIехь къахьегна вара иза, ша ишкол

чекхйаьккхичхьана. Дика болх беш ву бохуш, цIе йоккхуш хилла а вара. Ша ваханчохь дика гайтарна, тIаьхьа ладегIа ца оьшуш къахьегарна, хийла совгIаташ дина а вара Iедало. Иштта масийтта трактор а хийцинера цо, дика болх барна. ТIаьххьара трактор колхоз йоьхначул тIаьхьа, кхечара санна, цкъачунна аьлла, цIа йалийра цо. Амма, тIом болабелча, зачисткаш йеш баьхкинчу оьрсийн тIемалоша цIе тесна йагийра иза. Лулахой дика ца хьаьвзинехь, хIусамаш а йагор йолуш йара.

Цхьаъ ала лууш санна, дIасахьийзаш шен зуда а гина:

– ХIумма-м ца хилла, хьо ма йоьхна йу? – хаьттира Зайндис.

– Стаг, цхьана минотана охьахаий, ладогIахьа соьга!

– Зуда, ахь хIун леладо, хьуна хIун хилла, ИбрехIимах хIумма-м дац? – аьлла, шен Воронежехь волчу кIантах цхьаъ ду моьттуш, вуьйхира Зайнди.

– Цунах хIумма а дац, – аьлла, шена салти карор, и чохь хилар хаийтира Зайнапа. КIантах сингаттам болуш хIумма а доций хиъча, дехьаваьлла, шен трактор йогуш йисинчу аьчкашна тIе охьахиира Зайнди. ТIаккха, жимма ойла а йина, элира:

– ХIун дийр ду, Дала кхоьллина адам ду-кха иза, гIо ца дича, дер дуй цунна. Амма и хIокху чохь вуй хаийта мегар дац цхьанна а, Ислам а чIагIве, – аьлла, салти волчу чувахара Зайнди. Цо шена дов дарна кхоьруш йолу Зайнап паргIатйелира.

Шина дийнахь метта ца вогIуш, наб йира салтичо. Цхьана дийнахь уьйтIахь цхьаъ деш йоллучу нене, чуйола аьлла, кхайкхира Ислам – метта а веъна, хала дахь а, къамел деш вара салти.

– Тхойшиъ-м къамелаш деш Iаш ву, хIара-м генара а ца хилла, – элира Ислама.

Оьрси Ростов-гIалара хиллера, ши бутт хьалха салтичун декхарш кхочушдан валийна.

– Хьуна хIун хиллера, хьо мичахь лазийна? – хеттарш дан йелира Зайнап.

– Тхо машен тIехь шун эвла йистехь йолчу базара даьхкинера, хьаькамех левчкъина. Тхан шофёр, со санна, жима стаг вара. Цхьацца хIума а эцна вухавогIуш, некъо голатухучохь иза гал  а ваьлла, машен бердах йахара. Со меттавеъча, Сергей велла вара... цхьаьна валийна вара тхойшиъ эскаре.

– Ткъа хьо цигара дIа хIунда вахара, хьо лоьхуш хир ма ву хьан накъосташа?

– Хаьа суна... шун наха верна кхоьрура со, шу чIогIа боьха къам ду бохуш, дуьйцуш хезнера суна, со цIахь волуш.

– Нана, и машен чуйаханчу дийнахь дукха эскар дара-кха цигахь, нехан керташкахула а лелаш бара-кх уьш, хIара лоьхуш хилла-кх цара, – аьлла, цаьршиммо дечу къамелана йукъаиккхира Ислам.

– Муха ду тхо, бакъ дуй хьуна хезнарг?

– Цунах-м со цкъа ца тешара, дерриге къам бехке хуьлийла ма дац.

– ЦIе хIун йу хьан?

– Сан цIе Алексей йу, Нестеров фамили а йу сан, со Ростов-гIалара ву.

– Нана, вайн ИбрехIиман хеннара хир ву-кха хIара!

– Дера, ву, Ислам, цуьнан хеннара хир ву-кха! – аьлла, Зайнапан бIаьргаш тIунделира.

– Хьан бIаьргаш чу хиш ма хIиттина, хьуна хIун хилла? – цхьаъ хилла моьттуш, воьхна хаьттира Алексейс.

– Хьан хеннара кIант ву сан а. Воронежехь Iаш йиша йу сан, ткъа шо ду и цигахь шен доьзалца Iаш йолу. ТIамах кIелхьарваькхина, цига дIавахийтина ас иза.

– Ткъа цIийнда мичахь ву хьан?

– Ден ваша ву цуьнан цомгуш, цуьнгара хьал хаа вахна иза, хьоьга хьожуш верг иза ву, Ислама гIо до цунна.

– КIант Воронежехула дIа хIунда вахийтина? ЦIахь вита ца мегара?

– Мел хан йу бахара, Алексей, ахь хьо Нохчийчохь волу?

– Ши бутт.

– ТIаккха хьуна хIумма а хуийла дац.

– ХIун хаа дезара суна?

– Хьайна хуур ду хьуна тIаьхьуо, – аьлла, жимма ойла а йина, Зайнапа хаьттира:

– Зачисткаш йо олуш хезний хьуна?

– Хезна, делахь а хIинца цу йукъахь хилла-м вац со.

– Зачистка йо аьлла, эскар чудаьржира тхан йуьрта. Кегий нах дIалахьийра цара. Цаьрца сайниг а вигира дIа. ДIабигна кхо де даьлча, буьйсанна итт сахьт долуш неI туьйхира. Аса неI йиллича, суна гинарг ма гойла-кха цхьана а нанна – неIарехь лаьтташ сан кIант вара, кIант аьлча а, цхьа са дара-кх: йиттина, верриг Iаржвина. Шаьш мичахь хилла а, хьан хьийзийна а ца хаьара цунна. Оцу кхаа дийнахь йа кхалла хIума, йа мала хи а ца делла шайна, бохура.

– Ткъа цIа муха веънера иза? – хаьттира Алексейс, Зайнапа дуьйцучух цецваьлла.

– Машенаш тIехь, буса цхьанхьа дигна, охьадехкина бохура шаьш, коьртах хIуманаш а йоьхкина; машенийн, адамийн гIовгIанаш севцча, коьртара хIуманаш дIайаьхча, кху йуьрта йистехь хиллера уьш. Иштта цIа веанера сан кIант. Уьш-м ирс долуш хилла, дукха бу цара дIа а буьгий, тIепаза бойуш берш. ТIаккха, кхераделла, Воронеже дIавахийтира оха иза.

Ойлане ваьлла Iара салти. Дикка вист ца хуьлуш а Iийна, элира цо: «ХIунда лела-те дуьненахь иштта харцо?»

Зайнапа дийцира нохчийн къам 1944-чу шарахь дохийна дигарх, цара хьегначух а. ТIаккха цIеххьана хьала а гIаьттина:

– Алексей, ахь садаIа, арахь суьйре йу, сан даьхни ду чудерзо дезаш! – аьлла, Зайнап арайелира.

Цхьана суьйранна шен гIуллакхаш дина а йаьлла, чуеъначу Зайнапана ойлане ваьлла карийра Алексей – ши кIира дара ЗайнапагIар иза кхобуш волу.

– Ас йовхха, хIинцца йаьккхина шура йеъна хьуна мала. ДегIана ницкъ лур бу хьуна хIокхо, дIамалал хIара. ТIаккха

хьайна хилларг а дуьйцур ду ахь. Вела а къежна, шура дIамелира кIанта.

– ХIун хилла хьуна, дийцал хIинца?

– Нана, со дIаваха веза, со кху чохь вуй хаахь, шуна дика болх хир бац.

– Хьо хIинца а гIоле хилла ваьлла ма вац, цхьа ши де даьлча, вуьгур ву хьо!

– ХIан-хIа, шун гIуллакх галдаккха ца лаьа суна, иштта а со бахьанехь, боккхачу кхерам кIелахь Iийна шу. ДIаваха веза со!

– Дика ду делахь, оха хьо дIавуьгур ву, амма цхьа дехар ду сан хьоьга – хьо мичахь хилла, хьаьнгахь хилла ма дийцахьара ахь!

– Вай, шуна доккха баркалла эр ма ду сан хьаькамаша!

– Ца оьшу, дика болх хир бац цунах, сан жима кIант ву, цIийнда ву, кхоьру со.

– Дика ду делахь, дуьйцур дац ас, – дош делира салтичо. Оцу буса Зайндис дIавигира иза. «Хьо мичахь вара?» – бохуш, шега мел чIогIа хеттарх, цо ца йийцира ша хилла меттиг. «Машен бердах йаханчул тIаьхьа, сайх хилларг ца хууш, тилкхазваьлла хьуьнчухула лелла, суна со мичахула лелла а ца хаьа»,– иштта дара Алексейн жоп.

Цул тIаьхьа пхи шо даьлча, цомгуш а хилла, Зайнап кхечира Ростов-гIаларчу больнице. Цига йигале Нохчийчохь дукха йадийна лелийра и Зайндис. Дохийна некъаш, йарташ, гIаланаш, аьтта мохк, йохийна йара дукхахйолу больницаш а, болх беш йолчохь а дарбанаш дацара, ткъа лоьраш банне а бацара, жимма кхеташ берш кхечу гIаланашка дIа а бахна, болх беш, шайн доьзалшца дIатарбеллера.

Зайнапана оьшуш долу дарбанаш доцуш дара Ростовера больницехь болчу лоьрийн, карийча а, дукха мах бара церан. ГIийлачу ойланца, мел хан йисна-те сан, бохуш, Iара Зайнап. «Духалург даьккхина а, иштта ца нислахь, цIенош доьхкина а, суна хьо тайан дуьне-даьхни карор ду», – аьлла, цIа вахна Зайнди а хьевеллера.

Зайнапан лулахо йара йуххерчу маьнги тIехь, Лидия Васильевна цIе йолуш, цхьа оьрсийн зуда. Цо дуьйцура: «Сан кIант Iийна Нохчийчохь, йаккхий харцонаш йу, бохура цо, шун къомана тIехь лелораш!» Оцу къамеле ла а доьгIуш, неIаре хьоьжуш Iаш Зайнап а йолуш: «Де дика дойла шун!» – аьлла, чувелира лекхочу дегIахь волу тайна жима стаг.

– Мама, хьо муха йу, гIолехь йуй хьо? – бохуш, бер санна тIе куьг а хьоькхуш, шен нана хьоьстура оцу къонахчо.

– Хьо а муха йу, гIолехь йуй хьо? – аьлла, Зайнапе хьаьжча, тIевогIавеллачохь висира кIант. Зайнап, эхь хетта, дIайирзира. Сих-сиха йуха а Зайнапе хьожура иза. Цхьа хан йаьлча, хьалагIаьттина, Зайнапана тIе а хIоьттина, сецира кIант. Цецйаьлла, шен кIанта лелочух ца кхеташ Iара Лидия Васильевна а. ЦIеххьана гора а вужуш: «Нана, хьо йац хIара, хьуна хIун хилла, хьо ма гIийла йу?» – аьлла, Зайнап мара а йоьллина, вилхира и жима стаг. Зайнап цецйаьлла Iара цо лелочух.

– Нана, со ца вевза хьуна? – вуьйхира кIант.

– Алексей... – аьлла, коьртах куьг а хьаькхна, мела ладарш хилла, бIаьргех хиш охьахьаьвдира Зайнапан – доьлхура нохчийн нана а, оьрсийн кIант а. Цаьршиммо лелочух кхетта, йоьлхура Лидия Васильевна а.

– Мама, со кIелхьарваькхина сан нохчийн нана хIара ма йу! – элира Алексейс.

Хьала а гIаьттина, Зайнапана хьалха гора а йужуш, шен кIант кIелхьарваккхарна баркалла олуш, корта таIийра Лидия Васильевнас, шайн Iадатехь догIуш ма-хиллара.

– Аш хIун леладо... Лидия Васильевна, мегар ма дац иштта, – бохуш, йоьхна хьийзара Зайнап. Дукха къамелаш деш Iийра уьш. Алексейс дийцира, ша ЗайнапагIар лоьхуш, дукха кехаташ йаздар, амма цхьана а тайпанара жоп доцуш ша висар а. Зайнапа шайга цхьа а кехат ца деанийла хаийтира.

ТIаккха Зайнапа дийцира:

– Сан цIийнда сих-сиха хьо гур вац-те олий, воьдура шу Iийначу, амма хьох хилларг ца хууш дисира тхо, хьох дерг хатта а ца даьхьара.

– Шуна сох хилларг хуийла а дацара, аш дIа ма-виггинехь, со Ханкала валийра, кхидIа йолу хан цигахь чекхйелира сан.

Зайнапана хиира, шен йоккха фирма а йолуш, дозанал арахьа йохка-эцар лелош йукъаметтигаш а йолуш, наха лара а лоруш, Алексейх къонах хилла хилар.

– Ас, миччара даийтина а, хьуна дарба дойтур ду, шек ма йала хьо, сан шолгIа нана! – бохуш, тешаллаш дора оьрсийн кIанта.

– Ца оьшу, сан кIант, сан дукха хан ца йисна, – аьлла, йилхира Зайнап.

– Хьо йелха ма йелха, со хье ца луш схьавогIу хьуна.

Цхьа-ши сахьт даьлча, массо а тайпана даарш, ткъа иштта зезагаш дахьаш вухавеара иза. Жимма луьйш-олуш Iийна: «Со хIинца сиха ву балхана, кхана вухавогIур ву со», – аьлла, дIавахара Алексей.

Дукха хан йалале чувеъначу лоьро хаийтира: «Оьшу дарбанаш схьакхача дезаш ду, долу меттиг карийна, шек ма йала, хелха а йуьйлуш, дIагIур йу хьо».

– Гой хьуна, Зайнап, дика нах хIинца а болуш бу, хьо дог диллина Iаш йара! – элира Лидия Васильевнас.

– И дика стаг мила ву-м хаьара суна, дукха ахча делла хир ма ду Алексейс.

– ХIумма а дац, ахь шена дина гIуллакх диц ца дина цо! Вон дера дара, хьо шена ца йевзаш санна, иза IадIийнехьара. Ткъа суна, и тIаьхьо хиъча, иза стаг а хетар вацара, цул тIаьхьа хьалхалера кIант а хир вацара цунах суна. Цхьаъ бен воцуш, тIехь да а воцуш, иштта хир вацара-те бохуш, хала кхиийра ас иза, со тахна йоккхайеш йу иштта и волуш, суна тахана хии, айса дика кIант кхиийнийла. Нанас шен доьзалхо хестош товш-м дацара, массо хIуманна хьо теш йолу дела боху ас, бехк ма биллалахь суна, Зайнап.

– Бехк-м хьаха ца буьллура ас хьуна, со йоккхайе шуьшиннех, сайнаш хир бац-те иштта дика кIентий.

Дарбанаш схьа а кхаьчна, уьш лелийча, тойелира Зайнап. Больницера арайаьлча, тIаьхьавеъна Ислам, ИбрехIим, цIийнда Зайнди – уьш ша волчу дIабигна, кIиранах цIа ца бохуьйтуш, хьошалла лелийра Алексейс.

Амма дог Нохчийчу цIа гIертара Зайнапан. «Сих-сиха догIур ду, гергарло а лелор ду», – аьлла, дош даьккхира Алексейс цаьргара.

ЦIа богIу некъ бахбеллера Зайнапана. Вагонан коре а хIоьттина, ойланаш йеш йогIучу цунна ша цомгуш хилчхьана, шен коьрте хьийзина ойланаш карлайевлира. «Хастам бу-кха хьуна, Везан Дела, дог диллинера-кх ас сайха, гIоди-кха Ахь, тесна ца йити-кха Ахьа со», – бохуш, ша тойаларх йоккхайеш, охьайижа аларх охьа ца йуьжуш, Зайнап лаьтта коран серло, тIаьхь-тIаьхьа гIеллуш, цIерпошто гена йоккхуш, Нохчийчу богIучу новкъахь дIайайра.

## ЙИШИНА ВАША

Беркате хилла мохк, къа хеташ да воцуш, хIаллакбан болийра. Баьхкинчу кхечу махкара хьешаша а: «Йеккъа Йалсамане йу-кха хIара, ма ирсан дай ду шу!» – олура, кху махка кхаьчча.

Овкъарлахь, сийначу цIарах морцуш, багош бара даим оьзда, гIиллакхе, хьаша-да лаьттина мохк. Цуьнан аз цахазарх, и ца лазабо моьттуш хилла-те царна? Хезаш дацара ирсечу берийн аьзнаш. ХIор дитт, цуьнан хIор га а, буц, зезаг, садолу, доцу хIор хIума, дикка ладоьгIча, доьлхуш хезар дара аьлла, хета. Бомбанаш йетташ, герзаш детташ отучу мехкан да воцуш санна хIаллакдора исбаьхьа Iалам, гIаланаш, йарташ. Байлахь буьсура дийнна доьзалш. Дай-наной боьлхура шайн доьзалшна.

Хийла хIусамаш йоцуш, арахь буьсура нах. Ткъа оцунна цхьанне а ша бехкен а ца хетара. Делан йоза иштта лелла, олура. Ткъа и йоза вай йаздойтуш дуй-те, цхьа гIуда хьаьрчина хилли-те вайх? «Баьццара-гIала» олуш, хилла йолу Гуьмсе, къа ца хеташ, да воцуш санна, отуш йара.

Иштта дIабоьдуш луьра тIом а болуш, хи карадой хьажа воьду ша аьлла, ваханчу шен цIийндена Мовсарна тIаьхьайаха йаьлла, лулахошца йоI а йитина, и тIаьхьайоьлхуш, йухахьийзара нана:

– Малкан, ма йелхахьа, хьо йилхича, со ца йахало!

– Нана, ма гIохьа, хьуна цхьаъ хилахь, ас хIун дийр ду? – бохуш, йоьлхура йоI.

– Малкан, сан жиманиг, ма йелхахьа, хьан дех хIун хилла ца хьаьжча, йолий со?

– Ткъа хьо а, дада санна, йуха ца йагIахь, ас хIун дан деза, со хьанах тешна йуьту ахь, хьуна ца го тIейеттачу бомбанийн, йаккхийчу тоьпийн, догIа санна, тIеIена гаьргаш?

– Дера, го, нагахь санна, лазийна, цхьанхьа хьан да Iуьллуш велахь, цунна гIо дан ца деза, со хье ца луш схьайогIу, вайна дехьарчу цIийнан бухарчу ларми чохь ЖовзанагIар а ма бу, ас цаьрга хьан дола де аьлла... Хьажал, дIо йогIуш йу хьуна иза, ткъа хIинца цуьнца уьш болчу гIо; со хье ца ло хьуна, – аьлла, йуха а Жовзане йоIе хьажа аьлла, тIекаре а йина, цIеношна тIехьа къайлайелира йоьIан нана Залпаъ. Нанас дена гIо дан йоьду аьлча, жимма малъелла, тIаьхьа ца йоьлхуш, сецира Малкан.

Амма тIамо цхьа а ца хоржура. Берийн дуьхьа, бераш вайн тIаьхье йу, уьш Делан маликаш ду бохуш, вай дийцахь а, бахамаш керчочохь, дуьненан даьхни къуьйсучохь, тIом йукъа а баьржий, дицло церан дахар. Иштачех цхьаъ йара Малкан а. Цунна ца хаьара баккхийчеран дахарх дерг. Цунна гуш дерг ша кхерар, цIахь воцу шен да, цунна тIаьхьа йахна нана а. И дара Малканна а, и санна болчарна а цхьаболчу баккхийчара кечдина дахар.

Бомбанаш, йаккхий тоьпаш чIогIа тIеетта йолийча, цIа чу оьккхуш, тIейетачуьра севцича, чуьра арайолуш, сарралц нана ларйира Малкана. Мел чIогIа шега дехарш дарх, ЖовзанагIар чохь болчу ларми чу а ца йоьссира иза. Амма суьйранна, кхин нана гучу ца йаьлча, чуйахна, дIатийра йоI. Шен хIусамдега берашна ледарло ма е а аьлла, Малканца, нана цIа йаллалц хан йаккха йахара Жовзан, йоI шеца схьа ца йеъча. Амма, буса тIедетта долийначу герзаша, йаккхийчу тоьпаша, довла меттиг йоцуш гатдинера адам. Массо а меттехь догуш цIенош дара, дийнахь санна серлайаьккхинера аре. Иштта оцу цхьана йоккхачу тоьпан хIоъ Жовзан а, Малкан Iачу хIусам чу а кхийтира. ХIара шиъ хуьлучух кхета а ца кхиира. Ший а бухахь йуьсуш, тIебеара цIенойн пен. Жимма Iийча, меттайеара Малкан. Амма дериг дегI лозуш дара. Меттахъхьан гIоьртича, меттах ца хьалора. СадаIа чIогIа хала дара. Малканна дерриг дагадеара: йоккхачу тоьпан хIоъ кхетта, шаьшшинна пен тIебар, оцу кIелахь ша хилар а. Йоха ца йухуш, хьалайала гIоьртира йоI. Дукха къа ца хьоьгуш, йистехьа хиларна мукъайелира иза.

Уггар хьалха кхоллайелла ойла Жовзан кIелхьарайаккхар йара. Шен ма-хуьллу кибарчигаш дIасакхуьссуш хIара а йолуш, сагатдина вогIу Жовзанан хIусамда Ваха тIекхечира. Цаьршиммо цхьаьна схьайаьккхира Жовзан. Амма кхетамехь йацара зуда. Цунна мелла а сиха лор везара.

«Со хIинцца лор валош схьавогIу, кху чуьра ара ма йалалахь, Малкан!» – аьлла, Ваха лор вало вахара. Шайна йуххерачу цIенна бухарчу ларми чохь лорйиша а карийна, и йалош, сихха схьавеара Ваха. Жимма молха-хIума лелийча, меттаеара Жовзан. «Йойна хIума йац кхуьнан, амма чIогIа лазийна йу, ларми чу дIайига, хье ца йеш, жимма меттахь кхаба йезар йу!» – элира лорйишас, цул тIаьхьа берриш а ВахагIеран ларми чу бахара.

Кхойтта шо кхачаза йолчу Малканна дукха а хIуманаш гира. Стенна бо тIом, стенна бойу нах, хIунда оту гIаланаш, йарташ? – цунна жоп дацара цуьнан ша-шена дала а, йа

шега хаьттича, кхечунна дала а. Цунна дагахь дерг берийн мерза дахар дара. Иза хила лаьара цунна. Ткъа и доьгIна ца хиллера Малканна.

...Хьерайаллал деттачу герзашна, лелхачу бомбанашна йуккъехула дехьа-сехьа лелхаш, мала хи карадой хьажа воьду ша аьлла, ваханчу шен цIийндена тIаьхьа йоьду Залпаъ муха нисло а ца хууш, гуттар чIогIачу тIема йуккъе нисъелира. Буьрсачу тIамо гатйина хIара, йахана, таьIинчу метте иккхира. ХIара санна, кхиссарех бевдда, цу чохь лаьттахь Iохкуш зударий а бара. «Ва Везан Дела, ма доккха хIума дукха хIара, тхо стенна бехке хилла-те? Хьайн къинхетамах ма дахахь тхо!» – аьлла, стигала а хьаьжна, Деле дийхира цо. Цхьа а шега вистхуьлуш ца хилча, делхарна цIийзаш бер а хезна, дIахьаьжира Залпаъ. Амма зударий, тохара санна, Iохкуш бара.

«Ванах, сан Дела, байъина бу-те хIорш?», – аьлла, дагадеара. «ХIей, зударий, шу дийна дуй?» – аьлла, кхайкхира Залпаъ. Амма дуьхьал жоп доцуш йисира иза. Шена йуххехь йолу зуда дIакарчийра цо. Хье йуккъе тоьпан дIаьндарг тоьхна, цIен томмагIа гира цунна. Долчух кхийтира Залпаъ, шена йуххе, ша йен дагахь иччархочо тоьхна йолу дIаьндарг кхетча. Уьш цо байиний а хиира цунна. Амма, царах дан дезарг, уьш болчаьрга кхузахь байъина бу ала, йа уьш дIабига, цхьана а тайпана царна гIо-накъосталла дан аьтто бацара цуьнан.

ДIакхевдина, йийна йолчу ненан марара бер шена тIе такхийра цо. ХIинца уггаре хьалха Залпаан кхоллайелла ойла, бер кIелхьарадаккхар йара. ДIаса а хьаьжна, ша лечкъинчуьра аратакха дагахь меттахйолушшехь, йуха а иччархочун дIаьндарг кхийтира йуххе. «Дала дакъазаваккха хьо, ма чIогIа тIаьхьаваьлла-кха хьо суна, адамаш дойъуш самукъадолуш ву-те хьо!» – аьлла, дIагIертарх гIуллакх хир доций а хиъна, цкъачунна дIатийра иза.

Дукха Iан дийзира цуьнан ша йолчохь. Меттахъхьовшшехь, иччархочо топ кхуссура. Цо топ кхийсарх, оццул дет-

тачу герзашна Залпаэ хьаьжча, тІамах и ца кхоьру моьттур дара, кхера-м кхоьрура иза йаллал, делахь а тІамах йоьлла ала мегар долуш хьал дара.

ТІом дІаболабелчахьана Залпаа а, и санна тІамна кІел бисинчара а ца ловш, царна ца гуш хІума ца диснера. Мацалла, хьогалла, Іожалла, лазийнарш... Масийтта стаг вара церан ларми чохь, чевнаш хилла, лазийна.

Иштта, цхьана дийнахь, тІамах дедда догІу цхьа зуда, ши бер дийра йуххехь кхеттачу йоккхачу тоьпан хІоо. Сарралц Іаьхкира уьш арахь, цхьаьннан а, тІевахна, дІабохка йиш йоцуш. Буса, тІом сецча, цхьана нехан беша дІабоьхкира уьш кхара.

Залпаан садуург доьлху бер дара. Ша-м Іийр йара иза цигахь, ткъа мацаллина доьлхучу берах къахетара. Цо сатуьйсуш дерг буьйса йолар дара.

Дагадеара, дуьххьара тІом болабеллачу дийнахь, хІусамда цІахь цахилар, шен а, Малканан а кхерайалар а. Йала меттиг гатбелла, шаьшшиъ хьаьдда лелар. ТІаккха цхьана ларми чу а нисъелла, цу чуьра ара ца йалалуш, шаьшшиммо кхо де даккхар а. Мацаллина, хьогаллина йоьлху йоІ, цунна дан хІума доцуш ша йелхар а. «ХІетахь сан йоІ санна, мацаллина доьлху хир ду-кха хьо а!» – бохуш, бер маракъуьйлура Залпаа.

Иштта Іаржъеллачул тІаьхьа а Іийра иза меттахъхьан ца йаьхьаш, амма кхин Іойла дацара. Іаьржа хиларна иччархочунна ца гуш хилла хир йара иза, йа дІавахнехь а, кхин топ кхуссуш цхьа воцуш хьала а йаьлла, лечкъаш йогІура Залпаъ. Хала дара цунна Іаьржачу буса некъ бан. Йохийначу гІишлойн аьхкаш а, кхийолу цхьацца хІуманаш а когех тийсалуш, ца йалуш йогІу иза, таса а йелла, охьакхийтира.

Мел Іийнехь а, кхетамехь йоцуш йоьжна а Іиллина, меттаеъна, корта хьийзарна техка а техкаш, дІайахара иза. Гена йалале охьахиира: ца йахалора, корта хьийзара. Ткъа бер-м, хІара кхетамехь йоццу хенахь дукха дилхина кхеттехь а, наб кхетта дара. Оцо а гІеххьа паргІато лора кхунна.

ХІара дІайаха ницкъ боцуш хиъна Іаш а йолуш, цІеношца лечкъаш догІучу шина адамах бІаьрг кхийтира кхуьнан. Уьш гина дукха самукъадаьлла: «ХІей нах, гІо дейша суна, охьакхетта лазийна йу со!» – аьлла, аз таІош цаьрга кхайкхира Залпаъ. Кхуо бетта мохь хезна, тІедера стаг а, зуда а. ХІара лазийна йуй хиъна, цаьршиммо гІо а деш, хІорш церан ларми чу бахара, гена баха безаш ца хиларна шен когаш тІехь дІайаха ницкъ кхечира Залпаан. Амма, чукхаьчча, охьа-м йуьйжира иза. Мел Іийнехь, кхетамехь йоцуш Іийна, меттаеъча, гонаха лаьтташ бара нах. Йуххехь хиъна Іачу зудчо элира: «Корта чІогІа лазийна бу хьан, оха, лоьраша, цунах «сотрясени» олу. Хьо мелла а, йиш йолччул меттахь Іан йеза, чІогІа хадийна а бу хьан корта, меттахь хан ца йаккхахь, тІаьхье дика хир йац!»

– Берах хІун хилла, и мичахь ду? – аьлла, хаьттира Залпаа, кІант ву йа йоІ йу шена ца хаарна.

– КІант дикачу хьолехь ву, бакъду, меца а волуш, дукха велхарна жимма ницкъ хилла цунна, делахь кхераме хІумма а дац, хІума а йиъна, дика набъеш ву!

– Ма дика ду иза, – аьлла, доккха са а доккхуш, корта охьабиллира Залпаа, кІант хилар хиъча, самукъа а долуш. ХІунда аьлча Малканал тІаьхьа кхин доьзалхо ца хуьлуш йисира Залпаъ. Лоьраша цамгар йу хьоьца, кхин доьзалхо хир вац хьан бахарх, къар ца луш, дарбанаш лоьхуш лийлира иза. Амма, кху хиллачу хиламаша дог диллийтинера цуьнга. Доьзал стамбар хьехочохь а дацара.

Ткъа дагахь элира: «Сан йоІана ваша ву-кха, дахарехь йоккха гІортор а йу-кха цунна! И вошаллин зІе дІайер йац, кхуьнан дай бовларх а», – аьлла. Залпаана хаьара, кІентан дай иза ца лохуш Іийр боций, уьш муьлш бу хиъча-м цо ша а дІавуьгур вара кІант, ткъа тахана и кхочушдан цхьана а кепара аьтто бацара цуьнан.

Цкъа-делахь, оцу сингаттамо а садуура цуьнан, кІант вайна дай холчохь хир буй хаьара цунна, вуьшта иза йоккхайера ша и кІелхьарваккхарна а, шен йоІана мухха дер-

захь, ваша хир ву-кха цунах бохуш а. И гергарло хедарг цахиларх а тешара иза.

– ЦIе муха йу хьан кIентан? – аьлла, хаьттира лоьро. Цо и хаттар дича, цкъа йуьйхира Залпаъ, ша хIун ала ца хууш, тIаккха

– Мохьмад йу цуьнан цIе, – аьлла, жоп делира цо. Йийначу зудчунна йуххера схьаэцна ала ца лиира цунна.

– Со, хIинца дIайаха хьажа йеза, – аьлла, меттахъхьайра Залпаъ.

– Ахь хIун до? ХIинцца хьоьга дуьйцуш ца йаьллина со, жимма меттахь хан йаккха йеза, бохуш?...

– Диканаш, сан Iан йиш ма йац, цIахь ас ша йитина жима йоI ма йу сан!

– Ахь мичахь йу дийца, оха схьайалор йу, ткъа хьо меттахъхьуьйчохь йац, – элира, лор йу бохучу зудчо.

– Ккузара генахь йац, ши урам дехьахь, «Серло» олучу туьканан дуьхьал чохь дехаш ду тхо, – аьлла, царна некъ а бийцина, йуха а гIора кхачийна, дIатийра Залпаъ. Жимма хан йаьлча, йуха а лоьро хаьттира:

– Хьо стенгара йогIуш йара? – аьлла. ТIаккха Залпаа дийцира, ша цIийнда лаха йахар, хи дан воьду аьлла и вуха ца вар а.

Сатоссучу хенахь чIогIа йевллачу гIовгIанаша самайаькхира Залпаъ. «Дерриг арадовла, паспорташ кечде шайн», – бохуш, оьрсийн маттахь деттачу цIогIано Iадийна, кхерайелла ша йолччохь дIатийна Iара Залпаъ. Цу хенахь йуххехула дIахьаьдда йоьдучу лор-зудчо ккуьнга: «Хьан йоI схьайало вахана тхан ши стаг вуха ца веана, тхох а хIун хир ду а хаац, хьайн кIантаца цхьанхьа дIалачкъа!» – аьлла, лор-зуда арайелира. Ткъа Залпаъ шен кIантаца сонехь тIекIелкхиссинчу хIуманашна кIел текхира. Чу а веана: «Чохь кхин цхьа а вац!» – аьлла, цхьаъ аравелира.

Дикка Iийра арахь берш цхьацца дуьйцуш. Схьахетарехь, кехаташка хьовсуш хир бу уьш бохуш, Iара Залпаъ. Уьш оьрсийн тIемалоша дIабигира. Царах цул тIаьхьа хIун хилира а ца хиира Залпаана.

Уьш цигара дIабаханчул тIаьхьа, ара а йаьлла, шен йоI йолчу агIор дIайахара Залпаъ. Кхин башха тIамна кIел ца нислуш, ша йоI йитинчу схьакхечира иза. Амма йоI йа кхиберш ца карийра цунна. ЙоIе кхойкхуш, Жовзане кхойкхуш, шен дохийна цIа а карийна, йоьлхуш дIасауьдура Залпаъ. Амма лахарх, Мохь беттарх цхьана а меттехь йоI ца карийна, хиъна йоьлхуш Iара нана. ЦIеххьана лаьтта бухара йолуш санна, Залпаана хьалхахь долу цхьа эчиган негIар дIа а хилийна, хьалайелира Малкан. Цхьана ханна цецъйаьлла сецира Залпаъ, тIаккха йелайелира: «Малкан, хьо мичара йели?» – аьлла, тIекхетта йоI мара а йуллуш, йилхира.

Йоьлхура нана, йоьлхура йоI, цаьршиннан дегнашка кхаьчначу кхаьънийн хьал хуур дацара цу шинне бен. Дикка йилхира наний, йоIIий. ТIаккха нанас хаьттира:

– Малкан, хьо хIун деш йара оцу ор чохь, мичахь бу ЖовзанагIар?

– Уьш, цхьана йаккхийчу машенаш тIе а баьхна, оьрсаша дIабигира, со дIалечкъира.

– ХIун машенаш йара уьш?

– Хаац суна-м, дукха-м йара уьш!

ЙоIа дуьйцучух нана кхийтира.

Залпаъ лазийна йолуш, кхуьнан доладинарш санна, оьрсаша дIабигнера ЖовзанагIар а. Йуха мар-мара а кхетта, йелха йолаелира ишиъ.

Йелхаран шаьшшиннан тоам хилча, йоьIан дуьххьарлера хаттар дара:

– Нана, хIара хIун бер ду хьан карахь дерг?» – аьлла.

– Малкан, хIара хьан ваша Мохьмад ву-кха!

– Муха сан ваша? – аьлла, цецйелира йоI.

ЙоIана ма-дарра дийцира нанас, тIаккха чIагIдеш тIе а туьйхира, хIара хьайн ваша ву ала аьлла.

Нанас дина къамел ша къобалдар хоуьйтуш, ненан карара кIант схьа а эцна, стигала хьала а хьаьжна, кIант хьала а ойуш, Мохь туххуш элира: «Тахана дуьйна сан ваша ву

хьо, Мохьмад. Дела, хастам бу-кха Хьуна, Ахь суна хIара валарна!» – аьлла. ЙоIа иштта аьлча, дог кIадделла, мела хиш хьаьвдира ненан бIаьргех. «Сан йоI, сан хьоме йоI, сан хьекъале корта!» – аьлла, йоI мара а йоьллина, йилхира Залпаъ. Нана йилхича, йилхира Малкан а, цу шиммо гIовгIа йаькккхича кхеравеллехь, йа мацаллина велхахь а, Мохьмад а вилхира.

Оцу белхарна тIекхечира Мовсар.

«Аш хIун леладо, шу ма чIогIа доьлхуш ду?» – аьлла, вистхуьлуш дохийначу цIеношна тIехьара шен да схьаваьлча, йоьлхуш, дуьхьалхьаьдира Малкан.

Вовшашна тIекхаьчна хазахетаран доза дан а дацара, тIамо гатдинчу оцу гIийлачу адамийн. Дерриг вовшех дерг хиъна даьлча, тIом боццу махка, оцу шина беран дахар маьрша хилийта, кхин цаьршиннан дог Iовжош хIума ца хиларе дог дохуш, ши бер тIамах кIелхьардаккха дIадаха барт хилира цушиннан.

## СИННА ЙИНА ЧОВ

Нуьре, хаза кхеттачу маьлхан зIаьнарша дохдинчу Iаламо, шен чомехьчу хIонца токхе дина, самадевллачу олхазарийн эшаршка ла а доьгIуш: «ХIокху гIалахь оццул хаза йолу хIара Iуьйренаш, ломахь ма хаза хир йу-кха!» – бохуш, балха кхача сихйелла йогIура Асет. Шен болх дика бевзара цунна. Даим а шен накъостий балха бахкале бухахь хуьлура иза, хIоразза а болх дIаболо сатосий йогIий. Лоьрийн дешар доггах Iамийнера йоIа. ЧIогIа ларлора иза гIалат йа кхийолу ледарло шегара йаларх. Тахана а, бIаьстенан Iуьйрено хьоьстуш, балха сихйелла йогIура йоI. Йуххехь машен а сацийна, шега цхьаъ кхойкхуш хетта, ладоьгIна, сецира Асет.

– ЙоI, хьо хьуо чухуу машенна, йа оха чухаайо хьо?! – аьлла, шоферна йуххехь хиъна Iачо, вела а къежна, дIайиллира неI. Йоьхна лаьттара йоI. Iадийна, ша хIун дан деза ца хаьара цунна. Зулам дан арабевлларш забар йеш бацара. Асет церан тидамехь йолу дикка хан йара, кхунна шена иза хууш а доцуш. ЙоI хьенан-мила йу а хиъна, таханлера де хаьржира цара иза йадо.

Хуьлучух кхетале машен чу кхоьссира Асет. Кхерйелла, йегайора йоI – багара долуш дош а дацара. Машен чу кхоьссинчо элира:

– Кхера ма кхера, тхо хьуна вочу балхана арадевлла дац. Оха хьо маре йуьгуш йу!

ЙоьIан йистхилар дацара. Дикка некъ бира цара. Амма Асетана шарал бахбеллера и некъ. Цхьана нехан кетIахь севцира уьш. Хьерабевлча санна, йекош машенан зурма а хезна, арайелира хIусамнана.

– Аш хIун до, Кура кIант, хIумма-м ца хилла вайна?!

– ХIумма-м ца хилла, нускал далийна-кх, – элира вукхо.

– Муха – нускал, хьанна далийна?!

– Султанна далийна-кх. ТIелоций аша?!

– Вай, Дела, иза-м хаза кхаъ бу, схьа керта йаийта машен, – аьлла, ков схьадиллира хIусамнанас.

– Мадина, Хьамзат цIахь вуй? – аьлла, хаьттира Абус, шен воккхахволчу шичас, шаьш динчунна резавоцуш, цхьаъ аларна кхоьруш.

– Дера вац, селхана, ша гIала воьду аьлла, вахана, цIа ваза ву-кх.

– ЙоI чуйига йеза, ма латта вай арахь, – аьлла, машенна тIе йахара Мадина.

– Вай, хIара-м йоьлхуш ма йу, хIун хилла кхунна?

– ХIун хир дара цунна, ша маре йеана аьлла, хазахеташ йоьлху хир йу-кха иза, – аьлла, бийлабелира лаьттарш.

– Хьо йелха хIунда йоьлху? Мел дика меттиг йу хаьий хьуна хьайна нисйелларг, йало, чуйоьду вайшиъ! – аьлла, Мадинас чуйигира йоI. Чу а кхаьчна, ша паргIатйаьлча: «Со мича кхаьчча?» – хаьттира Асета.

– Ас ма-аллара, хьуна нисйелларг дика меттиг йу, хьо йоха ма йоха, хIинцца шун цIа хаийта нах бохуьйтур бу, со хьуна йаахIума йан йоьду, ткъа ахь жимма садаIа, – аьлла, арайелира Мадина. Коре хIоьттина ойланаш йеш лаьттачу йоIана цIеххьана дагадеара: «Дера, йеза со йада», – аьлла. ТIам охьахьовзийра йоIа, схьаделладелира кор. Йедда неIаре а йахна, ладуьйгIира цо. Дехьа чохь буьйлуш хезаш бара чохь берш. НеI тIе а чIаьгIна, корах меллаша чу а йоьссина, бешахула урамновкъа а йаьлла, дIайедира йоI. Цхьа йоккха стаг бен, кхин цхьа а дуьхьал ца кхеташ, йуьртах арайелира иза. «Новкъахула йахча, уьш тIекхуьур бу, хьуьнчухула йаха йеза со, тIаккха новкъа йер йу гIала йоьдуш машен кхетахь, охьагIур йу», – аьлла, оцу ойланца дIайахара иза. Амма, мел некъ барх, новкъа кхочуш йацара. Ша тилайеллий хиъна, йоьхнера иза. Делахь а ша йигначеран карарайалар, цIа кхача лаар совдийларо ницкъ лора цунна. Дехьо шовданан гIовгIа хезна, тIейахна, гора а йоьжна, Iаббалц хи мелира. Хи мелла йаьлча, ойла йира цо, хиллачун а, ша лелочун а. БIаьргех охьахьаьвдира хиш, Мохь тухху йилхира йоI. Деле а, эвлайаашка а шена гIо дар доьхура цо. БIаьрхиша шен сапаргIатдаьккхинчул тIаьхьа, цхьа гIовгIа хезна, ладуьйгIира цо. Массо а тайпана кхерамаш даг чу тесна, дIайедира. Генна некъ бинера цо, са хедаш доллура, амма кхерам совбаьлла, ша хIинц-хIинца цхьаммо схьалоцу моьттуш, йухахьажа ца йаьхьаш, йедда йоьдура йоI. ЦIеххьана, ког шершина, басах чуйахара. Цхьана дечках тасайелла, сецира. Лаза чIогIа йарна кхетамчуьра йолуш, тIаккха гIеххьа меттайогIуш Iуьллучу йоIана, гIенах санна, хезира ша чуйеанчу лакха тIехь жIаьла леташ. Йуха а кхетамчуьра йелира йоI.

Асет йеддачул тIаьхьа, дагахь хIума а доцуш, йаахIума йахьаш чуеанчу Мадинина иза чохь ца карийра. Диллина кор а гина, орца даьккхира цо. Мел лехарх цхьана а меттехь, йоI ца карийна, йуьрте орца элира. Йоккхачу стага йийцинчу агIор а лехира. Йерриг йурт гIаттийра: «Вайна

тIе эхь догIуш доллу», – аьлла, амма шайна йоI ца карийча, цуьнан цIа хаийта сацам бира.

Гергарчаьргахула, тайпанан нахехула сиха даьржира, Асет карош цахилар. Милице а хаам бира, амма йоI йигначара хаийтталц, цунах хилларг ца хууш хьере бара Асетан нах. Iуьйранна бовха схьакхеттачу маьлхо шен зIаьнарш йуьхь тIе а тоьхна, «ХьалагIатта, ахь хIун до йижина Iуьллуш!» – шега бохуш санна хетта, зIаьнарша йуьхь йохйина, самайала гIертачу йоIана шен йуьхь тIе цхьа хIума хьекхалуш хаайелла, халла ши бIаьрг схьабиллича, мотт хьоькхуш жIаьла гира. Кхерайелла, тохайелира Асет. ЙоI тохайелча, кхераделла, дIаиккхира жIаьла. Дехьо даьлла, бIаьргаш бетташ, йоIе хьоьжуш лаьттара иза. Меттайеъча, жIаьла дуй хиъча: «Схьадола, схьадола», – аьлла, куьг а кховдош, хьаьстира цо иза. ЦIога а ластийна, тIедеара жIаьла. «Бехк ма биллалахь, хьо экха ду моьттуш, сийсара со кхерайелла йадарна, со чIогIа лазийна йу, хьо суна гIо дан гIертачух тера ду, вайша дIадаха хьожур ду», – аьлла, ша-шена тIе куьйгаш хьаькхира цо. Меллаша, цхьацца йоккхуш, меженаш меттахйехира. Йойна меже йоций хиъча, хьалагIатта гIоьртира, дегIе лазарш тоьхна, йуха а охьахиира иза. Дикка лазийнера йоI. «ЖIаьла, вайшиъ дIагIертарх гIуллакх хир ду моьттуш йац со, кхин а цхьа буьйса хьуьнхахь йаккха йеза, моьтту суна», – элира Асета, и шех кхеташ санна. Ткъа жIаьла гонаха дедда лелара, Iов-Iов а деш, йоIе хьалагIатта бохуш санна. «Дера, ахь-м соьга хьалагIатта боху хир дара, ткъа сан дегIехь ницкъ бац-кха», – аьлла, цхьа дечиг карайеана, иза а лаьцна, хьалагIаьттира йоI. Генайалале, акхарой хьийзина лараш а йолуш, тIуьна меттиг карийра цунна. Дехьо оцу тIе догIуш шовда карийна, кучан пхьуьйшаш схьадаьхна, чевнаш цIанйина, цаьрца дIайихкира цо. Уьш кIезиг хилла, жимма кучан йух а схьайаьккхира йоIа. И болх шен чекхбаьлча, хьуьнан Iежаш а дууш, ойла йан йуьйлира йоI. Мел чIогIа тIекхиа лаарх, ша мичахь йу ца хаьара цунна. Iежаш а дууш, хьагйелча тIе хи

а молуш, де дIаделира цуьнан. Лета а леташ, дIадодуш, йоI тIаьхьа ца йеъча, йуха а схьадогIуш, гонаха дедда лелара жIаьла. ЙоIе шена тIаьхьайола бохура цо, цунах кхетара йоI, амма дегIехь ницкъ боцу йоI хиъна Iара. «Дадий ма лелахьа, тахана дIайан дегI дац сан, буьйса а йаькккхина, Iуьйранна парггIат новкъа дер ду вайша, схьадолахьа, йуххе охьадижахьа!» – аьлла, йоIа хьаьстира жIаьла. Цо дуьйцучух кхетча санна, хьалхара ши ког дIа а бахийтина, царна тIе корта а биллина, дехьо дIадижира жIаьла. «ХIаъ, иштта бохий ас-м, гена ма далалахь, со кхоьрур йу хьуна!» – олуш, наб озийра йоIана. Iуьйрана самайаьлча, шен марахь дижина карийра Асетна жIаьла. ЙоI меттахъхьайча, хьалагIаьттира жIаьла а. Хи тIе йахана, йуьхь а йилина, цхьа ши Iаж а биъна: «ХIан, доттагI, хIинца новкъа долу вайша!» – аьлла, гIаж а луьйзуш, дIайолайелира йоI. ЙоI шена тIаьхьа ца йогIуш дIахьаьвзича, гIалх-гIалх олий, Асет шена тIаьхьа дIайоьхура жIаьло. Елалой, цо бохучу агIор дIайоьдура иза.

Иштта, сарралц, хьуьнчухула некъ бира цу шиммо. ЦIеххьана, хьун чекх а йаьлла, ломан басахь дежаш жа а, дехьа, лаха чохь, гIота гира йоIана. ДегIера ницкъ иэшна, охьахиира иза. Гонаха хьийзара, шен дена хазийта гIерташ санна, чIогIа летара жIаьла. Амма гучудолуш аддам а дацара. «Хьадий ма лелахьа, гIотане а гIой, орца далош долахьа!» – элира йоIа. ГIотанехьа дIадедира жIаьла. Дукха хан йалале Асетна гира шен ма-хуьллу дедда догIу жIаьла а, цунна тIаьхьадогIу адамаш а. Дог кIадделла, дош а ца алалуш йоьлхура йоI, адамаш тIекхаьчча. Асетан ненан хеннара хир йара орцах баьхкинчаьрца йолу зуда.

– Хьо Асет йуй? – хаьттира зудчо.

– Йу. Хьуна муха хаьа сан цIе?

– Тахана шозза милици йеана кхуза, хьох хIумма а хааделлий бохуш, цундела хоьттура ас-м.

– Зуда, хеттарш цIахь дийр ду вай, цкъа чуйига йеза хIара, – элира цуьнца волчу стага.

– Бакъ боху, – аьлла, зудчо гIо а деш, гIотане бахара уьш. Шаьш, чу а кхаьчча, паргIатдевлча: «Шун цIераш муха йу?» – аьлла, хаьттира Асета.

– Сан цIе Хизар йу, хIокхуьнан – Жовзан йу.

– И жIаьла мотт хууш-м дац шун, Ваша?

– ХIунда боху ахь, Асет?

– ДIааьллачух кхеташ ду-кха иза, цхьадолчу адамал а дика!

– Дера, ду дадин Карай, хьекъал долуш, – аьлла, дозаллица хастийра Хизара шен жIаьла.

– ЦIе ма тамашийна йу цуьнан. И мичара йаьлла хьуна?

– Цхьа дийцар дешнера ас газета тIехь, чIогIа дуьйцура оцу «Карай» бохучу жIаьлин дас иза. Цо ша хи чу воьду чуьра ваькхина бохура, кхин а цхьацца цо дина диканаш дара цо оцу тIехь йаздеш, жIаьло и саннарш дина аьлча, цец а вер волуш, оцу тIера схьаэцна тиллира ас а хIокхунна и цIе. Шен дийцар а дерзош, Жовзан йоьIан гIуллакхе хьожжучуьра, зIе тоха воьду ша аьлла, аравелира Хизар.

– ЗIе тоха ара хIунда волу иза, сох бегIийла ца хеташ лела-те и?

– ХIан-хIа, ца лела. ДIо гу тIе хьала ца ваьлча, зIе дIа ца кхета кхузара, цундела велира иза-м ара!

Чай молуш Асет а йолуш, чувеара Хизар.

– Милице ас дIахаийтина, хьо дIайига схьадогIу боху шаьш!

– Дела резахуьлда шуна, лечуьра йаькхи аша со!

– Оха башха дина хIума а дацара, динарг Карайс дина-кх!

– И бакъ ду, Карай ца хиллехь, сох хIун хилла хир дара хаац, – аьлла, ша хьегнарг дага а деана, йилхира йоI.

– Асет, хьо йелха ма йелха, суна чохь са а долуш, кхин хьуна цхьа воних хир дац хьуна, – бохуш, йоI тейан гIерташ хIорш а болуш, схьакхечира милцой. ЙоIера хьал а хиьна, хIусамдена, нанна баркалла а аьлла, дIабаха арабевлча, цхьаъ раличухула кхайкха вуьйлира:

– Хьалхарниг, хьалхарниг, со воьалгIаниг ву. ДIахезий хьуна?

Хьалхарчо шена хезаш хилар хаийтира.

– ЙоI тхуна карийна, тхо дIадогIу!

– ЙоI милице схьайалае!

– Дика ду, – аьлла, раци хьалаоьллира милцочо.

Раци чохь хезаш бара оьрсийн маттахь бен кхайкхам: «Всем отбой! Девушку нашли, везут домой», – бохуш. Шаьш новкъа довлале, вукхаьрца Iодика йешшехь, бIаьргашца жIаьла лехира Асета. Ткъа дехьо, йоIе а хьоьжуш, хиъна Iара Карай. «Схьадолахьа, сан доттагIа, хьо ца хиллехь, со йелла хир ма йара!» – аьлла, тIедийхира йоIа жIаьла. ЦIога а ластийна, хьастаделла, тIедеъна, йоьIан когех хьаьрчира жIаьла. Охьа а лахйелла, коьртах куьг хьоькхуш, жIаьла хьоьстучу йоIана, цуьнан бIаьргаш тIунбелча санна хийтира. «Кхоьллина Дела, хIор садолчу хIуманна делла-кха ахь къинхетам, бала, догъIовжар а!» – аьлла, машенна чу хиира Асет. ЦIа дуьйладелла дукха хан йалале, сапаргIат а даьлла, наб кхийтира Асетана. ЙоIе а хьаьжна, раци чухула къамелдинчо элира: «Пекъар, ма бала лайначух тера ду кхо».

Милици чохь йолчу гIишлонна хьалха дукха адам дара. Гергарнаш, йоI йайна аьлла мел хезнарг, гIо эшахь а аьлла, схьавеанера. Машен схьакхаьчча, тIехьаьлхира нах. ЙоIана марабетталуш, боьлхура зударий. Ца совцура йоьIан а, ненан бIаьрхиш.

Милицехь цхьацца хаттарш а дина, цIа йахийтира йоI.

Йаккхий хенаш а тоьхна, чубоьхкира йоI йадийнарш. Цул тIаьхьа тIебаьхкина, шаьш бехке ма дахьара, вайн ворхIе дайшкара схьадеана Iадат ду бохуш, леллера шайн кегийнаш, бохуш, бехкала а бахна, хьийзара йоI йадийначеран нах. Асет, чевнаш дIа а йирзина, балха йахара. ДегIана хилла чевнаш дIайирзинехь а, дагна а, синна а йина чевнаш йерзаза йара йоьIан.

## СОВГІАТ

Цахуучунна ма хаза кху Іаламах чам оьцуш ву-кха и къонах эр а долуш, генна, шена цхьаъ гуш санна, корех ара а хьоьжуш, Іачу жимачу стага, ша араваккхахьа аьлла, кхайкхира нене. Иза лазийчхьана цкъа а дІадоккхуш доцчу тхов кІеларчу гІанта тІе охьахаийра Алпатус шен кІант. Куьг хьаькхна, цуьнан месаш а нисйина, бІаьргех шен хьаьвдда хиш, йовлакхан га хьаькхна, дІа а даьхна, чуйахара нана. ГІуллакхаш дан йолаелира иза, амма ма-луъу куьг дІа ца доьдура. Схьаэцца хІума карара охьайужура. Цунна дагахь верг шен кІант вара. Ша жима цахилар, шел тІаьхьа цо хІун лелор ду-те бохуш, дог Іийжара цуьнан. Маьнги йисте охьахиира Алпату. БІаьргех охьаоьхура хиш. Йоьлхура нана шен цхьаъ бен воцчу, бІаьрзечу кІантана. Шича-маьхчой-м дера бара, амма ваша йа йиша санна, цхьа а хьожур вацара, ткъа уьш бацара.

ДІасара цІа вогІуш, машен бердах а йахна, Русланан да веллера, ткъа йуххехь волу хІара, чІогІа лазорна, кхетамчу ца вогІуш, дикка больницехь Іиллира, гІоле хиллачул тІаьхьа, бІаьрзе а вуьсуш.

– Нана, сан пондар схьабахьа, – аьлла, кхайкхира Руслан.

И локхуш кІентан самукъадолий хууш йолчу нанас пондар сихха схьабеара.

Кхуьнан йалх шо кхочуш, дас эцна бара иза. Ловза ваханчуьра вогІуш цхьа воккха стаг гинера Русланна, пондарца илли олуш. ГІоргІа, гІийла декара цуьнан илли, лазорна кхоьруш санна, дайн пІелгаш хьокхура цо, пондаран мерзех. Эццехь пондаре безам баханчу кІанта садуура ден, шена пондар эца бохуш. Хьамзат ша а вара дечиг-пондар лекхна. Доьзал кхоллабеллачхьана битинера цо иза. Доьзална хІусам а оьшура, рицкъа а оьшура, цундела хан а ца хуьлура цуьнан пондар лакха йа цуьнга ладегІа а. Дийнахь

сарралц балхахь хуьлура иза. Ша кIантана делла дош кхочушдира цо, цунна пондар лакха а Iамош.

– Нана, Лайлаана хезар дац-те ас хIара локхуш?!

– Дера, хезар ду. Вай гу тIехь Iаш ма ду, ткъа уьш лахахь бу. Хьан пондаран аз а, хьан илли а йуьртахь а хеза. Шек дIа ма вала хьо, цунна хезар ду хьуна!

– Нана, со хоттий-те цо?

– Дера, хотту. Хьан шиче, Заире, сих-сиха хоттучух тера ду цо хьо. Ткъа со гича, цхьаъ хатта лууш санна, соцу иза. ТIаккха, хьал-де а хоттий, дIайоьду. Суна хаьа, иза хьо хатта лууш йуйла. Сох бехк лоьцу цо.

–Лайлаъ маре йахарх-цайахарх хIумма а дуьйций йуьртахь?

– Суна-м ца хезна цунах дерг, хIинца а хьоьца дог-ойла йолуш йу бохуш, хезна суна.

– Сох-м хIун дора цо? Ша йелла дIайаллалц соьца бала хьоьгур ма бу цо.

– Иштта ма алахьа, сан кIант! БIаьрзе хиларх, товш а, хаза а ма ву хьо.

– Сан товш хиларх а, сан куьцах хIун до? Нана, муха ду Iалам? Хаза дуй? Сенделлий? – аьлла, шен къамел кхечу тIегIан тIе даькхира кIанта. Цо лелочух кхеттачу ненан бIаьргех охьахьаьвдира хиш. Шен йелхар кIантана хазарна кхерайелла, йовлакхан тIам бIаьргех а хьаькхна:

– Iалам хаза ду, толур ма ву хьо. Хьуна а гур йу кхуьнан хазалла. И гIийла къамелаш а ца деш, цхьа илли алахьа!

– Дика ду, нана. Бакъду, самукъане илли ала дог-м ца догIу сан. Хьуна лаарна, цхьаъ эр ду ас, – аьлла, шен илли дIадолийра кIанта.

Дакъаза ма дала-кх, хьо маьлхан дуьне,
Ма къиза деа-кх хьо декъазчу суна!
Ахьа-м ца кхайкхи со ирсечу шуьне,
Ца го со, де доьхна, тахана хьуна?

Йезачо дІатесний-теша сан безам?
Мел хала хир ду-кха лан иза дагна,
Сан-м цуьнца бехар бу даимна лерам,
Ирс лахарх бехке ас йийр йац и тахна.

Хезий-те цунна сан кхойкху дог шега,
Йа лаац-те цунна ойла сан хьаста,
Мел чІогІа лиъне́ра цуьнчух некъ тега,
Йиш йоцуш сайн къайле виси со яста.

Ас паргІат йуьту хьо, некъ харжа хьайна,
Догга-м сан хир ду-кха даим хьо йоьхуш,
Йиш йац-кха сайн деган лазамаш гайта,
Бодашлахь аматаш Іийр ву хьан лоьхуш!

Ша илли аьлла ваьлча, цхьанхьа бІаьргаш доьгІна, вехха ойланехь Іийра кІант. Ткъа цунна-м ца хаьара, шен иллино дог а малдина, чохь Іуьллуш шен нана йуй а, ца хезара, шайн бешарчу Іожа кІел а хиъна, кхуьнан илли дагах а кхетта, шен синца кхуьнга кхойкхуш, йоьлхуш Лайлаъ йуй а.

Шен шийтта шо кхачале дуьйна Лайлаэ са лаьтташ вара Руслан. Бакъду, цхьаьнгге хьахам ца дора цо и, нах шех беларна кхоьруш. Шен безам дІахьахо эхь хеташ, цуьнга къайлах бІаьрг а бетташ, лийлира иза. Цо и Лайлаэ дІа а хаийтинера, ткъа йоІ, цо и дешнаш шега аларе хьоьжуш Іийча санна, реза а хилира.

Руслан воккхавера оццул мерза, шен дог хьостуш, беанчу безамах. Амма иза цхьана хІумано даим воттура, иза цхьана хІуманах кхоьрура, цунна и хІун ду ца хаьара. Делахь а, и шен кхерам, ша вагор дицлора, Лайлаъ дагаеъча, иза гойла хилча. КІант кхийринарг хилира. Хедира кхуьнан дахарца йолу мерза уьйр. Дуьне Іаржделира, дІадайра, чиркх санна, Лайлаан йуьхь-сибат. Делахь а, дог-м и йоьхучура ца соцура. Русланна моьттура, ша Лайлаана вицвелла,

шеца йолу марзо дІайаьлла, амма йоьІан дог даим кхуьнга кхойкхуш дара. Кхунна ца хаьара Лайлаа мел гІайби тІехь бІаьрхиш Іенадо, мел, шега а кхойкхуш, и йоьлху. Нанас, мел кІеда-мерза дешнаш а олуш, хьоьсту йоьІан дог.

Шен вуьрхІитта шо а дузале, да а кхелхина, йиса а йисина, кхиийнера нанас Лайлаъ. ЙоІ дуьнен чу а йалале, цамогуш а хилла, кхелхира йоьІан да. ХІетахь дуьйна, шен йоІах ца йала, хийла дика-вон а ловш, иза кхиийра Хьаванис. ЙоІ марзошка дІа а лой, дІагІо, хьо хІинца а жима йу, олурш а ма бара. ЦІа йига цІеранаш гІиртира. ЙоІах йаьлча, иза мегар йоций хиъча, цунах ца йаккха, Іаддайитира.

Йуьртахь а хезаш дара Русланан гІайгІане илли. БІаьрзечу кІанта балхо шен бала базбеллера йуьртахошна.

Русланан иллино дог дохийна шен йоІ чохь йа уьйтІахь а ца карийна, беша йахара Хьавани. Бешарчу боккхачу Іожа кІел а хиъна, йоьлхуш Іара йоІ. ТІейогІу нана хааелла схьайирзинчу йоьІан бІаьргаш цІарула цІийделла дара.

– Нана йала хьан, сан йоІ, хьо хІунда йоьлху оццул чІогІа, хІунда бо ахь хьайна и ницкъ?! Дог диллахьа цунах. Иза хьайх хІунда къехка ца хаьа хьуна? Цо шен иллехь бохучух ца кхета хьо? Цо ша паргІат йуьту ма боху хьо, хьайн дахаран некъ харжа...

– Нана, и хІун ду ахь дуьйцург?! И хІунда ву сох къехкаш?

– Сан йоІ, цунна хаа ма хаьа, ша хьоьца ца вогІий... Цуьнан дагахь дерг хІун ду хаьий хьуна?

– ХІун ду?

– Ша бІаьрзе ву. Дахарехь ша хьуна, мохь а хилла, лела веза – бохург ду цуьнан иза. Цундела боху цо: ша хьо паргІат йуьту.

– Нана, иштта ма алахьа, иштта ма алахьа... – аьлла, йуха а ненан мара а кхетта, мохь аьлла йоьлхучу йоІа элира:

– Нана, ас цхьа некъ хаьржина...

– ХІун некъ бу иза, сан йоІ?

–Нагахь со Русланаца ца хилахь, суна ца оьшу хІара дуьне!

Шен йоI мара а йоьллина, цуьнан нийса накъост санна, йоьлхуш Iачу Хьаванина, цхьаъ кхойкхуш а хезна, кетIа йаьлча, лаьтташ Алпату гира. ЦIеххьана и гича, цецйелира Хьавани, тIаккха:

– Дела йа хьо марша! Чуйолахьа. Хьо хIунда лаьтта кетIахь?

– Хьавани, со чуеана а Iийр йац, цхьа гIуллакх дахьаш йеънера со!

– Вай, кетIахь ма дийца вайшиммо! Чуйолахьа, схьайаьлла йуург а йу.

– ХIан-хIа, чуйеана Iийр йац со.

– Чу ца йагIахь, дийцахьа айхьа деанарг, сингаттаме хIума-м дац иза? Русланна цхьаъ хилла ма алалахь, и ловр дац хьуна сан йоIа, – аьлла, йилхира Хьавани. Цо иштта аьлча, са а ца тохаделла, йилхира Алпату а. Мара а кхетта, ши нана йехха йилхинчул тIаьхьа:

– Дера, Хьавани, кхин сингаттаме хIума-м дацара, со-м оцу берех дерг хьахо йеанера. Хьо а, со санна, нана йу. «Шина нанас дича, захало хуьлу», – олуш, хезна суна. Жима долуш дуьйна вовшашкахь ойла соьцуш дара и ши бер. Сан кIантана хилларг хьо хууш йу. Вай захало дича, хIун дара-те? – аьлла, шен къамел дерзийра Алпатус, Хьаванис хIан-хIа аларна кхоьруш, аз а дегош.

– Дера, Алпату, хьан кIантана хилларг доккха хIума ма ду. И Делан болх бу, кхана шена тIе хIун догIур ду хууш цхьа а вац, ахь ийзалуш къамел дан оьшуш хIума ца го суна. И йоI а ма йу холчохь. Соьга ахь хеттахь, со реза йу.

– Дела резахуьлда хьуна, Хьавани! Хабарш а ца дуьйцуш, Iахьара нах... хьан марзой реза хир буй-те?

– Уьш дика нах бу. Хьуна ас бийца ца оьшу уьш.

Дера, иштта-м ду иза. Делахь а, кхоьруш бохура ас-м.

– Олуш верг Iийр вац. Вайшиммо, ваьшшиъ мел йеха, гIо дийр ду. Цул тIаьхьа, доьгIнехь, доьзалех накъостий хир бу.

Хьаванина тахана гург кхин сурт дара, цундела эхь-бехк а дайина, шен йоьIан ирсе дахар хила лаар сов даларна,

цо ша резахилар хаийтира кIентан нанна. Кхечу наха, шен марзошка захало хьахорна кхоьрура иза. Цунна хаьара, цара и дийр дуй а. Иштта дара Iадат шен йоIах хиндерг а хаьара цунна.

Дукха хан йалале Алпатун нус хилира Лайлаах. ЙоьIан наха, дуьхьало а ца йеш, дира и захало, шаьш оьзда нах хиларна.

Алпатун кертахь цхьа шатайпана беркат хьаьвзира. ЧIогIа хийцавелла дIахIоьттира Руслан а. Делахь, а цкъацца ойлане-м гора иза. Цуьнан дагара хууш, цуьнга хеттарш ца дора йа нанас, йа Лайлаа а. Ша мел ирсе велахь а, кIентан дог Iийжара, ша бIаьрзе хиларна.

Цхьана Iуьйранна, Алпату цхьацца деш уьйтIахь а йолуш, тIейеара Лайлаъ.

– Нана, тхойшиъ хьан кIантана операци йайта дахча хIун дара-те? ГIоли хир йацара-те цунна?

– Дика-м хир дара. Лоьраша цхьа хан йара тоьхна. И хан хIинца дIайаьлла, моьтту суна. Стенга даха лаьара шуьшшинна?

– Чебоксарехь лоьран цIарах дика больница йу бохуш, хезна тхуна.

– Мила ву-те иза?

– Фёдоровн цIарах.

– Наха чIогIа говза лор ву иза, олуш хезна суна а. Дала мукълахь, гIоли а хилла, цIа догIур ду тхо.

– Шуьшиъ муха гIур ду-те?

– Дала гIо дийр ду.

– Руслана хIун боху?

– Аса-м цуьнга хьахийна а дац иза. Ша а цига вахар хьехош вара иза сийсара. Суна иза резахир вуй хаьа.ЧIогIа сагаре дог доху цо.

– Иштта-м ду иза, Лайлаъ. Со реза йу ахь бохучунна.

– Нана, йалохьа, ала вайшиммо цуьнга – аьлла, хиъна Iачу Русланна тIейахара ишиъ.

Шена тIедогIуш адамаш дуй а хиъна, дIасахьежа велира кIант.

– Нана, хьо йуй иза?

– Йу. ХIумма а лууш-м вацара хьо?

– ХIан хIа, вац. Цхьаъ тIевогIуш хезна, хоьттура аса-м.

– Руслан, тхойшиъ хьох дагайала йеана. ЛадугIий ахь?

– Дера, дугIу.

– Хьо бIаьргашна операци йан вига лууш йу Лайлаъ. Хьуна хIун аьлла хета?

– Нана, суна а дара и дагахь-м. Вайн лоьраша вига мегар ду аьлла хан хIинца тIекхаьчна, моьтту суна. Ваха мегар ду.

– Делахь, кхин ца дуьйцу вай иза, некъана ахча вовшахтухур ду, йиша-вашас гIо дийр ду, вай шу, катоьхнна, новкъа дохур ду. Цхьа накъост ца вигча, вер вац ашшиммо!

– Нана, цхьа а ца оьшу, тхуна тхаьшшинна атта хир ду.

– Хезий хьуна, цунах гIуллакх хир дуй-те? Накъост хила ца веза?

– Ма дийцал хьаштдоцург, со ца лелалуш а вац, текхош, йа уьйуш лело везаш а вац, хьеха а ма де, хIор стаг шен цхьацца дахаран гIуллакхаш довдийна лелаш ву, со лелалуш вацахьара, цхьаъ дара, ткъа тахана и дийца а ца оьшу.

РусланагIар Чебоксаре суьйранна кхечира. ХIун дан деза ца хууш, хIорш вокзалехь лелаш, кхарна тIееара цхьа оьрсийн зуда. ХIорш чохь Iен меттиг йезаш буй хиъча, цо шен генадоццуш цIенош ду элира. Лайлаъ резайацара цу зудчунна. Ша цунах ца теша, шен даго и къобал ца йо аьлла, шен ойла йовзийтира цо Русланна. Дан хIума ца хиларна цо бохучунна резахилира. ЦIерпошт дIайолаелира. ЦIерпоштахь цхьа социйла дIабаха беза аьлла хIорш, охьа ца биссира. Сих-сиха лере а оьхуш, цу зудчуьнга цхьа шабарш деш, вогIура цхьа стаг.

– Вай стенга доьлхуш ду, социйлехь охьа а ма ца дисси? – аьлла, хаьттира цу зудчуьнга йоьхначу Лайлаа.

– Шек ма йала хьо, хIинцца дIакхочур ду, – элира цуьнан накъосто.

– Зуда, уча дала вайшиъ, жимма мох кхетийта лаьара суна!

– Вало, делахь, – аьлла, хIара шиъ уча ма-деллинехь, веана, кхаьршинна йуххе дIахIоьттира важа стаг.

– Зуда, ахь вайн тIоьрмигах хIун дина, хьоьгахь буй иза?

– Бац. ДIогахь гуш бу иза, вай хевшина Iийнначохь.

– Башха чохь хIума йацахь а, схьаэцахьа, йуург, тIейухург ма йу цу чохь.

ТIоьрмиг схьа а эцна, схьайогIучу Лайлаана учахь, дуьхьала тIамарш лестош шен цIийнда, дегIах, цхьа хIума лоьхуш санна, Русланах куьйгаш хьоькхуш и стаг а гира. ЛартIехь и хIума доций а хиъна, схьахьаьдда йогIучу Лайлаана, неI а йиллина, цу стага вагон тIера Руслан чукхуссуш гира.

– Вай, и хIун ду ахь динарг, вий-кха ахь иза?!

– Хьайн бат ахь хьала-охьа йатIайахь, ас саоькхуьйтур ду хьан. Хьайгахь мел йолу кепек схьалол, хьайна йала ца лаахь, – аьлла, тIе урс хIоттийра цо Лайлаана. Вагонан неI йиллина йара, шена Дала беллачу ницкъаца, цу некха тIе ши куьг а тоьхна, аракхоьссира Лайлаа и стаг. ОьгIазло совйаларна и важа зуда йен дагахь тIаьхьайаьлча, важа йедира, амма схьа-м лецира. Цуьнга дерриг а схьадийцитира. Цаьршиннан барт хилла хиллера, хIара шиъ ден а дийна, ахча схьадаккха.

ОьгIазло йоккха йара Лайлаан коьртехь, делахь а церан санна, боьха дог-ойла йацара цуьнан. ЦIийнда а вара схьакаро везаш.

Руслан лаха, цIерпошта тIера охьаиккхира Лайлаъ. Диллина кIорга ло хиларна, лаза ца йеш, йелира. Цхьацца меже меттах а йоккхуш, ша лазийна йоций хиъча, шена тIера ло а дегийна, сихха Руслан лаха, йуханехьа новкъа йелира иза.

Ло кIорга хиларна, некъ бан хала дара. Амма муьлхха а халонаш лан кийча йара Лайлаъ, шен цIийнда лохуш. Руслане кестта хьох да хир ву ала лууш, эхь-бехк лоьцуш, Iара хIара. Тахана цамоьттург хилира, ала ца кхиира.

Дикка некъ бинчул тIаьхьа, хIара тIекхечира, ша вагон тIера чукхоьссина, велла Iуьллучу цу стагана. «ЖIаьлина жIаьлин далар», – аьлла, дIайахара Лайлаъ.

Некъ тIаьхь-тIаьхьа хала бара. ДегIера гIора дIадолуш дара. Руслан чукхоьссинчу кхечира Лайлаъ. Цхьанхьа а гуш вацара иза. Хьуьн чу йахана лараш йара. Коьртаниг – дийна хилар дара. Иза лараша гойтуш дара. Цу лорах дIайахара Лайлаъ. И лараш, йуха а хьаьвззина, цIерпоштан новкъахьа схьайаьхкира. ТIаккха, некъаца дIайоьлхура. Йовла-йовлуш, хьуьн чу а йевлла, йуха а хьуьнан кIоргалле дIайахара. Лайлаъ кхийтира. Ша меттавеъча, гуш хIумма ца хиларна, ша охьавеллачу агIор дIавахана, тIаккха, цIерпоштан гIовгIа а хезна, йухавеана, и гIовгIа дIайаьлча, шена хетачу агIор йуха а дIавахана.

«Ас мичахь лаха-те хьо? Хьан лорах дIа-м йогIур йара со. Дийна висахьара хьо. Кхуза хьо валорна со бехке хир йу-кха. Ахь ца вигнехь, са ца гуш хилла а, дийна хир вара эр ду-кха. Ма доккха хIумма ду хIара», – бохуш, даьллачу дарцанна дуьхьал куьг а лоьцуш, сих-сиха шен цIийндега мохь а тухуш, дарцо цуьнан йойъучу ларашна холчу а йуьйлуш, схьайогIучу кхунна, йуххехьа узам хезира.

– Руслан, Руслан, хьо мичахь ву? – бохуш, дIасахьийзачу кхунна, нисса шена хьалха, лайно дIавукъуш, шен цIийнда карийра.

– ХIей, хьо дийна вуй? Ши бIаьрг схьабеллахьа! Вай, ас хIун дан деза-те? орцахвалахьа, Дела! – бохуш, йоьлхуш, Деле кхойкхура Лайлаъ.

– Лайлаъ, оццул холчу ма йалахьа, со-м дийна вай!

– Вай, ма кхерий ахь со! Вайшиъ дIадаха деза. Хьо хиъна Iийча, мегар вац. хьалагIаттал, дIадоьду вайшиъ!

– Стенга доьду вайшиъ?

– Некъ боцуш хир дац, йа цхьа йурт карор йу, амма хIоккхехь Iийча, вайшиъ мегар дац.

– Дика ду. Йало, дIагIуртур ду вайша, амма соьгахь башха гIора-м дац хьуна. Гуш са а доцуш, некъ бан хала ду.

– ХIумма а дац. Вайша хIинца шиъ ду, аьлча а, кхоъ ду.

– Муха кхоъ, кхоалгIа мила ву, суна цхьа а хезаш-м ма вац?

Эхь а хетта, дIайирзира Лайлаъ, цунна ша гуш санна.

– Зуда, ахь аьллачух со ма ца кхийтира?

– Вайна накъост вогIур волуш ву!

– Муха, накъост, ахь баккъал боху?

– Боху.

– Кху доьхначу дийнахь, мел хаза кхаъ бу иза, хIинца вайша, хIуъа дина а, дийна диса хьажа деза.

– Руслан, и къамел ма делахь, вай дийна а дуьсар ду, хьан бIаьргашна гIоли а хир йу, вай могаш-маьрша цIа а доьрзур ду, – аьлла, дIасахьаьжира Лайлаъ.

– Руслан, вайна садаьржаш ду, некъ бан атта хир ду.

– Лайлаъ, суна хIун бен йу, садаьржича а, бодане хилча а, – аьлла, велавелира Руслан.

– Со йац кхузахь, ас ларвийр ма ву хьо, суна ког билла атта хир дац?

– Бегаш бора ас-м, сарале цхьанхьа кхочур дац-те вайшиъ?

Ойлане йара Лайлаъ. Цунна хаьара, тахана шена гIо дан цхьа а да воций а, бIаьрзе шен цIийнда шех тешна вуй а. Охьа ца йожа гIерташ, халла когаш текхош, йогIучу Лайлаэ Руслана хаьттира:

– Лайлаъ, леташ жIаьла хезий хьуна?

– Суна-м ца хеза. Хьуна моттаделла хир ду хьуна.

– Суна мотта а ца делла, и летарг жIаьла дара-кха. Хьажал, хIинца а лети! Вайшиъ цу агIор дIадаха деза, жIаьла цу агIор леташ дара, – аьлла, аьтту агIор куьг хьажийра Руслана. Шен цIийндас бохучу агIор дIайахара Лайлаъ. ГIеххьа некъ биначул тIаьхьа, Лайлаана а хезира жIаьла. Охьа ца йожа гIерташ йогIучу кхунна гира ханнех дина цIа. ХIорш а гина, чухьаьдира жIаьла. Цунна дуьхьало йан гIора дацара кхаьргахь. Кхарна хьалха дIа а хIоьттина, сих-сиха шен хIусамда араволий а хьожуш, летара иза.

– Ока, дIадала, хьеший иштта тIелоцуш хуьлу?! – аьлла, тIевеана, шен жIаьлина тIе куьг а хьаькхна, и паргIат а даькхина:

– Шу муьлш ду? – аьлла, хоттуш воллучу цу стагана, хIорш гича, хиира кхаьргара хьал.

– Чудуьйла. Шу-м дац, муьлш ду а, мичара ду а бохуш, хеттарш дан хьеший, – аьлла, чубигира цо хIорш.

Лайлаа шен накъостана деш долу дола гуш, цецвуьйлуш, хьоьжура хIорш тIеэцна стаг. Цунна гора, мел хала шен дегIана доладо цо, делахь а шен накъост паргIатваллалц, ша паргIат ца йелира иза. ТIаьххьара а цу зудчо аьллачу дешнаша кхетийра важа.

– Шу нохчий дуй? – хаьттира хIусамдас.

– Ду. Хьо мила ву?

– Сан цIе Иван Петрович йу. Сан доттагI вара нохчи. Тхо набахтехь долуш, цо дикка дешнаш Iамийнера суна шун маттахь, цундела хиира суна шу нохчий дуй.

Цунна адамаш ганза дикка хан йаьллачух тера дара, мелла а къамел дан лууш вара иза, хIорш цуьнан къамелах самукъадолуш бацахь а. Сихха довха чай охьадиллира цо, кхеран хьолах а кхетта.

– Цкъа хIара чай дIамала – кийранаш бохлур бу шун. Ас йург йохйо, – аьлла, дехьа чу вахара хIусамда.

Йовхоне кхаьчча, шаьш Iаччохь набарш кхийтира хьешашна. Йург йохьуш чувеана цIийнда, хIорш набарш кхетта а гина, кхин уьш хьен а ца беш, чуьра стогар дIа а байина, охьавижа дехьа чу вахара. ШолгIачу дийнахь а, тIех кIадбаларна, дикка набарш йира кхаьршиммо. Шаьшшиъ самадаьлча, йовха йург а йина, Iаш карийра кхаьршинна хIусамда.

Руслан бIаьрса доцуш вуй сийссарехь хиъначу цу стеган коьртехь ойла хьийзара, кху хьуьнах хIорш муха кхаьчна ца хууш.

Шуьнехь дикка хевшина Iийра хIорш. Цхьацца дуьненан къамелаш а дира. Лайлаана дагахьдерг, ша вагон тIера чуоькхуш, шен доьжна ахча дара. Лелийнарг, хьегнарг дерриг а эрна дара, цIийнда тован ахча ца хилахь. Ткъа иза дацара. Цунна бехке Лайлаана ша хетара, цIерпошта тIера

чуиккхича, шегахь ахча дуй а ца хьожуш, Руслан лаха сихъелла, дIахьадарна.

Йург йиъна бевлча, шаьш арабаькккхина некъ бовзийтира кхара хIусамдена. Кхарна а хиира, цхьана хенахь Иван Петрович чувоьллинчуьра ведда хилар, ойла а йина, гергарнаш, йа доьзал а ца хилча, ас хIун до адамашна йуккъе гIиртина, Iедало а вуьтур вац аьлла, кху хьуьнхахь сецна хилар а. Ткъа хIинца-м Iедал хийца а делла, кхерам а боцуш, тIе нах а богIуш, акхаройн цIоканаш а йухкуш, дика Iаш вара хIара.

Лайлаъ кхоьлина гучу воккхачу стеган коьртехь ойла хьийзара, хIун хилла ца хууш. Руслан а вара, цхьаъ хиллий хууш, даго вониг хьоьхуш Iаш. Руслана хаьттира Лайлаэ хиллачух. Цо дийцира ша ахча дожадарх.

– ХIун дийр ду тIаккха, Далла иштта лиъна хир ду, – аьлла, хьала а гIаьттина, пен а лоцуш, вахана, маьнги тIе дIатевжира кIант.

– Шу цхьана хIуманна холчохь дуй хаьа суна, Руслан. ХIун ду хилларг? – аьлла, хаьттира воккхачу стага. Руслана ахча дожар дийцира, шайгахь цIа даха а ахча цахиларх а.

– ЦIа дахаза дуьсур дац шу. Цхьаъ дийр ду вай, – элира воккхачу стага.

ДогIмашка гIора даллалц, Иван Петровича дIа ца бохуьйтуш, жимма хан йаькккхира кхара и волчохь. ЧIогIа цаьршиннах воьллера иза. Делахь а ишиъ дIадаха дезий хаьара цунна.

Цхьана Iуьйранна новкъа бовла тохабелира хьеший. ХIорш дIабоьлхуш, чIогIа холчохь вара воккха стаг. Кхаьршиннах, шен шина берах санна, ала мегар долуш, воьллера иза. Цуьнгара хьал Лайлаа Руслане дийцира.

– Иван Петрович, жимма Iай тхойшиъ? – аьлла, маьнги тIе охьалахвелира Руслан.

– ХIан-хIа, ма Iе, ас новкъа дохур ду шу, некъ гена а, хала а бу.

– Хьоьга и алийта ца боху ас иза, жимма Iийна дахча а, тхан галдолуш хIума дац.

– ХIан-хIа, и ма дийца, – аьлла, кхаьршиннан тIоьрмиг а эцна, аравелира Иван Петрович.

– Хьо ца веъча, тхайна некъ хуур белхьара, оха вуьгур вацара хьо, тхаьш новкъа довлахь, тила а делла, цхьана агIор дIагIур ду.

– Иза ма дийца. Цкъа новкъа довлале, соьга ладогIа. Дуьхьалонаш а ма йе. ХIара ахча, шун дайначул дукха хилахь а, кIезиг а хир доцуш ду шуна. Лайлаъ, кхуьнан бIаьргаш тобан тоьар а ду, шуна дIадаха хир ду, – иштта Иван Петровича аьлча, доьхна хьаьвзира хIара шиъ. ТIаккха, ша бохучун тIера и вер воций хиъча, ахча схьаэца резахилира.

Делккъалц некъ бича, хIорш кхечира жимачу цIерпоштан социйле. Геннахь хезира цIерпошто тоьхна шок. Сихха тIе а веана, ша цхьаммо йукъахваккхарна кхоьруш санна, къамел долийра Иван Петровича.

– ЛадогIал, соьга, сан ши бер, сан кхин цхьа стаг вац, ас хьалха ма-аллара. Руслан, хьуна гIоли хир йу, кхано, цхьа хан йаьлча, со дага а ваийтий, со волчу хьошалгIа дахкар ас тIедуьллу шуна. Со хIинца воккхахилла, могашалла а йац. Нагахь шуьшиъ деъча, со цигахь ца хилахь, чуьра сан дечиг охьадуьллу соне гира-кха шуьшинна, и соне охкур йу ашшиммо. Шуна совгIат дуьтур ду ас цигахь.

– Иштта ма алахьа, хьо къена а вац, кегийчарал дика дIалелаш а ву.

– ХIан-хIа, суна дика хаьа. Шу кхеттий?

– Кхетта.

– Делахь, сихха хьаладовла! ЦIерпошто сихойо кхузахь, – аьлла, шен хьеший вагон чу хьалабехира воккхачу стага.

ЦIерпоштана дикка тIаьхьахьоьжуш Iийра иза, тIаккха дIавайра хьуьнан тийналлехь.

Иван Петровича делла ахча кхара даьхьначул а дукха хиллера. БIаьргашна операци а йина, бIаьрса йуха а деана, цIа деара Руслан а, Лайлаъ а. Амма цкъа а дагара ца волура цаьршинна шаьшшинна гIо дина воккха стаг. Даим и волчу дахар хьехош, гIойла ца хуьлуш, цIа деанчул тIаьхьа дуьнен чу ваьлла кIант ондаваллалц Iийра.

Иван Петрович волчу даха новкъа делира Руслан, Лайлаъ а, кIант ненаца а витина. Гена некъ бара бан йуьхьарлаьцнарг. Зен-зулам а ца хуьлуш, шаьшшиъ цIерпоштана тIехиъначу станце кхечира. Меттиг хийцайеллера. ДIасахьоьжура Лайлаъ. Цо лоьхура хьуьн чура шаьш схьадаьхкина некъ.

– Зуда, хьо йоьхна, моьтту суна, некъ ца карабо хьуна? Дерриг а хьох доьзна ду хьуна

– Дера, стаг, со галйаьлла, моьтту суна, и некъ суна кара-м ца бо, Iай ма дара иза, ткъа хIинца бIаьстенан йуьхь йу.

– И станце мукъане йуй-те хIара?

– Станце-м иза йара, – бохуш, хIара шиъ къамелашкахь а долуш, цхьаммо мохь туьйхира:

– Аша хIун лоьху? – аьлла. Карахь жIов а йолуш, лаьтташ цхьа стаг вара. ЦIерпоштнекъан белхало волчух тера дара иза.

Кхаьршиммо бовзийтира шаьш беана некъ.

– Суна вевза аша вуьйцу воккха стаг. Бакъду, и суна стохка бIаьстенан йуьххьехь бен гина-м вац. Бепиг эца веанера иза. Ткъа аша лоьху некъ и бу. Сих а ца луш, шу дахчхьана, тила а ца луш, дIакхочур ду. Хьалха цIоканаш эца нах оьхура и волчу, ткъа хIинца могашалла гал а йаьлла, тIаьххьарчу шерашкахь и болх битинера цо. Ша лела а ца ло олура цо, цундела и волчу воьдуш стаг, йа и хоттуш цхьа а ца хаавелла суна кху тIаьхьарчу шерашкахь, шуьшиъ дуьххьара ду-кх.

Цу стагана баркалла а аьлла, хьуьн чу буьйлира генара хьеший. Цкъа, некъах тилалой, йустахбовлуш, йуха новкъа нислуш, стаг лелаш воцуш дIабайна болуш лаьттара некъ. Садале бохуш, сихделла догIучу кхаьршинна карийра шаьш лоьху цIа. Вовшашка хьаьжначохь, дисира хIара шиъ. Хезаш Iап-сап дацара. Шиннен а сингаттаме ойла кхоллайелира. Тохара санна леташ, Ока а дуьхьал ца хьаьдира. Руслана мохь туьйхира, цхьа а вист ца хуьлура. НеI йиллина, чувелира, амма чохь тап-аьлла дара.

– Зуда, кху чохь адам хилаза дукха хан йу, моьтту суна. Чиркх лато беза, – аьлла, сирникаш лаха хIоьттира Руслан.

– ДIахилал, суна хаьа, уьш мичахь хуьлу, – аьлла, пеша кIел куьг а дахийтина, сирникаш схьаийцира Лайлаа.

– Зуда, айхьа йехкича санна, ма карий хьуна-м уьш.

– Со кху чохь Iийна йац? – аьлла, шиша цIан а дина, стогар латийра Лайлаа. Жимма чохь цIано а йина, хIума а кхаьллина, шаьшшиъ паргIатдаьлча, Руслан ойлане гиначу Лайлаа хаьттира:

– Стаг, ма ойлане ву хьо?

– Дера, ву Иван Петровичана саготта.

– Цкъа тховса садаIа деза, кхана лохур йу вай цуьнан лар.

– Стаг, стаг, хьалагIаттахьа, валолахь, ма Iелахь! – бохуш, Руслан дIасаветтара Лайлаа. КIадделла дегI кхоччуш садаьIна ца хиларна, сама ца валалуш а Iийна:

– Зуда, хIун боху ахь, сахилале стенна карзахйаьлла хьо?

– Ма Iелахь, валолахь, Иван Петрович, Иван Петрович, – кхин олуш хIума дацара Лайлаа.

– Мичахь ву иза?

– ДIо-о, арахь, ор чохь.

– Хьо-м телхина, моьтту суна, – аьлла, шена тIе хIуманаш а йуьйхина, араваьлча, Русланна, ор чу а хьоьжуш, лаьтташ Лайлаъ гира. Вон сурт дара цунна гинарг. Ор чохь, нисса аркъал а вижина Iара Иван Петрович. Хала-м дара и Иван Петрович ву ала. Ткъа лакха орана йистехь, хьалхарчу шина кога тIехь биллина корта а болуш, Ока а дара.

– ДIаверзо да а воцуш, валар хилла-кх кхуьнан, – аьлла, йовлакхан тIам а хьаькхна, шен беснеш тIехула охьахьаьвда хиш дIадехира Лайлаа.

– Гой хьуна, ша валаволлий хиъча, текхаш кху чу веана хIара. Латта гой хьуна йистера шеца чутакхийна? Хьалххе даькккхина хилла кхо шена хIара каш. Хьажахьа, Окас а, и ларвеш, йуххера кхин дIа ца долуш, кхуззехь шен са дIаделла-кх. ЖIаьла адаман дика доттагI ду бохург бакъдуй кхоччуш тахана хии-кх суна.

– Стаг, хIара шиъ дIа а доьллина, кхузара сихха дIадаха деза вайшиъ. Цхьаъ тIекхачахь, хаттарш дан тарлуш сурт ду хIара.

– Бакъ боху ахь, – аьлла, Иван Петрович дIа а верзийна, цунна йуххехь ор даькхина, Ока дIа а доьллина, новкъа дала кечам бан хIоьттира ишиъ.

– Зуда, вайшинна тIедиллина кхин цхьа хIума а ма дара Иван Петровича. Йалол, схьайал и бел, – аьлла, сонера дечиг дIадаккха хIоьттира Руслан. Цо тохара шаьшшиъ дIадоьдуш ма-аллара, соне аьхкича, кхаьршинна боккха шад карийра. ТIехула чIурам а хьарчош, чIогIа бихкина бара иза. Цу йуккъехь кхаьршинга йаздина кехат а дара.

«Кху йукъахь долу даьхни шуна дуьту ас, сан и дита кхин стаг а вац. ХIара соьгара совгIат ду шуна. Со цамогуш ву, мацца а шу кхуза дагIахь, со дIаверзавелаш! Ткъа хIара шун даьхни а карийра суна. Шу новкъа даьхча, со некъаца и лаха вахара. Дала декъалдойла шу, ирсе дахар хуьлда шун!» – аьлла, дерзийра цо шен кехат.

## ХАЗА КХАЪ

Геннахь йетташ хезачу йаккхийчу тоьпийн гIовгIанашка ла а доьгIуш, «Тахана ма Iуьйре йетта буьйлабелла хIорш, дуьххьаралерачу тIамо а эти, хIинца а отуш бу, хьох хIумма диса а доллий-те, ма декъаза мохк хилла-кх хьо», – бохуш, ша-шега а луьйш, уьйтIахь цхьацца деш йоллучу нене, кхайкхира кIанта:

– Нана, со кхана гIала а вахна, вогIур вар-кха, ахь пурба делча!

– Тархан, ма луьра зама йу-кх хIара, новкъахь посташ йу, цара цу посташкахь хIуъу а леладо, хьо цIа валлалц тоха са хир дац-кха сан, ца вахча хIун дар-те хьо?

– Нана, со деша ваха лууш ма ву, цкъа дIатасавелч-хьана, студенташ дIасабуьгуш автобусаш а йу, кхераме хIумма а дац!

– Делахь, хьайна луъург дехьа, со кхоьру дела бохура ас-м!

– Шу хIун къуьйсуш ду? – аьлла, ладоьгIна сецира, хи дахьаш йогIу Тарханан йиша Зарет.

– Дера хаац суна-м, ша деша вахийта боху-кх хьан вашас!

– Вахийтахьа, нана, со а гIур йара, луьра зама йацахьара, ишколехь дешна йаьлла а йелахьара!

– Чоьхьайалал цкъа чехкка, хьо-м хала йацара! – аьлла, йоIаца долу къамел дерза а дина, шен нуй хьакха хIоьттира нана.

– Нана, битахьа и нуй, и хьайн гIуллакхаш а, хьан могашалла а йацара, ас деш дара-кха и дерриг а, – аьлла, шен хи дIадотта чуйахара йоI. Шена йоIа бохург ца хезаш санна, шен дахарехь мукъа Iан марзйелла йоцу Марет, йуха а нуй хьакха хIоьттира. Зарет шен вешел кхо шо жима йара. Да, цамогуш а хилла, кхелхинера. Цул тIаьхьа дуьнен тIе йаьллера йоI. Суьрташ тIехь бен да гина а йоцу йоI ненан а, вешин а чIогIа хьоме йара. Пхийтта шо ду эр а доцуш, хаза кхиъна йогIура иза. Цхьацца захалонаш а кхийдадора наха йоьIан нене.

«ДIадовлийша, маре йаха зуда мичахь йу?» – олий, дуьтура цо. Амма Маретана хаьара, иштта гена дIадаха йиш йоций. Цхьа бехкениг ваийтахь, шаьш захало дан дезар дуй а. Амма дерригенан а чам бойъург, дIабоьдуш тIом хилар дара. ТIамо ца хоржура воккханиг, жиманиг а, цундела кхоьрура нана. ДIасадахча, даим шина берана сахьийзадора цо, и дара Марет кIант гIала деша вахарна дегаза хилар. ТIамо цIенош доха а дина, йистера дисинчу цхьана рагIу кIелонах чоь а йина, готтонехь йоллуш йара Марет, шен шина доьзалхочуьнца. Далла хастам бора цо могуш шаьш хиларна, чохь йуург хиларна а. Делахь а, шина а агIорара

ладегIарш, саготтийла а йара. Буса тIемалой богIуш меттиг хуьлура, шайна йуург ло олий, Iуьйранна федералаша хьийзадора, шу тIемалой кхобуш ду бохуш. Йуьртахой чIогIа балехь бара, йуьрт ломан когашкахь, хьаннашна уллохь хиларна.

ТIом боцуш санна, тийначу цхьана буса, набъозийначу МаретагIеран неI кагйеш: «Меттах ма довлалаш, охьадийша!» – бохуш, оьрсийн маттахь цIогIа а детташ, туьтмIаьжигаш йоьхкина, чуиккхира масех стаг, (цхьаммо, кхаьрца гамо лелочо, доцург дийцинчух тера дара, кхаьрга тIемалой баьхкина аьлла).

Шайна чохь цхьа а ца карийча, дуьххьара нене хаттарш дира, тIемалой мичахь бу бохуш. Шена хууш цхьа тIемало а ца веана шайга, элира цо.

ТIаккха йоIе хаттарш дира. Цо а, нанас санна, жоьпаш делира. РагI Тарханна тIекхечира:

– Мичахь бу тIемалой?

Амма кIант вист ца хуьлура. ГIуллакх шаьш ма-бохху дIа ца дахча, Тарханна йетта йолийра цара. Цуьнгара шайн хаттаршна жоьпаш ца хезча, шайца дIавигира цара. Мел чIогIа нана йелхарх, йишас дехарх, кIант схьа ца велира. Iуьйрре йерриг йурт федералаша туп тоьхначу йахара. Шаьш валийна а вац, аша мила вуьйцу а ца хаьа шайна аьлла, Тархан, вигна меттиг боцуш, вайира цара.

КIант вигар, и вайар а ца лайна, дукха хан йалале цомгуш а хилла, меттахь йисира Марет. Цхьана шарахь гергга меттахь а Iийна, дIакхелхира иза. Цуьнан тIаьххьара дехар шен йоIе Тарханан лар лахар дара.

Ша йисира Зарет. Дехоша тесна ца йуьтура йоI. Хьехош хилла захалонаш а цхьана ханна дисира. ХIора суьйранна шайн хIусаме а йогIий, йоьлхуш Iара Зарет. Чохь цIена а латтайора. ХIунда хьоькху ахьа чу горгамаш шега аьлча, цо луш долу жоп цхьаъ дара:

«Сан ваша цIа веъча, ков-керт тишделла гича, цуьнан дог духур ду», – олий. Пешахь цIе латайой, чоьнаш йох а йора... Дахаро шен некъаш, шен лаамаш, хила дезарг, йаз-

динарг схьакхийдадора. Амма и дериг а йоІа дІатоьттура. Цунна шен дахаран некъаш хедда хетара. Хала дара дахарца тан, иштта цуьнца къийсайала а.

Дерриг дІадаьлла, массо а хІуманна дог шелделла аьлла хетачу хенахь цуьнан даге кхевдира, йуххехь машен а сацийна, цхьана ца вевзачу кІанта, «ЙоІ, хьо йовза мегар дацар-те?» – аьлча, безаман алу. Нана а, ваша а дицдалар дацара иза, ткъа замано дахарх шен некъ тегар дара. Дукха хан йалале мелла а уллера вевзира и кІант. Заретина хиира хьажахІотта цІа веана и хилар, йуьртахо хилар а, Ростов-гІалина гена воццуш, шортта даьхни а долуш, шен деца-ненаца и вехаш хилар. Амма цуьнга йахар, цуьнца дуьненан ирс декъар аьттехьа хьеха а ца дойтура цо, шен ваша цІа веъча, ша бухахь хила йеза бохуш. Делахь а, дехоша бохург ца дича ца йелира йоІ. Ростов-гІала дІайаха а дийзира цуьнан.

ДІайелира Заретин, вешега сатуьйсуш, итт шо хан. Керлачу доьзало и бала гІеххьа байбинехь а, цо дог ца дуьллура шен вешех. Хийла буса арахь, шен вешига а кхойкхуш, йоьлхуш хезара цІийндена Хьамзатана шен хІусамнана. Цуьнга ла а доьгІуш, цунна дан гІо доццу, гІорасиз долчу синна дан хІума доцуш, бІарзлой, дІасахьийзара иза, шена и йоьлхуш хезний а ца хоуьйтуш. Ши куьг охьа а дахийтина, Іаш вацара Хьамзат. Даим кехаташ йаздеш, хеттарш деш, хьал-де хаа воьду ша олий, Нохчийчу воьдуш, Тарханан лар лоьхура цо. Дуьне-даьхни кхоош вацара иза, шен берийн ненан ваша лоьхуш. Самукъане хуьлийла лаьара цунна шен доьзалан нана. Цхьана кепара Тарханан лар ца карош, бІаьрзе вара Хьамзат. Денна худалуш шен хІусамнана гора цунна. Хала дара Хьамзатана цуьнан бІаьра хьежа. Цуьнга дас-нанас а олура:

«Хьамзат, цкъа а Заретин дог ма дохаделахь, гІийла йоІ йу хьуна иза да-нана а доцуш, йиша-ваша а доцуш. Цуьнан дог ахь дохадахь, вижа лахьта хир дац хьуна!» – олий. Хьамзат ша вара цунах кхеташ.

Иштта цхьана дийнахь шен гIуллакхана цхьана йуьрта ваха дезна, цхьацца цIахь дан дезачун косташ а дина, машенахь дIавахара Хьамзат. Генна некъ бара цо бан безарг. Амма машено ца моьттарг дира: хилларг хIун ду а ца хууш, новкъахь сецира иза. Эрна арахь висинчу Хьамзатана дехьо жа дажош волу цхьа накъост тIевеара.

– ХIун хилла хьуна? – аьлла, хаьттира тIевеанчо.

– Дера, хаац суна-м, вогIуш лаьтташехь дIайа-кх хIара, – элира Хьамзата.

– Со жимма машенах кхеташ ву аьлла, хета суна. Со хьажа мегий? Даим Андрейн машен тойийриг со ву?!

– Андрей, и мила ву?

– Андрей хIокху уьстагIийн да ву!

– Йолах лецна белхалой даим оьрсий хуьлуш ма бу, соьца а ву шиъ, хьо церах тера-м ма вац, хьо мила ву?

– Суна-м ца хаьа, со мила ву. Андрейс сох «Никто» олу-кх.

– Никто цIе хуьлийла ма дац.

– Суна сайн цIе муха йу а ца хаьа, со мила ву а ца хаьа. Андрейс со шена цхьана генарчу, шийлачу махкахь карийна олу-кх.

– Хьо хIун деш хилла цигахь?

– Хаац суна-м. Вокзалехь волавелла лелаш ву, бохур-кха цо со. Иштта кхаьчна со и волчу оллушехь, нохчийн маттахь «Остопиралахь» элира Хьамзатан гIоьнчо, шен цхьа хIума нис ца делча.

– Ахь хIун элира? Остопуьрлахь ца элира ахь?

– Хаац суна-м, ас цкъаццIа олу-кх иза, кхин цхьацца ца девза дешнаш. Суна сайна а ца девза уьш, со-суо вац царех кхеташ.

– Хьо нохчо ву-кха, суна схьахетарехь.

– Ас нохчийн мотт-м ма ца буьйцу, тIаккха?

– Жимма бицбеллачух тера ду хьуна иза, ас цхьа ши дош эр ду нохчийн маттахь, хьуо кхетий хьажал, – аьлла, нохчийн маттахь вистхилира Хьамзат.

– ХIун элира ас? – нохчийн дешнаш хезча, ши бIаьрг серлабелира Никтон. Жимма ойла а йина:

– Суна цхьа гергара, йуххера, безаме дешнаш хета уьш, делахь а, дог чIагIдеш, сайн сица уьш ду ала-м ца хIутту со. Суна схьахетарехь, дIавахар, схьавар хьехадо, моьтту суна ахь, – аьлла, оьрсийн маттахь жоьпаш делира Никтос.

– Ахь жоьпаш нийса дели. Хьо нохчи ву хьуна, хьайн цIе дага ца йогIу хьуна?

– Суна цхьа а хIума дага ца догIу.

Иштта хаттарш деш Хьамзат а волуш:

– Вало, латайел хьайн машен! – элира Никтос.

Сихха хьалалетира машен.

– Хила а хилла хьо машенах дерг хууш, – аьлла, охьахиъна, дикка къамелаш деш Iийра хIара шиъ. Цхьа хIума дага ца догIура Хьамзатана орцах веанчунна. Делахь а и нохчо хилар чIагIделира цуьнан ойланехь. Цо чIагIо йира иза шен нахах дIатоха. Шен хIусамнана санна, цхьаъ воьлхуш хир ву-кха кхунна а аьлла, цунна гIо дан дог чIагIделира Хьамзатан. Оцу нигатца Никтона баркалла а аьлла, дIавахара Хьамзат.

Ша ма-воьддура, цо вийцина Андрей волчу вахара иза. Цо Хьамзатана дийцира, Уралехь, цIерпоштан вокзалехь, шена иза каравар, шеца цхьа кехат, йа ахча а доцуш, наха йелларг бен йаа а йоцуш, вон хьал дара цуьнгахь. ТIе ма-хьаьжжинехь, гуш дара иза оьрси воций, цхьа гIуллакх галдаьлла, иза цига нисвеллий а. Ас къа а хетта, левича, суна хиира цунна цхьа а хIума дага ца догIий, цунна ша мила ву а ца хаьий а. Ас сайца схьавалийра иза. Дукха левина ас иза, цхьа а хIумма дагадогIий-те бохуш. Цунна шен цIе а дага ца йогIу. Ас тIаккха цунна «Никто» аьлла, цIе тиллира. Чохь Iан чоь а йелира, суна даьхница чIогIа гIо до цо. Сан и вацахьара йиш а йацара. Дика, тешаме накъост ву иза. Делахь а, цуьнан нах гучубовлахь, ас тахана а дIа-м вохуьйтур ву иза.

– Цхьа а кехат доцуш, Iедало муха могуьйту хьуна иза кхаба, дIа ца вуьгуш муха вуьту и цара, кхузарчу хIора нохчочунна тIехь тидам латтош ма ду Iедал? ТIе ма-хьаьжжинехь, гуш ма ду и оьрси цахилар?

– Дера, иштта-м ду иза. Кху йуьрта башха Iедалан белхалой а ца гIерта, участкови сан вешин кIант ву, ткъа цо и суна магадо.

– Андрей, суна цуьнан нах лаха лаьа, уьш карабахь, и цIа верзо а пурба лой ахьа?

– Ас ма-аллара, хьуна цуьнан нах карабахь, ас дIавохуьйтур ву иза. Хьуна муха хуур ду и муьлхачу къомах ву?

– Цхьацца дешнаш нохчийн маттахь олу цо. Иза нохчи ву.

– Аса а тидам бинера, цо цхьацца дешнаш олуш. Галваьлла лела хир ву-кха бохуш, ас башха цуьнан ойла а ца йинера.

– Дика ду, Андрей, со дIавоьду, цхьа дехар ду сан хьоьга, иза дIасацавалийтар, ларвар а.

– Цунах долчунна ас жоп ло хьуна, – аьлла, и шиъ дIасакъаьстира.

Цигара цIавеъча, хIусамнене шена нохчийн кIант карийна ала ца хIоьттира Хьамзат. Цига дахийта аьлла хьаьвзар йара иза Никто олуш верг шен ваша воций хиъча, маггане а мегар йацара. Цкъа билггал дерг талла лиира цунна.

Хьамзатана Тархан ца вевзара. Сурта тIехь бен цкъа гина а вацара. Зарет чуьра арайаьлча, Тарханан сурт лаха хIоьттира иза. Суьрта тIехь волчунна а, Никтона а йукъахь йоккха башхалла карийра цунна. Цуьрриг а Тархан тера вацара Никтох. Сурт дукха хенара хила а тарлора, Тархан хийцавелла а хир вара. Дог доьхна, сурт шен кехаташна йукъа а диллина, чуьра араваьлла, шен да-нана долчу вахара иза. Ненах а лачкъийра цо шена и стаг каравар, дог кIадделлачохь цо Зарете иштта цхьаъ ву алахь а аьлла. Хьамзата ма-дарра дена дийцира, дас кIант чIагIвира:

– Долуш дерг хьо тIаьхьакхиъалц, цу пекъаре ма дийцалахь, мегар йац хьуна иза!

Іуьйрре гІаьттина шен селханлера гІуллакх чекх ца даьлла аьлла, Хьамзат йуха а Никто волчу вахара. Хьалха санна, жехь вара кІант. Хьамзат шена гича, вела а къежна, цо хаьттира:

– Йуха а машен галла-м ца йаьлла хьан?

– Машенна-м хІумма а ца хиллера, делахь хьоьга цхьаццца хІума хатта лаьара суна.

– Хаттал, хІун ду иза?

Кисанара сурт схьа а даьккхина:

– ХІара накъост вевзий хьуна? – аьлла, Хьамзата шега сурт гайтича, дуккха цуьнга хьоьжуш Іийра кІант. Гуш дара, йуьхьа тІехь и хийцавелла хилар, цхьана хІумано цуьнан дог-ойла хьийзош хилар а. Цхьа хІума дагадаийта гІерташ санна, хьаьж йуккъе шад хІуьттура цунна. ТІаьххьара а:

– Ца вевза суна хІара, – аьлла, сурт схьаделира кІанта.

– Никто, схьаверзахьа, дика хьайн йуьхь-сибате хьажийтахьа со, – элира, Хьамзата. Дикка хьаьжча, кІентан йуьхьан аьтту агІор, сурта тІехь санна, тІеда бара. Теро вара, амма тишделлачу йухь-сибато гІеххьа шеко-м кхуллура Хьамзатехь.

Кхин и хьийзо ца лиира цунна. Вовшашка вист ца хуьлуш, дикка хиъна Іийра ишиъ. ТІаккха Никтос хаьттира:

– Хьамзат, шу дукха хан йуй кхузахь долу?

– Дера ду, со кхеттал хилчхьана-м!

– Хаза-м бара хІара мохк, делахь сайн мохк боцуш санна хета суна хІара, даим цхьа кхечу махке сатуьйсу ас. И хІун мохк бу а ца хаьа суна, цуьнан сурт а ца хІоттало соьга, делахь цхьа саготта ву-кха со цунна.

– Хьан мохк бац хІара, Никто, суна хьан мохк карор бу, – аьлла, цуьнца Іодика а йина, дІаваха новкъа волуш, Никтос элира:

– Хьамзат, соьга хеттарш а дина, цхьа хІума а ца олуш, дІавоьдуш ма ву хьо, со мила ву хаьа хьуна?

– Ца хаьа. Амма хаа-м хуур ду. Уггар хьалха суна хиънарг хьо нохчи хилар ду, ас хьо хьайн волчаьрга дIа-м кхачор ву, – аьлла, машенна чухууш, Хьамзатана гира кIентан тIунделла бIаьргаш, цхьана бесни тIехула охьабедда хин тIадам а.

– Хьамзат, кхана дика кхаъ бахьаш воьллахь, – аьлла, тIаьхьа мохь туьйхира кIанта.

Хьамзатан садуург: хIун аьлла йало йеза Зарет кIант гайта, нагахь иза цуьнан ваша ца хилахь, дерриг карла а даьлла, сингаттамо лаца там бу. Тарханан санна, йуьхьа тIехь тIеда-м бу. Иштта тIеда болуш хийла а хир ма ву. Амма, ца аьлча-м дер дац аьлла, оцу чIагIонца цIа кхечира Хьамзат.

Дерриг шена Хьамзата довзийтича, дас элира:

– Тховса хIумма а ма ала Зарете, сахиллалц ца йуьжуш, ша шен са дуур ду цо, Iуьйрре цига гIур ду вай дерриг а, – аьлла, оцу тIехь барт хилира церан.

Iуьйрре шен машен кечъеш воллучу цIийн дена тIееара Зарет.

– Стаг, хьо хIокху деношкахь хIун айина лелаш ву-те, цхьа хIума ахь сох лечкъош санна, ма хета суна, хIун ду-те ахьа лелориг?

– Цхьа гIуллакх дара сан чекхдаккха дезаш, цунах тахана цхьалхо йер йу, сингаттаме хIумма а дац, паргIатхила, – аьлла, цуьнан са паргIатдаккха гIоьртира Хьамзат. ЦIеххьана дагадеара Хьамзатана цига йигале Заретин сурт гайта Никтона. Сихха чу а веана, шен хилла ойла йовзийтира цо шен дена. Дас къобалдира цо бохург.

Хьамзат Никто волчу кхаьчча, кIант хьалха санна, уьстагIий дажош вара. Геннара Хьамзатах бIаьрг кхетта, дуьхьал схьаваеара иза.

– Хьамзат, хьо тахана хIун дахьаш веъна-те? – элира Никтос, вела а къежна, диканиг цо даре сатесна волчу.

– ХIун дахьаш веъна боху ахь? Хьажал кху суьрте, хIара йевзий хьуна? – аьлла, кIентан йуьхь тидам а беш, Хьамзата Заретан сурт дIакховдийра. Дикка суьрте хьоьжуш Iийра

иза. Цхьа хIума дагадаийта гIерташ, чIогIа ницкъ хиллера кIантана. Хьамзатан иза Тархан хиларх йолу шеко дIайелира. Шен кхоллайелла ойла чIагIьян, Хьамзата хаьттира:

– Тархан, хьайн йиша ца йевза хьуна?

Цо шен цIе йаьккхича, цIеххьана цецваьлла, Хьамзате хьаьжира иза. Йуха а суьрте хьежа хIоьттира. Жимма Iийна а:

– 3-3 – аьлла, таса а велла, «За-ре-ет», – аьлла, шен йишин цIе а йаьккхина, бIаьргех хиш охьахьаьвда, меллаша охьалахвелира Никто. Цул тIаьхьа а дикка Iийра иза, суьрте а хьоьжуш, ойланаш йеш. Шен йишин суьрта тIе оьгу бIаьрхиш меллаша дIахьоькхура Тархана.

– Хьо мила ву? Зарет мичара йевза хьуна? И мичахь йу? – хоьттура Тархана, схьа а ца хьожуш.

– Тархан, эхь-бехк Дала лоьрийла, со цуьнан цIийнда ву.

– Ткъа Зарет мичахь йу?

– Тхо кхузара генахь Iаш дац, Солнечни олуш хезний хьуна? Цига йуххехь дехаш ду тхо. Иза а цигахь йу.

– Со цига вигахьа!

– Тархан, хьо иштта, цIеххьана тIевигча, иза мегар йац, хьо нехан жа тIехь ву, суьйре а йу. Жа чу а дерзийна, Андрейца барт а бина... Дукха беркъа ву хьо, тIейуха хIума оьцур йу ас... ткъа кхана ас хьуна и тIейалор йу, – аьлла, Андрей волчу вахара Хьамзат. Тарханна тIейуха хIумнаш а эцна, кIант кечван вуьйлира Андрей.

Шена Тархан карийча, беза мохь гира охьабиллича санна, са паргIат а даьлла, самукъадаьлла, цIа ван новкъа велира Хьамзат.

Буьйса йуккъе йаханера Хьамзат цIа кхаьчначу хенахь. Ма-воьддура да-нана долчу вахара иза. Ша цIа ца кхачуш, саготта Iаш карийра цунна ишиъ.

– КIант, хьо ма хьевеллера, хIун хили ахь даьхьначу гIуллакхах?

– Дада, и Тархан ву! – элира Хьамзата.

– Хьуна стенах хаьа и, цкъа хьуна гина а ма вац иза?

Нана а Iара, цецйаьлла, цаьршиммо дуьйцучух, со кхетаейша бохуш. Хьамзата дерриг дIадийцира цаьршинга.

– Нана йала хьан, сан йоI, ма дика кхаъ бу хьуна богIург, – аьлла, несе кхаъ баккха дагахь дIахьаьдира марнана.

– Собар, зуда, тховса хIумма а ма алалахь цуьнга, сахиллалц детта са хир дац цуьнан, шолгIа и мегар а йац, кхана Iуьйрре гIевттина, цига гIур ду вай, цхьа геннара хьовзийна, иза ца йохуьйтуш ала деза цунна. Ас-айса эр ду цуьнга иза. КIант, хьо, чугIой, охьавижа, хIумма а Заретана туса а ма далийта!

– Дика ду, буьйса декъал хуьлда, – аьлла Хьамзат чувахара. ХIара ларвеш йижаза йара Зарет а.

– Стаг, хьо стенгахула лела-те, галвала гIерташ-м вац-те хьо, – аьлла, йелакъежира Зарет.

– Зуда, хьаштдоцург дуьйцу ахь хIинца, и хьайн вон ойланаш коьртера дIа а йахий, охьайижа, – аьлла, метта воллушехь, тIех кIадваларна наб кхийтира Хьамзатана.

Дикка наб ца кхеташ, Хьамзате а хьоьжуш, ойла йеш Iийра Зарет. Цо шен ойланашкахь бохура:

«Варийлахь, стаг, цхьа йисна гIийла хIума йу хьуна со кху дуьнен чохь, сан азделла, гIийла, иштта а дисна доцу дог дохо хIума ма леладелахь, воних лан кийра бац хьуна сан!» Оцу ойланашца наб а кхийтира Заретана. Цунна ца хаьара шен цIийнадас шена кечбинарг мел хаза кхаъ бу. Иза хиъча, тховссехь и новкъа йер йара.

Сахуьлучу хенахь: «Зарет», – аьлла, шега цхьаъ кхойкхуш санна а хетта, сама а йаьлла, ара ладуьйгIира цо. Цхьа а ца хаавелча, йуха а наб озийра цунна. Йуха а жимма хан йаьлча, «Зарет», – аьлла, йуха а цхьаммо мохь туьйхира. Арахь са хиллера. Ара а йаьлла, дIасахьоьжучу кхунна тIеveара марда.

– Зарет, хьо гIаьттина йара?

– Дада, хьо кхайкхирий соьга?

– Со-м ца кхайкхира. ХIунда боху ахь?

– Буьйсанна йуккъехь, сан цIе а йохуш, гIенах санна, цхьаъ кхойкхуш вара соьга, сама а йаьлла, ладоьгIча, кхин хаалуш стаг а ца хилла, охьайижира со. Йуха а цхьаъ кхайкхира соьга. Цундела, арайаьлла, ладоьгIуш Iара со-м. ШайтIанаш-м ца хилла-те уьш? – аьлла, йелакъежира Зарет.

– Схьайолал, Зарет, охьахаал, соьга дика ла а догIал!

– ХIан-хIа, дада, со ирахь лаьттар йу, дийца ахь, – аьлла, ладоьгIна, сецира Зарет.

– Хьоьга аса охьахаа боху, хьо хIинца тхан йоI санна йу, жима йолуш лелийна ахьа и гIиллакхаш, ткъа хIинца цхьадерш ас тардолуьйтур ду хьуна – аьлла, геннара хьийзош, нус тIех хазачу кхоана кечйан хIоьттира марда.

– Зарет, дукха баланаш, вонаш Iийшина вайн халкъо. Цкъа дохийна дигна, Сибрехахь хIаллакдина вайн къам. Даймахка йухадаьхкича а, мел хьийзина Iедало! Цул тIаьхьа ши тIом. Мел дукха адамаш дайна, тIехIотта барз боцуш, дийнна доьзалш хIаллакьхилла. Дерриге а Делан йозанца хилла. Цо динчунна вай реза ца хилча а ца довлу. Амма цхьажимма долчу хIумано а вайн бала байбо, даг чуьра дIа-м ца баккхало, геннахь цхьана къайленехь кхобу вай иза. Даим мIар туьйсуш, ша буй хоуьйтуш, вайна ша биц ца болуьйту цо. ХIора диканна, вонна а кийча хила деза вай. Суна хаьа баланаша Iийшина, сингаттамаша хьийзийна йу хьо. Делахь а царна йуккъехь диканиг а, цхьа хаза кхаъ боцуш, хIума хила йиш йац.

– Дада, хIун кховдо воллу-те хьо соьга, хIун шийла кхаъ бу-те ахь соьга баккха кечбинарг, кхин хIун дисна-те со Iовжо? – аьлла, йелхайолаелира нус.

– Зарет, тахана ас хьоьга боккхун берг дика а, хаза а кхаъ бу, даим а вонаша Iийша йезаш йу-те дадин йоI? – аьлла, несах къахетта, хьалагIаьттина, дIасаволавелира Ризван.

– Зарет, Тархан дийна ву. Иза Хьамзатана кара а вина! – аьлла, сецира Ризван. Йоьлхуш хиъна Iаш йолу Зарет хаьрццина дIайахара.

– Зуда, схьайадалахь, Заретана вон хилла, хи далахь! – аьлла, мохь хьокхуш, несана тIеведира Ризван. Ден мохь

хезна, чуьра цкъа араэккха дагахь неIаре хьаьдира Хьамзат, тIаккха, кхетта, ара а хьоьжуш, корехь латта висира.

Бераш а, самадевлла, нанна, доьлхуш, гонах хьийзара. Йуьхьах шийла хи хьаькхана, меттайалийра Зарет.

– Дада, къинтIеравалалахь, со кхетамехь йацара хьуна, – аьлла, йоьхна хьаьвзира нус. Несо иштта аьлча, «Гора Зарет-йаI, кхетам чуьра йаьлча а, гIиллакхах йоьхна хьуо ган ца лии-кх хьуна!» – аьлла, дехьа а ваьлла, шен тIунделла бIаьргаш дIацIандина, мардас элира:

– Зарет, и гIенах кхайкхинарг хьан ваша хилла хьуна!

– Нана, мичахь ву сан ваша, цига йигийша со?! – аьлла, йоьлхуш марненах хьаьрчира Зарет.

– Нана йала хьан, ма дукха хан ца йисна-кх хьан цунна тIекхача, – аьлла, Хьамзате машен латайе аьлла, мохь туьйхира нанас.

Андрей волчу неIара тIе хIорш кхаьчча, малх гIушлакхе баьллера. КетIахь машен соцуш а хезна, арахьаьдда вогIу Тархан а, дуьхьалхьаьдда Зарет а, цкъа вовшашна гича, сецира, тIаккха дуьхь-дуьхьал хьаьдира.

Вешин марахь, ца соцуш, йоьлхура йиша. Тахана цаьршинга кхаьчначу диканах воккхавера цига мел гулвелла лулахо а, хазахетар тIехдаьлла, тезетахь санна, боьлхура уьш.

– Таха, нанас винарг, хьо мичахь вара хIинццалц, ма дукха Деле вийхира ас хьо, жоп дели-кха Цо сан дехаршна, вели-кха Цо суна хьо, – бохуш, йоьлхура Зарет. Иштта йоккхура цо жимчохь Тарханан цIе.

– Зарет, сан иэс дIадаьллера. Хьамзата суна сайн сурт гайтича, суна суо вевзаш санна хийтира, амма шолгIачу дийнахь хьан сурт дахьаш хIара веъча, коьрта чохь цIеххьана цхьа хийцам а хилла, дерриг дагадеара суна, (Зарет, эхь а хетта шен цIийндега хьаьжира, селхана ша цуьнга аьлларг дага а деана).

– Ас хьегна бала, лайна халонаш, ахь лайнарг – и шадерг дIадаьлла хIинца, дерриг дика ду, вай дIадоьлху, – аьлла, массара Андрейна баркалла а аьлла, хьеший цIа баха новкъа бевлира.

Машен лелош вогIучу шен цIийндега а хьоьжуш ойлане йогIура Зарет. «Хастам бу-кха хьуна, Дела, дахарехь Ахь суна иштта дика накъост валарна, оцу шина-кхаа дийнахь сан кхунах кхоллайеллачу вон ойланна суна къинтIераваллалахь, гечделахь суна!» – бохуш.

Цкъачунна нана цахилар Тарханах лачкъийра цара. Ала-м эр дара цара и цуьнга, амма таханлера хазахетар оцу шийлачу кхоо хьошийла ца лиира Заретана.

Дахаро шена кхин хIун кечдина хуийла дацара оцу гIийлачу, оьздачу, машенан корех ара а хьоьжуш, вогIучу нохчийн кIантана.

## КЕХАТ

– ЙоI, Iуьйре дика хуьлда хьан, гена йоьдий-те хьо!? – аьлла, шега цхьаъ вистхуьлуш а хезна, дIахьаьжначу ПетIаматна машен чуьра вела а къежаш, шега хьал-де хоьттуш, ханна башха жима а воцуш, цхьа къонах гира.

– Хьан а хуьлда, Iуьйре дика! – аьлла, кхин къамеле ца йолуш, дIайирзира йоI.

– Хьуна со ца вевза, хьо дIа ма йирзи? – аьлла, йуха а къамеле вала гIоьртира важа. Вовза-м вовзара йоIана иза, шайн урамехь Iаш вуй а хаьара, делахь а цкъа а цуьнга башха йистхилар хилла дацара цуьнан, цундела къехкара иза. Йуха тап-аьлла Iар товш а ца хетта:

– ХIун лаьара хьуна? – аьлла, сецира йоI.

– ХIумма ца лаьара суна-м, тIехволуш, хьо йевзина, балха тIе дIакхетор-кха аьлла, сецира со-м, – аьлла, охьавоьссина, машенан неI схьайиллира цу къонахчо. Цо иштта аьлча, и къамел ца тайна, кхохкийра йоI.

– Баркалла, со дIа ца йогIу, чIогIа гIиллакх долуш стаг хилла хьо, кхидIа а иштта хилалахь, ваха атта хир ду хьуна!

– аьлла, йоI, дехьо а йаьлла, адам алсам долчу автобусан социйле дIахIоьттира. Хьамзат кхийтира шегара даьллачу гIалатах.

«Йа АллахI-Дела, оццул дуьнен чохь хан йаьккхича а, кхин хьекъале а ца веа-кх со. Жима а ма вацара со, нехан йоIе чухаа, дIайуьгу баха», – аьлла, ша-шена оьгIаз а вахана, машен хаьхкина, дIавахара Хьамзат.

Цул тIаьхьа, ишиъ кхин вовшашна ца гуш, гIеххьа хан йелира. Ган-м гинера Хьамзатана йоI, цуьнга вистхила йуьхь йацара цуьнан. Иза йух-йуха а цецвуьйлура шех йаьллачу ледарлонах. Иштта кхиийна вацара иза дас-нанас. ГIиллакх, оьздангалла, йахь, ламаз-марха долчу хIусамашкара схьаваьлла кIант вара иза. Ткъа цу дийнахь шех даьллачо хаъал вагийнера Хьамзат. Нохчийн йоIан дог ца дохо, цуьнан сий дожош хIума ца хилийта, шен са дIалур долуш кIант вара иза.

Шегара даьллачу гIалато йуьхь йоттуш лелаш хIара а волуш, белхан гIуллакхна, хьехархой кечбечу училище ваха дезна, цига вахча, йуха а гира Хьамзатана йоI. Шена и къинтIера йаккха лууш лелаш волчу кхунна, цкъа и гича, ток тоьхча санна, дегIе йезаран йовхо хьаьдира, тIаккха, тIевахна, ши-кхо дош аллалц ладогIахьара аьлла, дийхира цо. ЛадоьгIна, сецира йоI. Амма чухула дIасалелачарах бегIийла ца хеташ, дIасахьоьжура иза. Цо лелочух кхетта, сихха къамел чекхдаккха дагахь хиллачу кхуьнан, багара башха дош ца долура. Йуха берриг шен ницкъ тIе а белла, Хьамзата элира:

– ПетIамат, хьастаха сох даьллачу гIалатна хьоьга къинтIерайалар доьху ас, кхин дагахь хIума долуш аьлла дацара ас иза, йевзаш а хилча, йезаш а хилча..! – аьлла, кхин дош ца олуш, Iадийна стаг санна, йоIе хьаьжжинчохь сецира Хьамзат. Ткъа йоI а лаьттара, бIаьргаш а къарзийна, цо аьллачух цецйаьлла, ца кхеташ.

– Ахь хIун элира, со ма ца кхийтира ахь аьллачух? – аьлла, хаьттира йоIа, ша меттайеъча.

– ПетIамат, дала-м ца хууш делира иза сан багара, амма иза бакъ-м ду, – элира Хьамзата, жимма вист ца хуьлуш а Iийна.

– Айхьа дуьйцучун ойла йой ахь, и хIун ду мукъана хаьий хьуна?

– Дера, хIун ду а ма хаьа, ойла а ма йо, дукха хан йу-кха сан хьуна тIехь са лаьтта, и хьоьга ца алалуш со лела. Дала цхьа къинхетам бар дац-те хIара, ца хууш даьллехь а, сан багара и тахана далар? Хьуо суна эшар хIинца хии хьуна.

– Хьамзат, ахь до и къамел суна оьшуш къамел дац хьуна, хьо хьайн доьзал а болуш стаг ву, ткъа со башха жима йацахь а, сайн рицкъ делахь цхьанхьа дIатарлур йу, – аьлла, чорда йист а хилла, дIайахара йоI. Ткъа Хьамзат ойлане висира.

ЙоIа ша жима йац бохучух кхетара Хьамзат. Цхьацца сингаттамашна ког шершина, цIахь йисинера иза. Делахь, иза а йа кхидерг ца гора Хьамзатана, цунна гург шена иза йезар дара.

Наг-наггахь вовшашна гар хуьлура Хьамзатан, ПетIаматан а. Хьал-де а хоттий, кхин шен безамах лаьцна башха хIума ца хьахош, Хьамзат лелаш а волуш, вон зулам даьржира махкахь. Iедал гал а даьлла, гучубийла буьйлира цхьанне а низамехь а боцуш, герзех боьттина, йозуш йоцу пачхьалкх йо шаьш бохуш, цхьа нах. Ткъа, конституционни бакъонаш нисйо шаьш аьлла, чудеанчу Россин эскарна а, оцу нахана а йукъахь иккхира боккха тIом. Йохо йолийра гIаланаш, йарташ, отура мохк. Доккха зулам даьржира махкахь.

Цхьана Iуьйранна, сахиллалц тIедеттачу герзашна, йаккхийчу тоьпашна бIарзбелла, довла меттиг боцуш, цIеношна бухарчу ларми чохь а Iийна, бечура тIом саца ма-сеццинехь, шен доьзал кIелхьарбаккха дагахь машенца воьду Хьамзат сацийра кхеран гIалийн йистехь лаьттачу оьрсийн тIемалоша. ХIара санна, совцийна машенашкахь кхин а дукха нах бара. Кехаташка хьуьйсура, машенаш чуьра ларчанаш кегайора. Цхьацца Iиттарш а йора, амма и шадерриг

лан дезаш хьал хIоьттинера, оцунна бехке хIорш бацара, кхинаш бара. И дуьйцийла йацара, доьзал кIелхьарбаккха безара.

ТIекхочуш Хьамзатан рагI а йолуш, цуьнан бIаьрг кхийтира хьалха лаьттачу машенах. И машен вон кегош йара, герз йа наркотикаш лоьхуш ду шаьш бохуш. Ткъа цхьа йоI а йара хьийзош, кехаташ нийса дац хьан бохуш. Хьамзатана йевзира цара хьийзош йерг. «Ванах, ПетIамат ма йу иза-м», – аьлла, дерриг диц а делла, тIехьаьдира иза. Шайна тIеведда вогIу стаг гиначу цхьана салтичо, цхьаъ дан вогIу моьттуш, цхьа хIума а ца къастош, герз тоьхна вожийра Хьамзат. Зударийн маьхьарий девлира, йоккха гIовгIа йелира цигахь. ТIевеанчу оьрсийн эпсаро, герз кхеттарг дийна вуй хиъча, рогIехь ца лаьтташ, бакъо а йелла, больнице вигийтира. Хьамзат машенна чу вуьллуш, и вевзинчу ПетIаматан халла багара делира ша-шега олуш санна: «Дакъаза ма вала хьо, Хьамзат, цкъа а дагахь ца хиллера-кх суна, со бахьанехь ахь ишттаниг дийр ду аьлла»!

И зулам хиллачул тIаьхьа салташа кхин некъахьовзам ца беш, дIабахийтира ПетIаматар.

Ахшо сов зама мухIажарш хилла а лелла, цIа баьхкича, Россин Iедал дIахIоьттина карийра царна. Нахе кхайкхам бара беш: «Балхахь хилларг шен балха дIаволало, ткъа воцчунна аьтто болччу барамехь болх нисбийр бу»! – бохуш.

ПетIамат хьехархойн училищехь хьехархо йара. ЧIогIа балха тIехь накъосташа лорура иза. Тахана хIара балха йеана хазахеташ, кхуьнах ца къасталуш, цхьацца дуьйцуш цара цIа ца йоуьйтуш, хье а йелла, ша балха йогIур йуй а хаийтина, цIа йогIучу йоIана, йуххехь, тохара санна, машен а сацийна: «Де дика хуьлда хьан, ПетIамат»! – аьлла, Хьамзат шега вистхилча, йоIана хетта хаза лур дацара дукха хIума даларх. Даим Хьамзатана сагатлуш, хилларг ша бахьана долуш хиларна, цунах хилларг ца хууш хилла йолчу ПетIаматан дог пергIатделира, и дийна а, могаш а гича.

– Де дика хьан а хуьлийла, Хьамзат, ма хазахийти суна хьо могаш волуш! Муха ву хьо, товелин хьо!?

– Товели со-м, ПетIамат, ши-кхо де бен дац со цIа веана.

– КъинтIеравалалахь суна, Хьамзат, со бахьанехь хилира и дерриг а.

– Хьо бехке ма йе хиллачунна, хьо бахьанехь суна валар а хала ца хета, тахана а и сурт хIуттуш хилча, ас хьан дуьхьа сайн са дIа-м лур дара!

– Хьамзат, урамехь вехаш хилар бен, суна хьо вевзаш ца хилла, со тахана йоккхайоь хьо вевзаш хиларх. Бакъдолуш, хьуна со оццул чIогIа оьший-м ца хиънера суна, ма Iовжийна хилла хир ву хьо? – аьлла, йоIан бIаьргех хиш охьахьаьвдира. Уьш хIун хиш дара йоIана шена бен хуийла дацара, везаран йа къахетаран, амма и ший а хьерчара йоIах. Дуьхьара шега Хьамзат вистхиллачу хенахь цунна ца моьттинера и безам шех хьаьрчар бу, амма тахана ша-шена а ца хууш, гучуделира цунна иза.

– ПетIамат, ма Iенадехьа жовхарш санна долу и хьайн бIаьрхиш, хIор а хьан бIаьргех болучу тIадамо, йоккха чов йеш, дагадо-кха сан дог, – аьлла, ша холчухIоттар хаийтира Хьамзата.

– Бехк ма биллалахь, суна, – аьлла, дIайирзира йоI.

Жимма и паргIат а йалийтина, Хьамзата элира:

– ПетIамат, хьан хенара а вац со, делахь а даго витац со, цо йоьху соьга хьан йовхо, хьан безам, шех къахетар доьху цо соьга. Ткъа суна айса цуьнга хIун ала ца хаьа. Дерригенна а хьо йу ницкъ болуш йерг. Хиллачу хиламаша хийла стеган дог Iовжийна. Ас хIара къамел деш товш-м дацара, делахь а виснарг ца ваьхча а ца волу, рицкъ ца лехча а ца долу. Кху хиламаша дог ца Iовжош наггахь а стаг витина хир вац. Иштта вайн Дала кхоьллина дуьне ду-кха хIара, вай делхарх, дала гIертарх меттахIуттур долуш хIума а дац. Суна сайн дахар хьоьца доза лаьар-кха. ХIун олу ахь сан дехарна? – аьлла, йоIа хIун олу хьаьжна, ладоьгIна сецира Хьамзат.

Ойлане, йист ца хуьлуш лаьттара йоI.

– ПетIамат, хьо йист ма ца хуьлу, хьайна хетарг, хьайна луург алахьа?

– Сайна хетарг эр ду аса, сайна луург эр дац, – аьлла, йуха а бIаьргех хьаьвдда хишца, халла къурд а бина, йоIа хаьттира:

– Хьамзат, со хьайна чIогIа оьшу элира-кха ахь, бакъ дуй иза?

– ПетIамат, вайша хIоккхехь латтар санна бакъ ма ду иза.

– Делахь, Хьамзат, со хьайна эшахь, хьийза а ца йеш, Iадйитахьа со, хьо доьзал а болуш стаг ву, жима дехьо Iаш велахь а, лулахой ала а мегар долуш, дехаш а ду вай.

–ХIунда олу ахь иштта, сан доьзал хиларх, чохь хIусамнана ца йеза суна, хьуна хаьа хир ма ду со и йоцуш вуй?

– Дера, суна хаза-м хезнера, хьан хIусамнана кхелхина бохуш, цунна Дала гечдойла, делахь баккхийра доьзалш ма бу хьан.

– ПетIамат, ткъа и доьзал цхьана новкъа баккха, чохь царна нана хилла дIахIотта зуда ца йеза?

– Дера, иштта-м ду иза, делахь а и зуда со хуьлийла ца лаьа суна, ас хьалха ма-аллара, со Iадйитахьа!

Иштта хаттар ПетIамата шена хIоттор ду моьттуш вацара Хьамзат, амма цуьнан дехаро вохийна, вист ца хуьлура иза. Ша цунна хIоттийнарг йоккха киртиг йуй хууш, ладоьгIна сецира йоI.

– Дика ду делахь, ахь бохург дийр ду ас, – аьлла, цкъа а ца хаьхкинчу кепара машен а хаьхкина, дIавахара Хьамзат.

Ша цуьнан Iовжийна дог гуш, шен богучу кийрана дан хIума доцуш, йоьлхуш дIайахара йоI. Мел шена чIогIа везарх, цунна хаьара шайчух гIуллакх хир доций, йа иштта моьттура цунна. Нах а Iийр бацара, доьзална тIе а йахна, церан йукъара барт, меттиг йохийна ца олуш, ишттаниг аларна кхоьруш, цIахь Iаш а йара иза.

Ша ПетIаматна Iадйита дош деллачул тIаьхьа, чам байна воьду Хьамзат, некъо голатухучохь, машен йерза а ца йелла, басах чувахара. Дуккха а больницехь Iийра иза. ХIор де, ша меттавеъчхьана, ПетIамат ларйеш, доккхура цо. Цунна хаа-м хаьара и йогIур йоций, делахь а сатий-сам хьерчара цунах. Ткъа Хьамзатан наха а, доьзало а хIара больницехь волчу хенахь, ПетIамат йезаш вуй хиъначу барт а хилла, йоьIан нахе хьахайайтинера, уьш и йаийта реза а хиллера. И кхаъ Хьамзате кхачанза бара. Иштта цхьана дийнахь чуеанчу лорйишас кехат делира Хьамзате: хьоьга цхьана йоIа дIало бохура, аьлла. ПетIаматера хила там бара-кха аьлла, дог кхиъначу Хьамзата, куьйгаш а дегош, схьадаьстира кехат. Амма и кехат дешначул тIаьхьа, вела а къежна, и даг тIе а диллина, доккха са а даькхина, балдаш тIера и велар дIа ца долуш, набаре вахара иза.

Оцу кехат тIехь хIун хилла йаздинчунна а, дешначунна а бен хуийла-м дацара. Амма иштта набаре вахна Хьамзат гиначо ала-м эр дара:

«Ма ирсе, дуьнено дог хьаьстина, хаза набйеш ву-кх и къонах»! – аьлла.

Гуьмсе, 1995

## НУС

ХIоранен а дог ца хьосту дахаро. Цхьаъ велаво цо, важа вагаво, амма дерриг кхочуш а хилла цхьа а вац. Хийла доьзалашкахь халонаш ловш, бала а Iовшуш, беха цхьаболу зударий, цIийндай мел шайна вон белахь а. Цхьайерг шен доьзалан дуьхьа, важа марзахошца гIиллакхе йуьйлуш, ткъа кхоалгIаниг децIа бахьана долуш. Дукха ду-кха и бахьанаш.

Иштта шен цIийнда мел галваьлла лелахь а, цомгуш йолу шен марнана дIатесна, дIайаха ца лууш, ненал дика иза а кхобуш Iара Малика. Маликас ша дуьххьара нус хилла керта йеачхьана гIиллакхца, оьздингаллица, дикачу агIор гайтира. Цундела и чIогIа дукхайезара марзахошна. Малика керта йеана дукха хана йалале, цамгар а кхетта, меттахь йисира Зараъ. Шен марнана чIогIа дика кхобура несо. Маликин цIийнда цкъа а цIахь вацара. Молуш вара, узуш вара, хьанал-хьарам ца къастош, ваьлла лелаш вара. ЦIа ца вогIуш, масийтта де а долура цуьнан. И иштта велахь а, нанас чIогIа сагатдора цунна.

– Малика, суна хаьа, хьо даим саготта йу, цIийнда цIа воьрзуш а воцуш, даим сох бала а хилла Iаш йу хьо. Да дийна велахьара, иштта хирг хир вацара иза, дехоша аьлларг деш а вац. Со Iадда а йитий, дIа а гIой хьайна цхьа бен тарбехьа! – аьлла, цхьа гIийла Малике хьаьжира Зараъ. Несана, марненан бIаьргаш хих дуьзна гира. Цунна хаьара цо иштта бахахь а, шех цунна йала ца лаьий.

– Нана, ахь хIун дуьйцу, хьо йитина со мича йоьду, иштташ дага а муха деара хьуна? – аьлла, Малика шен марнана мара а йоьллина, йилхира.

– Малика, сан диканиг, аса-м хьан довчу ирсах къахетта бохий, – аьлла, дог кIадделла, марнана шен несана коьртах куьг а хьоькхуш, йоьлхура. Цу дог Iовжочу суьртана тIекхечира Маликин ши маьрйиша Залпаъ, Хьасраъ а. Шаьшшинна хилларг ца хаахь, нанна, несана тIе а кхетта, йилхира ши йоI а, цаьршинна йукъара гергарло шаьшшинна хаарна.

Когаш тIехь дика лаьтталуш а воцуш, малар совдаларна багахь цIогIа а детташ, веана, схьа чу велира Аслан. Нанас тIехь да а воцуш, хала кхиийнера кIант. Шина йоIана тIе хилла вара иза. Аслан дуьнен чу ваьлла бутт кхочуш, трактора кха тIера шайн йол йохьуш вогIуш, шершина, трактор басах чу а йахана, кхалхар хиллера Хансолтин. Жима ши йоI, карахь бутт бен боцуш Асланаца, Хансолтех йи-

сира Зараъ. Бай кхобуш йу аьлла ца Іаш, цо кога хІоттийра шен доьзал. Ши йоІ нехан цІентІе а йахара, дикачохь дІа а тарйелла, йехаш а йара. Ткъа Аслан, йуьртахь цІе а йоккхуш  дика кІант вара, стенна делахь а, цІеххьана гал а ваьлла, харцахьачу новкъа ваьллера. КІанта лелориг ца лайна сиркхо хилла йоьжнера Зараъ.

– ХІара хІун тезет ду? Аш хІун леладо? – аьлла, – арайала кху чуьра, йахийта хьайн цІехьа, суна хьо оьшуш йац, – аьлла, Малика дІайахийтира Аслана. Мел нанас дехарш дарх, ши йиша йелхарх цхьаьнгге ла ца дуьйгІира цо. Малика дІайахара. Шина йишас хийца а луш, кхобура шайн нана. Делахь а цаьршинна шайн нана дено-дено оьшуш гора. Даим кхоьлина йара, саготта йара, йуург башха йууш а йацара. ЙоІарша хІун хилла а аьлла хаттарх, жоп ца лора нанас. Ткъа цаьршинна хаа-м хаьара, цо стенна сагатдо. Цкъа цхьана дийнахь ша шина йоІа йитанне а ца йитча, цо элира: «Маликин кІедачу куьйге ма сатесна-кха ас», – аьлла. Ши йоІ вовшашка хьаьжира. Цаьршиннан даг чохь Малике цабезам бацара нанас иштта алърх, цаьршинна хаьара, шаьшшиннал дика и шайн нене хьожурий. Цунделла ишиъ цкъа  а саготта ца хуьлура шайн нанна.

Цу деношкахь, Зараъ дика йац бохуш, дуьйцура йуьртахь. И хабар дІакхийтира Маликех а. ЧІогІа шен марнанна сагатдора Маликас. Ойланаш хьийзара коьртехь, муха гур йара-те и бохуш, йаьхьар йарий-те, чуйахана, и хІун деш йу хьажа бохуш, ойланаш хьийзара коьрте. Амма цІийндас, ша йеаний хаахь, могуьтур доций хаьара цунна. Шена, марнана дика хьал долуш йац аьлла, хаза ма-хеззинехь, шен марзахой бехачу керта йисте а йеана, бешарчу хьажкІашна йукъахула къайлах чуеара Малика.  Йела а йоьлуш, шен нус чуйаьлча, цкъа цомгуш ца хилча санна, охьа а хиъна, куьйгаш а кховдийна, тІейийхира нус. Йедда тІе а йеана, марнана мара а йоьллина, йилхира Малика.

– Нана, ма чІогІа сагатделлера са хьуна, кху деношкахь кхин а тІетаьІна йу бохуш, хезнера суна хьо, сан ма чІогІа сахьийзира хьуна!

– Сан йоI, хIинца йала а хала ца хета суна, цкъа хьо бIаьрга гичахьана. Ахь сан кIантаца лайна баланаш, цо хьуна бина ницкъ, цкъа хьан дог оьцуш а воцуш, цIа а ца воьрзуш, соьца бала а боцуш, и ваьлла лелачу хенахь суна йоI а хилла, йуххера дийнахь, буса дIа а ца йолуш, Iийна хьо. Сан шина йоIах тешна а ца йуьтура ахь со, айхьа ца листича, дог а ца туьйш, сан ши йоI дIа а тоьттуш, кхебира ахь со. Ас массо а кIантал дика хуьлуьйтур вара сайн кIант, сан са ду иза, оццул вон волушшехь, даим а цунна саготта йу со. Хьайна йалсамане йаькхина ахь. И Дела резахуьлда хьуна! – бохуш, нус мара а къуьйлуш, йоьлхура Зараъ.

– Нана, сан хьоме нана, хьо сайн ненал дукхайезий-те аьлла, дукха а йезаш, хьох дог а лозуш, кхаьбна ас хьо. И Дела гуш ву-кх, ас моттаргIанаш лелийнехь, йа цIарна лелийнехь а иза. Ас, сайн ненал башха ца хеташ, кхаьбна хьо. Со йеаний хаахь, хьан кIант мегар вац, нана. Цо арайаькхина ма йу со, сан бакъо йацара хьо йолчу йан, делахь а хьох лозучу дагна, наха цхьацца дуьйцчу хабаршна Iен а ца йелла, йеара со. Со сих-сиха йогIур йу хьуна оьшу молха, мерзаниг кхача а бахьаш. Хьо чIогIа чIепалгаш дукхадезаш ма йара, кхана уьш дахьаш, къайлах со йогIур йу хьуна, са ма гатделахь, тололахь. Ткъа хIинца со дIа ца йодахь, хьан кIант тIекхачахь, цо суна могуьйтиур дац, – аьлла, дIайаха йоллу Малика, дехьачуьра сехьа а ваьлла, сацийра Аслана. Йоьхна хьаьвзира нана, кхерайелла неIаре иккхира Малика, арайала дагахь.

– Ас цхьанхьа ма гIо ма элира хьоьга, собар дел цкъа, соьга ладогIал хIинца: дерриг а шун къамел хезира суна. Со дехьачохь, шуьшинга ла а доьгIуш, хиъна Iаш вара. Хезий хьуна, хьо цхьанхьа гIур йац, лечкъаш а лелар йац. Дела резахуьлда хьуна оццул дика сан нене хьажарна, кхуьнан дола дарна а. Со галваьлла лелаш хилла. Нана, суна къинтIера йалалахь, таханчул тIаьхьа хьайн кIантах воних даьлла аьлла, хезар дац хьуна, – аьлла, боккхачу бехкамна кIел вахна, корта а таIийна, лаьттара кIант. Хуьлучух ца кхеташ, кхе-

рам совбаларна соне а тебна Iачу Малике а хьаьжна, доккха са даьккхира Зараа. ТIаккха цо элира:

– Гора, Малика йа-I, ас сатийсинчу дийне йели-кха со.

Маликин бIаьргех охьаоьхура хиш, и йоьлхура мелачу ладаршца. И ца йоьлхура шен ирсана, и йоьлхура кIанта шен нене, метта а веана, къинтIерайала аларна. КIанте хьожуш, шен несе хьожуш, бакъ дуй-те хIара бохуш, цаьршинна Деле ирс доьхуш, йоьлхура Зараъ

КIант хьекъале а веъна, ша лелийначунна дохко а ваьлла, шен доьзална тIе а вирзина, ваха а гIерташ дIаволавелча, са паргIат а даьлла, жим-жимма айалуш, дIогара дика ца хIоттинехь а, ара чу а йолуш, могашалла меттахIуттуш йара Зараан. Шен ирсах йоккхайеш, хьалхачул а чогIа дика хIусамнана, нус а хилла, хьийзара Малика. И дерриг гуш, сих-сиха цIа а йогIуш, шаьшшинан децIахь долчу диканах са паргIат дуьйлуш, лелара Залпаъ, Хьасраъ а. Ткъа Асланах, Маликех дерг аьлча: гена хьалха дIа шаьшшиннан цхьацца дахаран Iалашонаш а хIиттош, йуьртахой цец а буьйлуш, дахарчу дирзира ишиъ.

## ХАЛА ДАХАР

Коре а хIоттина, цхьацца хIуманан ойла а йеш Iачу Зарганна, баьргех куьг а хьоькхуш, урамехь цIа йогIуш шен йоI гира.

– Йо сан Дела, и йогIург Заира а ма йу, и йоьлхуш а ма йу. Цунна хIун хилла-те, и стенна йоьлху-те?– аьлла, шен йоIана дуьхьалйелира Зарган.

– ЙоI, ахь хIун до, хьо ши бIаьрг хих а буьзна, макх а йелла, техкаш йогIуш ма йу? Хьо цхьаъ галдаьлла-м йеана, хилларг дийцал суна?

– Нана, башха хилла хIумма а дац, жимма барт ийгIина сан Ахьмадца.

– Дийцал, хIун ду хилларг?

– Нана, цкъа тахана хIумма а ма дийцийтахь соьга, кхана дуьйцур ду ас, – аьлла, Заира дехьа чу йахара. Нана цунах кхийтира. ЙоI йелха йаханера.

– Нана йала хьан, сан йоI, хIун ду-те шуна йукъа деанарг, – аьлла, дехьо а йаьлла, гIанта охьахиира Зарган. ЙоIа хилларг ша дийццалц, кхин иза хье ца йира. ЦIа кхечира да. Амхьадан чIогIа хьоме йара Заира. Цунна чу са а диллина вара иза. ЙоI ийгIина йеаний хиъча, чIогIа холчувер волуш вара Амхьад. ХIинццалц санна, шен хIусамнана самукъане а ца гина, цхьаъ хиллий хиъначу Амхьада хаьттира:

– Дийцал, зуда, хилларг?

– Суна хууш цхьа а хIума дац, йоьлхуш цIа а йеана, чохь дIатийна Iаш йу-кх Заира.

– Ойн, ахь ца хаьттира бахьана?

– Дера, хаьттира, тахана шега хIумма а ма хетта аьлла, чуйахара иза.

– Хиллачух дерг хатта цхьаъ вагIахь, ас хIун ала деза, суна хаа ма деза хилларг?!

– Иштта-м ду иза, амма цо дуьйцуш ца хилча, ас хIун дан деза цунна?

– Меги, Iуьйранна дуьйцур дац-те?

– Хаац, хуур ду-кха.

Iуьйранна цIийнда балха а хьажийна, сагатлуш, йоIе ла а доьгIуш, цхьацца деш йоллуш Зарган а йолуш, сехьа чу йелира Заира. Гуш дара йоIа наб йина цахилар. Мокха, йилхина цIийбелла бIаьргаш, техкаш, нене Iуьйре дика а йина, дехьа лаьттачу гIанта охьахиира Заира. Цо лелочуьнга а хьоьжуш, ойлане лаьттара Зарган.

– Заира, хIинца мукъана а дийцахьа хилларг? Хьан да чIогIа саготта балха вахана. Цхьаъ хьуна тIаьхьа вагIахь, хIун ала деза а ма ца хаьа тхуна.

– Нана, со совйаьлла-кх Ахьмадна, вист хуьлуш лела. Кхин йоI йу цуьнан.

– Дера, йоI, боьрша стеган вуьстхуьлуш зуда хуьлуш ма йу, и бахьана дац доьзал бохо, шун йоI ма йу. Раянин ойла ца йо ахь?

– Дера, нана, уггар хьалха цуьнан ойла ма йу сан коьртехь хьийзарг. Суьйранна цIа моссаза вогIу соьца, цхьацца бахьанаш а лоьхуш, девнашка вуьйлура иза, ткъа Раяна даим а йоьлхуш Iара, цхьана соне йулий.

– Хьайца схьа хIунда ца йалийра ахь иза?

– Ца йалайайтира цо соьга иза, ша суна цкъа а гойтур йац аьлла цо.

– Вай, йоI, и хIун ду цо дуьйцург, йоI ца гайттал хIун даьлла хьоьгара?

– Ца хаьа суна-м, цу зудчо корта дIаэцначух тера ду цуьнан.

– И йало гIерташ ву-те иза?

– Дера, хаац суна-м, амма соьца кхоччуш гал-м ваьлла иза.

Сарралц шен йоI цIа йаран, цуьнан ойла йеш а Iийна, Амхьад цIа ма-веъа, долуш дерг дIадийцира Заргана. Заирина лаахь, Раяна кхобуьйтур йу, ша дуьхьал вац, элира Амхьада, нагахь Заира цIахь йуьсуш хьал хилахь.

Кхин къаьстина хIума а доцуш, шо хан дIайелира Заира цIахь йолу. Мел чIогIа аларх Раяна ца гойтура Ахьмада цунна. Цхьана дийнахь, туькана йоьдучу Заирина, чохь Раяна а йолуш, машенца вогIуш Ахьмад гира. Шен нана гича: «Нана», – аьлла, мохь а хьаькхна, машенан корах тасайелира йоI. Ахьмада и човхош гира кхунна. Нах ца хиллехь, тIаьхьа йодур а йолуш, оццул бIарзйелира Заира. Машен къайлайаллац тIаьхьа хьоьжуш Iийра иза. Корах а йетталуш, йоьлхуш дIайигначу шен йоIана са хьерадаллал бIарз а йелла, йоьлхуш, дIайахара Заира. КетIа кхаьчна, ша охьайоьссина чуйоьдучу Раянас, йуха а йирзина, Ахьмаде элира:

– Дада, оццул со ненах хьего, цу сан ненера хIун даьлла-те, – аьлла, бIаьргех охьаоьху хиш дIа а хьоькхуш, чуйахара йоI. Воьхна, тIахьахьежа висира Ахьмад.

– Ахьмад, и йоI ма йоьлхуш чуйахара, цунна хIун хилла? – аьлла, нанас шега хаттар дича, цунна дала жоп доцуш висира Ахьмад. И вагийнера оццул жимачу сино, шега иштта бехк баькккхича. ЙоIан ойла а йеш, чувахара Ахьмад. Жимма ша волчохь хиъна Iийра иза, амма тамашена са схьаоькккхуш доллура цуьнан, и стенна велахь а, цхьа бIаьрзе вара. Iан а ца велла, сехьа чу а ваьлла, нене йоIе ладогIахь аьлла, ара, мохе волучу Ахьмадна, ненан мохь болуш хезира. ДIахьаьддачу Ахьмадна, кхетамехь йоцу Раяна а карахь йолуш, арайолуш шен нана гира. Сихха машен чу а йиллина, цара йоI больнице йигира.

Кхо де дара йоI метта ца йогIуш Iуьллу. Заира а йара цу кхаа дийнахь цуьнца. ДоьалгIачу дийнахь, биллина бIаьргаш а боцуш: «Нана»,– олуш, меттайеара йоI.

– Раяна, со кхузахь йу, йелха ма йелхалахь, со хьоьца ма йу, – элира, Заирас.

– Нана, хьо кхин дIагIур йаций, сан мел сагатло хаьий хьуна?

– Дера, гIур йац, вайшиъ хIинца даим а цхьаьна хир йу, – аьлла, шен йоI мара а йоьллина, мохь тухху йилхира Заира.

– Раяна, и хIума хIунда дора ахь, молханаш хIунда мелира ахь? Хьуна цхьаъ хиллехь, ас хIара дуьне дуур ма дацара, сан ойла ца йира ахь?

– Нана, ткъа ас хIун дан дезара? Сан хьуна хьийзачу синна дан хIума ма дацара, суна оьшуш ма дац хьоьца доцу дуьне.

– Нана йала хьан, – аьлла, шен йоI мара а йоьллина, йоьлху Заира, ненан марахь йоьлху йоI, цаьршинна вуй а ца хууш, хийрачу неIарехь, цаьршинан къамел хезаш и сурт гиначу Ахьмада, чу а волуш, элира:

– Раяна, ас чIагIо йо хьуна, тахана дуйна кхин хьан бIаьргаш нанна доьлхур дац хьуна, – аьлла. И дешнаш хезча, йоьлхуш, шен ден мара а хьаьрчаш, Раянас элира:

– Дада, сан дика дада, суна хаа ма хаьара, сайн дика да вуй.

Боккхачу тешамца вовшашка хьаьжира Ахьмад а, Заира а.

## БІЕШЕРИЙН ЛАР

Кхоьлина, тийна дара дарбанан цІийнан сени чохь. Дехачу гІантахь, гІийла, ша хиъна Іара цхьа йоккхастаг. ТІехьаьжна, дезткъе итт шарал хьалайаьлла хир йолчу, йоккхачу стагана шен дахарехь дукха хІуманаш гина хир дара. Ткъа тахана, цуьнан гІийла Іарехь, царах цхьаъ дагадеъна хила а тарлора цунна.

Цуьнга хьоьжуш вехха лаьттира со. Аса-м цуьнан тергам бо дикка хан а дера йара, амма тІевахна, къамеле валар нийса ца хеташ Іара со. ТІехйолуш зуда, йоІ хилча, жимма айалора иза, амма боьрша стаг тІехволуш хилахь, шен дегІ нисдеш хьалагІоттура. Со цецвуьйлура цунах. Ас сайга хоьттура, АллахІ-Дела, ма инзаре хІума ду цу зудчо лелориг, цуьнан кІант хила а мегар долуш ву со, соьга лелалур доцуш, сан кархдер а доцуш хІума ду-кха цо лелориг, олий. Даим а, гонах цо дуьйцучуьнга ладоьгІуш, баккхий зударий, кегий зударий, бераш а хуьлура, ткъа тахана ша хиъна Іара йоккхастаг. Иштта, ойлане хиъна Іачу цунна тІевахара со. Шен дегІ а нисдеш, хьалагІаьттира йоккхастаг. Ас «ма гІаттахьа, со воккха а вацара» алархх, цо тергал ца вира со. ЧІогІа безаме адам дара иза. Суна меттиг луш дІа а хилла, охьахаар дийхира цо. ТІаккха, со охьахаъалц, йа охьа а ца хиира иза. ХІал-де, могашаллех дерг хаьттина даьлча, ойлане Іара со. Со цхьаъ хатта лууш хетта йоккхачу стага, соьга элира: «Хьан цІе муха йу?» – аьлла. Ас сайн цІе йийцира. Шен цІе а йуьйцуш, цо соьга элира:

– Мохьмад, хьо соьга цхьаъ хатта лууш волчух тера хета суна, хьайна луург хатта мегаш ду хьуна! – аьлла.

– Дера, Умисат, хьо бакъ ма лоь, со дукха хан йу хьоьга цхьацца хІума хатта лууш волу, делахь а, хьан йоккхаллех бехк лоьцуш, нийса ца хеташ Іара со-м.

– ХІумма а дац, Мохьмад, вайн хан йу, кху чохь хІинца а иттех дийнахь Іан дезачух тера а ду вай, жимма хан дІайалар а хир.

– Гой хьуна, Умист! Хьо йоккха а йу, хьуна ца гуш хIума дисна а хир хир дац. Массо а тIехволучу боьрша стагана, хьайн дегI нисдеш, хьалагIотту хьо, зударшна а айало. Тамашина, хьан хенара волчу стагана лело хала а хир долуш, даккхийчу гIиллакхца доьзна хIуманаш ду ахь лелораш, и карх муха долу хьан?

– Мохьмад, ма генара схьадогIуш хIума ду-кха иза! – аьлла, ойлане йелира йоккхастаг

– Дийцахь, Умист, ахь ма-аллара, вай жимма хан йу кху чохь йаккха йезарг, сихо йолуш хIума а ма дац вайн, – аьлла, со велакъежира. Жимма ойлане а Iийна, Умист дийца йолайелира.

– Сан цхьайтта, шийтта шо хила тарлора цу хенахь. Сан дейиша йара, Зарган цIе а йолуш, чIогIа тайна, хаза йоI йара иза. Дукха кIентий бара и йезаш, захалонаш а дара тайп-тайпана тIекхоьхьуш, (хIинца йоцуш йу иза, хьо марша. Ас сайн дейиша хасторах бехк ма биллалахь), тIаьхьо хуур ду хьуна ас и стенна боху. Виъ деваша вара сан, и цхьа дейиша а йара. Цхьана дийнахь хьажкIаш хьакха кха тIе даханера тхо. Органан регIаца хьала дара нехан кхаш. Аса-м башха деш хIума а дера дацара, царна оьшург тIе а йахьара, жимо хьаьжкийн цIов дIа а хьора. Тхо иштта цхьацца деш дохкуш, тхан воккхачу девашас дехьара схьа мохь туьйхира:

– Зарган, лаха Орган чу а йоссий, вайна мала шийла хи дахь, и йоI а йигалахь хьайца, – аьлла.

Сан чIогIа самукъаделира, суна чIогIа хазахетара, дIадоьдучу Органе хьоьжуш. БIаьста жимма йокъа хIоьттича, шовда санна, цIена догIура иза, жимма йочана йеъча, даьржина хуьлура, мала мегар а доцуш. Сан дейишас шен кIудал схьаийцира, ас а жимо кхаба схьаийцира. Тхойшиъ хийисте а кхаьчна, охьа а хиъна, хи чохь куьйгаш а ловзош Iачу хенахь, мичара бовлу ца хууш, говрашкахь цхьа нах схьалилхира. Ас хьоьга хьалха ма-аллара, хаза йолу дела и йадо тебаш хилла хир бара уьш. Хьалхара дIауьду Зарган,

ас хьоькху мохь ирча сурт дара. Цу хенахь мичара вогIу ца хууш, карахь шаьлтанаш а йолуш, пхийттара ваьлла хир волуш, жимо цхьа ши кIант схьаиккхира, луларчу кха тIера хиллера ишиъ. Цу нахах, шаьлтанаш тухуш, летира ишиъ. Цхьаъ говрара чувуьйжира, цхьана кIентан шаьлта кхетта, тIаккха вукху шен накъостана гIо дан тIеведира важа. Халла шен говра а хиъна, цу шаьлта кхеттачо, суна ца бевзачу маттахь цхьаъ элира, цара говраш дIахаьхкира. Бахана меттиг а боцуш, байра и нах. Кхано со меттайеача, дехьо йоьлхуш Iара Зарган, тIехIоьттина, цуьнан сатедан гIерташ, важа ши кIант а вара. Сан дейишас, хьала а хьожуш, цаьршинга хаьттира:

– Цара буьйцург хIун мотт бара-те, уьш нохчий болчух тера-м дацара? – аьлла.

– Уьш гуьржий болчух тера ду. Суна хезна, цара нохчийн йоIарий ида а беш, кхечу къаьмнашна дIабухку бохуш. Ша лела мегар дац, дуьло, оха шу даха дезачу дIадуьгур ду, – аьлла, тхойшиъ цаьршиммо схьайалийра. Хилларг хиъча, и ши кIант, тхан девежарий а цу нахана тIаьхьа бахара, амма, церан лараш ца карийна, йухабаьхкира. ТIаккха жимма соцунгIа а хилла, йоккхачу стага элира:

– Мохьмад, ахь диначу хаттарна жоп луш хилча, Iадато ца магадо-кх, пхийттара ваьлла боьрша стаг тIехволуш, зудчунна Iиъна Iар – цхьаъ и ду, шолгIа, цу дийнахь, Мохьмад, и ши къонах тIе ца кхаьчнехь, тхан дейишех хIун хилла хир дара ца хаьа суна. Тхан наха, цу дийнахь дуьйна хIинца а и гергарло ду и ши кIант волчу нахаца схьадахьаш. Бакъо йуй сан, Мохьмад, нохчийн кIант тIехволуш, хиъна Iан? – аьлла, соьга схьа а хьаьжна, сецира йоккхастаг.

– Умисат, со хIинца кхийти хьох, Дала сий дойла хьан. Дала маршалла дойла хьуна! – аьлла, цу йоккхачу стеган дийцаро ойлане вахийтина, и дерриг дагна даз а делла, сайн чу схьа а веана, дикка ойлане ваьлла, хиъна Iийра со. Цул тIаьхьа, кхин а чIогIа чIагIделла, сан даг чу дижира «гIиллакх» боху дош а, цуьнан лерам а.

## ХАЛА НЕКЪАШ

Даим деза а, лераме а хилла нохчийн Іадаташ. Цхьадерш дагна лан хала хилла, делахь, уьш лара дезаш, лело дезаш а хилла, хІунда аьлча цара дийна латтийна вайн къам. Иштта и вайн цІена, гІиллакхе, деза Іадаташ таханлерчу дийне схьадаьхкина. Вайн къам цІена, вовшен ларам болуш а хиларна, уьш даха дисна вайца.

Иштачех цхьаъ дара Салманна тІенисделларг а. Жимчохь дуйна лулахь дехара Салман а, Марина а. Хийла шаьш бераш долуш, цхьаьна ловзучу хенахь, цунна ца моьттинера Маринех шен безам хьаьрчар бу. Салмана чІогІа лорура йоІ. Цунна хазахетара цуьнан стомма, йеха кІажар, сийна бІаьргаш, цуьнан лелар, оьзда хилар. Школе даим цхьаьна доьдура ишиъ. Школехь, арахь цхьаьнгге йоІе вон дош а ца олуьйтура кІанта. Цо Марина ларйар шен лулахо хилар, и йоІ хилар, ша нохчийн кІант хилар а дара, ткъа воккха хилавоьлча, и бераллийн уьйр цуьнан безаме йирзира.

Цхьана дийнахь Салмана шен нене элира:

– Нана, эхь-бехк а дайина, со хьоьга цхьаъ ала воллу, ладугІур дарий ахь?

– Вай, дера дугІур ду, хІун ду и сан кІант, хІумма-м ца хилла, дийцал!? – аьлла, дехьо маьнги тІе охьахиира нана.

– ХІумма а ца хилла, со Марина йало воллу-кх, – аьлла, дах а ца деш, элира кІанта. Салманна хаьара, ша и къамел хьийзовоьлча, шена и нене ала хала хир дуй, цундела и вах ца велира шен къамелехь. Йоьхна, дош ца олуш, кІанте хьажжинчохь йисира нана.

– Нана, хьо йист ма ца хуьлу?

– Салман, и вайн къомах ма йац, сан Маринина ала хІума-м дац, и вайна хьалха хьалакхиъна йу, делахь и ... – аьлла, сецира Асет. Салман кхийтира нанас ца олуш сацийначу дашах. ТІаккха элира:

– Нана! ХІун ду иза вайн къомах цахиларх. Цкъа-делахь, вайна санна, вайн мотт хаьа цунна, дерриг вайн гІил-

лакхехь, Іадаташкахь лелаш йу иза, цхьана а меттехь шена тІе пІелг хьажо меттиг битина йоІ йац иза. Бакъду, кхин цхьа хІума а ду хьуна: цунна хІара гІуллакх хууш а дац, цуьнга ас ши дош аьлла а, йа хьахийна а дац, делахь а суна сайн са даллал йеза и.

– Вай, цуьнга хьахийна хІума а доцуш, деш ву хьо и къамел соьга?

– Дера иштта-м ду иза!

Жимма ойла а йина, тІаккха нанас элира:

– Салман, и йоІ сайна йевзаш а йацахьара, и мила йу хууш а дацахьара, со тІетовр йацара хьан къамелана. Цуьнан леларехь, цунна деза моьтту суна вайн гІиллакхаш, Іадаташ а. Со тешна йу, цуо вайн дин тІелоцург хиларх а. Цкъа ас хьан дега хьахор ду и, нагахь и реза велахь, вай и захало дийр ду, цкъа вай вовшах дагадовллалц, Марине хІумма а ма хьахаде.

– Мегар ду, нана, со ладоьгІна хир ву!

Нана да волчу йахара. Салманан коьртехь йаккхийн ойланаш хьийзара.

Цо луьстура шен Мариница хиндолу дахар, хиндерг, нехан къамелаш.Уьш цо дерриг а дІатоьттура, цунна шен Мариница долу дахар гора.

Де а дІаделира, ненан жоп доцуш. Суьйранна, балхара цІа веара Салман. Йела а къежаш, чуйеара нана.

– Нана, хьо суна дика кхаъ бахьаш йеъна, моьтту суна, алахь, хІун деъна ахь?

– Салман, ас дика кхаъ беъна хьуна! Марине вист а хилий, цуо хІун олу хьажа. Хьан да тахана воккхачу ваше вистхиллера, жимма и орсийн къомах хиларна дуьхьалонаш йеш вара и, делахь а, вайна санна, шена а и йовзарна, и резахилла. Вайн Іадатехь дерзодезар дуй дІахаийта а, элира цо, вайн дин цо тІелацахь, цу захалонна ша реза ву а, бохура цо.

– Нана, и резахир йуй хаьа суна вайн Іадатехь и дерзо, коьрта дерг, цуьнан дог-ойла хаар ду. Кхана со вист хир ву цуьнга.

– Мегар ду, чуволе хьайна йуург йаа, кийчча йу хьуна.

– Нана, товш ца хета суна дада волчу хьийза, со башха меца а вац.

– Мегар ду, хьайна луург де, со чуйоьду, – аьлла, йела а къежна, нана ша йолчу йахара. Салман кхийтира ненан йелакъажарх.

Захало хьахийра Салманан наха Маринин дега, амма цуо и аьттехьа а ца дитира. Шаьш оьрсий ду, Iадаташ кхин ду. Шуна ала хIума дац, хенан йохалло кхиниг гойтур ду аьлла, сихха цIеношш а доьхкина, йелхош Марина а эцна, уьш, гена кхелхина, дIабахара. Iедал чIогIа дара, йоI сацо гIертарх, и ца йахаийта гIертарх йа Салман, йа цуьнан нах а, ницкъ ца тоьъна, бисира. Цул тIаьхьа дIайелира дикка хан. Салмана дог ца дуьллура йоIах. Зуда а ца йалош висира иза.

Цамогуш а хилла, гIаларчу лазартне кхечира Салман. Нохчийчохь дIабоьдуш тIом бара. Россин эскар гIала чудеъна цхьа бутт бара. Лазартнера дIавуьгучу хьолехь а ца хилла, да-нана сих-сиха тIехIотта а догIуш, лазартнехь вара Салман, цуьнца жимма нах, лоьраш а бара. Шаьш хIун дудац хьовса дохку, аьлла, чубаьхкинчу Россий тIемалоша, цхьа ца вуьтуш, лоьраш, дархой, берриг ара а баьхна, ца эшарна йитина нехаш йу хIорш, оьшуш хиллехьара шайн наха шайца дIабигна хир бара аьлла, тоьпаш тоха пенаца дIахIиттийра. Халла, ца латталуш, пенах а гIоьртина лаьтта Салман, шен дагахь тIаьххьара дуьнене бIаьрг тоха ша аьлла, дIасахьежа вуьйлира. Цу хенахь, тIехь тIемалойн духар а долуш, цхьа зуда йан а йеъна: «Суна а тоха кхаьрца тоьпаш, боьха хIуманаш, аш хIун леладо, жIалеш? Шу хIара де аьлла, дахкийтина ду? Шу машар бе, Iедална дуьхьала берш, талораш лелориш а дIабаха, аьлла, дахкийтина дац», – бохуш, цу тIемалошка бага лейан хIоьттира.

– Марина, дIайала цигара, хIара хьан гIуллакх долуш хIума дац, йало хьайн дархой тобеш Iийчхьана хьо йолуш йу, – бохуш, гIовгIа йеш церан баьчча а волуш: «Марина»,

– олуш, меллаша, цамгаро ницкъ бина, кхин латта дегIехь гIора а ца хилла, лаьтта охьавахара Салман. Шен цIе йоккхуш а хетта, дIахьаьжначу Маринина дуьххьара ца вевзира Салман, амма озаца-м вевзира цунна иза.

– Салман, сан диканиг, хьох хIун хилла? Хьо лазийна ву йа цомгуш ву? – бохуш, лаьтта охьа а хиъна: «Салман, меттаволахьа», – бохуш, йоьлхура йоI. Ткъа Салман кхетамехь вацара. Цунна ца хезара Маринас шега бетта мохь, йа оьрсийн тIемалоша: «Охьатаса и жIаьла, сехьайала!», – бохуш, бетта мохь а. Марина кхин къар а ца йелла, лоьраш а, важа нах а цара мукъа битира, дархой лоьраша чубигира. Маринас, шен тIормиг чуьра схьаэцна, цхьа маха туьйхира Салманна. Жимма Iийча, ши бIаьрг схьабиллира цо.

– Марина, ма дукха сагатдира ас хьуна, гур долуш хилла-кх вай.

– Салман, хьуна хIун хилла?

– Со жимма шелвеллера ларми чохь Iийна, со-м талур вара, хьо муха нисйелла кхуза?

– Со лор йу, кхин хабарш ма дийца, хьо мегар вац, ас Моздоке дIавуьгур ву хьо, цигахь талур ву.

– ХIан-хIа, Марина, кхузахь да-нана ду сан, цара сагатдийр ду, кху боьницехь Iийр ву со.

– Ваха а, Асет а кхузахь ду? Ма чIогIа ган лаьара суна уьш.

– Хьо кхузахь хилча, хьо тхо долчу хIунда ца йогIура?

– Дера, Саламан, йан ца лууш-м ца Iийра со, ца йаьхьара. МаьI-маьIера тIе герзаш туху тхуна нохчийн тIемалоша, цундела ца йаьхьара со.

– Марина, ма дукха сатийсира ас хьо гаре, хьо-м гур йолуш хилла, – аьлла, йуха а кхетамах велира Салман.

Дуккха а лазартнехь Iийра Салман. ХIора дийнахь бохург санна, Салман волчу йогIура Марина.

Иштта, цхьана дийнахь, хIоразза а санна, Салман волчу кхача сихйелла йогIучу Маринина, йохийначу гIишлош тIехьара сехьа а бевлла, тIебаьхкира нохчийн тIемалой. Ца

йуьйхира йоI. ЦIенчу нохчийн маттахь: «Шуна хIун оьшу соьгара?», – хаьттира йоIа. Вовшашка а хьаьвсина, цеце бисира вуьйш.

– Со дIайаха мегий, шу иштта латтахь, оьрсийн тIемалой тIенислахь, шу хIаллакдийр ду, ас хIун до? – элира, йоIа, йела а къежаш.

– Хьо нохчи йу, хьо оьрсийн йоIах тера ма йу, ахь тхан мотт ма цIена буьйцу?

– Йац, со оьрси йу, кху гIалахь йина а, кхиъна а йу со.

– ТIаккха тхо дайа йеана йу хьо, хьо тхан махкахо йоллушехь?

– Йац, со хIунда йу шу дайа йеъна? Со лор йу?!

– Оха дукха хан йу хьан тергам бо. Хьо цу лазартне стенна лелаш йу?

– Соьца хьалакхиъна, цхьана ишкол а йаьккхина, сан доттагI ву цу чохь чIогIа цомгуш, цунна оьшучунна йогIу со кхуза. Кхиболчарна а сайга дало гIо а до ас. Дарбанаш дац цу чохь болчу лоьрийн, ас дохьучу молханех дарбанаш лелош бу уьш дархошна.

– Хьо-м мать Тереза ма йу, ахь схьадийцарехь, – аьлла, бийлабелира вуьш.

– Дера, сайга далург дан-м гIерта со. Бакъду, тхайчарна дIахаахь мегар долуш хIума-м дац ас лелориг.

ЦIеххьана дIахьажайеллачу Маринина, дехьо схьабогIуш оьрсийн тIемалой гира, ткъа нохчийн тIеамлошна пена тIехьа хиларна уьш гуш бацара. Маринас, йоха а ца йухуш, шена уьш ца гича санна, сихха нохчашка элира:

– КIентий, и дIо богIуш тхан тIемалой бу, уьш дукха бу, цара шу хIаллакдийр ду, сихха къайладовлийша, – аьлла. Царна а гира оьрсий. Уьш цхьана доьхначу цIа чохь къайлабевлира. Марина дIайолайелира.

– Сацал! Хьо мила йу? – аьлла, буьйр дира вукхара.

– Со Ларичева Марина Васильевна йу, 105 полкера лор йу со.

– Кхузахь хIун деш йу хьо, хьо хьаьнга къамел деш йара? Кехаташ схьагайтал, – аьлла, чорда вистхилира церан баьчча.

– Со лор йу, цу лазартнехь долу хьал хаа йоьдуш йу со, цу ларми чохь бер доьлхуш санна а хетта, ладоьгIуш Iара со.

– ТIаккха, хIумма а хааделин хьуна?

– ХIан-хIа, моттаделла хилла суна, – элира йоIа. Цу хенахь, ларми чуьра ара а иккхина, цициг дIадедира. Цу цициго боккха тешам белира йоIана.

– И цициг хилла-кх суна хезнарг, – элира Маринас. ПаргIатбевлира вуьйш а. ТIаккха чорда элира церан баьччас:

– Хьан хIун бала бу цу акхарошца, бала бита уьш, хIорш йерриш а йайа йезаш хIуманаш йу?!

– ХIунда йу уьш акхарой, вай санна, адамаш ду уьш, цхьана беркат доцчу наха хIара тIом болабарх, мискачу нехан хIун бехк бу, бериг цхьатера бац, хIор къоман а бу диканаш, вонаш а.

– Кхин къамел ма делахь, йалол, комендатурехь къастор ду вай, хьо мила йу, – аьлла, цара Марина дIайигира.

Цул тIаьхьа дукха ларйира Салмана Марина. Салманна ца хиира, и дIайигначу оьрсийн тIемалоша шаьш цунах ца теша, и цхьаьнга къамелаш деш йара аьлла, церан баьччас кехат а хIоттийна, балхара дIа а йаьккхина, Моздоке дIахьажор, тешам бац бохуш, Iедало иза хьийзор а. ТIаккха, Нохчийчу йан некъ а боьхкуш, кхечу балха дIахьажор а.

Лазартнера араваьлча а, чIогIа цамогуш лаьттира Салман. Маринех хилларг ца хууш, чIогIа бIаьрзе вара иза. Цамгарна дарба лаха дас Воронеже вигира Салман. Нохчий хиларна, некъахь цхьацца Iедалера новкъарлонаш а хуьлуш, халла дIакхечира ишиъ.

Лазартнин сени чохь садаIа хала хиларна, пехашца цамгар йолу Салман, шен ден пхьаьрсах а тасавелла, цхьацца ког боккхуш, схьавогIура. Геннара гуш йара дуьхьалйогIуш ши-кхо лор. Цаарах цхьаъ, тIаьхь-тIаьхьа ког меллаша боккхуш, болар лахделла йогIура. Кхаьршинна тIекхочуш, меллаша пенаца охьайахара иза. Цуьнан ши накъост йоьхна хьаьвзира.

– Марина Васильевна, хьуна хIун хилла, ахь хIун до?, – бохуш, орца дохуш, гонах хьийзара важа шиъ. Шен накъосташа бохург тергал а ца деш, халла хезаш, Маринас цIенчу нохчийн маттахь элира:

– Ваха, Салман, шу дац хIорш, аш хIун до? – аьлла.

Салман йуххехь долчу, сени чуьрчу гIанта охахийра Вахас, ткъа ша тIеведда: «Марина, сан йоI, хьо дийна ма хилла, оха ма чIогIа сагатдира хьуна», – бохуш, и ца йелхийта гIерташ, цуьнан дог эца хIоьттира. Вахас бохучунна жоьпаш а луш, Маринин хих дуьзна бIаьргаш, Салмане хьуьйсура. Ткъа Салман, халла са а доьIуш, дех Марине хьежар нийса а ца хеташ, гIийла хиъна Iара.

– Марина, хьо кху чохь балхахь йу? – элира Вахас.

– Йу, ваша, со кху больницин терапевтически декъан коьрта лор йу, – аьлла, тIегулбеллачу шен накъосташка ша дика хилар а хаийтина, уьш дIаса а бахийтина, Маринас ша йолчу вигира Ваха а, Салман а. Цу лазартнехь вехха Iийра Салман. КIант жимма волалучу ваьлча, Ваха цIа веара. Цкъа шайн къамелехь Салманна хиира, Марина маре йахана цахилар, цуо шех дог диллина цахилар а. Дикка ойлане Iийначул тIаьхьа шаьшшинан къамелехь Маринас элира:

– Салман, со-м иштта йуьсуш а йиснера, ткъа хьо муха воллу? Зуда йалиний ахьа? Доьзал буй хьан?

Салман велакъежира.

– Ахь хIун до, Салман, хьо вела ма къежира?

– Иштта со а висна-кх, вуьсуш, – элира Салмана. Ший а деладелира ишиъ.

Оццул дахаро хало гайтинчу, вовшашна сахьийзош, синхьийзаме йаьккхинчу ханна, уьш вовшах хьегар, цара вовшашна гатдина са Дала цхьана дикане дуьллур ду аьлла, тешна Iан мегар дара. Амма вайна хаа-м ца хаьа, рицкъа наш муха доьрзу, уьш мичахь лела а.

*Авторан дош:*

*(Суна тIаьхьо хиира, Вахас, Воронеже а вахана, Марина цIайалор, нохчийн Iадатехь цара иза, доккха ловзар а деш, дIадерзийна хилар а).*

## ЙУХА СХЬАДЕАНА ИРС

Шен хазачу, жимачу дахаро хьоьстуш, цуьнах йоккхайина ца йолуш схьайогIура Разет. Шен а, Исламан а дахар цхьаьна, ирсе гора цунна. ХIор сарахь, шовданехь ишиъ лаьтташ гича, наха олура:

«Ма товш ду-кха шуьшиъ, ма цхьана а догIу-кха», – олий. ЧIогIа тара цаьршинна и къамел, амма ца хезаш санна, эхь хетий, вовшех йаххьаш лечкъайора цаьршимма. Разет чIогIа куьце а, хаза кхуьуш йара. Дукха нах бара иза йезаш, амма Разетана шен ирс Исламаца гора.

Иштта хазачу суьйренех, цхьана суьйранна, шаьш хитIахь лаьтташ, Ислама элира:

– Разет, хьоьга и муха хьахор ца хууш Iара со, делахь ахь дика ладоьгIча, ас сайн дагара эр дара хьоьга!

– Вай, Ислам, хIинцалц хьайн дог сох лечкъош Iара хьо, схьадийцал, со-м гIеххьа хьох шек а ма йели, – элира Разета, йела а луш.

– Дера, Разет, сан дог-м ма-хаара хьуна, тахана ас деъна гIуллакх вайшиннан дахарх ду.

– ХIун ду иза, Ислам, ахьа-м са а ма гатди сан?

– Гой хьуна, Разет, хьоьца бен сайн дахар ца го суна. Ас дукха ойланаш йина, хьоьга и муха эр дара ца хууш. Соьга йан резахир йарий-те хьо? Ма чIогIа лаьа-кх суна хьоьца сайн дахар доза.

Ойлане, лаьтта ши бIаьрг а боьгIна, лаьттара йоI. Цуьнан коьрте хьийзарг цунна шена бен хаа йиш йацара.

Жимма Iийча, Исламе схьа а ца хьожуш, бIаьргаш хьала а ца ойуш, цо элира:

– Ислам, ахь суна тIекхийдориг боккха некъ бу, дукха доккха жоьпаллин дукъ а ду, суна ойла йан лаьара-кх!

– Дика ду, Разет. Йуха вай цхьанакхетча, жоп лур ахь суна, – аьлла, йоIан Iодика а йина, Ислам дIавахара.

Цул тIаьхьа, хин йистехь шаьш цхьана кхетча, йоIа ша резахилар хаийтира. Исламан верасаша тIе нах а бахийтина, йоI йийхира, вуьш и йаийта реза а хилира.

ТIекхечира Разет Исламе йоьду де. Массара а декъалйора иза. ДIайига арайоккхуш, цIеххьана неIсагIехь вуо а хилла, корта а лаьцна, нене а кхойкхуш, голаш тIе охьалахйелира иза. Массо а воьхна хьаьвзира. ЙоIан мохь белира:

– Нана, суна хIумма а ца го-кха, хIара хIун ду-те, дерриг дуьне Iарж ма делла суна-м, буьйса йуьйли вайна? – аьлла.

Нахаца эхь-бехк лоьцуш, йоIана йуххехь йоцуш, пурхахь, дехьо кхечу зударшца лаьтта нана схьа тIейеара.

– Йоха ма йохалахь, сан йоI, хIумма а хир дац, меттайогIур йу! ЙоIана хилларг хIун ду хиъча, цкъачунна дIахьовсийра замой. Разет, бIаьрса дIа а даьлла, йисира.

Амма, Разет дIайига гIерташ, сих-сиза захалш схьаоьхура Разетан дена тIе. Цхьана дийнахь йуха а захалш баьхкира, Разет дIайига лууш. Захало дахьаш баьхкинчех воккхачо элира:

– Мовлади, тхо хIинца кхозлагIа даьхкина шуна тIе, тхуна и йоI мегаш хилча, и захало дахьара аш, и тхан кIант а ву, и йоI йоцург, ша кхин йоI йалор йац бохуш. Дала диначунна вайн дан хIума дац, Делан йоза ду леларг.

– Дера, шу кхозлагIа даьхкиний а ма хаьа, шуна цу тхан йоIах бала хир бу-кха, и хIумма а гуш йац-кха бохуш, и аш тIекхийдо захало йухадеттара ас. Аш иштта бохуш хилча, ас магадо и заахало дар. Вайн захало хилла-кха – элира Разетан дас.

Разет шаьш бина бартаца цара диллинчу дийнахь дIайигира.

Разет маре йахана дикка хан дIайелира. Шераш дIаоьхура, цуо дукха ойланаш йора шен а, шен доьзалан а.

Цхьана дийнахь цхьацца ойланашкахь Iачу Разета шен пхи шо долчу кIанте Ислам чукхайкхийтира.

– Зуда, хIун ду хилларг? Хьо соьга кхойкхуш йу ма-бохура кху кIанта?

– Стаг, вай цхьаьнакхетта йалх шо хан йу, вайшиннан шиъ доьзалхо а ву. Хьуна ма-хаъара, со бIаьрзе йу, хIара ши бер шаьшшиъ хьажалучу кепара дика хьожу соьга, суна лиъна рг кхочуш а до, делахь а со йац-кха цхьана а хIуманна пайденна, суна хьоьга йух-йуха баха товш а ца хета, хьайна цхьа зуда йалайехьа. Кху шина бере а хьожур йара иза, декъа тIехь дерг а дийр дара цо. Со бахьана долуш, сайна ца гахь а, ахь хьоьгург хаьа суна. Чохь, арахь накъост вац хьуна, йиша-ваша даим дIахIоьттина Iийна а ца долу. Хьуна лаахь, со сайн цIа а гIур йу, йа лаахь, хьуна сов а йацахь, кху шина бераца цхьана чохь Iер со. Вайна лаьтташ ву-кха хьо со бахьанехь, – жимма йелхар а оькхуш, элира Разета.

– Зуда, ма дийцахь ишттаниг. Ас, кхин зударий боцуш, йалийна ма йац хьо. Мага а мегаш, хьан цамгар а хууш, сайна хьо эшарна ас йалийна хьо, йа хIумма а дохко а ца ваьлла хьо йалорна, кхин и тайпа хIума ма дийцалахь соьга.

– Стаг, зударий-м шортта бара, делахь а суна схьагучу суьртах, ас сайн хьесапехь хIотточу суьртехь, вайн гIуллакх накъост оьшуш ду-кха – и-м хаьа суна.

– Зуда, цу ладоьгIучу шина берана а чам бойу ахь, царна лаьа моьтту хьуна, кху хIусаме шайна хийра зуда йогIийла? Хьо цомгуш хилча дIатосуш, гIоли а хилла, дIайолаелча, цхьогал санна, хьуна гонах хьаьвзаш, оццул со ледара хета хьуна, мичахь сох чекх са гина хьуна, цу хьайн къамелан муха хIоттадо ахь и айхьа дуьйцу сурт?

– Стаг, ас иштта ца бохий ма хаьа хьуна. Хьан куй дуьнен чохь мел бу, хьол со тIаьхьа йисахь, хьан цIарах бах-бахарш хилла, дисина къамелаш сайна мел хеза а, со хьан къонахаллех шек хир йоций ца хаьа хьуна? Со жимма а

хьан къонахаллех, стогаллех шек хилча, ас хьоьца цхьа де а доккхур ма дацара.

– Зуда, хьан бІаьргаш гуш бацахь а, со тешна ву, хьан бІаьрса схьадогІург хиларх, бІарса дайна даьлча бІаьргаш ккулу боху, ткъа хаьан бІаьргаш дукха сирла ду, кхоьлина дац. Йоха а ма йоха, йелха а ма йелха, вайн уггар хала мур тІехбаьлла, хІинца вайшиннан ши накъост ду. Хьажал, хьайн мара а хьаьрчина, ахьа дуьйцург ша мел жима йелахь а, дагахь а кхетта, бІаьргех хиш а оьхуш Іачу хьайн жимачу сине.

Шен йоІан беснеш тІе куьг а хьаькхна, Разета шена уьш тІеда карийча, элира:

– Марха, хьо йоьлхуш йу?

ЙоІа шен нене а хьаьжна, элира:

– Нана, хьо кхин цкъа а йоьлхур йаций?

– Хьуна мичара хаьа со йоьлху йа ца йоьлху а?

– Нана, хьуна цагарх, хьо йоьлхуш, со а, Майрбек а дехьо лаьтташ ма хуьлу. Со йилхича, Майрбека тІе куьг а хьоькхуш, ма йелха нанина хезар ду бохуш, сецош, хьоьсту со. Нана, хьо стенна йоьлху даима а?

– Дера, йоьлху, нанииг, сайн шу ган бІарса дацахь а, хастам беш и вай кхоьллинчу Далла шу а делла, хІара ирс Цо сайна даларна. Хала дера дара, тахана шу а доцуш, кху сайна кхоьлинчу дуьненца со суо йиснехьара.

ТІаккха йоІ хьостуш, элира:

– Марха, ас кхин делхор дац хьан бІаьргаш.

ЙоІ ненан дешнех там хилла, кхин а чІогІа марахьаьрчира нанна.

ТІаккха чохь долчу къамелашка ладоьгІуш Іачу кІанта элира:

– Дитал, суна и шайн зударийн ледара къамелаш. Марха, суна кхин хьайн бІаьргех болуш хинтІадам ма гайталахь.

Йиша, вешега а хьаьжна, ненан марахь йелакъежира, делакъежира да а, нана а. И шиъ кхийтира шаьшшинан кІантах шайна воккха накъост хирг хиларх, гІортор хирг хиларх а.

Иштта, цхьана дийнахь шен меттахь хиъна Іа Разет, цІеххьана мохь а хьаькхна, корта а лаьцна, маьнги тІера лаьтта, голаш тІе охьайахара, тохара ша нускал хилла арайоккхуш санна.

– Марха, схьайолахьа, суна ма вон хили! – аьлла, йоІ схьакхайкхира Разета.

– Нана, ахь хІун до, хьуна хІун хилла? – аьлла, йоьлхуш, ша гІо а деш, нана цо маьнги тІе охьахаийра.

– Марха, сан йоІ, – аьлла, йоІ мара а йоьллина, йилхира Разет.

– Нана, ахь хІун до, хьо стенна йоьлху? – аьлла, цуьнца йилхира Марха а. И белхар хезна, хиллачух ца кхетта, чуиккхира Ислам, цуьнца Майрбек а.

– Зуда, аьшшиммо хІун до, шуьшиъ стенна йоьлху?

– Стаг, хьо ма сирвелла, ма хийца а велла. Майрбек, нанниг, хьо ма хаза жимха ву. Дала жоп дели-кха сан дехарна, бІаьрса схьадеа-кха сан. Майрбек, схьаволахьа нанина тІе, – элира, Разета.

Массо а вовшашка хьуьйсура, цхьана ханна тийналла хІоьттира чохь. Шена деанчу ирсах йоккхайина ца йолура Разет. Цкъа йоІ хьостуш, тІаккха шен куьг а лаьцна, йуххехь хиъна Іа кІант хьоьстуш, чухула дІасахьожура Разет.

– Метта дуьйлийша, суна шу гуш ма ду. Марха, месаш ма хаза, хьаьрса йу хьан, бІаьргашка хьажийтахьа нана? Сийна, мел хаза а бу ши бІаьрг. Майрбек, иштта хаза хилла-кха шу. Стаг, вай вовшах кхеттачул тІаьхьа башха дукха хан ма ца йаьллера, со бахьана долуш дукха баланаш лайна-кх ахь, сирвелла, ма тишвелла хьо. Ма ницкъ хилла-кха хьуна. Суна къинтІеравалалахь айхьа со бахьанехь мел лайначунна! – аьлла, йилхира Разет.

– Зуда, дерриг а дика ду, дерриг а Делера а ду. Луш верг Иза ву, дІаоьцург Иза ву. Тахана Цо вай оццул сатийсина бІаьрса схьадели вайна, хІинца вайшиммо вешан бераш кхиор ду, АлхьамдулиллахІ а аьлла, Далла хастам а беш, хІара дика болх Цо ваьшна баларна, тап-таза вайшинна хІара ши бер даларна а.

Доза дацара цаьрга деанчу диканан. ЙоI, йоьлхуш, ненах хьерчара, Майрбек, ненан куьйга тIе куьг а хьоькхуш, нанна тIера бIаьрг дIа ца боккхуш, йуххехь хиъна Iара. Шен йиша санна, ненах хьарча сатуьйсура цо, амма дех товш ца хетара цунна. Ислам дехьо лаьттара, цо Далла хастам бора, шайн доIанашна Цо жоп даларна. Разет шен дола а йаьлла, хIусамнана а хилла, кхуьнан керта йеачхьана, цхьа цуьрриг ша дохко ваьлла меттиг, йа ойла хийцайелла меттиг а ца хаайеллера цунна шегахь. Цундела тахана и воккхавера шен шина беран самукъадаьлла, йекхайеллачу йаххьех, цаьршинан ирсах а. БIаьрг лаьцна хиллехь, йа хьаьрчина цхьа цамгар хиллехь а, хIинцалц бала хьегнехь а, тахана шен хIусамненан бIаьрса схьа а деана, и дика шайн керта дарна Далла хастам а беш, дагахь кху йуха схьадеанчу ирсах, шен доьзалх воккхавеш, цу ойланашца аравелира Ислам.

## ГЕЧДАР

Ваха вахвеллачу стагана дахаро ца гойтуш хIумма а ца дуьсу. Цхьаъ велаво, важа велхаво. Амма хIоранна Дала дуьненахь йаккха йелла хан а йу, рицкъ а ду. Иштта, Хьаьлиман хIусаме беънарг а бара, лан хала а болуш, боккха, дуьненан сингаттамах цхьа сингаттам. Балхара цIа вогIу, доьзалехь цхьаъ бен а воцу Хьасан, хIусамнана а, кIант а дуьсуш, машен а хаьрцина, веллера. Шен кIант велла дукха хан а йалале, цхьа бахьана а доцуш, нус дIайахийта гIерташ, Маржана ца лелош хIума дацара. Цхьана дийнахь, шен нус чу а кхайкхина, шена мел нус ца йезахь а, кIеда-мерза Маржана элира: «Зарема, хьо хIинца а жима йу, хьан дахар деха ду, Дала мукъалахь, хьуна диканиг бен а нислур бу, хьо дIайаха йеза», – аьлла. Марнана шеца

мел вон йелахь а, шега цуо дIагIо эр ду моьттуш йацара Зарема.

– Нана, со хIунда йоьду дIа, сан кIант вац? – аьлла, цецйелира Зарема.

– КIант ас кхобур ву, цунна ахь са ма гатде, хьайн цIа а гIой, маре а гIой, хьайн дахар нисде, хьо хIинца а жима йу, – элира марнанас.

– Вай, нана, сан хIун цаторийла йу маре йаха, со сайн кIантаца йита ца мега?

– Ца мега, хьайн цIа гIо. Йало, хьайн хIуманаш схьагулйе, ма Iе!

– Со-м гIур цхьанхьа, со стенна йоьду дIа? Сайн кIантаца Iан бакъо йолуш йац со? – элира несо.

– Со йу хьан бакъо а, харцо а. Ас аьлларг дичхьана хьо йолу, – аьлла, вон тIечевхира марнана.

Цу хенахь чувелира цхьанхьара цIа вогIу Хьаьлим. Шен цIийнда чуваьлча, хабар хийцаделира Маржанан.

– Стаг, хьо цIа веара? Меца вуй хьо? – аьлла, шайн къамел цунна хезний а хиъна, и дIахьовзо гIоьртира Маржан.

– Зуда, ахь хIун дийр дай, цу йоIе кхин ахь дIагIо аьлла, багах даькхина меттиг суна хаалахь, хьо гIур йу хьуна хьайн цIа, хьо кхеттий? – аьлла, човхийра Хьаьлима Маржан.

– Кхетта, аса-м хIара жима а хиларна, кхунах къахеташ бохура. Нах а ма ца Iа, цхьацца дуьйцуш бен.

– ХIун дуьйцу цара?

– Галдаьлла хIумма а ца дуьйцу цара-м, делахь а хIара жима йу, кхоам бу, дIа а йахана, шена цхьа бен лаха безара бохуш, дуьйцу-кх.

– Валла ца дуьйцу наха-м, ахьа а, хьо санна йолчу, цу хьан хьешо КIажара а дуьйцу-кх. Шуьшиъ йу-кха кху республикехь мел долу эладита айина лелаш. Суна и йоI хье ма йелахь, цунна луъург дийр ду вай. Цуьнан кIант ву, и кIант вайн ву. Шена лаахь, шен кIантаца кху декъа тIехь Iан бакъо йолуш йу иза. Хьо хIун дан йоллура ишиъ вов-

шах а даькkхина, уьш вовшех хьегийна, кхин тIе а хьайна къа латийна? Ткъа цул доккха къа хила йиш йац бохуш, ма дуьйцу Iеламнаха. Бусулба йац хьо, ламаз-марха дац хьан? Наний, беррий вовшах а даькkхина, хьо Деле хIун деха йоллу, хьайна къинхетам беха йуьхь хир йуй хьан Цуьнга? Кхин и къамел суна ма хазийталахь! – аьлла, садаIа чувахара Хьаьлим.

Жимма хан йаьлча, цаМогуш хилира Хьаьлим. Вешин кIанта Москва вигира иза, меттигарчу лоьраша шайн дан хIума дац кхуьнан цамгарна аьлча. Цигара, кхелхина, цIа а валийра. Хьаьлим дIаваьлла жимма хан а йалийтина, шен Iиттарш йан йолайелира Маржан. Цхьана дийнахь, кхайкхина чу а йалийна, хьайн хIуманаш а гулйай, дIагIо, элира Маржана Зареме.

– Нана, йуха а долий-кха ахь и къамел, со мича йоьду, ахь хIун де боху соьга, йитахь со сайн кIантаца, – аьлла, йилхира Зарема.

– Хьо йелхарх сан дог кIадлур дац хьуна, чехка, хьайн хIуманаш а эций, арайала, – элира марнанас. Йоьлхуш, дехьачу а йахана, шена а, кIантана а цкъачунна кIеззиг хIуманаш схьа а эцна, кIант а карахь сехьа чу йелира Зарема.

– КIант охьа а виллий, хьайн шад а эций, кех йала, – элира Маржана.

– Нана, сох хIун даьлла-те кIантах а йоккхуш, оццул къиза ахь со кех йаккха? Ма даккхахь тхойшиъ вовшех, хьо хIун дан йоллу и къа хьайх латийна? – аьлла, йилхира Зарема, шен марахьерча кIант кхин мара а къовлуш.

– Цхьа къа дац, хIумма а дац, йахийта, – аьлла, Заремин карара воьлхуш, нанна тIекхийда кIанта схьа а воккхуш, дIайахийтира Маржана Зарема.

Лула-кула оьхуш, гергарчаьрга олуьйтуш, кIант гайтахьара, бохуш, амма Маржана кIант ца гойтуш лийлира Зарема.

Дукха хан дIайелира цул тIаьхьа. Воккхахила воьлча гуттар а нанна сагатдан вуьйлира кIант. Шен кIант бахьа-

на долуш, оццул шена захалонаш тIекхийдорах, маре а ца йоьдуш, цIахь Iийра Зарема. Новкъахь вогIуш гича, йистхила Зарема тIейолайелча, дIа а хьаьвзий, дIавоьдура кIант, ткъа Зарема йоьлхуш цIа йогIура.

Цхьана дийнахь Зарема йолчу веара кIант. Дерриг дуьне шен долуш санна, йоккхайеш, дерриг даарш кIантана хьалха дохкуш, хьийзара нана. Амма цхьана а хIуманах бат ца туьйхира кIанта. Цуьнан даг чохь боккха бала бара. Цуьнан даго ша-шега хоьттура: со дIа а тесна, цIа хIунда йена-те хIара, со оьшуш ца хилла-те кхунна бохуш? Жимма Iийча, кIанта хаьттира нене?

– Нана, со хьоьга хатта лууш, бегIийла а ца хеташ, Iаш ву цхьа хIума!

– Хаттахьа, Рамзан, хIун хатта лаьара хьуна?

– Нана, оццул со жима а волуш, ши шо бен а доцуш волу со, охьа а виллина, цIа йар хIун дара хьан?

– Э, Рамзан, нанна мел хьоме ду хаьий хьуна шен бер? Дукха бIаьргех хиш хьедда суна хьо бахьана долуш. Хийла буса наб ца йеш, хьоьга а кхойкхуш, йилхина со. Цкъа хьо мара а воьллина, хьан коьртах куьг а хьокхуш, дIайижа мел хьегна хаьий хьуна со? Ас хийла мел цIе йаьккхина хаьий хьуна хьайн? И хилла-кх, Рамзан, некъахь со тIекхаьчча, хьан сох къехкар.

– Ткъа хунда йеара хьо цIа?

– Хьо охьа а виллина, со цIа ца йеъна хьуна, ас йолуш ца витина хьо, сайна тIаьхьа а воьлхуш. Суна цкъа а дагара ца долу, соьга куьйгаш а кхийдош, со арайолуш, хьо сайна тIаьхьа велхар. Цхьана а нанна тIе ма догIийла и саннарг.

– ТIаккха, ма доккха бахьана хила деза-кх иштта хьо цIа йан?

– Хьайн ден нене хаттахьа цуьнан бахьана, цо дуьйцур ду хьуна, сан хьуна дала жоп дац.

Дерриг шена хуъушехь, кIантана хIумма а ца дийцира Заремас. Тахана а, оццул ша холчохь йолушшехь, марнанас, кIантах ша оццул хьегийнашшехь, марненаца долчу

гIиллакхах ца йуьйхира иза. Дикка ойлане вахана, хиъна Iийра кIант. ТIаккха, меллаша хьала а гIаьттина, аравелира иза. Ткъа кIантана тIаьхьахьоьжуш, йелха йисира нана.

Корах ара а хьоьжуш, цхьацца ойланаш а йеш Iара Маржан. Цунна гира сихачу боларца вогIу шен кIентан кIант. Чукхаьчча, цо хаьттира:

– Рамзан, хIумма-м ца хилла, хьо ма сихвелла вогIу? – аьлла.

Жимма жоп ца луш Iийра Рамзан. ТIаккха хаьттира:

– Баба, со сайн нана йолчу вахнера, цуо суна ца дийци ша дIайахаран бахьана. Цуо хьоьга хатта бохура. Дийцахь суна, баба, ма доккха бахьана хила деза цуьнан, хIун дара и сан нана дIайахар? Хьоьга хIумма а ца олуш, со мел хьегна хаьий хьуна цу сайн ненах? Нехан бераш шайн нанойн куьйгаш а лаьцна догIуш гича, со къайлах мел вилхина хаьий хьуна? Къайла а вуьйлуш, со мел кхайкхина хаьий хьуна цу сайн нене? Хийла уьш бехачу ураме а воьдий, йогIуш-йоьдуш и сайн нана гур йацар-те бохуш, лелла со, ткъа и гича, со вуй а ца хоуьйтуш, хийла лечкъаш, цунна тIаьхьа лелла со, ткъа и гар ца хилча, воьлхуш цIа а вогIий, ахь хIун хилла аьлча, хьуна жоп а ца луш, дехьа чу а воьдий, воьлхуш Iара со. Сан дог оццул жима воллушехь, цу сайн ненах хьегаро лаза даьккхина. Дийцахь, баба, хIун бахьана дара и дIайахар?

Рамзана, нана йолчу ваханера аьлчахьана, кийра цIе йаьлла, Маржан, шен кIентан кIантах эхь хетта, йоьлхуш, Iункар а йахана Iара.

– Баба, ахь суна жоп ма ца ло, ас хаттар ма дира хьоьга?

– Рамзан, сан хьуна дала жоп дац, нагахь хьо а, и хьан нана а къинтIера ца далахь, суна йижа каш дац. Суна къинтIеравалахьара хьо. Цхьа бахьана а дацара, хьан ненан бехк болуш хIумма а дац хьуна, берриг сан бехк бу хьуна. Хьан ненал оьзда а йолуш, гIиллакхе а йолуш, йоI хир йацара. Цхьа, малик санна, адам и долу дела, со и санна, сайн цIийндеца, марзахошца ца хилла дела, ца йезайеллера суна

иза. Ас цундела, воьлхуш, хьо карара а воккхуш, кхин цхьа бахьана а доцуш, йелха а йеш, кех йаькккхира и хьан нана. Наха а ца йуьтура со: дIайахийта, хIинца а и жима йу, шена бен лахийта цуьнга, бохуш. Рамзан, со дийна йолччуьра, йуьртарчу имаме вист а хилий, нах эций, ваха а гIой, цIа йалайехьа и сан нус. Ма дукха хан йу-кха со дохкойаьлла, йуьхьаржахIоттарна и цIа муха йалор йара ца хууш лела. ЦIа йалайехьа, Рамзан, и хьайн нана бохуш, йоьлхура Маржан. Меллаша тIе а вахана, шен денене элира Рамзана:

– Баба, со къинтIера муха ца волу хьуна? И Дела волийла хьуна со санна къинтIера. Хьеггарг-м дицлора, баба. Со хIинца хьан пурбанца имам волчу воьду, – аьлла, Рамзан имам волчу вахара. Коре а хIоьттина, шен кIентан кIантана тIаьхьа а хьаьжна, Маржана элира: «Дала ирсе дахар лойла шуьшинна, кхин Дала вовшах хьега ма дойла шуьшиъ. Суна къинтIерадалалаш», – аьлла, меллаша кораца, дог а малделла, охьайахара Маржан.

Имам волчуьра цIа кхаьчча, кхетамехь а йоцуш, лаьттахь Iуьллуш шен ден нана карийча, маьхьарца тIехьадира Рамзан. Чохь садолуш йуй хиъча, и кхайкха вуьйлира цуьнга, амма цуьнан бIаьргех охьадаьхкина хиш гича, кхин а холчувелира кIант. «Баба, со къинтIера ма ваьлла хьуна. Ас долчунна геч ма дина хьуна», – бохуш, воьлхуш, бIарзвелла хьийзаш Рамзан а волуш, ши бIаьрг схьабиллира Маржана.

Цул тIаьхьа дукха хан йалале имаман а, дикачу нехан а дуьхьа цIа йаийтира Зарема церан наха.

Зарема цIа йалош богIу нах уьйтIа кхаьчча, ши бIаьрг а ца ойуш, йоьлхуш, корта Iункар а бахийтина, меллашчу боларца, шен несана дуьхьалйахара Маржан. Зарема мара а йоьллина, дуккха а йилхира иза, гонах лаьтта зударий а, бIаьргех шайн йовлакхийн тIемаш хьоькхуш, лаьттара. Ткъа божарех цхьаммо, нахана хезаш, ша-шега элира:

«ХIара санна долу де гархьама а ваха мегар дара-кха кху дуьненахь», – аьлла.

Дуьне мел лаьтта даим а лелаш хилла шалха мотт. Цу матто вониг до, доьзална йукъара барт а бохабо, йукъа питана а тосий, нахана йукъахь даккхийн зенаш, зуламаш а до. ХIетте а, и мотт лелош, шайна тIе къинош летош, нахала а буьйлуш цхьа нах хуьлу. Тахана а, оццул хаза, бертахь болчу доьзална йукъахь мотт а лебина, царна йукъа питана а тесна, чам байира ламанца, хаза кхуьучу йартех цхьана йуьртарчу Салманан доьзалехь.

Чохь цхьацца гIуллакхаш деш Малика а йолуш, оьгIазе чуиккхира Салман.

– Хезий хьуна, дитал цкъа и хьайн гIуллакхаш, – аьлла, шен хIусамнана човха а йеш, чехка чохь дIасалела хIоьттира иза.

– ХIун боху ахь, стаг, хьо ма оьгIазе ву, хIумма-м ца хилла?– аьлла, шен цIийнда оьгIазе гина, и жимма ваставалийта дагахь, забар а йеш, дехьа чуьра сехьайелира Малика.

– Стенна къежа хьо, хьуна хуур ду-кх, суна хIун хилла, – аьлла, вон човхийра цо Малика.

– Суна мичара хаьа хьуна хIун хилла, хьо чохь ма вацара, хIинцца чувогIуш вац хьо? – аьлла, шен гIуллакхаш совца а дина, ладоьгIна сецира Малика.

– Хьо тахана стенгахь йара? – аьлла, йуха а тIе мохь хьаькхира Салмана.

– Вай, стаг, со мичахь хир йара, сайн цIахь йара-кха?!

– Гуш лаьтташшехь харц луьйш йу-кх хьо. Хьо туьканахь йацара?

– А, дера, туькана чу-м йирзира со, цIера йогIуш, Хедина мачаш эца. ХIун хилла, туькана йаха а ца мега со?

– Туькана йаха мега, ца мега хьайн тIехьийзаш хиллачу кIенташца латта-м.

Малика йахьийра цIиндас аьллачо. И даим кхийринера шена олучух, наха тIе пIелг хьажорах а.

– Хьоьга хьан аьлла, со тIехьийзаш хиллачу кIенташца лаьттина?

– И хьан гIуллакх дац, и хьаъа аьлча. Бакъ дуй иза?

– Муха сан гIуллакх дац? Ахьа-м со онддачу хIуманна бехке йеш йай, ахь схьадийцарехь, сох тешам бац-кха хьан. Со хьуна, хьан нахана, сайн нахана а тIе эхь доуьйтуш йу-кха. И бохий ахь? – аьлла, оьгIазе йистхилира Малика. Шен цIийндас бохучунна тIера цкъа а ког баькхина йацара Малика, цунна дуьхьал йистхилар хьехо а ца оьшура, амма тахана Малика шен дешан доладеш йацара. Цунна тIехь кхуллург вон цIе йара.

– И хIуманаш ас могуьйтур долуш хIуманаш дац хьуна, – аьлла, тIара тоьхна, Салмана Малика лаьтта йожийра. Дехьара чохь шен ден а, ненан а дов хезаш йоьлхуш Iаш йолу Хеда, йедда сехьа а иккхина, йоьлхуш, лаьттахь Iуьллучу нанна тIейуьйжира, шен дегIаца цуьнан дегI дIа а къовлуш.

– Дада, нанина кхин ма тохахьа, – аьлла, шен дега дийхира Хедас.

Йоьлхуш, хих буьзна, шега дехар деш йоьIан бIаьргаш гича, Салман йухавелира, жимма соцунгIа а хилла, сихха ара а ваьлла, цхьанхьа вахара.

– Нана, хьо лазирий, мича туьйхира хьуна дадас? Хьан бесне цIий ма йелла, беснех туьйхира цо хьуна? – аьлла, ненан бесни тIе барт а боккхуш, йоьлхуш, шен ненан мара хьаьрчира йоI. ТIаккха, йоI мара а йоьллина, йилхира Малика а. Иза ца кхетара шен цIийндас диначух, цо ша стенна бехке йо а, амма цунна хаара, цхьаммо шена тIехь вон цIе кхоьллиний.

– Йало, Хеда, вайша дIайоьду нанин дада волчу, – аьлла, йоIан, шен а цхьацца йолу хIума схьа а эцна, марнана йолчу йахара Малика.

ГIовгIанаш хезна, сагатделла арайаьлла, учахь лаьттара Маликин марнана. Ша йолчура ара а йаьлла, схьайогIу Малика а гина, цо хаьттира:

– Малика, шу хIун гIовгIанаш йеш дара, сиха кех волуш Салман а ма гира суна, шуна хIун хилла?

Малика йистхилале Хедас элира:

– Баба, дадас, нанина тІара а тоьхна, иза охьайожийнера. Нана а, со а чІогІа йилхира.

– Малика, и хІун ду цу йоІа дуьйцург, и бакъ дуй?

– Хеда, баккхийчара цхьаъ дуьйцуш, йукъалелха мегар дац хьуна, хьалха лелха-м маггане а мегар дац! Хьо кхийтирий?

Хедас, ша кхеттий хоьуьйтуш, корта тІаІийра. ТІаккха марнене элира:

– ХІумма дац, нана, уьш-м тарлур долуш хІуманаш дара, доьзалехь хуьлуш хІуманаш дара уьш-м, – аьлла, оццул, шен цІийндас дог Іовжийнехь а, гІиллакхах ца йоьхнера Малика. ТІаккха цо элира:

– Нана, ахь пурба делча, со цІа гІур йара-кха!

– Малика, хьо тахана ма йеъна, цІахь буьйса а йаькхина.

– Нана, цкъа тховса цІа йахийтахь со, цхьа йоцу цІе кхоьллина цу хьан кІанта суна тІехь, цкъа цунах цхьалхо йаллалц, цІа гІур йара со.

– Дера, гІур йац, хилларг суна дийца а ца дуьйцуш-м. ХІун ду хилларг, Малика цІахь хІунда сецна аьлла, сайга жоп дехча, ас хІун ала деза? Дийцал, хІун ду хилларг?

Малика ойлане, йист ца хуьлуш лаьттара. Шена тІехь кхоьллина цІе бакъ йацахь а, цунна бегІийла ца хетара марнене тІехьийзаш хиллачу кІантаца лаьттина алар.

– Малика, хьо йист ма ца хуьлу, со ладоьгІна ма йу?

– Дика ду, нана, – аьлла, Маликас девнна бахьана дийцира. – Со тахана цІера йогІуш, туькана йирзинера, Хедина мачаш эца. Со цигахь, (хьан эхь бехк Дала лоьрийла) тІехьийзаш хиллачу кІантаца лаьттина бохуш, чу а иккхина, Мохь хьекха воьллера хьан кІант, тІаьххьара тоха а туьйхи цо суна, хІара йоІ йукъа ца иккхинехь, кхин а йетта магара цо. Нана, ас Делах дуй ма буу хьуна, и бакъ ма дац, цхьаммо бина мотт ма бу иза. Кху йуьртахь цхьаьна даьхна ду вай, шуна тхо а девза, тхуна шу а девза, цундела сай-

на шу дезарна кху керта йеъна со. Сайна тIе пIелг хьажо меттиг битина йоI йац со, шуьга йале, йа йеанчул тIаьхьа а. Тахана цу хьан кIанта, нахе ла а доьгIна, йоцу цIе кхоьлли суна тIехь. Сан да, вежарий Iийр бац, цунах цхьалхо ца йаьккхича. Со дIайоьду, нана, пурба лой ахь суна дIайаха?

Оццул, шен кIанта хала хетийтина, ша холчухIоьттинчу дийнахь а цуьрриг гIиллакхах йоьхна йацара Малика. Цуьнан гIиллакхах, лела хаарах, цуьнгахь йолчу йахьах цецйуьйлура Айман.

– Гора, сан йоI йаI, пурба-м лора ас хьуна, йукъа питана догIур долуш хIума ду-кха иза, – элира марнанас, дукха холчуйаларна, кхохкийнера иза.

– Ткъа ас хIун дан деза, суна ма чIогIа халахетар дина цу хьан кIанта?

– Малика, цкъа дIайаха сих а ца луш, хIара гIуллакх нахала а ца доккхуш, хьо IадIийча, ас толлур дара иза. Сан дуьхьа цкъа собар дехьа, Малика.

– Нана, хIара гIуллакх хаахь, сан да, вежарий а мегар бац, со цIа ца йогIуш Iийча!

– Малика, ас дош ло хьуна, ас кху гIуллакхан цхьалхо йоккхург хиларх, сан дуьхьа, ас бохург а дай, тховса дIа ма гIохьа.

Жимма ойла а йина, Маликас элира:

– Дика ду, нана, ас хьан дуьхьа собар дийр ду, амма цунах ахь цхьалхо йаккхалц, со хьан кIант волчу чу-м гIур йац, Хедица сехьа чохь Iийр йу со.

– Мегар ду, Малика, со реза йу, ас цхьалхо йоккхур йу хьуна цунах, хьо чугIо, со, хьаьвзина, схьайогIу, – аьлла, кех а йалла, цхьанхьа йахара марнана.

Урамехула, тIехьа ши куьг а диллина, хуьлучун ойла йеш, йогIура Айман. Цунна ца хаьара, ша стенга йоьду. Цо ойла йора шен кIанта диначун, цу гIуллакхах хир долучун а, нагахь Маликин цIерачарна хаахь. Маликех цуьрриг а шек йацара иза, цунна йевзара шен нус, цунна девзара цуьнгара гIиллакх, йахь, оьздангалла а. Дуьхьал ша дIа ца алахь а,

цхьана а несах хуьйцур а йоцуш, оццул лоруш, дукхайезаш а йара цунна шен нус. Чохь йоI йоцуш, ша и цхьа кIант кхиош Iийна дела, йоI хилла керта йеана Малика йезайелла, цуьнан лела хааро наггахь тIех цецйоккхура Айман.

Шега цхьаъ кхойкхуш а хезна, дIахьаьжначу Айманна гира шена тIейогIуш шайн йуьртахо Деши.

– Айман, ахь хIун до, хьо ма ойлане йогIу, хьуна-м хьайга бетта Мохь а ма ца хеза, хьуна хIун хилла?

– Делахь, Деши, суна къинтIерайалалахь, коьрте цхьацца ойланаш хьийзаш йогIура со, ахь бетта мохь ца хезнера суна!

– ХIумма-м ца хилла, Айман, хьо ма кхохкийна йу, дегI сагатдеш-м дац хьан?

– ХIумма ца хилла, туькана йоьдура со-м, цхьацца оьшург эца. Шу хIун деш ду, могуш а дуй?

– Дика ду тхо-м, Айман! Селхана туьканахь хьан нус гинера суна, шу хоьттуш-м Iийра со.

Туьканахь нус гинера аьлча, цхьацца хIума хатта дагадеара Айманна.

– ХIаъ, цIера йогIуш йара иза. Хедина цхьа хаза мачаш эцнера цо, туьканара эцна, бахара, ша уьш.

– Айман, и дIо лаха йуккъера, ИсмаилагIеран, и Тамара боху лаьхьа бевзий хьуна?

– Дера йевза, хIунда бохура ахь?

– Цу хьан несаца гIовгIа эккхийтина йоллуш йара иза селхана туькнахь. Суна цаьршинна хIун хиллера-м ца хаьа, хьан несо олуш суна хезнарг ду: «Рицкъанаш чекхдовллац Iийр йу» аьлла, дукха кхохкийна дIа-м йахара иза.

– Делахь, ца хаьа суна-м, Деши, цхьаъ хилла хир ду-кх царна, цIа йахча хоттур ду ас сайн несе, бакъду, цо и сайна дуйцур ду моьттуш-м йац со. Дера йац сан нус иштта нус, цул дика а долуш адам хир дац, Деши. Соьга цу хьокъехь цхьа хIума ца дийцина цо.

– Мегар ду, Айман! Дала диканиг дойла, со дIайоьду. Дала диканехь гойтийла вай, – аьлла, дIайахара Деши.

– Амин! – аьлла, туькана йахара Айман.

Чохь болчаьрга хьал-де а хаьттина, уьш арабовллалц а Iийна, Айман тIейахара чуьрчу йохкархочунна:

– Тумиша, хьо селхана балхахь йолуш, кху чохь сан несаний, Тамариний йукъахь цхьа гIир-мир иккхина бохура, и хIун дара хаьий хьуна?

– Дера, Малика-м хIумма бохуш йацара, шен йоIана цхьа мачаш хоржуш йоллуш йара. Суна тIе а йеана: «Жимма йаккхийронаш йац хIара мачаш?» – аьлла, соьга хоттуш иза а йолуш, тIе а йеана, Маликин коча йахара иза.

– ХIун бохура цо, Малике?

– Йахалой хьо, Iалой хьо? Со хьан стаге йогIур йолуш йу хьуна, соьгара схьа а ваькхина, цуьнга йахара хьо, хIуманаш лелийна хир ду ахь. Муьлхачу моллина тIейахнера хьо, хьенан жайнаш ду ахь и хьайна тIеверзийнарг? – бохуш, цхьа вон коча йаханера-кх и Маликина. Ас: «IадIехьа, гIуллакх доцург стенна дуьйцу ахь?» – аьлча а, соцуш йацара.

– Вай, Малика тхан керта йогIучу хенахь, и шозза маре а йахана, жеро ма йу, и муха йогIу сан кIанте?

– Вай, цунна хIун башхалла йу? И цул тIаьхьа а ма йахана шозза. Бакъ долуш, Малика чIогIа кхохкийна дIа-м йахара. Цо ша арайолуш аьлларг чIогIа сан дагах кхийтира: «Рицкъанаш чекхдоллац Iийр йу со, кхиндIа дерг Далла дика хуур ду», аьлла, ара а йаьлла, дIайахара Малика. Йуха, Малика дIайаханчул тIаьхьа, арахь хьан кIантаца лаьтташ-м гира суна и лаьхьа. Ас чувеъча Салмане элира, цуьнца нахана хьо лаьтташ ма гайталахь, и хIуъа а дийр долуш, стаг йу хьуна аьлла. Башха вист хилар доцуш: «Мегар ду», – аьлла, цхьа оьгIазе суна жоп а делла, шена цхьацца хIума а эцна, дIавахара Салман.

– Э, Тумиша, со йала йелла! ХIинца со кхийти, – аьлла, чехка туькана чуьра ара а йаьлла, ТамарагIар бехачу агIор дIайахара Айман. Дукха гена йалале, новкъа йогIучу Тамарина тIекхечира Айман. Шега хьал-де хоттуш, йистхила гIоьртина Тамарас дуьйцург тергал а ца деш, Аймана элира:

– Тамара, айхьа хIун дина хаьий хьуна?

– ХIун дина ас? – аьлла, ца йешаш, йелакъежира Тамара.

– Салманна а, Хедина а йукъа доккха дов доьжний хаьий хьуна, хьо бахьана долуш?

– Вай, и дара-кха суна луург. ХIинца-м сох кестта хьан нус хир йу хьуна!

– Валла хир йац, суна чохь са а долуш-м. БIозза маре йахана хьо муха хир йара сан нус.

– Со-м ца йахана бIозза, доьзза бен йаханий со?

– Салмане хIун аьллера ахь?

– ХIун аьллера ас?

– Гой хьуна, айхьа аьлларг дага а ца догIу хьуна. Эхь дац иза, тIехьийзаш хиллачу кIантаца лаьтташ йара Малика, хIунда аьллера ахь?

– Просто аьллера-кх, цаьршиннан барт эгIийта.

– Мегар ма дац, Тамара, иштта дерг ала, йукъа питана догIур долуш хIума ма ду иза. Ас хIинцца йахана хьан дега дIадуьйцур ду и, тIаккха цунах хIун хуьлу хьовсур ду вай.

– Вай, Айман, цо суна могуьйтур дац хьуна, ас доьху хьоьга, дадега ма дийцахьара ахь иза, ас, Салман къинтIера а воккхуш, и бакъ доций хоуьйтур дара. Ас доьху хьоьга, дадел хьеравер ву сан ваша.

Йист а ца хуьлуш, Тамаре жимма хьоьжуш Iийра Айман. Цо ша-шега бохура: «Хьажахь ма безаме йоI йу хьо, хьайн матто, лела цахааро дахар гал а даькккхина, дакъазалла хьайна коча а лаьцна, лелаш йоI йу-кха хьо. Тахана а, мIаьргонна питана дора-кх ахь хьайн маттаца». ТIаккха элира:

– Мегар ду, Тамара, тIе а кхаьчна, Салман хьайна къинтIера а ваккха, и бакъ доций дIа а хаийта. Нагахь ахь и ца до-кх, со хьан дена тIегIур йу хьуна.

– Дика ду, Айман, ас ахь бохург дийр ду хьуна, – элира Тамарас. Гуш дара и дега дIаэр ду аьлча, кхерайеллий, ша диначунна иза дохкойаьлла хилар а.

– Со дIайоьду, Тамара, тхоьца йа нахаца а ма леладе-

лахь ишттаниг. Мегар дац хьуна, йукъа питана дожор ду ахь нахана, – аьлла, дІайахара Айман. Йуха а йирзина, сиха цІехьа дІайахара Тамара а.

Айман цІа кхаьчча, ргІу кІеллахь хиъна Іара Малика. Йела а къежна, шен несана йуххе а йахана, охьахиира Айман.

– Нана, ахь хІун до, хьо ма самукъадаьлла йу, хІумма-м ца хилла?

– Малика, со деригенна тІе а кхиъна, шадерриг дика а ду, бакъду, нехан Мотт-эладитанах лардала а деза, цо бохург дан а ца деза. И ду сан кІантана хилларг, иза ас кхетор ву хьуна. Кхин ахь сагатдан оьшуш хІумма а дац хьуна.

– Нана, со тІекхиа ца гІерта хиллачунна, со тешна йу и дикачу агІор дІадоьрзург хиларх, бакъду, хьан кІентан сох байна тешам, цо суна дина халахетар цкъа дицлур дац суна. Сан бехк хиллехьара со къера хир йара, амма цуьрриг сан бехк а боцуш, нехан мотт-эладитана тІаьхьа а хІоьттина, цо динарг – иза дика хІума дац, нана.

– Дика ду, Малика, иза а замано дІалуьстур ду. Ткъа хІинца шуьшиъ шаьшшинан чу гІо, со а чуйоьду!

– Нана, цкъа со и волчу гІур йац, цкъа тховса сехьа чохь Іен пурба лохьа суна, цкъачунна халахетаро кийра буьзна бу сан.

– Мегар ду, Малика! Аса-м хьо хьайн чу йохуьйтур йара.

– Нана, цкъа тховса кху чохь Іийр йу тхойшиъ.

– Мегар ду, Малика, со чуйоьду, ашшимМо а, чугІой, садаІа, –– аьлла, Айман чуйахара.

Іуьйранна хьалххе гІаьттина, уьйтІахь цхьацца деш йоллучу Малике, Салман чуйола аьлла, кхайкхира.

– Хьо сийсара цу чохь хІун деш йара, хьайн чу хІунда ца йахара? – элира, кІеда Салмана. Гуш дара иза оьгІазлонах ваставелла хилар.

– Стаг, со цкъачунна кху чу йогІур йац, хьан кхин сох тешам ца хилча, со сайн цІа гІур йу.

– И хІун ду ахь дуьйцург?

– Дера, бехк-гуьнахь а доцуш, ахь суна халахетар дина, сан бехк хиллехьара ас сайн бехк тIелоцур бара.

– Зуда, со галваьлла хилла, нехан мотт бу вайна йукъахь лелларг, йоI схьа чу а йалайе, хьо а чуйола.

– Стаг, кхин хьан сох тешам ца хилча, вай цхьаьна даьхна дан хIума дац. Хьо хьайн балха гIо, со сайн цIа гIур йу.

– Ма дийца хьаштдоцург, вайн йоI ма йу, айхьа хIун дуьйцу мукъана хаьий хьуна?

– Дера хаьа, сайн хьох тешам ца хилча, ас хIара хан хьоьца йаьккхина а хир йацара, ткъа хьан сох тешам ца хилча, со хьуна хьарам хета суна, со дIагIур йу.

– ДIагIо делахь, хьо дуьйцучух кхеташ йац, – аьлла, Салман балха дIавахара.

Марнанас ма гIахьара баьхча а, цкъачунна дIайаха лаьа шена, дIайаха пурба лахьара шена аьлла, дIайахара Маликa. Амма, шен нус дIайаханчохь йуьтур йолуш йацара Айман. Дукха хье а ца йолуьйтуш, Маликин дена массо стаг тIе а тIесна, цIа йалийра Аймана шен нус. Маликин дена хууш дацара шен йоI цIа йаран бахьана, и цецвуьйлура и дIа ца йоьдуш, оццул дуьхьалйийларх а. Шен йоIан ойла а йина, дас бохург дира Маликас.

*Ала лууш цхьаъ ду:*

*Мотт бахьана долуш йукъара дIайолу уьйр-марзо, гергарло, буху доьзал, цунах жоп луш хир вуй-те цхьа а? Мел хала хуьлу хир ду, йоцу цIе шена тIехь ккоьллича, и хезча, лан, и бакъдац бохуш ца тешарг тешо, шена тIера йоцу цIе дIайаккха. Амма, кхин а хала хуьлу хир ду, и цIе дIа а ца йаккхайелла, и йоцу цIе шена тIехь а йисна, ваха дезча, нахана пIелг тIехьажо меттиг а бисча. Цул доккха хIума хир дуй-те ваха вахвеллачу, йоцу цIе, боцу бехк тIехь бисинчу стагана?*

## V. Гочдарш

Карамзин Н.М.

# «МИСКА ЛИЗА»

Москох вехачу цхьана а вахархочунна, сайна санна ца йевза аьлла хета суна, цуьнан арахьара хазнаш, хIунда аьлча уьш цхьа а ца воьду цунах марзо эца, цуьнан хазаллаш мийла – цхьа Iалашо а йоцуш, ткъа со воьду. Цундела суна хIоразза а керл-керла Iаламан къайле гучуйолу, керла меттигаш а йевза. Деригенал а суна хазахетарг, тийна, таьIна Симоновн цIарахчу килсан бIаьвнаш йу. Гу тIе хьала а ваьлла, дIасахьаьжча, го йерриге а бохург санна Москва. Цуьнан даккхий цIеношш, килсаш. Исбаьхьа, хаза сурт хIуттту суьйранна цунна маьлхан зIаьнарш тIекхетча. Ткъа лаха чохь сийна бай, зезагаш, царна дехьа можачу гIамархула догIу сирла хи. Оцу хи чухула догIуш хIордкеманаш, Москох йалташ дахьаш, цхьацца оьшург а. Хина дехьахь гуш йу нежнийн боьлакаш, йуххехь дежаш дуккха а бежнаш, ткъа дехьо IиндагIехь, хезаш йу бежIуйн эшарш. Дехьо луьстачу хьуьнна йуккъехула гуш йу Даниловн килс. Аьрру агIор йалтех йуьззина йаккхий аренаш, кхо-йиъ жимо йурт, гено гуш йу «Коломенски» йурт.

Сих-сиха вогIу со кхуза, даим бохург санна, го суна кхузахь бIаьстенан йуьхь, можачу гурахь а вогIу, дог доьхча а вогIу. Хеза шийла хьоькхучу махо йаьссачу килсийн пенаш цIийзош. Воккха стаг го цу хьалха, ша дуьненахь йаьккхина хан кIордийна, лазарш а, цамгарш а бен, шена кхин дисина хIумма а дац, ша дIаэцахьара бохуш, Деле доьхуш. Дехьо

килсан доьхначу корех арахьоьжуш къона стаг воьлху, шен бIаьргех дуьра хиш Iенош, иза стенна воьлху ца хаьа суна, йа хатта бегIийла а ца хета. Дог дегош хьоьжу со оцу дагна шийлачу суьрте. Амма, сих-сиха ийзаво со Симоновн цIарахчу килсо шена тIе, Лизех болчу дагалецамаша – мискачу Лизех.

Ма деза-кх суна Лиза дагайоуьйту хIума, хIуъу делахь а, ма бIаьргех хи додуьйту цо суна. Оцу килсана гена йоццуш ткъе итт шо хьалха, шен къеначу ненаца йехаш йара Лиза. Ткъа тахана-м, кор-неI а доцуш, тхов боцуш лаьтта и цIа, цхьа лаппагIа йу-кх.

Лизин да дика воллуш, шенначул бахам а болуш, стаг вара. Маларх кхеташ а вацара, болх чIогIа беш стаг вара. И веллачул тIаьхьа йолах лаьцна белхало вара. Цо болх ледара барна, берриге а бахам байна, къелла хьаьрчира царах. КIа дайра церан. Дан хIума а ца хилла, нахана боцчу мехах лело дIадала дийзира церан латтанаш. Ткъа оцу наха а, шайна пайда ца хуьлу аьлла, дIатесира уьш.

Лизин нана, дено-дено кIелйуьсуш, цамгаро охьатеIо йолийра. Болх бан ницкъ бацара цуьнгахь. ХIинца пхиитта шо долу цхьа Лиза йара дийнахь а, буса а жималла ца кхоош, шен хазалла хIаллакйеш, къахьоьгуш.

КIади а дора цо, пазаташ йора, ткъа бIаьстенан йуьхьехь аренан зезагаш, цIазамаш духкура цо Москвахь. Иштта шен йоIа чIогIа къахьегар гуш, ша хене йаккха гIертарна, и мара а йуллий, шен цIийндега а кхойкхуш, йоьлхура Лизин нана, Деле цуьнан дахар ирсе хилийтар а доьхуш. «Дала суна куьйгаш делла, могашалла а йелла, ахь хьайн накха а баош, йаларна-йарна а кхоьруш, кхиийна со, хIинца сан рагI йу хьо кхаба. Хьо йелхарх дада йуха а вогIур вац, ма йелхахьа!» – бохуш, холчухIуьттура йоI. Амма шена хуьлу ницкъ ненах лечкъош, шена тIех ницкъ хилча, нанна ца гойтуш, къайла а йолий, дега а кхойкхуш, йоьлхура, Лиза.

Сих-сиха олура нанас:

«Цкъа хьо дIатарйелла йелара-кх, маре йаха дика меттиг хьуна нисйелча, дика цIийнда а волуш, хьо йаха хиъча, йалар хала а ца хетара суна, тIаккха-м Iийр йара со цигахь хьан деца самукъа а долуш, ткъа хьан меттиг тойаллалц йала-м ца лаьара суна!» – олий.

Лизин да велла ши шо хан йелира. Церан латтанаш, цана йаьлла, дукъделира. Амма зезагех доьттина дара уьш. Цхьана дийнахь, ландышаш олу зезагаш а даьхна, уьш дохка Москох йахара Лиза. Зезагаш а карахь, новкъа схьайогIуш, цунна дуьхьалкхийтира, механа деза духар тIедуьйхина а волуш, жима стаг. Лизас цунна зезагаш гайтира, эцар а доьхуш, амма ша тIаьххье цIийелира.

– Хьо хIара зезагаш духкуш йу? – аьлла, хаьттира цу къонахчо.

– Йу, – аьлла, жоп делира Лизас.

– Мел ахча деза хьуна кхарах?

– Пхи кепек, – аьлла, цIийелла лаьттара Лиза.

– Оцу зезагех бала кIеззиг мах бу иза, ас хIара сом ло хьуна, дIаэца, – аьлла, ахча дIакховдийра оцу къонахчо. ЙоI цецйелира цо иштта аьлча, тIаккха кхин а цIийелира иза. Кхин цуьнга хьала а ца хьожуш, йоIа элира:

«Суна оццул ахча ца догIу, совнаха ма ло!» – аьлла.

– Оцу хазачу куьйгашца даьхна долу, хазачу ландышийн сом мах бац бохург хIун ду хьан, дIаэца, – аьлла, йуха а ахча дIакховдийра къонахчо. ЙоIа сом схьа ца эцча: «Делахь, дIаэца хьайн пхи кепек!» – аьлла, дIакховдийра цо. Лизас пхи кепек кисана йиллира.

– Даим ахь суна цхьанна и зезагаш дохийла лаьар-кха суна, – элира къонахчо. Лиза, цо иштта аьлча, дIайаха тохайелира, амма, куьг лаьцна, дIа ма гIахьара аьлла, вукхо дийхира.

– Оццул сихйелла, стенга йоьду хьо?

– ЦIа йоьду-кх.

– Стенгахь ду хьан цIа?

Лиза, ша мичахь Iаш йу а дийцина, дIайахара. Ткъа оцу

жимачу стагана башха йоI сецо а ца лиира, тIехбуьйлурш а кхеран тидам бан боьллера.

ЙоIа цIа йеъча нене дийцира оцу къонахчух лаьцна.

– Дика ца эцна ахь и сом схьа, вон стаг хила а ма тарлора иза.

– ХIан-хIа, нана, и вон вара аьлла, ца хета суна, тIехьаьжна а, чIогIа дика стаг хир волуш вара иза!

– Хьен-хьеннах а теша мегар дац, иштта даьхни схьаоьцучул, айхьа къа а хьегна, даькхинарг гIоле ду хьуна. Хьо и зезагаш дохка йаханчуьра цIа йаллалц Деле хьо йоьхуш Iа со, хьуна вон болх ма хилахьара бохуш.

Лизин бIаьргех хиш охьахьаьвдира, шен нанна куьйга тIе барт элира цо.

ШолгIачу дийнахь, уггаре хазанаш, уггаре а тоьлларш ландышаш а даьхна, базара йахара йоI. Цуьнан бIаьргаша цхьа хIума лоьхура. ХIораммо а бохург санна, дохкахьара зезагаш олий, доьхура, амма Лизас жоп лора: «ХIорш духкуш дац», – олий. БIаьргашца цо лоьху селханлера къонах цхьанхьа а вацара. Суьйре а тIейеара, цIа йаха йезара. «Цхьанна а ма хуьлийла шу», – аьлла, йоIа зезагаш Москва-хи чу кхийсира, шена селханлера къонах ца карийча.

ШолгIачу дийнахь, тIаргIа а къажбеш, гIийла мукъам а беш, Лиза хиъна Iачу хенахь цIеххьана, мохь а хьокхуш, хьалаиккхира. Корехь лаьтташ селханлера жима стаг вара.

– ХIун хилла хьуна? – аьлла, хаьттира дехьо хиъна Iачу нанас, йоьIан маьхьаро кхерийна.

– ХIумма а ца хилла, нана, ас вийцина и къонах ву-кха вайн корехь!

– Мила ву?

– Ас вийцина, и зезагаш эцна къонах ву-кха вайн корехь.

ДIахьаьжначу нанна а гира, къежаш, чIогIа куьцехь, шена корта теIош, безамехь къона стаг.

– Де дика хуьлда хьан, йоккхастаг, мала керла йаькхина шура хир йацара-те хьан, ма хьагвелла-кх со! – аьлла, ладоьгIна сецира жима къонах!

Ткъа Лизас, нана жоп делла йалале, йедда йахана, кхийра куршки чуьра стаканна чу а йоьттина, стака дIакховдийра. Ткъа ша, лаьттан бIаьра а хьоьжуш, цIийелла дIахIоьттира. Лизин нанас чукхайкхина, дехьо гIанта тIе охьахиира и жима стаг. Къамеле делира ишиъ. Нанас дуьйцура цунна, шен йоI мел дика зуда йу бохуш, дерриге а цIийнан дукъ кхунна тIехь ду, хIара дIатарйина йелахьара, йала а хала ца хетара бохуш. Йоккхачу стаге ла а доьгIуш, кIентан бIаьргаш йоIе хьуьйсура. Ткъа Лиза а йара цуьнан тидам беш. Дикка цо дуьйцучуьнга ла а доьгIна, кIанта элира:

– Хьан йоIа ша йеш йолу хIуманаш, духку зезагаш а, сайна бен дохка ца лаьара суна, кхуо йухку хIуманаш йеригге ас схьаоьцур йара-кха. ХIара базара лела а дезар дац уьш йохка, со-суо схьавогIур ву!

Ненан чIогIа самукъаделира оцу кIанта диначу къамелах. Шен дагахь цо бохура: жимма аьтто хир бац-те тхан, йуучунна тIехь а, кхидолчунна тIехь а, ткъа Лиза-м беснеш а цIийелла, охьатаьIна Iара.

Арахь Iаржлуш йара, жима стаг дIаваха тохавелира.

– Хьайн цIе а ма ца йийци ахь тхуна, – аьлла, хаьттира йоккхачу стага.

– Сан цIе Эраст йу, – элира кIанта. Цунна тIаьххье, шен дагахь Лизас, Эраст, Эраст, Эраст, – аьлла, кхузза, доьазза йаьккхира кIентан цIе.

КIант дIавахара. Ткъа Лизас бIаьргашца новкъа ваькхира иза. Даг чохь-м сийна цIе кхерстира йоIана.

– ЭххIай, Лиза, ма хаза хабар долуш, ма дика кIант вара иза, и санна нуц нислахьара суна а, хьоьца ма вогIуш вара-кха иза! – аьлла, доккха са даьккхира нанас.

– Нана, нана, муха хир ду и саннарг, хуьлийла а ма дац, иза вехаш стаг ву, ткъа вайшиъ къен йу! – аьлла, шен къамел чекх ца доккхуш, хадийра Лизас. Жима стаг а вара безамо Iовжийна. Цунна моьттура, шен даго лоьхург шена карийна. Лизина а цу буьйсанна наб ца кхийтира.

Iуьйрре гIаьттина, Москва-хи тIе а йахана, цу тIера гIуьтту Iуьйренан дохк хьоьстуш, декачу олхазаршка ла а

доьгIуш, берда йистехь хиъна Iара Лиза. Дехьо цунна гира бажа лаьллина вогIу бежIу. ЙоьIан ойла кхоллайелира:

«Дакъаза ма валарг, суна везавелларг хьо хила ца мегара, хьо ма ву соьца вогIург, ма везаш, мерза маршалла хоттур дара ас хьоьга. Ма гIохьа кхидIа, кхузахь хьан даьхнина йаа сийна буц йу, ас хьуна зезагийн курс а йоьхкур йу!» – бохуш, ойланаш йора Лизас, амма бежIу, тIехваьлла, шена хIумма а цахааре терра дIавахара.

Иштта Лиза ойланашкахь а йолуш, цунна гира дехьо хи чохь хинкема, цу чохь Эраст а. ЙоьхIа, йоI хьалагIаьттира, ша хIун до а ца хууш. Хинкема берда йисте а далийна, сихха охьа а иккхина, ведда тIе а веъна, Лизин куьг схьа а лаьцна, ша цхьаммо йукъах ваккхарна кхоьруш санна, элира цо:

– Лиза, сан хьоме Лиза, ма чIогIа йеза хьо суна! – аьлла.

Лизин беснеш цIийеллера, цуьнан даг чу хьаьддера боккха безам. Шена хезначух йоI ца тешара. КIантана а ша везавеллий хиира.

Иштта уьш хевшина Iийра. Церан дегнаш чохь безам кхехкара. Вовшийн бIаьра хьоьжуш, марзо оьцура цара. ЦIеххьана йоIана дагаиккхира шен нана сагатдеш хирг хилар. ДIайаха тохайелира йоI.

– Эраст, даим а йезар йуй хьуна со иштта?

– Даим, хьоме Лиза, даим!

– Суна дуй буий ахь, со иштта йеза?

– Дера буу!

– ХIан-хIа, суна дуй ца оьшу, со иштта а теша хьох, ахь Iехор ма йац миска Лиза, йаций? Иштта мегар ма дац, даций?

– Мегар дац, мегар дац, хьоме Лиза!

– Ма ирсе йу-кха со, ма самукъадер ду-кха сан ненан, хьуна со йезий хиъча!

– ХIан-хIа, нене ма алахьа, Лиза!

– ХIунда ца олу, хьо стенах ийзало?

– Баккхийчу нехан кхин кхетам хуьлу, хIун дагадогIур а хаац, цкъачунна цуьнга хIумма ма алахьа!

– Дика ду делахь, эр дац ас, – аьлла, кIентан дехарна жоп делира йоIа.

Оцу бартаца, сих-сиха хин йистехь, йа Лизин цIенна йуххехь а вовшехкхетар ду аьлла, барт а бина, дIасакъаьстира ишиъ.

Лиза дIайахара, амма бIозза ала мегар долуш хин йистехь лаьттачу Эрасте йухахьаьжира иза.

ЙоI самукъадаьлла цIа йеара, цIера арайолуш санна, гIийла йацара иза. Йуьхьа тIехь, даг тIехь, цуьнан леларца а хаалора иза ирсе хилар. Цо ша-шега бохура: «Цунна со йеза!»

Іуьйранна хIинцца самайаьллачу шен нене йоIа элира:

– Нана, ма хаза Іуьйре йу-кх хIара, ма хаза богу-кх и малх, олхазарша, тахана санна, хаза цкъа а лекхна хир йацкха шайн эшарш, зезагаша цхьана а Іуьйранна йелла хир йац-кха иштта хаза хьожа!

Іаса а теIош, оццул хаза Лизас хастийначу Іаламе хьажа арайелира нана. Лизас тIех чIогIа хасторна, цо цкъа а и Іалам шена ца гича санна, сатесира и ган. Ткъа нанна-м ца хаьара, шен йоьІан даг чу безам кхерстиний.

Ша оцу Іаламан хазалла моьлуш Іашшехь, йуха а ца йоьрзуш, нанас элира:

– ЭхI, Лиза, ма дика ву-кха и Дела, долчунна а ницкъ болуш ву-кха Иза. ХIара Іалам, хьажахьа, Цо кхоьллина. КхузткъалгIа шо ду сан, амма кху Іаламах токх хилла йаьлла йац со, мел хаза ду хIара дуьне. Дерриге дика хилар а дац дика. Наггахь мукъане вон догIуш хила а деза, иштта дерриге дика хилча, цхьанна а валар дага а догIур дацара. Вайна ваьшна дицло-те вешан синош, дегнаш, ваьш хьан кхоьллина а?! – бохуш, къамел дора Лизин нанас, ткъа Лизин ойла генахь йара, цо къайлах шен безам а хьоьстуш, бохура:

«ЭхI, нана, сайн са, сайн дахар а дицдийр ду ас, деган доттагI дIа ца татта!»

Сих-сиха вогIура Эраст Лиза йолчу. ЧIогIа безам кхерстинера церан дегнаш чу. Нана дIайижинчул тIаьхьа, декхнийн боьлакехь, йа хин йистехь, йа боккхачу ножа кIел цхьаьнакхетара ишиъ. Лизас, дерриге а дицлой, олура:

– Ахь йеза маца эр ду соьга, хьо соьга хьаьжча, хазачу, безаме бIаьргашца дерриге а дуьне сайн ду, моьтту суна. Iалам а, со санна, самукъадаьлла ду, моьтту суна, олхазарша а сайн дуьхьа эшарш лоькху, моьтту суна?

Ткъа Эраст шена бежIуно дуьйцучух там хуьлуш Iара – иштта цIе йоккхура цо Лизех.

Лизех къа хетара цунна, дIатосур йац ша хIара, ваша йишица санна вехар ву ша Лизица бохуш, ойла йора кIанта. Цкъачунна цунна шен даг чохь ца карабора безам, дуьххьара йоI гича, шена и йеза моьттинера. Ткъа Лизас доьхура, сих-сиха шен нанна тIехIоттар. Хьо веъча, чIогIа самукъадолу цуьнан. Дала а долура йоьIан ненан, Эраст гича, самукъа. И веъча, цо цунна дуьйцура шен цIийндех лоций, и шена дуьххьара вовзар, шен жималлех лоций. Эраст Лизас йина хIуманаш итт мах а белла, эца гIертара, церан хьал хууш, ткъа йоккхачу стага цуьнгара богIу мах бен схьа ца оьцура.

Иштта дIаделира ши кIира. Лиза ларйеш, Эраст дукха Iийра. Хьейелла, йеара йоI. Амма самукъане йацара иза. БIаьргаш дилхина дара.

– Лиза, Лиза, хьуна хIун хила, хьо стенна йилхина?

– Эраст, луларчу йуьртара цхьана хьолахочун кIантана йоьхуш йу со, суна цуьнга йаха ца лаьа, ткъа нанас цуьнга гIо боху!

– Ткъа хьо реза йуй цуьнга йаха?

– Ма къиза стаг ву хьо, соьга хатта а делира хьоьга иштта хIума. Ас-м ненах къахета боху, суо цуьнга гIур йу ца боху. Ма къахета-кх суна ненах, ша дийна йолччуьра со дIатарйала лууш лела иза. Ма ца хаьа цунна, суна хьо мел веза!

– Хьоме Лиза, вала везаш массо а ву, ас иштта аларна бехк ма билла, хьан нана йелча, ас хьо дIайуьгур йу!

– Со йало мегар ма дац ахь, – элира Лизас, кIантана халла хезаш.

– ХIунда ца мега?

– Со къен стаг ма йу!

– Ахь халахоьтуьйту суна, хьол йуххера стаг воцуш, ас кхобур йу хьо!

И дешнаш кIанта аьлча, дерриге дуьне шен дуьхьа кхоьллича санна, самукъаделира йоьIан. Дерриге хIума дицделла, дерриге Iалам шаьшшиннан дуьхьа кхоьллина моьттуш, седарчий а шайн дуьхьа догу моьттуш, шаьшшиъ бен кхин дуьнен тIехь хIумма доцуш санна, оццул мерза буьйса йара цераниг.

– Эраст, ма кхоьру-кх со хиллачунна! – йоIа оллушшехь, стиглахь ткъес туьйхира.

– Эраст, со кхоьру, со кхоьру оцу ткъесо суо йерна, ас латийначу къинна! ДогIа-м чIогIа тIеIаьннера, баккъал Лизас латийначу къинна ша реза дац ала гIерташ санна. КIантаца ша Iодика йеш, йоьлхура йоI, цуьнан бIаьргех ца совцуш хиш уьдура.

– Эраст, иштта даим вай ирс долуш хир ду алий дог тешадехьа сан!

– Даим иштта ирсе хир ду вай! – бохуш, йоI тейан гIертара кIант.

– Дала бакъдойла иза. Хьох ца тешийла дац сан, суна чIогIа веза хьо!

– Бакъду, бакъду, кхана гур ду вай! – элира кIанта.

Иштта цхьаьнакхетарш дIаоьхура церан. КIантана хьалхалераниг йацара йоI, и кхоьлина хуьлура. Ткъа Лиза йоккхайина ца йолура шен безамах. Цо сих-сиха хоттура:

«Хьуна хIун хилла, хьо хьалха санна ирсе ца хета суна?» – олий. Цкъацкъа, ша дIавоьдуш: «Кхана гойла хир дац вайн, сан дакххий гIуллакхаш ду кхочушдан дезаш!» – олий, дIавоьдура кIант. Ткъа Лизас цо иштта аьлча, доккха садоккхура.

Иштта и цкъа дIавахча, пхи де делира ца вогIуш. Цхьана суьйранна веара, амма чIогIа кхоьлина вара иза.

– Эраст, хьуна хIун хилла? – аьлла, хаьттира йоIа, кIант кхоьлина гина.

– Лиза, хьуна ма хаьа, со тIемало вуй. Кхана тхо гена дIадуьгуш ду.

Цо иштта аьлча, йоI йуьхьа тIехь хийца а луш, охьайожаза йелира, и ца лайна.

Ткъа кIанта, и оццул холчуйаьлча, хьоьстура. Цо бохура: «Лиза, хьоме Лиза, со ца вогIур ву, тIаккха со даим хьоьца хир ву, холчу ма йийла!» Тап-аьлла йист ца хуьлуш а Iийна, йоIа элира:

– Хьан цига ца воьдуш Iойла дац?

– Iойла-м ду, амма сан цIе накъосташна хьалха бехлур йу-кха. Массара со веддарг лорур ву, кIилло аьлла, цIе туьллур йу суна

– ТIаккха ма Iелахь, гIолахь, ткъа со хьоьга хьоьжур йу. Суна йоза хаахьара, ас хIора денна кехат йаздийр дара хьоьга, суна хьо мел веза дуьйцуш, хьо массо а вочу хIуманах ларвайта. ХIунда ца хаьа-те суна йоза? Амма ас ламазаш тIехь вайн Деле воьхур ву хьо, массо а вочу хIуманах ларве бохуш. Хьо йуха галлалц, сан бIаьргех хи соцур дац?!

– ХIан-хIа, Лиза, иштта мегар дац, хьуо кхоайелахь, хьо сайна оццул йоьлхийла ца лаьа суна!

– Дог дакъадаллалц йоьлхур йу со, хьайн миска Лиза йиц ма йелахь, дагахь латтайелахь!

– Лиза, сан хьоме Лиза, суна къинтIерайалалахь!

– ХIунда йолу со хьуна къинтIера, ахь хIун дина суна, кхин гур воцуш санна, къамел ма до ахь? (Эраста шена къинтIерайала бахарх, дешархо, хьо кхетарг хир ву-кха).

– ХIуманна а ца боху, хьо ирсе йан сайн йиш ца хиларна кхоьруш боху. Лиза, вочу хIуманан ойла ма йехьа, диканиг дагалацахьа, – аьлла, иштта йоI йоьлхуш, кIант и тейан гIерташ а Iийна, ишиъ дIасакъаьстира.

ШолгIачу дийнахь, ша новкъа валале йоьIан ненаца Iодика йан веъча, кIанта элира:

– Сан а, Лизин а барт бара хилла, зезагаш, кхуо йина хIуманаш суна бен йухкур йац аьлла, ткъа со цIера волуш хилча, уьш кхечара оьцийла ца лаьа суна, цундела ас жимма ахча ло шуна, со цIа валлалц.

Доккха баркалла а аьлла, Лизин нанас элира:

– Цигара хьо цIа вале, хьо санна къонаха а карийна, маре йахар нислур дац-те Лизин, цу ловзарга хьо а кхочуш. ДоьгIнехь, Лизин берашна ахь жIар уллийла а лаьара суна. Ма чIогIа лаьара суна и де кхаччалц йаха!

Ткъа Лиза шен нанас и къамел дечу хенахь, ла а доьгIуш, йуххехь лаьттара.

ТIаьххьара Лизина мара а иккхина, Iодика йеш вара Эраст. Дерриге а Iалам а Лизица доьлху моьттур дара. Тап-аьлла олхазарш а севцнера ца декаш, йа иштта Лизина моьттура. Ишиъ кIел лаьтта боккха наж а, гIаш ца лестош цаьршинга ладоьгIна, сецначух тера хетара. КIентан марахь, мохь туххуш йоьлхучу йоьIан месаш а тIадош, коьрта тIе а оьгуш, охьаоьхура Эрастан бIаьрхиш, цуьнах къахеташ. Шен бIаьрхиш дIа а хьаькхна, сан ваха деза аьлла, сихха кхин йуха ца хьожуш, дIавахара кIант.

Гора а йоьжна, ирахь Iан де а ца хилла, тIаьхьа йоьлхура Лиза. Амма кIант тIаьхь-тIаьхьа генаволуш, къайлавелира. ШIа йисина йоI, дукха йелхарна кхетамах а йаьлла, охьайуьйжира.

Лизина, ша меттайеача, дерриге дуьне кхоьлина хийтира. «Ас хIун до кху дуьненах везачуьнца йоцуш, со тIекхиийталахь, со дIайогIу!» – аьлла, дIайолалуш, цхьана хIумано сацийра иза: «Ас хIун до? Сан цомгаш нана ма йу», – аьлла, йухайирзина, корта а оллийна, меллашчу боларца цIа йахара йоI.

ДIаоьхура денош, Лиза чIогIа саготта йара. Гуттар ша ца Iайелча, хьуьн чу а йоьдий, шен дог Iабош йоьлхура иза.

Иштта дIабелира ши бутт. Цхьана дийнахь ненан бIаьргашна дарба эца Москох йахча, Лизина гира хаза кечйина йогIуш йоккха пайтон, цу чохь Эраст а. Мохь олуш, тIехьаьдира йоI, амма пайтон, тIехйаьлла, дIайахара. Генайалале, шайн хIусамийн кIетIахь сецира и пайтон, цу чуьра охьавоьссира Эраст. ТIекхиъна, кIантана маракхийтира Лиза.

– Эраст, Эраст, – бохуш, йоьлху йоI, такхийна, шен чу а йигина, цо элира:

– Суна зуда йу йалош, хьал иштта хIоьттина, суна хьо йеза, амма сан дан хIума дац. Дала ирсе йахар лойла хьуна: хIара бIе сом ду хьуна, хIинца дIагIо!

Лиза меттайеана йалале, гIарбаше кех йаккха хIара йоI аьлла, дехьа чу вахара Эраст.

Иштта, ша тIамтIе воьдуш ву аьлла, Лиза Iехийнера Эраста. – ХIан-хIа, тIамтIе-м ваханера иза, тIом баран меттана, шен дерриге даьхни кехатех левзина дIа а даккхийтина, цIа веара иза, шена тIехь шортта декхар а долуш.

Ирс а хилира цуьнан, дукха хан йалале, машар а хилла, кхин тIом бар ца хуьлуш. Цуьнан кхин дисина хIума дацара, хьал долу зуда йалор бен, цу декхарех вала. Иштта цхьаъ йара йисина Iаш, кхул йоккха а йолуш, бахамна йукъ а йелла, хIара везаш, кхуо дIатоьттуш. И йало ойла хилира кхуьнан. Кхин шен сий кIелхьарадаккха некъ ца карабора Эрастана. Цундела Лизица дерг чекхдаккха лиира цунна.

Амма и декхар вахарх, цуьнан дахар галдаларх, бакъ варий-те иза, замано чIир оьцур йуй-те цуьнгара Лизина цо биначу тешнабехкана. Йелхош, ша кех йаккхийтинчу йоьIан къа хьаьрчар дуй-те цунах? Бакъо йарий-те цуьнан, шовда санна, сирла, цIена болу йоьIан безам белхо?

Ша хIун дан деза ца хууш, дикка йолаелла лийлира Лиза урамашкахула. Цуьнгахь долу хьал йазлур дацара цхьана а йаздархочуьнга, шекъа а тоьур дацара аьлла, хета и йаздан.

«Цо аракхоьсси-кх со, и кхин йезаш ву-кх, со лийр йу», – олуш, кхетамах а йолуш, охьайуьйжира йоI.

Лиза меттайеача, тIехIоьттина Iара цхьа зуда, хIара меттайало гIерташ тIе хиш а хьоькхуш. Ша меттайеача, оцу зудчунна баркалла а аьлла, дIайахара Лиза. Амма ша стенга йоьду-м ца хаьара цунна. «Со кхин йаха хьакъ йац, со йехар йац, стигланаш тIейелхахьара суна, лаьтто буха хьарчайахьара со!» – бохуш, оцу йоьхначу ойланца, ша муха нисло а ца хууш, гIалал арахь болчу боккхачу Iома йуххехь нисйелира йоI. ДIасахьаьжча, цунна гира ша а, Эраст а кIелахь лаьттина, къена, даккхий нежнаш. ТIаьххьара цара ойла ха-

дийна, логе шад хIоьттина, садукъдира цуьнан. Амма сихха оцу балано дIахийцира иза, цхьаъ дага иккхича санна.

ДIасахьаьжира йоI. Дехьа дIайоьдуш, шайн лулара жима йоI а гина, Мохь тоьхна, тIейийхира цо иза:

– ХIара ахча а ду хьуна, Анюта, сан жима доттагI, сан нене дIадалар доьху ас хьоьга хIара. Сан нене со хьуна хьалха бехке йу, къиза, къа доцуш стаг везаш леларна, Эраст, цунна вевза иза, цо сан безам дIатеттина ала, суна къинтIерайала алалахь. Дала гIо дойла хьуна, бохура ала. ХIинца ас хьайн куьйгана ма-баккхара, цуьнан куьйга тIе барт баккхалахь! – аьлла, Анютин куьйгана чIогIа барт а аьлла, хи чу иккхира Лиза. Анютас, йоьлхуш, мохь хьоькхура, амма цуьнан ницкъ бацара иза хьалайаккха. Хи кIорга дара. Йуьртара орца а деана, Лиза хьалайаьккхира, амма иза дийна йацара.

Цу Iома йуххехь лаьттара боккха, къена, кхоьлина бу ала а мегар долуш, наж. Цу кIел дIайоьллира Лиза. Ткъа Эраст, сих-сиха вогIий, Лизин кошан борза тIе а вужий, сарралц воьлхуш Iара.

Ткъа Лизин нана, йоIах хилларг хиъча, лан а ца делла, кхелхира. Цаьршинан гIийла хIусам, чухула мехаш а хьийзаш, йаьсса латта йисира.

Хийланна хезна бохуш, дуьйцура церан хIусамехь, цхьаъ буьйсанна узам беш. «Лиза йу иза, шен безамна йоьлхуш», – олура наха.

Ткъа Эрастах дерг аьлча, башха стаг воккхавен дахар дацара цуьнаниг. Лизех дерг шена хиъча, чIогIа холчуваьлла: «Ас йий-кх иза, со бехке ву-кх и йаларна!» – бохуш, чIогIа холчохь вара иза.

Суна Эраст вевзира и кхалхале цхьа шо хьалха, цо ша дийцина ду суна хIара дийцар. Цо Лизин коша тIе а вигира со. Иштта чаккхе хилира Лизин безаман. ХIинца мукъане а, цхьаьна хир дац-те ишиъ?

ЧУЛАЦАМ

Алиев Мохьмадан керла гулар. *Арсанукаев Муса* ..... 5

## I. Ширачу заманан хиламаш

1. Бекхам ..... 9
2. Даьгна нур ..... 15
3. Зулам ..... 25
4. Кха ..... 31
5. ЦIен шовда ..... 44
6. Йагийна йурт ..... 50
7. Дахаро карчийна чкъург ..... 63
8. Сецна дог ..... 68

## II. Халкъ махках даккхар

9. Йеха буьйса ..... 73
10. Яха ..... 83
11. ТIаьхьадисина кехат ..... 95
12. ДIасакъастар ..... 100
13. Дассийна лаьманаш ..... 113

## III. Зерех чекхдовлар

14. Жима-воккха ца хоржу Iожалло ..... 120
15. Аганан йиш ..... 131
16. Делкъал тIаьхье ..... 139
17. Диц ца делла дика ..... 146

18. Йишина ваша ..... 154
19. Синна йина чов ..... 162
20. СовгІат ..... 169
21. Хаза кхаъ ..... 184
22. Кехат ..... 197
23. Нус ..... 203
24. Хала дахар ..... 207
25. БІешерийн лар ..... 211
26. Хала некъаш ..... 214
27. Йуха схьадеъна ирс ..... 221
28. Гечдар ..... 226
29. Цатешам ..... 232

## IV. Гочдарш

30. Миска Лиза. *Карамзин Н.М.* ..... 241

Литературно-художественное издание

Алиев Магомед Замруддиевич

# Мысли о Родине

Редактор – Муса Арсанукаев
Корректор – Халим Бурчаев
Дизайн и верстка – Заур Ганаев

Заказ № 0738
Формат 84х108/32
Усл.печ.л. 16.
Тираж 500 экз.

Отпечатано в типографии АО
«Издательско-полиграфический комплекс
«Грозненский рабочий»
ЧР, 364026 г. Грозный,
ул. Санкт-Петербургская, 12/35